ШАЎДЫРБАЙ СЕЙИТОВ



# ЫҒБАЛ СОҚПАҚЛАРЫ

*(РОМАН)*

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС — 1975

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚК. 2. 70303
С. 68. 42—74 м.

„Ығбал соқпалары" Ш. Сейитовтың тунғыш романы. Романның тийқарғы идеялық бағыты туўған елге болған муҳаббетти жырлаў.

Романның баслы қахарманлары Ҳайтмурат ғарры, жаслардан Мақсет, Мурат, Жанабай, Сәрсенбай, ҳәтте Меңлибайлар да ел ғамы, ел абрайы, қандай дәрежеде болмасын туўған жердиң ар—намысы ушын ат салысады. Олар туўған жерге шексиз мухаббет пенен жасайды.

Бул роман автордың проза тараўында топлаған тәжирийбелериниң жуўмағы деўге болады.

© *„Қарақалпақстан" баспасы*, 1975.

***На каракалпакском языке***

(Роман)

**Шаудырбай Сейтов**

**ТРОПИНКИ СУДЬБЫ**

*Издательство „Каракалпакстан"* Нукус—1975.

Редактор *Толыбай Кабулов*
Худ. редактор. *К. Нажимов*
Художник *А. Курбанбаев*
Тех. редактор. *Ж. Досжанова*
Корректор. *Б. Атамуратова*

Териўге берилген ўақты 30/III-1874. Басыўға рухсат етилген ўақты 30/XII-1974. Кағаз форматы 84×108[1]/32. Көлеми 9,375 баспа табақ 15.75 шәртли баспа табақ 15.8 есап баспа табақ. РК 33783. Тиражи 7000 Баҳасы 64 т.

„Каракалпақстан" баспасы. Нөкис, қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

Самарқандтағы Морозов атындағы типографияда босылды. Заказ 1555.

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Дүньяға сен де бир гербиш,*
*Кетигин тап та бир қалан...*

**(Абай Кунанбаев)**

## ӘССАЛАМ, ӘДИЎЛИМ!

Көрмегели көп айдың жүзи болды. Бирақ мен сенсиз жасағаным жоқ, Мақсет. Жүрис-турысыңды, ҳәрекет-қыймылыңды жүрегимнен көрип, көз алдыма келтирдим де отырдым, қағазға сөйтип салдым. Бизге көбинесе, актердың ўазыйпасы жүкленеди, бир сениң емес, дос-яранларыңның ролинде атқарып отырдым. Ўапалы яр болып сүйдим, бузық келиншектиң бузықлығын иследим. Буның бәри: „адам неси менен сулыў?“ — деген сораўға жуўап бериўим ушын керек еди. Көзимизди көбинесе, сыртқы сулыўлық қамастырып, кеўлимизди жүдетеди ғой. Соны жаздым.

Өзиңниң хабарың бар, жас адамның өмирден, мухаббеттен, өзинен өзин өзи излеўин „Ығбал соқпақлары“ повестимизде гәп еткен едик, бирақ ондағы баслы саўал: „сулыўлық қайда? Мудамы жаўрап жүретуғын, барлық руўхын сүўретшиликке арнап жиберген исенгиш сүўретши Мурат сулыў ма, „суў периси“ атанған Мийригүл сулыў ма?-деген этирапларда болды. Биз студентлерден хатлар алдық. Өзиң де жаздың. Нәтийжеси, горизонтты кеңейтиўге алып келди. Бирақ, бул ол повесть емес, повестен шамалы пайдаланылғаны ырас. Ата



www.ziyouz.com kutubxonasi

кәсибине, туўылған топыраққа мехир — мухаббат бунда имканиятынша кеңнен берилген болды. Бирақ, буны: „шаруашылық жөнинде роман екен“ деп те оқымаўынды сораймаң, Ондағы проблема, өз алдына. Бундағы айтылажақ нәрсе сениң өмириң арқалы жораларындағы минез-қулықтың қәлиплесиўи, бахытты излеў, сулыўлық, адамның өмирдеги мийнеттеги орыны, мухаббет, адамгершилик хаққындағы ойлардан асып түспейди. Буны айтпағанымызда да болатуғын еди, бирақ, гейбиреўлердиң мийзам тәрезиси қәте ислеп кете ме деп те қорқаман. — Гейпара исенгишлер әлле кимлердиң әжеп тәўир гәплерине ерип кете береди. Айтылғанды дурыс түсинсе не жақсы, түсинбесе, бизиң руўхымызды түсириўге бар. Бирақ, сени түсинбейди деп қырап отырған жоқпан, идеяны астарлаң бериўим керек еди, сақлық етемен деп, патлыйтып бергеним ушын кеширим сорап атырғаным ғой.

Тағы не айтайын саған? „Ығбал соқпақларын“ оқып айтқан кеңеслериң ушын рахмет. Мынаў романымды ҳәзир „ийнеден шығарып“ саған усынып отырман. Ўақыт ҳәм өзиңнен әдил судьяны еле көргеним жоқ. Бурынғыша „қалыс пикир айтаман десең, күни бурын алғысымды таярлап қояман.

Өмириңе қосқаным, алғаным, артық—аспай силтегеним жоқ. Айттым ғой, тек болғаны ролиңде ойнап бердим, қалай ойнадым, оны өзиң көрерсең. Тыңлап отыр, тағыда сен болып гәпимди баслайман.

Дуўай сәлем менен

*Сейитов Шаўдырбай.*

**21-май, 1971-жыл Нөкис.**

www.ziyouz.com kutubxonasi



Ҳай-ҳай, туўылған жердиң самалы-ай! Бунын рәҳәти өз алдына-аў, болмаса биз хызмет еткен жақтын самалы да усындай самал ғой.

Аўыл жолынын тозаңы да еки жыл ишинде мени сағынып қалғандай мурынымның, қулақларымның тесигине шекем қалдырмай атыр. Кеўилимниң көтериңкилигинен бе, мен өзимди шаңның емес, тода-тода ақша булыттың арасында ушып киятырғанға мегзетемен.

Қасында Назлы отырғанға ма, Сәрсенбай тракторшы дуўы-сыйынды тыңлар емес. Өзи де баяғыда, мен кетпестен бурын-ақ мақтағанды тәуир көретуғын, ешейинде жайпарахат айдаса да қызлардың қасынан қуйылдырып өтетуғын бала еди ғой. Енди, мәртлигин Назлыға көрсетпесин бе, ахыры. Кабинанын айнасынан гә желкеси, гә, жаўырыны көринип-көринип кетеди. Базда-базда Назлыбийкениң қызыл шалғышы желп-желп етеди.

Өмир деген-ә, биз кеткенде еринлери түрилген, кишкене ғана жумалақ, қара қыз еди. Демниң арасында бойға тартып, омыраўлары қайқайыңқырап, бул жаманға шекем анаў-мынаў тракторшыларды желиктирип қалғаны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Чемоданым тележканың ишинде әлле қашшан ылағып кетти. Район орайынан шыққанда қыршылмаслығы ушын ықтыят болып-ақ бағып едим. Енди, чемодан емес, жақлаўға асылып, өзимниң бир жеримниң қыршылмағанын тилеп киятырман.

Еле баяғы жол, буннан еки жыл бурынғы жол. Жаңарған дымы жоқ. Хызмет еткен жағымда қыс қатты келип, усындай бир шаруашылық совхозына қора соғыўға барғанбыз. Сонда әлхәббиз дегенмен. Хәтте алыс-алыс бригадалар, барли-ярым жайлауларына да апаратуғын жоллар муздай көп-көмбек асфальт. Кеше поездда киятырып, Тахтакөпирли бир балаға „аяқлар сондай" деп едим, пай, жинимди тырыстырды-аў. „Аяқлардың несине салыстырасаң, Россия!" дейди. Бирақ, қарақалпақта „үлкен үйге не керак болса, кишкене үйге де сол керек" деген нақыл бар. Усы нақыл хәзир, мына машақатлы, казғанақ жолда есиме түсип киятыр.

Өзимди сағындырған жолды бүйтип миней бериўим де уят-аў, қайтейин, мына Сәрсенбайы түспегир дым жағдайсыз айдағаннан соң айтып атырмандағы, болмаса, жол айыплы емес. Жолда өзлеримиз қыйдырып өткен талайталай тракторлар қорықпайтуғын қосықты айтып, жайпарахат-ақ айдап киятыр. Бул болса, „машинаға жарысаман" деп зор берип, тележкадағы бизди мәккениң бадырағындай шоршыта береди.

Ўақты-ўақты өзиме қарап атырған Назлының айнаға тирелген тәмпиш мурынын, жылтыраған көзин көрип қаламан. Әлле не ымлағандай болады, не деп киятырғанын „шортым" билсин. Бир қолымды жақлаўдан жаздырып, бармақларымды қыбырлатаман да қояман хәм ол арман қараған соң, тағы әтирапты шарлайман. Сол жағымда нәхән бир шоқалақ қум қалып баратыр.

Қалай айдаса солай айдасын, Сәрсенбай бизди совхоз орайына тез жеткерди. Кабинадан ырғып түсип:

— Қалай, саўсап қалған жоқпысаң, солдат? — деди күлип. Назлы да сөйлеп қалды: — Солдат та саўсаймекен, урыс жоқ, қағыс жоқ.

Мен жерге түсип, үсти-басымның шаңын қағып алдым.

— Кетпейди, май топырақ ғой, — деди Назлы. — Анаў қудықта муздай суў бар.

— Барып жуўынармыздағы. Жеткерип тасламайсаң ба, слушай?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сэрсенбай, тап бир рухсат сораған адамдай Назлыға қарады. Ол тап Сэрсенбайға пэрманы журетуғын адамдай:

—Жеткермей көрсин!—деп қойды.—Бармасам, уйдиң иши қорқады.

Сэрсенбай ири тислерин көрсетип кулди де:

— Дайыңнын шуйиншисин алып қайтпай жиним бар ма? — деди. — Бирақ, азанлы берли ишиме дэн туқымы тускен жоқ. Бирнеме ғаўзанып алайын. Анаў асхана, — деп асханаға ийегин созды да тракторын өшириўге қолайласты.

Кун батқаны менен еле жақты еди. Аўхатланатуғын болсақ, жуўынып алыўым керек еди, Сарсенбай: „тағы көмемен, бэри бир, ҳэлекленбей-ақ қой". деп, қылмады.

Аўыл арасында былай-былай журген адам сирэ көрине бермейди. Анандай жерде кинотеатрдың движоги дукилдейди, мен кеткенде салып атыр еди, театр питкен екендағы. Бирақ, оның да дөгерегинде бирли-ярым майда баладан басқа көринбейди.

Еки жыл удайы шаўқымлы қалаға уйренип қалған мени аўылдың мына өли тынышлығы эжеплендирейин деди. Кеңсениң алдынан өтип турған бир көше, оның да оя́қ-буяғына еки-уш жуз адым атласаң саңқыйып шыға бересең. Склад-псклад, гараж-параждың бэри усы көшениң бойында. Басқа көшедегилер гэси шеңгел менен, гэси қада менен қоршалған ҳэўли-хэремлер. Еки жылдан берги жаңалық—ҳэр уйдиң төбесине телевизор антеннасы ҳэңкийипти. Кеңсениң айнасы жалтырайды, еле адам болса керек. „Аўхатланып болып кирип шыққан шеп болмайды" деп ойлап қойдым ишимнен.

Бирақ, бақтымызға, асхана жабық шықты. Сэрсенбайдың бир нэрсе ғаўзанбай шығатуғын ыңғайын сезбедим. Аңқайған қапысынан жақты шығып турған жайды нусқап:

— Дукан ашық, —деди. — Сухой паек пенэн қалайсаң, солдат?

— Жайлаўға жеткендей шамаң жоқ па?

— Жоқ! — Ҳеш сыйпаламайсыз, буның усейтип кесип сөйлейтуғынын бурыннан билемен. Эри-бери мирэтке буқпаған Назлы бурымының ушы жерге тийип, мениң чемоданымның устинде отырып қалдыдағы, мен тым-тырыс изине ере бердим. Сөйлемей киятыр, унсиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

тап, әлле бир нәрсеге ашыўлыдай. Бир гезде артына қарамастан саўал таслады:

— Қайсында болдың, солдат?

— Стройбатта. . .

— Ҳимм, әскер бола алмапсаңдағы онда! — Әне, көрмеген адам стройбатты солай дейди. Оның машақатын өз көзи менен көрсе екен-аў. — Жигитиң танкист болып қайтып еди. Мен келсем, сен кетип қалыпсаң. Бизлердиң партиямызға заменге барғансаң ғой. Ҳимм, жарайды, жарайды, көриспегенимизге төрт жыл болыпты. Жүз—жүзден. . . отмечать етип, ҳаа. . .

Оның нени желсеп киятырғанын енди билдим. Бағанағы айдаўы да шылғый саў адамның сырғытыўы емес.

Биз нийет етип барған дүканымызға да кире алмадық. Дүканның артынан комбинизон кийген биреў есикке жақынлаўдан-ақ қудасындай сыйлап, екеўимизди бирден дүканның артына қолтықлап кетти. Мүйештен айналсақ зәмилдей үш жигит тур. Биреўи дизесин бүкпестен стаканға „Астананың ақ арағы" деген жазыўы бар шийшеден қуйып атыр екен. Көрисиў гезегим келгенде:

— Қолым бос емес, достым, — деди. — Мынаны алып жибер, соң сорасармыз.

Мен не қыларымды билмей қалдым. Стаканын ол еле созып тур. Сәрсенбай жигитлерге тақыўасынды:

— Бул бизиң Мақсет деген, анилеў жорамыз. Әскерликтен киятыр. Төрт жылдан бери жаңа көрисип атырғанымыз. . .

Онысыз да бастағы фуражкадан, ийиндеги пагонлардан әскерликтен киятырғаным мәлим ғой. Жигитлер жаңа билгендей „ҳа-а" десип бир қойды: „Алып жибер, онда, жора. Усы аўылдан дуз татқаныңның алды болсын". Көп жалындырғаным жоқ, қырлы стакан менен ярым стаканың бизге жыр ма, тартып жибердим. Арақ қуйып турған жигит:

— Маладес, — деди. — Енди сорассақ болады. Мениң атым Жаңабай. Сениң атың Мақсет екен. Буны жаңа Сакеңнен еситтик. Танымассаң, мен өткен жылы келдим, механикпен. Мынаў екеўи практикантлар. Ал, енди, достым, айыпқа жорымассаң бизин бунымызды. Совхозда кешқурын бирден бир кеўил көтеретуғын жер, усы дүканның арты. Онда да инженерден бир,



www.ziyouz.com kutubxonasi

директордан еки, парторгтан үш, комсоргтан төрт, рабочкомнан бес, әне, усы бес адамнан өз арағымызды өзимиз урлап ишемиз. Асхана сегизде жаўып кетеди. Киноға қашанғы үңиле бересең, адам дегенге питегене ғаңғыр гүңгир сөйлескендей компания керек. Усы төртеўимиз бирден қайсы үйге барсақ та мурынын бир жыйырыўға. өзи болмаған менен ҳаялы жыйырады. Оннан усыны мақул көрдик, қалай айтаман, Мәке?

— Зәлели жо—оқ, — дедим де қойдым. Бирақ, буным мақуллағаным емес еди, деген менен, буларға „сен өтиўиң керек еди" дегендей ақылдың да ушлығын өзимнен таба алмадым. Улыўма, мен онша ақыллы жигитлерден емеспен, ҳа, оны өзим ҳәршеңки адамнан жақсы билемен. Қайтейин, ақыл дегенин сатып алатуғын зат емес.

Жаңабай екинши стаканды Сәрсенбайға усынды да, „алып жибер" демесе де алып жиберетуғынын билди ме, оған ҳеш нәрсе демедидағы маған қарап сөйлей берди:

— Буқарағандағы Сәкен қусаған жигитлердиң үйин қашшан адақлап шықтым. Бир жылдан бери үйсиз жасаў деген... Күнде бир үйде қонақ. Көшейик десек, ғарры қалада ислейди. Өзим холостякпан. Күни менең жумыс, жумыс болғанда қандай, баса-бас, азаннан қара кешке шекем, бензин, абдолға малынып жүргениң жүрген. Кешлигине бир дем алайын, кеўил көтерейин десең, — ийинин қысты. — Жоқ, ҳеш нәрсе жоқ. Ақыры келип, азғаңтай да болса усы дүканның артында мурын тыржыйтыўға туўра келеди. Сол барғой, арақты ойлаўға ўақтың болмайтуғын болса-дә, өмир сондай қызық болса! Ҳәўескерлер кружоклары болып, қойып турса күнде концертти, спектальди! Парк болса, ҳо! Оған, әлбетте, ҳәзиргидей күн батыўдан үйлерине тығылып алмай, қызлар да шығатуғын болса! Стаканды бер, Сарсенбай. Әне, сондай, достым, механик едим, механизмге айналып баратырғанға усайман. Исле дегенди ислеймен, болғаны...

— Сен, ишип алсаң сөйтип бир, көп сөйлейтуғынын бар, Жаңа-бай, — деп алақанын созды жаңағы бизлерди қолтықлап келген жигит. — Қойсаңә, берекет тап...

Сәрсенбай да бир шийше әкелип услатты. Жаңабай тағы тақсымлай баслады. Әдепки стакан кеўилимди көтере баслаған еди, мынаўысы диземди уйығып баратыр



www.ziyouz.com kutubxonasi

ма, қалай-қалай? Аш жүрекке ишкенлики шығар. Қалай да көкирегим ҳалласлап баратыр. Мына жигитлерге бир шийше әпергим де келип турады, бирақ, қалтамда еки ғана манатым бар.

Өзине созылған стаканды алыў орнына Сәрсенбай қолын көлегейледи:

— Рулдемен, болмайды. . .

— Рулде болсаң, ишпе. Қайда бармақшысаң?

Сәрсенбай ийеги менен мени нусқап:

— „Қолтық көлге" апарып таслауым керек, — деди. — Трактордың қасында Қайпанның қызы да күтип отыр.

— Ҳим, — Жаңабай ойланып қалды. — Маған бир ой келип тур. Кимниң баласысаң, ол жерде?

— Ҳайтмураттың. — Дайымның атын айттым. Әллеқашшан Берлинниң беррегиреги́нде сүйеги сипсе болған әкемниң атын айтқаным менен, ғаррылар болмаса, жаслар биле бермейтуғын еди. Анамыз өлгенде алты жасар едим. Мурат болса, меннен я бес, я алты жас үлкен. Соннан бери дайымның қолындамыз. Енди, Ҳайтмурат дайымды әкем демей кимди әкем дейин. Жаңабай бирден қуўанып кетти:

— Ҳо, Ҳайтмурат атаның жийенимен десе! Сизиң үйде көп болдым. „Әскерликте бир жийеним бар, сол келип, мына малды бағысса ҳеш шопанға пай бермеймен" дей беретуғын еди, Сол сен екенсең ғой. Давай, жигитлер, Ҳайтмурат атамның қойын жеп қайтамыз. Жумыс ўақтына шекем гаражға келсек болдыдағы!

Геллеси ғуўлап турғанлардың ҳәммеси бирден мақуллай қойды. Мен де ҳеш нәрсе дей алмадым. Бирақ, аўызымнан ийисин шығармай барыўым керек еди. Болмаса дайым: „сени әскерликке барып, адам болып келеди десек, бул не, дийирманның тартқышындай былғаңлап келисиң?" деп кейиўи, кейимегени менен де ишинен солай ойлап, иренжиўи мүмкин еди. Мынаў Жаңабайдың да пәтин жаман көрип турман, деген менен, биреў „үйиңе бараман" десе бас шайқаў қарақалпаққа жат дәстүр. Сонлықтан да үнсиз көндим. Көндим деймен-аў, көнемен бе, жоқ па, сирә, бунымды да сораған адам болмады. Жигитлер бара сала трактордың жақлаўына жармасты. Әдеттегише, Назлы тотыдай болып кабинаға қонды. Трактор ширенип жүрип кетти.

Бәҳәрдиң ақырғы айы болыўына қарамастан булыт



www.ziyouz.com kutubxonasi

деп булыт емес, ашық деп, ашық емес, тап теңизлерде күн ара болып туратуғын, думаннан суйықлаў, пуўға мегзес буўалдыр. Түсликке шамаласқан толған ай мысалы бир күлде қалған манаттай дөңгеленип, емески нурын шашады. Бирақ, әтирапты айқын көриўге, ҳәтте житиримге көз жибериўге де болатуғын еди.

Биз көлге жетемен дегенше бурқылдаған, шаңғытлы жолдан жүрдик. Ҳәммемиз бирден жақлаўға асылып, көзлеримизди тастай жумып киятырмыз. Ҳеш ким „иллә“ деп, аўыз ашқан жоқпыз, шаң кирмеслиги ушын еринлеримизди қымып алғанбыз. Улпадан да майда май топырақтың тозаңы танаўыма ашқылтымлаў ийис берип киятыр. Жайлаўға жем апарған, сүт алып қайтқан машиналар, тракторлар ақырасын шығарып кеткен жолды Қутанлы көлдиң ултанына түскенде түўестик. Көзлеримиз де, әплеримиз де ашылды. Көптен бери көрмеген қызыл жыңғылдың ийиси танаўыма еплепеплеп келе баслады. Жаман жолда өзине өзи зор берип киятырған трактордың да даўысы питегене пәсейди. Оның есесине жигитлер шағласып берди. Айтыўларына қарағанда быйыл қыс қарлы, бәҳәр жаўын-шашынлы келгенликтен жайлаўлар оттан жалшып қалған қусайды.

Аты көл болғаны менен әлле қашшан қутаны безген Қутанлының ултаны тап-тақыр еди. Жерди ажырықтай торлап алған маймақ қамыстың тамырын тисли трактор болмаса, шиналы көлик буза алмайды, Жолымыз усы кәрада тәўир-ақ өнетуғын қусаған. Түнде жүрип көрген биледи, қара шекшектиң шурылдысы. жылдам жүрген көликлиге ақшамлары қызық болып еситиледи. Тап бир, ҳеш нәпес алмастан, изин үзбестен милиция үшпелеги шертилип турғандай. Көлик тоқтаса, бундай емес, шурылды үзилип-үзилип, ҳәр жерден, ҳәр жерден еситиледи. Жүрсең—тағы бурыңғыдай.

Жаңабай халының келгенинше „Жаман шығанақ“ намасына „Көлге қаш“ деген қосықты айтты да:

— Мақсет, — деди арқамнан қағып. — Көлден шықпастан бурын, қосығың болса айтып қал. Көлден шыққаннан соң тағы аўыз аша алмай қаламыз.

Көкирегин еки стакан арақ, аўыл-елге аман қуўысқанымның қуўанышы ҳалласлатып киятырған маған көп тәуелленин кереги жоқ еди. Қалаберди, айта қойсам, мына отырған жаңа танысларымның ҳәммесин таң-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ландыра алатуғынымды да билемен, Ақыры, қосықты жаман айтпаймыздағы! Менин өзимниң қосығым бар. Ойнап-өскен дос-яранларымнан, туўылған аўылымнан алыста бул қосықты күтә көп айтқанман. Саўасында Қарақалпақстанлы төрт баланың басы қосылса, усы қосықты даўыс қосып бир айтпай тарқаспайтуғынбыз. Дым билмегенимиз, мурынымыздан ыңылдап отырамыз. Гимнастеркамның жоқарғы илгеклерин жаздырып, ҳәзир де айтайын деп атырғаным сол қосық.

— Басла, — деди Жаңабай қулағыма бақырып. — Көптен бери қарақалпақша қосықты айтып та, еситип те көрген жоқ шығарсаң?

— Неге? — дедим қулағына, әжепленип. — Айтқанда қандай!

Ол тағы бир нәрсе дей жақ еди, мен көкирегимди көлдиң көк, шөптиң ийиси аралас ҳаўасына толтырып алып, қосықты баслап жибердим!

Арзыў әйлер кеўилимиз өз юртымызға барғалы,
Ярыў-дослар ҳәм қәдирдан билен бирге жүргели,
Раҳым әйле-е па-атшаҳым, елге жеткер, сен мени-и,
Я-аа иләҳым, елимди-и көрер күнлер бармеке-ен?.
Бармеке-ен, бармеке-ен, елди көрер күнлер ба-армекен,
ба-армеке-еен?...

Мен өзимди бир майдан әскерликте жүргендей, таў баўрындағы алағула гүллерге көмилип, жора-жолдасларыды уйытып отырғандай сезинип қалдым. Көз алдыма жаўынгер жолдасларым елеслеп турды. Сағыныш-ҳәмме ўақытта сағыныш. Бул қосық Бируниден бе, Кегейлиден бе, бизиң досларымыздың бәрине қәдирли еди. Бизиң ушын Зийўар қосық жазып бергендей, бизлердиң өзинен бир нешше жыллардан соң дүньяға келип, ата мәканымызды сағынғанда айтатуғынымызды билип. арнап жазғандай еди.

Қосықты ҳәзирги тележкада киятырған аўылласларым да жақсы биледи екен. Қайырмасына келгенде басларын ырғасып:

„Бармекеен, бармекен, елди көрер күнлер бармекеен!" десип, шулғынысып отырды. Ай нурына көмилген көлдиң ултанында трактор адамларды емес, бир тележка қосықты, бир тележка сағынышты тийеп зымырар еди.

Шағал мәслик пенен жолды өндирип таслаппыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен кеткенде фермашылар ҳәр жерде төрт-бес үй болып отыратуғын еди. Әдетте, бундай фермалардың арасы еки-үш шақырымнан жақын болмайды. Оннан жақын болса, қашып кеткен бузаўы бар ма, адасқан малы бар ма, бириники бирине араласып кетип, айыра алмай бүлип қалады.

Түнемелигине, үйлердиң түбине келип қалғанынды бир-ақ билесең. Себеби, қара үйде айна болмағанлықтан айналы жайдай шырасының жақтысы алыстан жалтырап көринбейди. От жағып, сыртқа қазан асыўға тобын домалатып, бәсип жүретуғын қара қоңыз деген бәле бар, қәпелимде, ҳалал асыңды ҳарамға шығарады.

Бизлер ай жақты болғанлықтан, алдымыздағы үш-төрт отаўды анадайдан-ақ көрдик. Мен „дайымлар усы жерге қонысланыптыаў" деп ойлап едим Себеби, мына жағы „Қолтық көлге" жақын. Айдын усы қәрадан-ақ жалтырап көринип атыр.

Трактор тоқтаған ўақта түсиўге қолайласа берген мени:

— Бул. Қайпан ағалардики, сизикине еле жүриңкиреймиз, — деп, Жаңабай иркип қалды. Көрип турман, бурынғыдай шошаңламайды, Назлы қызларға тән наз бенен, салмақ пенен кабинадан түсти:

— Мынаў бизиң үй. нан аўыз тийип шығың, — деди, қадимги, жағымталлы өлпең даўысы менен. Жигитлердиң түскиси келе қойған жоқ еди, „Қайпан ағаның қолынан алып шығайын", дедим мен. Мен түскеннен соң басқалар да түсти.

Үйиниң тусына биймезгил трактор келип тоқтағанға ма; үйдегилердиң алды менен майда балалары, сон ересеклери ший есикти түрип, сыртқа шығысты.

— Аға, Мақсет киятыр.

— Өйдеген ким? — деген Қайпан ағаның даўысы шықты. Назлы бизлерден озыңқыраған еди. Қайпан ағаның қәпелимде есине түссем керек: — Ҳаў, Хайтмурат ағаның Мақсети ме? Апырмай, бала, дым жақсы болды-аў! — деп, тракторға жүрди. Бул ўақытта бизлер аяқларымызды тепсинип, үстилеримиздиң шаңын қағып атыр едик. Барып, қолынан алдым.

— Ўай, бәрекелләә, аман-есен елге қуўыстың ба, ғошшым? — деп арқамнан қақты: — Тил, көзим тасқа, дырдай жигит болыпсаң!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ший есик бес ирет желпинип, жигитлер түўел кирип болар болмастан-ақ Назлының әжағасы Қыят келип, апақ-шапақ бола қалдық.

Жигитлердиң отырмайтуғынын, тек ғана нан аўыз тийип щығатуғынын еситиўи де сол, „Ҳайтмурат ағаның шүйиншисин аламан", деп, жапалтан атты мине шапты. Ишке баслап киргени менен Қайпан ағаның өзи төрлеген жоқ:

— Кетемениниз қалай. баллар-аў, мен мынаў Мақсеттин қонақ асысын бере қояйын деп едим, — дейди қыйылып. — Бир қойды пуштарлаў, шарўа ушын, қалалының қонағына таўық сойғанынан қыйын емес, ҳаўўа, ғошшыларым, — деп қояды. Тәўеллени, ҳәзир ғана кирген Қыяттың ҳаялы Шыныгүл салды:

— Әскер бала үйин сағынып киятырған ғой, еглемей ақ қояйықшы. Қонақ асысы болса жай-жайуат қыдырып келип жердағы.

— Сөйтермиз, аға, — деп. изин мен алып кеттим.

— Мына, үйге баратырған қонақ жигитлер де бар.

— Пай, жақсы болды-аў. — дей береди бизлерди узатып салып атырып та. — Хайтмурат ағаның мийнети бир жеңиллейтуғын болған екен. Кеше Ерманның садақасындағы шопанларға: „Жақында Мақсет жаным келеди, оннан соң сизлердиң хеш қайсысыңызға пай бермеймен", деп шағлап отыр еди, пай. жақсы болды-аў! Биреўлер „журт жайлаўдан қаша алмай жүр, келип жини бар ма, қалада қалып қояды" десип атыр еди. Пай, келгениң жақсы болды-аў!...

Биз Қайпан ағалардың фермасынан шыға бергенде алдымыздан малақайының қулағы жалпылдап, дайым ат шаўып шықты. Артына үлкен баласы Отарбайды мингестирип алыпты. Сәрсенбай тоқтағанда, аман-есенлик сорасып алғанымызда болатуғын еди. Бирақ, оның да тракторы тартқысыз қырсықлығы бар. Қайта? қаттылаў айдайды.

Бизлер қапталласып шаўып киятырған дайым менен бас кийимлеримизди былғасып, шаўқымласып сәлемлескен болдық. Ол да бир нәрселерди айтып киятыр, еситиў қыйын.

Трактор есиктин алдына келип гилт тоқтады. Иргелес қоныс тепкен үш-төрт үйдиң адамы отаўларынан жуўырыса—жуўырыса шықты. Әлле кимлер мал қора жақлардан киятыр. Трактордан түсиўим мәттәл, мойы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нымнан дайым қапсыра қушақлап алып, маңлайларыма, бетлериме сақал-муртын батырып, сүйип атыр, сүйип атыр:

— Жалғыз туўысқанымнан қалған шырағым, — деп сүйеди. Жеңгем жыламсырап, шалғышының ушы менен көзин сүртеди. Дайым урыстан қайтқалы бул үйге қайтып солдат келмеген, ҳеш ким әскерликке де кетпеген. Мени де тап урыстан қайтқан солдаттай күтип алып атыр. Даўытбай менен Отарбай уялып сәлемлести де биреўи чемоданымды алып үйге кирип кетти. Ал, кишкенеси Даўытбай болса, мен кирмей кире жақ емес.

Өзлерин өзлери шарпылдатып урып турған адамлар менен қол алысып шықтым: „Ишкерилейик, — деди дайым. — Пешше талап таслар, шырағым".

Қыят, тап, бизди әскерликтен өзи қайтарғандай мардыйып, төрге малдас курынып алыпты.

Сыртта әлле ким қой сойып атыр. Мени енди мына ерип келген жигитлериме ишимлик табыў мәселеси қысындыра баслады. Бул кәраларда пулыңа зат таппайсаң. Совхоз орайы болса, жигирма бес шақырымнан жақын емес, онда да дуканшы үйинде сақлайтуғын болса ғана табасаң, болмаса, жоқ.

Бир қойды жеп, жигитлер таң алдында жүрип кетти. Соның менен бизиң тойымыз да тарқаған болды.

## 2

— Ағайин-туўғанды қыдыр. Жумысқа бир кирисип кетсең, сақал алыўға қолың тиймейди, — деди дайым. — Мынаў ғунанды, нийети қайыр, саған нийетлеп, сен кеткен қыста алып едим. Соннан бери сылап—сыйпап бағып отырман. Қызыл май етпей, пәкизе, мин. Кегейлидеги Мәтнияз устаға жетпис манат берип, ақ баслы ер де соқтырып қойыппан. Хожелиге бир барғанымда „Шырағымның атына" деп, шашақлары төгилген, әндамлы, жипек жона да арқалап қайттым, — деп атыр. — Кәне, ертле, көрейик, қутлы болсын айтайық, атыңа.

Ертлеўин етрлесем де қайда барарымды билмей қалдым. Районда кишкене дайымлардың үйи бар. Бурын олар да бизлер менен иргеме-ирге, өз алдына отаў тигип, мал бағып отыратуғын еди. Биз кеткеннен соң, бригадиримиз Меңлибай сойлақ пенен келисе алмай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

малларын тапсырыпты да дайымның „қабырғасын қайыстырып“, қалаға көшип кетипти. Ҳәзир моншада завхоз ба, я от жаға ма, әйтеуир, сондай бир жумыста ислейтуғын көринеди. Мен онын көшип кеткенин дайымның қәте — қәте етип, „. . . Баймурат та малын бизге таслап көшти, сирә бул журт малды ким бағады деп ойлады екен? Малды таслап қашқаннан гөре қатық ишпей, гөш жемей отырса екен-аў, туўе!. . . „деп, ашыўланып, латынша жазған хатынан билдим. Анаў күни кирип шығыўға да болатуғын еди, трактордың ирети келип қалғаннан соң, „қалмай-ақ қояйын, қайта берейин“, дедим. Енди, сонықине қыдырмасам, басқа жан ашырдың да онша ирети жоқ еди. Бирақ, онықине атлы жетиў қыйын. Қалаберди, келгениме еки күн болмай атырыпақ Меңлибай аға жумыс тәме етип, қарайды. Айтпайды, айтпағаны менен, үнсиз уқтырып қойды. Атты ертлеп атырғанымда қасыма келип:

— Әскерликке бир шопан алынса, иним, жалғызым кеткеннен кейин көрмеймен. Сонша малы мойынға шөгип қала береди. Сырттан ҳеш ким келип бақпайды,— деп налынды. — Бул журт шопан болғанды қойған.

— Мен бир әскерий есаптан өтип келейин, өзимиз бағамыз, — дедим, жалынбасынан бурын айтып қалғанды мақул көрип.

Меңлибай аға қуўанғанынан сойлақ тисин көрсетип күлди:

— Сөйт, берекет тап, ғошшым. Тап, усы, әскерликтен бир бала келсе, жалғызым келгеннен кейин көрмеймен.

— Кетер болсаң, зымыра. Түске қалсаң, билесең ғой, жайлаўдың сона деген жаўы бар, — деп қыстастырды дайым. — Ызылдаўық көлигиңниң мазасын алады.

Мен жүрип кеттим. Қыдырыўға емес, әлбетте. Биринши жумысым. аўыл—кеңеске барып, есаптан өтип қойыўым керек. Соң, басшыларға бир көриниўим тийис, не дер екен, „дайымның малын бөлип алып бағa бер“, дей ме, я басқа жумысы бар ма, ояғын өзлери айта берер.

Темиркөктиң тоны пәс болғаны менен, қулқы маған унады. Билип киятырман, сейисине түссе, бәйгеге шабатуғын да түри бар. Таза тутылып минилген аттай, сәл нәрседен сетем ала бермейди. Шымқорлығын дайым



www.ziyouz.com kutubxonasi

айтып берген. Бирақ, қамшыны сүймейтуғын жылқы екенлигин өзим абайлап киятырман. Адымы да кең.

Совхозға тал түсте жеттим. Хәмме түски чайға шығып кетсе керек, былай-былай журген адам көринбеди. Аўылкеңестин кеңсесининиң алдына жете бергенимде:

— Мақсет, — деди биреў. Мен артыма қарамастан бурын-ақ Жаңабайдың даўысын таныдым. — Пүткиллей өзгерип кетипсеңғо, кеше мундирде үп-үлкен кисидей көринип атыр един. Солдатлар мудамы ересек адамдай болып көрине береди-аў. Жүр үйге, чай ишемиз.

Қолында еки балық консерва, ярым килодай колбаса бар екен. Аттың алдына түсип, томпаңлап отырды.

Атты телеграф ағашына қаңтарып, ишкериледик. Еки қат өжире, биреўинде өзи боладыдағы, аўыздағысы — кухнясы. Электр плитасына жаңа бир ҳәзирде қойып кетсе керек, қалайы чайнеги зыңылдап, қайнаў алдында тур. Қолындағыларын столдың үстине қоя берип:

— Мине, усы жерде жасап атырмыз, — деди. — Бул жайды жақында совхоз берди.

— Жүдә жақсы, — дедим мен гүрсиге отырып. — Бир көнлигип. . .

— Қашшан көнлигип кеттим, — деп гәпимди бөлди. — Келген күнлери күни менен гаражға, гараждан шыққан соң мына тылақтай аўылға сыймай, пай, зериктим-аў! Енди, үйге барсам, дәрҳал усы жаққа қайтқым келеди де турады. Билмеймен, не бәлеси бар екенин. Сирә, жумыс бастылығымнан шығар. Отыра тур, мен бир чай демлеп келейин. . .

Мен де қарап отырғаным жоқ, нанларды, колбасаларды туўрастырып отырдым. Ол консерваны да аша келди.

Екеўимиз столдың еки жағында отырып, ғаңғыр — гүңгир чай ише басладық: „Жеп отыр, жүз-жүзден болғанда болатуғын еди. Жумыс ўақты, болмайды", деп те қояды.

— Сен, Мақсет, мениң анаў күнги гәпимди ишип айттыға жорыма. Ырасында да сондай. Яқшы, мына турмыс бизди қанаатландыра ма? Бизиң де ҳәммедей болып жасағымыз келеди. Журт барған стадионға бизиң де барғымыз келеди. . .

— Кем-кемнен кемал, жора, — деймен мен де. — Ҳеш нәрсе бирден бола қоймайды. Ўақты менен бәри



www.ziyouz.com kutubxonasi

де бола береди. Бирақ, жақсы жерге бараман деп, өкшени көтере бермей ислеў керек, — деп ақыл айтқан болып атырман. Перерывтың өзи қай жерде де бир саат ғой, „бүгин еки тракторды гараждан шығарыўымыз керек еди“ деп, Жаңабай асығып отыр. Адам қусап, сыртқы комбинизонын да шешип аўқатланбады. Өрлиғурлы аўхатланып атырып сөйлеп отыр:

— Исле, дейсен, — дейди маған әжептәуирлеў күлип қарап. — Мен бир жаққа кетемен дедим бе? Ислеймиз ғой, бирақ, тек ислеў ушын агрегат ғана жаратылады. Ходлайсан. тамам, ислеп тура береди. Ўақтында техуходын берсең, болды. . . Ал енди, мен асығыспан, достым. Чайынды ишип, гаражға гилтти апарағой, — деп, турып кете жақ болып атыр. Мен ишимнен иренжийин десем де ҳеш нәрсе тис жармадым. Үйинде де қалмадым, ере шықтым. Ат усы жерде қалдыдағы, екеўимиз пияда кеттик. Тусына келгенде: „кетпесең, кеште үйде бол“, деди де ол гаражына қайрылды. Мен аўылкеңестиң кеңсесине бурылдым.

Әскерий есаптан өтиў көп ўақтымды алмады. Шашы мәккениң шашағындай қызыл гүрең, бизлерден зәрре үлкенлеў бала жигит отыр екен. Есапқа алды да жиберди.

Оның есесине, кеңседе иркилдим. Енди комсомол есабына өтиўим керек еди. Комитеттиң секретары жоқ. Кабинетин Нөкистен мал санаўға келген биреўге босатып берипти де, өзи көлге кетипти. Бухгалтериядағылар жаңағы нәҳәнге ҳәр қыйлы мағлыўматлар, пәттепәтте қағазлар таярлап бүлип атыр екен. Сирә бизге „аман келдиң бе“ деген де адам болмады. Кеңседен түңилип шығып баратырғанда рабочком Әлимбай ағаға дусласып қалдым. Аяғында шүберек етик, басында сора шығып кеткен жекен қалпақ. Бир жақлардан ҳәзир ғана келсе керек. Етигиниң шаңын түсириў ушын есиктиң алдында жер тепсинип атыр екен. „Ассалаўмалейкум, Әлимбай аға“, деп едим, бетиме қарап турып: „ишке кир“ деди. Бунысы маған буйрықтай есцтилип кетти.

Аман-түўелликти ишке, кабинетине кирип сорасты:

— Мал-жаның аман ба? — деди. — Қашан келдиң?

Мениң күлким келип кетти. Бирақ, күлмедим. Еле сол сорасыўы. Буннан еки жыл бурын көргенимде де ким менен болса да „мал-жаның аман ба?“ — деп со-



www.ziyouz.com kutubxonasi

расатуғын еди, еле сонысы. Алды менен малды сорап алады.

— Бир өзиң келдиң бе, деп сорағанымды айып көрме, ғошшым. Өткен жылы Ғайрат әскерликтен келди. Бир актрисаға үйленип келипти. Әндамлы, орыс келинли болып едик, —деп мыйық тартты. — Тойында қосық айтып берди. Районнан да адам шақырып, тап усы кеңседе комсомол тойын өткердик. Тағы бир шопан қосылды-аў, деп қуўанып едик. Бала байғус өз алдына мал да алып еди. Пайдасы болмады, Келинимиз тоғайдың ийт улытқан шыбынына шыдамай кетип қалды. Жөнине кетпеди, „Хоть ты меня жалей, Гайрат. Как здесь можно жить" деп, Ғайратымыздан да айырып кетти. Здесь жить можно, ғошшым. Жақсы болсын, жаман болсын, ата мәкан деген болады адамда. Қалаберди, биз, жети атамыздан берман киятырған шаруамыз. Мал бизлерсиз, бизлер малсыз жасай алмаймыз, —дейди столды саўсағы менен дүкилдетип. Сирә, бизди сөйлететуғын да, „неге келдиң" деп сорайтуғын да түри жоқ. Өзи сөйлеп атыр: — Аман қуўыссаң, болыпты, ғошшым. Бизге жәрдем ет. Жәрдемиң сол, ҳәзир пәкизе үйиңе қайт та, дайыңның малының жартысын бөлип алып бағаға бер. Баймурат дайың малың ғаррыға таслап, моншада от жағар болып отыр. Соны ал. Жақсылап бақ, биз де иретинде сени қапа қылмаймыз. Коляскалы мотоцикл керек пе, пожалуйста! О—ой, түсинбейтуғын жигит емессең ғой, не биреўлер бар, Өмирден орынын таба алмай бир кәсиптен екинши кәсипке мудамы сырғанап жүргени. Сен ондай емессең ғой, өзиңди өзиң әлле қашшан таўып алған жигитсең. Саған қурылысшының, я бир нефтшиниң арасынан Мақсетти излеўдиң кереги жоқ. Ол—жайлаўда, буны мен әскерликке кетпесиңнен бурын-ақ абайлағанман, — деп, марапатлап, арқамнан қағып қайтарды. Мен бурын жылқыман едим. Енди маған „мал бақ" деп отыр. „Бул қалай болар екен", сирә, оны да айтыўды умытып, есиктен қулшынып шыға бериппен. . .

### 3

Әлимбай аға „бөлип ал" деген менен ҳеш нәрсе де бөлинген жоқ. Буны бөлисиўдиң өзи хожалық бөлискеннен де уят. Әлимбай аға да соны билип, жортаға



www.ziyouz.com kutubxonasi

„бөлип ал“ деп, басымнан сыйпап жибердиме деймен. Арадан бир ҳәпте өтер-өтпестен-ақ өзи фермаға келип, көпшикти жамбаслап отырып:

— Хайтмурат аға, бизге көп жыл жәрдем еттиниз. Раҳмет. Өзиңиздиң орыныңызды басатуғын жақсы бир шопан да таярлап бердиниз, буныңызға да раҳмет. Ендиги жағында сизди жумсауға уяламыз. Пенсияға шығa қойың, — деди. Дайым ауызына апарған кесасын жерге қойып, сазырайып қалды. Ҳеш нәрсе демеди де. Әллен уақыттан соң:

— Әлимбай-ау, — деди ийегин созып. — Баяғыда мына жақтан бир көш келип қонып еди. Байқап қарасақ, шубырысып жүрген лолылар екен. Көлигиниң бәри ешек. Япырмай, бул халықтың ешекке өшин-ай! Ал, енди, өзи қысғын қыраулы күни еди. Тыңлап отыр, ғошшым. Ғәзийтиңди соң оқырсаң...

— Қулағым сизде, ақсақал...

— Дийдарыңды ҳәм бизге қаратып отыр, ғошшым. Уят болатуғын әңгимени айтып салып, кейнинен өйтип, жүзиңди қағаз бенен тасалама. Гәпти тыңла.

Әлимбай аға газетасын жыйнастырып, көрпешениң астына тықты да „пай, яшуллы деймен-ау!“ деп, күлип отырды. Дайымның сөзи ауызында:

— Сөйтип, бир күнлери, мына жыққын кеткенде бизлер бир асығыс көшемиз-ау, тап сондай демниң арасында зым-ғайып болды да кетти. Изинде, гилең қунысқан ешеклер қалыпты. Жабыуларын ҳәм сыпырып алып кеткен. „Биреуин услап минейин, нем шығыпты“ деген ой менен, қайда гөне там, қайда гөне төле болса, ықлап жүрген ешеклердиң онлағанының ауызын ашып қарадым. Сирә, биреуиниң ауызында бир тиси болса бой ма! Гүрре уақтынан бери жумсап — жумсап, жанағы найсаплар кетеринде жабыулларын да сыпырып алып, ғарры ешеклерин пәртылдатып сабап-сабап айдап жиберип көшкен екендағы. Со, иним, туқымында лолыға жақынлық жоқпеди? Бул қалай, енди ҳүкиметке керек емес болып қалғаным ба? Мен түсинбей отырман? — деп, кеуилине мәлел келтирди. Әлимбай аға майдалап түсиндирип:

— Енди, пәкизе, мына балаң келди. Бурын айтайық десек, малыңды бағатуғын адам таппай жүр едик, мен түсинемен ғой, — деди әлпайымсып. — Сиз шынжырма жынжыр киятырған шаруасыз. Шаруашылық



www.ziyouz.com kutubxonasi

сизиң ата кәсибиңиз. Малсыз жасаўыңыз қыйын. Сонда да сиз қалай ойлайсыз? Атағыңыздағы малдың бәрин усы Мақсет баққанда, қол жуўып қарап отыраман деп ойлайсыз ба? Артық дәўлет көз шығара ма, ҳа, пенсияңызды ҳәм ала бериң, малларыңызға да қараса бериң, — деп, көндирген болып кетти.

Соның менен, мал да бизиң атаққа өтип, дайымның аты бухгалтерияның ис қағазларынан сызылып қалды. Оның есесине, бизиң хәким екеў болды. Биринշиси дайым, екиншиси бригадиримиз Меңлибай аға. Бул жасы уллы „кетип қалады" деп, қәўетерлене ме, мени көрген жерде сойлақ тисин көрсетип, күлип қала береди дағы, хожа хорлықты дайымнан көремен. Биз мал бағып жүргенде „балана айтып қой, ғарры. Малларың азып баратыр", дейтуғын болса керек. Кешқурынлары келгенимде шиймақпалдан тигилген шекпенин желбегей салып, малдың алдынан дайым шығады. Әдепки күнлери:

— Балам, отлақлы-отлақлы жерлерге айдаңқырап бақ. Сыйырларыңның иши сырнайдаго, — дегенди жайма-шуўақланып айтып жүрди. Бизди көрип, әбден мийри қанып. сағынышы басылып, қәдиримиз кетейин дегели:

— Өзим баққанда бундай болмайтуғын еди. Пах, жәниўарай, демниң арасында қожырады да қалды, — деп азарланатуғынды шығарды.

Мен дайымның бул минезине бурыннан қанықпан. Өзи бақпаса, кисиниң бағқанына исенбейтуғын әдети маған қашшаннан мәлим. Баяғыда бир лазымға кеткен. Онда мен жылқы бағатуғын едим. Келемен дегенше, малларын усы Меңлибай ағаның өзи-ақ бақты. Тақтакөпирден үш күнде айналып келип, төртинши күни дайым бир кейип берди дейсең:

— Сени фермаға ҳәким етип, сонша малды исенип тапсырып қойғанлардың басында таўықтың мийиндей мий болса, мениң мына сақалды малдың изинде ағартқаным өтирик! — дейди пәтленип. — Үш күнниң арасында көни қалыптыго!

Сонда, урысыў, я пәлен деп, гәп қайтарыў қайда, Меңлибай аға дайымды күлип жеңип еди. Соннан бери, дайымның минезине Меңлибай аға меннен де қанық. Кейисе, күле береди, күле береди. Я бир нәрсени сылтаўлап кетип қалады. Мен өйтип өтирик күле де ал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

майман, кететуғын да жағым жоқ. Гәп те қайтармайман. Тергеўге тутылып, бақырайып отыра беремен. „Аўылға барған соң самостоятельно жизнь баслайман", деп, орысша араластырып сөйлеп келген бизиң өмиримиз усылай өте баслады.

## 4

„Гүмис көл" диң шет-шебириндеги қамыслыққа басып отлады да түске таман маллар дамыл таўып, ийирилиўге қарады. Бизин де тыныс алатуғын ўақтымыз, усы. Мына жақта „Қолтық көл" жақын. Анаў бир жал тоғайдан өтсем, үйдиң шаңарағын емин—еркин көре аламан. Күнде бундай жақың жерге баққанымда үйден түсленип жүр едим. Бүгин де сол ой менен шашыраған малдың етегин жыйнап, бир жерге жәмледим. Енди көпшилиги шаңлақта маңқыйысып, гүйис қайтарып жатқанынша күтиўим керек. Оннан соң алағадасыз қайта берсем болады.

Соған шекем қарап отырмайын деп, ер-тоқымын сыпырып тасладым да тынық суўға жаллап Темиркөкти жуўып алдым. Соң, кебиўи, кепкенше аўнамаўы ушын атымды торанғылға қаңтарып, айдынға қарап жүзип кеттим.

Усы бүгин мениң буннан онлаған жыл бурынғы Мақсет, бала Мақсет болғым келер еди. Бирақ, өмир деген аққан дәрья, дәрья да изине қарап ағар ма? Бала болғым келгени менен балалығым маған да қайтып оралмас еди. Деген менен, сол күнлердеги көлден мәйек излеген күнлерим көзиме елеслер еди. Елеслегени сол, алдымда онлаған жасар Мақсет, қамыслықты айырып, жүзип барар едидағы, тап бир соннан қалақ ала жақтай, сол елести қуўып, мен де жап-жасыл қамыслықтын жигин айырып жүзер едим. Лийкин, сол бир елес маған туттырмас еди, тута алмасымды билсем де қуўа бергим, қуўа бергим келер еди. Тамаша, адам дегенде түрли—түрли кейип бола береди екен ғой.

Қәпелимде, суўды сабалап, алдымнан нәҳән бир бирқазан ҳаўалады. Мен көк шырша суўда жүзсем, ол қанатын қулашлап таслап, ақ қойдай ақша булытлар өрген көгилдир көкте жүзип барар еди.

Әлле қандай бир майда шабақлар келип, балтырыма тийип қайтып-тийип қайтып, мени қайтадан көлге



www.ziyouz.com kutubxonasi

қаратты. Күн тымық еди. Сонлықтан көл бети де тыныш. Тек ғана, жаңағы өзимниң самбырлымнан пайда болған дөңгелек, майда толқынлар шырпылдасып келип, омыраўыма қабады. Анадай жақлар еле тып-тынық, теп-тегис. Аспанда емес, суўдың бетинде ақша булытлар, кем-кемнен бәлентлеп, бир ноқатқа айналып баратырған бирқазан... Мен ата мәканымның сүўретине биринши мәртебе ашық болып қалдым.

Темиркөк кисинеди. Адамның адамды көрсе ғана тиллесетуғынындай, жылқы да жылқыны көрсе ғана кисинейди. Бундай байлаўлы ат бийсәўбет айғырдың талаўына да қолай, буны мен жақсы билемен. Лаппа, артыма жүздим.

Қырға шықсам, ҳеш жерде ат көринбейди, кийимим де жоқ. Бул ҳәйран қаларлық ҳәдийсе емес, әлбетте. Уры-ғар ғой, сирә жоқ. Ким де болса, бизиң менен дәлкеклескиси келген биреў. Ысқырып көрдим, жақ, ҳеш ким сес бермейди. Ыраштың басында трусишең олай-булай жүрип;

— Ҳә-ҳә-ҳәәйй! — деп бақырдым. Айдынлар маған:

— Ҳә-ҳә-ҳәәәйй! — деп, жуўап берди. Басқа сес жоқ.

Темиркөк күн шығысқа қарап, қулағын қайшылап тур екен. Ыраш ты жағалап, солай жүрдим. Барынқырап қарасам, үйдей нәҳән бир түп жәнеўiтиң тасасында ат байлаўлы тур. Мен Назлының қара ғунаншасын таныпқойдым. Жупқаға түйилип, ерине бир түйиншик қыстырылыпты. Мойыны жеткен жердеги қамысты шалып отлап атыр.

Аттың қасына барып, суў-суў болған шашымды қайырып таслап, қос бүйиримди таяныпп „ф“ ҳәрибине усап турдымдағы;

— Усыннан тапсам бар ғой, сүўға басаман — деп, айбат шектим. Айбатлы болып көрингим келгени менен күлип турып айтқаннан соң, қәҳәрим онша келе бермес еди,улыўма, менде усы турғанда не қылған қәҳәр. Тек, айтып атырмандағы: — Ҳаў, кийимди әке-ел, айналайын, баўырым, бөтекем Назлы-ы. Түсликтен қалдырдың ғой, Назлы-ы. Ҳооў, Назлы-ы!..

Сес жоқ. Бирақ, мақаў қыз, қай путаның арасынан болса да сығалап қарап турғанын, ҳәтте, күлип турғанын да билемен. Дым болмағаннан сон, еплеп аттың қасына жақынластым да түйиншикти услап көрдим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Колыма тастай болып, шақмақ-шақмақ қант тийди.Шешип алып ырашқа өрмеледим. Соң, жоқары көтерип, даўысладым:

— Шықпасаң, өз обалың өзиңе, Назлы. Қантыңды сүўға басаман! — Жақ. Хеш ким шықпайды. Билип тур мениң өйте алмайтуғынымды.

Әсте ақырын ыраштан түстим де берги қыратты кеше басладым. Жақын жердеги бир жәнеўиттиң путасы тысыр ете қалды. Билемен, ҳаўлығып, шығып киятыр. Қасақана сытырлы шыққан жаққа қарамай баратырман, кешип баратырман, кем қемнен суў да көкирек аўызыма қаўып баратыр. Туў сыртымнан, қәдимги, Назлының кулаққа жағымлы қоңыр даўысы еситилди:

— Ҳәй, қойып тур. Дениң дурыс па, мине, кийимиң, жетсең, аласаң.

Көйлегимди, туфлийимди балағыма жымқырып тығыптыдағы қайыс пенен бууып, алақанынан өткерип алыпты:

— Мине, кийимиң, — дейди күлип турып. — Ҳәй, мынанқара, шәрт мынадай. Мен, мына қашының бойы менен қашаман. Колындағы бес килә қант, тасламасган қуўасан, ал қаштым, — деп, шаққан-шаққан жүрип, меннен жырақласа баслады, күлип жырақласа баслады, күлгенде де жилўа менен күлип баратыр. „Мен буны бала деп жүрсем... Усласам, хожа хорлығын көрсетемен ғо! "Патыр-путыр ыраштан шыға жуўырдым. Мен ойланаман, ыраштан шығаман дегенше араны жүз адымнан аслам ашып кеткен. Жеткермей баратыр. Кыз баланы буншелли жел аяқ болады деп ойламағанман. Кызыл көйлегиниң етеги желбиреп, қуйындай ушады-ә, занғар! Колымдағы бес кило қантқа мен ҳәр атлаған сайын, жүз грамм салмақ минип баратырғандай сезилди, Лийкин, тасламадым, шәрт солай ғой.

Ырыштың бойында жән-жағын қамыс, майда жынғыл орап алған әйдик-әйдик тораңғыллар көп. „Енди туттым" дегенде солардың бирин айналып қашты. Бала күнимизде пышық, тышқан ойнайтуғын едик.Сол балалығымыз усы бүгин қайтып келгендей. Айырмасы, ол.сынқылдап күлип қашар едидағы, менде әлле неге қумарлық бар еди, сол қулшындырар еди мени.Бирақ, сол нәрсе, қандай қумарлық, услап алсам, не ислеўим керек, буны ойларлық ҳәзир менде пурсат та, бас та



www.ziyouz.com kutubxonasi

жоқ. Тек, жетип алыўым керек, неге жетиўим керек, оны да анық билмес едим.

Торанғылдан былайлаў шығып, ақ кесекли, май топырақлы жайпаўыттан ырашқа өрмелей бергенинде бой тасладым да сыйрағынан шап бергеним сол, ырашты қушақлай жығылды. Ашыўланғанда жибере қойғандай да ыңғайым бар еди, лийкин, бүйреги бүлкилдеп, күлип атырғанын сезип қойдым да, балтырды саўмалап барып, мойнына жабыстым. Аяғымыз домалатқан кесеклер жийектеги суўға шомп-шомп түсип атыр. Көкиреклериме, басларыма былқылдақ алақанлары менен шарп-шарп урады. Ҳәйле-пәйлесине қарамай шорп-шорп сүйе бердим, сүйе бердим. Ентигип-ентигип: „қойса-қойса" деп атыр, өзинде ушажақ кептердегидей әлле қандай бир дирилди бар. Жақ, мениң қоя алатуғын түрим жоқ, мен бундай есерсоқ емес едим, тап усы пурсатларда жинли болып кеткенге усадым. Мен мәс едим. Өмирим туўып, нашар баладан алған тунғыш посам мәсиртер еди мени. Мениң геллем пүткиллей ойланыўдан, ал мынаў жаланаш етим шапалақ өтиўден қалған еди. Екеўмиз де есеңкиреп, ентигип калғанбыз. Бир ўақытта қарасам, екеўимиз бирден, қушақласыўымыз бенен ыраштан жумалап баратыр екенбиз.

Кушағымыз қай ўақытта жаздырылды, билмеймен, терлеп-тепшип қалған жыллы етимизге талдың саясында күн түспей муздай болып турған суў тийип, бирден айықтырып жиберди.

Ол малпақ-салпақ болып, ырашқа өрмелеп баратыр екен. Енди мени уят қысып, тығыларға тесик таппай қалдым. Сөйтип турғанымда анадайда ығып баратырған кийимиме көзим түсти, қолынан жаздырылмай, суўға бирге түсти ме, әлле ыраштан думалады ма, ояғын билмеймен, жалма-жан изинен жүзип, қармап алдым да суўдан шықтым.

Албырып қалған Назлы ыраштын басында не қыларын билмей ҳайранлық пишинде манғурланар еди. Даўысым дирилдеп кетти:

— Әпиў ет, Назлы, өзимди бийлей алмай қалдым.

Үндемейди. Көз деген уры. Көйлеги етине жабысқан Назлынын тула беденин көзлерим уры ийттин көзиндей тинтинип баратыр. Кыздың денесиниң нәзиклигин, суўлыўлығын билгиси келген адам суўға басып көриўи керек екен. Мен Назлының мына турысын



www.ziyouz.com kutubxonasi

оғыры сулыў пәмлеп қалдым. Белиниң қыпшалығы сүңгек болыўына қарамастан жаўырынынын белден төменги жағының кеңлиги оны „8" ге усатыңқырап турды.

Кәйерден оқығаным есимде жоқ, ертеректе бир жерден оқыдым, қулласы. Әййемги грецияда сулыў ҳаялларға байрақ береди екен. Үлкен амфитеатрға журт жыйналады. Өзин сулыў санап, байраққа талабан болған ҳаяллар тыржаланаш, қыйлы-қыйлы жылўаларын, ойынларын көрсетип, жюридиң алдынан өтедидағы, жюри жеңимпазды анықлап, байрағын береди. Мынаў турысында Назлы наз етип, жилўа көрсетип турғанжоқ, жылап тур, бирақ сол байрақты жылап турып-ақ ала алатуғынына бир тәўекел, исенгим келип қалды. Мен усылардың ҳәммесин жылап турған арыўды тамашалап турып ойлай алдым ҳәм өзимниң ең барып турған ақмақ адам екенимди аңладым: биреў жылайды, биреў тамашасына қарайды, бул ақмақлық емес пе?

Ол ыраштры бойлап кетип баратыр. Мен оның бир өрим етип өрген бурымының айсыз аспандай шым қара ҳәм узын екенлигин ҳәзир көрип киятырғандайман. Суў сорып қалған жай табан, ақ туфлийи басқан сайын быж-быж етип, жерге „мөр" басып баратыр. Мен усыларды тап усы пурсатта ойлай алғанымды, серлей алғанымды ойлайман да, неге екенин қәйдем, өзимди пәмсиз санағым келе береди. Ҳа, мына қыздың кеўилин алыўым керек еди-ғо. Бирақ, қәдимги, гәпке шорқақлығым, қалаберди, бурын-соңлы қыз бала менен мәмиле болып көрмегенлигим, ҳеш нәрсениң уўытын таба алмас едим. Артына шалт бурылды да:

— Қант, — деди.

— Қа—ант? — Дәрҳал кейиниме жуўырдым. Оның қырда қалғанын да, суўға түскенин де анық билмеймен. Суўға түссе, қапылды.

Жаңағы пышықтай бығырласқан жерлеримди келип қарайман, үңилип келип қарайман. Жоқ, ҳеш нәрсе жоқ. Көкирегим әлле неге лүпилдейди. „Биреўдиң жигирма бес шақырым жерге барып әкиятырғаны суўға кетсе шатақ да! Буннан мына қолтығымдағы кийимлеримниң суўға кеткени жақсы еди" деген менен, тилек деген келе бере ме, суўдың бетинде қалқып киятырған жупқаны көрип, жүрегим суў ете қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кырға алып шығып, жупқада үш-төрт бөлек чайдың да бар екенлигин абайладым.

Аты байланған жәнеуиттиң қасындағы қопалыққа жақынлай бергенимде;

— Кет, ары—деди, өлпен даўыс пенен. Бирақ, уян шықса да буйрықтан кем еситилген жоқ.—Мен кийимлеримди ешып атырман.

Аттың қасына келип, мен де кийимлеримди сығып жая басладым.

Аздан соң қопалықтан кийинип шыққан ол қолымнан жупқаны жулып алдыдағы жулпысланып ишинен былбырап қалған бир конвертти шығарып, жумбаршақлап-жумбаршақлап, маған зынғытып жиберди. Бир аўыз сөз де айтпады. Ашыўлы. Бултыйыўы менен атына минип, ендиги ашыўын соннан алажақтай қамшылап-қамшылап жиберди.

Туяқтың тозаңы басылғаннан соң барып, мениң есиме жаңа ғана аяғымның астына суўлы шүберектей сылп етип түекен хат түсти. Абайлап жерден алдым да еплеп, конвертин аштым. Мураттан екен. Сиясы жайылып кеткен хаттан үлкен машақат пенен оқығаным: „...Диплом жумысым пите келди. Әскерликтен келген болсаң, жумысқа кирмей тур... Жақында бараман... гәп бар..." деген сөзлер болды. „Не гәп, неге жумысқа кирме деп айтады... Киргеним қашшан. Айлық та алайын деп турмыз..." деген ойлардың жуллығы менен:„ Пай, шатақ болды-аў, Назлы енди үйине не деп барады?" деген уўайым бирге келди.

Шарўашылық жөниндеги китаплар „пәлен етиў керек, төлен етиў керек". деп, мың жериңен үйретә берсин. Китаптағыдай етип мал күтиўге фермамызда жағдай да жоқ. Баймурат дайым бағып жүрген саўынларын таслап кеткели бойдағы ма, саўыны ма, буғасы ма, танасы ма. бәри былғасып бағылып жүр екен. Енди соны бизиң менен бөлисетуғын шопан жоқ. Дайым совхоздан адам келген сайын „Ҳаў мына саўынды бөлип, Қайпанның фермасына бериң деймен", деп қақсап қалады. „Бүгин-ертең сөйтемиз, ҳәзирше оңыса тур" дейди де уәдениң изи суйылып кете береди.

Кештиң болғанын басқа малдан бетер, саўын сыйыр жақсы биледи. Ғарғалар уяларына жалпылдасып, күнниң қызылы батар-батпастан-ақ саўынлар аўылға сызды. Изинен басқалары маңқыйысты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Есиктин алдында дайым шертек соғып атырған екен. Алдымнан Отарбай жуўырып шықты да:

— Әжаға, — деди ҳаплығып. — Ағам бар ғой, тап, қанаты мынадай, — қолларың еки жаққа жайды: — Бүркит сатып әкелди.

Малларды атлы жүрип қамадым. Күнде көмеклесетуғын дайым буған да келмеди. Түтинлик те түтетиспеди. Ҳәкисине, бүгин шыбын күндегисинен де бетер қутырынып тур. Бетиңе шарп еттирсең, қолың қыпқызыл қан болып шыға береди. Меңлибай аға сойлақ тислери ырсыйып, өзинен өзи күле береди, күле береди. Усыннан-ақ дайыма шертек соғысып, әри кейисин еситип, бас сауғалап шыққаны мәлим еди.

Үйлердиң ҳаял-балашағасы түўели менен сыйыр саўыўға шықты.

— Айқасқа, кел-кел, — деп Отарбайдың қорадан баспақ шақырған сести, шелектиң түбине түскен сүттиң дыңылдысы еситиле баслады. Ат байлап атырған мениң тусымнан женгем жулпысланып, жулқыңып: „Адам дегенде сирә ес болмаса, қыйын екен-ғо“ деп, тоңқылданыўы менен өтип кетти. Мен буны кимге айтып атырғанын аңғара алмай-ақ қалдым. Менлибай аға қасыма келип, езиўин жыйнады да:

— Ҳайтмурат аға кишемниң суўына тийди-дә бүгин! — деп қойды. Мен сораўлы пишинде бетине қарадым. — Қайпан ағаның қаршығасын бир танаға алыпты-аў! Тағы елли манат пул беретуғын болыпты —, деди әри таңланған, әри өкинген даўыс пенен. — Мына жақтан келсем, кишем екеўи тас болмаса жағаласайын деп отыр екен. „Бир танаға да әлленеткен бир қусты аламекен, кишемдики дурыс. Тағы елли манат...“ дей бергеним, „бар-әй, төрелигинди үйиңе ет“ деп, тап мен бир гөшине урлыққа түсқен пышықтай, желкемнен услап түйип-түйип шығарып жиберди. Соннан бери сөйлесе алмай жүргеним, ғошшым. Бақаның биреўин тиклесе бергеним, жаңа сен келердиң алдында-аў, тағы енсемнен нуқытып алдым. Күлким келип-ақ турған жоқ, бирақ буны күлип жеңбесең, болмайды.

Мына хабарға мен де ҳайран қалдым. Бир қусқа бир тана деген, қой болса да ҳеш гәп. Сирә, дайым ақылдан алжасқан шығар.

Дайыма ҳармасын айтып, қасынан өте бергенимде:

— Тоқтап тур, — деди шийдиң орамын жаздырып



www.ziyouz.com kutubxonasi

атырып. — Билемен, қаршығаны көриўге асығып баратырсан. Соң көресең. Мына сойлақтағы келин синлисиниң қудашаларының күйеўи өлип соған кетти. Малы бүгиншелли кемпирдиң мойынында. Саўыс, неге қарайсаң? Мен сени сойлақтың малына жумсап атырғаным жоқ. Ҳүкиметтиң малы. Ҳүкимет өзиндики. — деп, артымнан сөйленип қалды. Көрдиң бе сиясатқа қашыўын!

Шыра жағылмағанлықтан, үйдин иши тасқараңғы. Жүктиң қуўысында билинер-билинбес қоңыраў сыңғырлайды. Қаршығаның қоңыраўы. Көргим келгени менен ҳәзир ўақыт жоқ, машқаланың әйне гүжип атырған ўақты. Бузаўлар мөңиресип, қой-қозылар жамырасып, „ҳеўкем-ҳәўкем"лер этирапты азан-қазан етип атыр. Уўыққа жымқырылған гөне халатты сыйпалап, шелек алып шықтым.

Бузаў әкелисип жүрген Отарбай: „Қайсысын әкелейин, Емберген бергенди ме?" деди. „Емберген бергенди" дедим күлип. Қораға киргеним менен „Емберген берген"ниң қайсыйыр екенин танымайтуғын едим. Ақ бузаў анасын өзи тапты.

Үлкен машақат пенен бизиң саўғанымыз үш сыйыр. Еки жылдың ишинде тәўир-ақ шығысып кетиппен. Қолларым, дизелерим зар қақсады.

Женгем үйге шыра жағып, ол-булына' айналысып кеттидағы мен Елмурат есапшыға сүт тапсырып қалдым. Дайым еле шертеги менен ҳәлек еди. Трактор келди, қәдимги, Сәрсенбай, Жигирмалаған фляги бар.

Сырттың абыр-сабыры питемен дегенше оның бир үйден чай суў ишиўи керек еди. Бурынлары Меңлибай ағанын үйинен чай суў ишиўи керек еди. Бурынлары Меңлибай ағанын үйинен аўқатланады екен. Мен келгели бизиң үйге түсетуғын болды Катарқурбысы турып, бөтен үйдиң ший есигин қулашлаў уят ғой.Калаберди, ол басқа үйге бараман дегенде де мениң бетим шыдамайды, үйге әкелиўим керек.

— Ҳәзир бараман, Сәке, ишкерилеп, жайласып отыра бер, — дедим. — Сырттын шыбыны жама-ан.

Онлаған жерге түтинниклик салып болып үйге кирдим. Шыранын жақтысы үйди алакөленке етип тур. Сәрсенбай көпшикти омыраўына тартып, жағын таянып, қаршығаға телмире қарап жатырған екен.

— Ишиң писип кеткен жоқ па?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жақ. Қаршығаң қутлы болсын. Қалай салады екен, буны?

— Билмедим, — дедим қолымды жуўып атырып.— Дайым әкелипти, өзи билетуғын шығар.,.

— Ҳәй, слушай, —ол тикейди.—Мынаў Қайпан ағаның қаршығасы емес пе?—Ийегимди екшей бергенимде:—Нуў!—деп жиберди. — Ол киси менен мен келисип жүрип едим ғой. Салыўды билмеймен, бирақ үйрениў мүмкин еди-дә. Жасы үлкенлер де ўәдесин шаймалай береди екен-аў!—Мен ынғайсызланып қалдым;—Қайдем. Бирақ, женгем жақтырмай атыр. Еле де сениң алыўына болар,—дедим сүлги менен сүртинип. Дайым:

— Ал енди, Сәрсенбайжан, қустың қасында шылым шегиўге болмайды. Шеккиң келсе, сыртқа шығып шегерсең, —деп кетти. Неге өйтиўге болмайды, түсинбей қалдым.

Екеўимиз бирден сыртқа шығып, шертек онласыўға қарадық. Ғарры кисиниң бир өзин тырбандырып зәмилдей еки жигиттиң үйде жилиншигин айқастырып отырғаны уят ғой.

Женгем темир ошақты қойып, еле питпеген шертекиң ишине от жағып атырған екен:

— Бүгинше, қыспалап, қоңыз кирместей етип берсеңиз болды, — дейди. Бул не асығыс?

— Бүгинше үйге асқанда да болатуғые еди ғо, — дедим мен шийди қадаға қыспалап атырып.

— Ҳаў, мына ғарры қылмай атыр ғой. Кус болмай бәле болды!

— Қустың қасында түтин түтетиўге болмайды, балам, — Дайым өзинин сөзин өзи мақуллап, басын шулғынып қойды. — Ҳаўа, балам. Арақ ишип, әтир суў сеўип келиўге де болмайды. Қаршыға сезимталлығын жойтады. Оннан соң, балам, дайынның тарғыл танасы менен елли манаты күйип кетип отырысы. Ҳаўа, сол ғой азаннан бери бүлинип атырғаным, болмаса, шертек неме керек, мениң? Себеп пенен бул да питип қалды. Ал енди, сизлер ишкерилей бериң. Мен де ҳәзир бараман.

Ортадағы ошақтың орыны дым көрмегендей, қыршып алынып тасланған екен. Чай суўды жеңгем диңкилдеп, сырттан тасып жүр. „Не болары болды", деди ме, бағанағы ашыў жоқ. Дайым да жадырай баслаған. Төрде шағлап отыр:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бай-баай. — дейди сақалын тararaшлап, — Қус салғанның нәсин айтасан! Урысқа кеткенимше еки қаршығам болды. Ҳәзир адамлар анға шығып, паңқылдатып, мылтық атқанды қызық көрип жүр. Бул журт қустын қызығына түсермеди, мылтығын тат басып қалар еди, — деп атырғанда:

— Ҳайтмурат аға, ашыўың басылды ма? — деп мыйық тартып, есиктен Меңлибай аға кирди. — Сөйтип, Қайпанның қаршығасын қолыма қондырдым дейсең, — деди төрлеп атырып. — Жүдә бәрекелла. Билесең бе, сен яшуллы, қаршығаның ағласы үйинде қалды.

— Мениң мына жағыма шөге ғой,—деди дайым он қапталындағы қурақлы көрпешениң үстин шаппатлап. Неге екенин қәйдем, Меңлибай аға маған көз қысып қойды. —Бәле баласаң-аў, —деп атыр дайым өзинен өзи шулғына сөйлеп. — Бағанағыдай кемпир екеўимиздиң арамызға от таслағаның болмаса, шеп бала емессең. Серлеген екенсеңдағы, „қаршығаның ағласы үйинде қалды“ дейсең, ә? — Меңлибай аға жамбаслап атырып, басын ырғайды: „Ҳаўўадағы“.

— Тағы қаршығасы болса, бизге әперин, Меңлибай аға? — деди Сөрсенбай кесасын жерге қоя берип. Ғарры да, бригадир де лийкинли күлди:—Оның тек бир ғана қусы бар емес пе еди. Хайтмурат ата? Оны да сиз алып қойғансыз,..

— Жақ, тағы бир қусы бар. — Бул, Меңлибай ағаның гәпи. — Қус болғанда қандай — дейди Сәрсенбайды бурынғыдан да ынтықтырып.

— Қайпанның қусы керек емес—Жеңгем қыябелден қойып салды. —Бизиң үйге жараспайды.

— Пай, жарасады-аў! — Мақуллармекен деди ме, дайым Меңлибайға қарады. —Қәлпесине түспей жүргендағы жақсылап, уйқысын ашып, күтигин берсең...

— Көкжалынды алып берсин-ә! — деп мақуллады Меңлибай аға.

Анаў сапары бизлер барғанда қус көрген жоқ едик. Көп екен аў. Бирақ, әскерликке кетпесимнен бурын оның бир палапан шәўлиси бар еди. Сол, мына туғырамызға қонып отырған қаршыға ма, басқа ма, оянын билмеймен. Дайым әлле қандай бир ойға шүмгендей зәрре тыртым қалды да, Меңлибайға бирден жалт қарап, сөйледи:

— Меңлибай-ай, Мен оның анаў қаршығасын Му-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ратжанға нийетлеп алып қояр едим. Оның оқыўын пит керип, қайда болатуғынын билмеймен, —деди де кесасын қолына алып, анда-санда бир уртлап, сөз жөплей берди:— Егер ол оқып келип, қалада жасайтуғын болса, қаршығаның оған кереги жоқ. Қус деген тар жерге көнликпейди, оған мынандай дәрья, көл, тоғай,анаў азан менен булдырап туратуғын Кусханадай таўлы жер керек. Болмаса ғой, ол да өзимиздиң баламыз есабында. Астына ат мингизип, қолына қус қондырып, сонарға шығарыў, оң жаққа отаў тигип бериў. бизге әри парыз, әри қарыз...

— Айтарың барма, Ҳайтмурат аға. Тыңлап отыр, Мақсет.

— Мынаў бир қусты, кемпир жақтырмаса да. алдым. Бул да Қайпанның қусы ғой...

— Билемен ғой, аға...

— Гә ти орынзыз бөлме. — Меңлибай аға аўырсыныўдың орнына мыйық тартты. Дайымның сөзи аўызында: — Усыны, енди Муратжан келгенше кәмине келтиремен. Салса, салар, салмаса, Мақсетжанды үйретип жиберемен. Буным қалай? — Меңлибай ағаға мақуллатып болып, Сәрсенбайға қарады: — Сен, балам, поштаға кирип шыға алмағансаңдағы? — Сәреенбай басын шайқады; — Буннан былайғы саған пәндиў—нәсийҳатым сол, жайлаўға шықпасыңнан бурын басынды бир суғып шыққайсаң. Енди келгенинде бир ҳабар алшы, Муратжаннан хат-пат жоқпекен, тыйылды ғой, бала—деп, ойланып қалды, Мен хат алғанымды айта алмадым. Өйдесем. „ким әкеп берди?“ деп, шуқ-шуқына тайайтуғын, дурысын айтсам, „булар тоғайда сыбырласып жүр екен“, деп, дайым ойламағаны менен женгем ойлайтуғын түри бар.

Аўқат желинип атырғанда: „Шашым өсип кетти, — дедим мен. — Сәрсенбай менен барып, алдырып қайтсам, қәйтеди? —“ Меңлибай аға үндемеди.

— Өзим пәки менен тықырлап беремен, -- деди дайым. —Тоғайда пасомлықтың не кереги бар?

Узатып салып атырғанымда былай шығарып алып: „Ҳайт күни азанда азан менен келемен,—деп сыбырлады Сәренбай—Еки ат таўып қой, Назлыникинен ҳайтлық сораймыз.“ Бул қалып баратырған ойын болса да, мағаң кызық көринди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Онда, Жаңабайды да ертип кел,—дедим.—Қатырып бир қыдыртайын Бәлким, соған шекем дайым үйретип жиберсе, қус саламыз.

Сәрсенбай аўыр жатарда кетти. Бас ушымда қаршыға қоңыраўын сыңғырлатып, уйқымды бермеди. Неге екенин билмеймен, дайымның шашымды алдырыўым ушын совхозға жибермегени кеўилиме мәлел келтирейин деди. Ядыма Жаңабайдың „... адам деген тек ислеў ушын жаратылмайды... Механик едим, механизмге айналып баратырман...“ деген сөзи түсе берди, түсе берди. Мен өзим, өзимниң тәғдирим ҳаққында бүгин шынтлап, биринши мәртебе ойланып атырман: “... механизмге айналып...“ Карщығаның сыңғырлысы ойымды бөле берди, бөле берди...

## 5.

Малымды ийирип таслап, түсликке киятырған мен есиктиң алдында жымпыйып турған көк машинаны алыстан-ақ көрдим. Әдебинде „бул кәраға не қылып жетип жүрген?“ деп ҳайран қалдым. Жеңил машина түўе „қолтық көл“ ге трактор зорға жетеди, жол жаман.

„Волга“ шығар деп келгеним, еки жағы бирден тартатуғын, омыраўы бәлент гөне „Москвич“ екен. Бул әтирапларға дем алыс күнлери калалылар аң аўлап, балық уўлап, дем алыўға жийи-жийи келип турады „Сондайлардың биреўиди-дағы“, деп итибар бермедим де, Темиркөкти тусап жиберип, үйге сүнгидим. Үйдин арты түрилген болғанлықтан, иши жәп-жақты еди. Төрдеги аўыллық дүканшы қусап, олпы-солпы кийинген, шашы қырылып алынып, зеренге усаған тақыя кийген семиз кисиниң бетиндеги шешек дағына шекем аңлап алдым да, қос қоллап қол алыстым. Хеш жерде көрмеген қонағым, — „саў барсаң ба?“ деди де, дайымнан сорады:

— Мына сүўретти салған усы „жорамыз“ ба?

= Жақ, — дайым басын жайқады. — Бул, анаў сүўретте таяғына ийегин сүйеп отырған бала. — Конақ биресе отырып атырған маған, биресе сүўретке қарады:

— Усайды. Атын да таўып қойған екен: „Шопан сағынышлары“ Усайды! — Дайым әжепленди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Усыны усата алмаса, шырағым-аў, бизиң Шымбайда оқығанында тасыған қоржын-қоржын сур гөшлер куйип кеткени-ғо! — Өзинен өзи күлди. — Ал енди, ғошшым, сен де сондай сүўретшимисен? — Конақ басын шайқап: — Жақ, — деди. — Меники ондай машақат емес. „Шырт" еттиремиз де қоямыз. Сен, жора, — маған ийегин созды: — Бригадирди көрмедиң бе?

Мениң ушын дайым түңилип жуўап берди:

— Бригады қурсын, бағана бәжбан менен ишип келип, үйимниң ҳаўасын бузып кетти. Енди оны, ғошшым, көрер болсаң, кешке шекем күтесең. Малдан бурын, гөрден болса да жетеди...

— Кус саласыз ба? — Мен гәпти мына бурыўынан бул кисиге бригадирдиң онша керек емеслигин билип қалдым. Ықласланып сөйлеп киятырған дайым: „бул қалай"? деген кейип пенен едирейип қарады да:

— Сала жақпан, тазы таптырмай тур, — деди. Конақ жақында келген, еле буйымын айтпаған болса керек. Жөнлеп, чай да ишпеди. Кымыз сорады, бизде қымыз болмайтуғын еди, бийемизди суў алып кеткен. Тайы жетилип қалды, бирақ, өзи де бууаз көринеди.

Мени Меңлибай ағаның үйине жумсап еди. Жеңгей: „месимниң түбинде питегене қалып еди. Бағана ағаң бажбан менен келип қотарып кетти," деди. Айтып келгенимде:

— Бир қапылса қапылады ғой,—деди де қойды дайым. Дәстүримизде, қонақ асысын бермей турып, қонақтан жол болсын соралмайды. Усындайда үй ийесиниң билгиси келип отырғанын сезген қонақтын өзи-ақ айта қоятуғын еди. „Мынаў бир семиз қотыр я менмендағы, я дым пәми жоқ, ләттепәм адам", деп билдим.

Аўқат сыртта асылып атыр. Улыўма, анаў туғырға қус қонғалы үйдиң ишинде от жаңғанды қойған. Ал, бири-бирине тетелес еки бала болса, көлде самбырлатып, шомылып жүр.

Алдымда отырған еки жасы уллынын екеўи де бири бирине әлпин алыстыра алмай отыр. Бириниң сораўына бири қысқа ғана жуўап берип, тым-тырыс қалысады. Конақ көпшикти желкесине таслап, шалқасына жатыр еди. Бир ўақытта қурсағы көтерилип-басылып, әжеп тәўир қурылдаға басты. „Мә саған" дегендей, дайым маған әжепленип қарады да: „бунысы неси?" деген сораўды үнсиз аңлатып қойды. Соң, орынынан



www.ziyouz.com kutubxonasi

өрре турып: „өлимтик баққан ийттей отыраман ба?". деп, қағынып-силкинип, сыртқа шықты да пақыр пухарашылығына айналысып кетти. „Жанағы гәпин еситип қойды ма" деп, мен қысынып қалдым. Еситсе, өкпелейди ғой, бизиң дайымның минезин қайдан билсин? Ол келген қонақтың тарпа таслап, уйықлағанын жақтырмайды: „Конақ деген, көрейин, гүрриңлесейин, деп келмей ме екен? Уйықлап кетиў ушын келе берип бир, ҳа, үйинде уйықлағанда не қылады, биреў түрте ме? Көрейин деп келди ме, пәкизе, гүрринлесип отырыўы керек" деген өзиниң „теорема"сы бар. Буны мен жақсы билемен. Ашыўланып кетип, шөккиши менен шеге салынған ат дорбаны апарып, ашыў менен тықылдатып, мал қораның қаданың қадасын қағыстырып атырғаны да сол қағыйдасына муўапық.

Шийди шыйыраман деп жүрип, керегениң басындағы „Шопан сағынышларын" қыйсайтып алған екен. Орынымнан турып барып, дүзиўлеп қойдым. Алыстан әнейдей болып көринетуғын сүўрет жақынлап қарағанымда алабажақ болып, түңилдире жазлап қалды.

Бул, билип отырғаң шығарсыз, Мураттың салған сүўрети ғой. Мен әскерликке кететуғын жылы жазғы дем алысқа келгенинде салып еди, салғанда да жылқы бағып жүргенимде усы анаў ийегиме сүйелген таяқты үйден апарып таяндырып, өзиме қарап отырып салып еди. Неге мал бағатуғын дайымның таяғын әкелип услатып жүр десем, астына „Шопан сағынышлары" деп жаза жақ екендағы.

— Мен шопан емеспен, ақыры—деп ашыўланғанларым, оның „Жылқы бизиң қарақалпақ жайлаўлары ушын характерли емес," деп, жүнимди жатқарғанлары еле есимде. Кала берди, онда жаз еди. Сүўретте болса, көл бети тунжыраған, тереклер, қайшы қулақ қамыслар сарғыш тартып, әтирапқа гүз тәпси урған. Карапәрең бала жигит болыўыма қарамастан биз де сарысынлы балаға усап қалғанбыз. Кәйткенде де әлле кимди сағынып отырған шопанға усайтуғын едим. Бирақ, Мурат өтирик айтып қойыпты сүўретинде. Менде ондай сағыныш та, дәнеңе де жоқ еди. Сағынса мени өзи сағынып жүрген шығар. Мен оны ҳеш қашан да сарғайғанша сағынып көрген емеспен. Бул нәрсе екеўимиздиң бала гезимизден-ақ алшақ түсип, екеўимиздиң бир уяда уйпаласып өсе алмағанлығымыздан шы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғар. Жамбас муғаллимнен төртиншини питкерип, қалған жағын оқыў ушын совхоз орайындағы бир әмекимиздикине арқаланып кеткенин емис-емис билемен.

Соннан ол сол жақта жетиншини питкерип, Шымбайдағы училищеге түстидағы, аўылға қайтып оралмады. „Жамбас муғаллим болып келетуғын шығар. Оннан мал баққаны абзал еди, "деп күйинип жүрген дайым „Ташкентке келип оқыўға түстим. Сүўретши болып бараман..." деген хатын оқығанда бурынғы күйиў күйиў ме: „пермеге сүўретшиниң не кереги бар? Бир басына пайдасы жоқ исти ислейди екен. Он төрт жыл оқып, сүўретши деген не бәле! Сонша Ташкенттей житиримге кеткеннен кейин адам деген eң болмаса мал дуқтыр болып келмеймекен!" деп, пай, салды-аў шаўқымды, салды-аў „Түрин көрмеймен" деп еди, жақ каникулға келгенинде тапқан-тупқан пулының жарпысынан көбисин: „бас, қәрманыңа" деп орысшалап, өзи берди.

Әне, сөйтип, екеўимиз еки жақта кемалға келдик. Биз ала бәҳәрден тоқсан түскенге шекем жайлаў қалдырмай көшип жүрдикдағы, жамбас муғаллимнен алған жартыўсыз билимимизге-ақ қанаҳат етип, мектептиң қарасын көрмей, өстик. Ол болса, мына жатырған адамдай „қонаққа келип-кетип жүрди", демесең, үйде паянлап жалшытпады. Мен оны бир әмекимиздей көргеним болмаса, өзимди ағалы адамдай сезбеймен. Сағынса анаў керегениң басына қыстырылған сүўрет сағынып отырған. Шамалы бүйиримниң бурғаны болмаса, Муратты мен сағынғаным жоқ. Бирақ, оның сүўретшилик өнерин өзим шеп көрмеймен. Ал енди, неге екенин билмеймен, „сүўретши" деген сөз дайыма жаға бермейди. Усы сүўретти салып атырғанында: „бүйтип, баланың исин ислеп жүргенше, мал бағып, журтқа бир қайырынды тийгизгенинде болатуғын еди "дегенлерин талай еситкенмен. Мынаў қурылдап атырған қонақты да „сүўретшимен" дегени ушын жақтырмай қалды ма", деген де ойға кеттим.

Жеңгем үйге кирди де дәстурханның үстиндеги нан-пан, қант-пантты жыйнастырып, кесаларды сыпырыстырып-сыпырыстырып: „конағыңды оят" деп сыбырланып шықты да, шомылып, қалақ ойнап жүрген Отарбай менен Даўытбайды:

— Хийй-яй! Тамағынызға келиң! — деп, даўыс-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап шақырды. Мениң түртиўимниң кереги болмай калды, усы даўыстан қонақтың өзи-ақ ҳаўаланып, ҳаўлыққан адамдай болып турды. Сол шақырық оған да тийисли екен, қора жақтан қолының шаңын қағып, дайым да келип кирди:

— Мықлап, уйқыны қандырдыңыз ба, мийман?

— Ҳә, шамалы мызғып алдым. Бизики күни-түни усы жүрис.

Мен қолларға суў алдым. Колын жүўып болған дайым" аллабәрекелле" деп, орнынан турды да, суўға басып, ақ жемит етип қойған жемтигинен қаршығаға гөш берип келип, қолын қайтадан жуўып отырды. Ортаға гүртигинен гөши басым бир табақ аўқат келди. Женгем „жей бериң, бизлердиң табағымыз қоста" деп кетти.

Әнгиме. табақ жыйналып пәтия оқылғаннан кейин басланды. Аўыллық дуканшыға усаған қонағымыз газетаның фотокоры балып шықты. Совхозға барған екен, Әлимбай аға усы фермаға „сондай бир жасы уллы бар" деп силтеп жиберипти.

— Соған келип едим, яшуллы, — деди фотокор. — Машынымды қыйнап алдым, Жолыңыз жудә ҳәм патырат екендағы.

— Патырат болғанда сорама! — Дайым басын шайқады. — Бирақ бизге ҳәзир жолдың кереги жоқ. Көлигимиз ат, бул жәнўар батпайды да, шумбейди де: қарыны тойса қурбан ҳайт, кете береди. Бизге жол емес, басқа нәрсе керек. Мына баланың. ...

— Яшуллы, гәпиңизди бөлейин, әпиў етерсиз. Мен кемшиликти дизип жазыўға келгеним жоқ,

— Ҳаў, шырағым-аў, — ҳайранлық пишинде дайым еки алақанын еки жаққа жайды. — Кемшиликти ким көреди енди? Мына баланың шашы өсип кетти. Кырып таслайын десем, қылмайды. Совхозға жиберейин десем. еки жүзден аслам мал маған башартпайды...

— Енди, яшуллы, — гәпти бөлди фотокор. —Оныныз да дурыс, басшыларға айтарман. Өзиңизге мәлим, ҳәзир шарўашылықта қол жетиспейди. Жаслар мектебин питкерип жоқарыға оқыўға кетип атыр...

— Ҳә, бәрекелләl Жана киятырсан «дийдиме...

— Питкергеннен сон, аўылға я келди, келмеди. Онын үстине, әскерликке алынған шопанның малы тағы..,



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳим, әне, өтлеў тамырға жаңа қолың тийип киятыр, — деп қомпанлады дайым. — Түсинбейтуғын бала емес көринесең.

— Түсинемен ғой! — Конақтың буғағы дирилдеп кетти: — Енди, солардың орнына кадр таярлаўымыз керек. Калада бөксесин бурранлатып, былайтип, — қолын шыртылдатты: — Танцаплощадканы басқаға бермей жүрген тунеядслар көп. — деп қойды. Тап сол сөзге түсинип отырғандай дайым да ийегин екшеп қоyады. Конақ оннан сайын ҳәўижге минип атыр: — Әне, соларды үгитлап, нәсият берип, жайлаўға жоллаў ушын не қылыўымыз керек, бундағы мынандай әжайып,— он қолын жоқары көтерип жиберди: — романтичный турмысты адамның ҳәўеси келерликтей, оқып көрген жасларды жайлаўға ҳаўаландырғандай етип жазыўымыз керек. Әне, соның ушын, бундағы майда-шүйде кемшилик. ...

— Шырағым-аў. сизлерге майда-шүйде көрингени менен бизге парқы үлкен оның! Усы ўақытқа шекем, сыйырды қол менен саўып атырмыз. Сен жазғыш болсаң, соны жаз. Неге ферма басына бир дибийжок бермейди? Ҳа, неге бермейди? Ҳәзир елиў үшинши жыл емес ғой, ақыры, алпыс үшинши жыл! Анаў аспанда тынбай айланып жүретуғын нәрселер. не еди, атын сен табөс, Мақсет?

— Спутник.

— Ҳаўўа, ыспотник, әне, соған ҳүкиметтиң ақылы жетисип атыр. Шарўаның мүшкилин аңсатластырыўға да ақылы жетиседи, ғошшым. Сол нәрсе жоқарыдағылардың қулағына тиймей атыр. Нәҳәнлеримиздиң көпшилиги, қәдимги өзиңдей, жолды қыйынсынып келмейдидағы, бунда биз қалай жасап атырмыз, газеттен оқып көреди, Газийт болса, бизди жаманлаймайды. Мақтай береди, соған қарап нәҳәнлер де „ҳә, турмыслары сондай абадан екен ғой“ деп ойлап, пахтаны аралап кете береди. Кеўлине келсе де айтайын, ғошшым, жазбаң демеймен. Бирақ дурысын жазың, сонда бизлерге жәрдем еткен боласыз, гәзийт деген, кете бермей ме, Мәскеўге шекем. Оқып көрер едидағы, яшуллыларымыз. Ал, енди, сен жаңағыдай етип, — басын шайқады. Фотокор сазырайып қалды. — Ондай етип, қопсытып мақтайман десең, бизди мәптен қоясаң, ғошшым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳүкиметтиң сиясаты, енди, яшуллы...

— Маған оны айтпа, — алақанын көлегейледи. — Мен оны оқыған жоқ, бирақ, оқымасам да сол сиясатқа көкирегим дүзиў. Сиясатта өтирик жаз деген жоқ шығар. — Ғарры ашыўлана баслады. Тегинликте жеңислик бермеслигин абайлады ма, фотокор блокнотын шығарып, қәлемин шошаңлатып: „Ал, яқшы, сизиң-ақ айтқаныңыз болсын, ырасын-ақ жазайық," деди да неше мал бар, қалай бағылады, қалай бағылыўы керек еди, от-жем мәселеси, қысқа таярлық қалай, не жетиспейди, дайымның ойынша, қалай етиў керек, биреўин де қалдырмастан түртип алды. Дайым да қара аспанды қапылтып берди, деген менен, айтқанының бәри дурыс еди. „Мынаў отырысымыз күн бе?" деп қоялы. Есиме Жанабайдың сөзи түсе береди.

— Ал, енди, тағы бир гәп бар, яшуллы? — деди фотокор дайыма мәккарлана қарап. — Бул сөзлерди ким айтты десе, не деймиз?

— Ҳа, мени айтты дейсен-дә! Соны да билмейсең бе?

— Гәпиниз ғаррының гәпиндей емес. „Мына ғарры айтты" деп, яшуллыларға сүўретиңди көрсетсем қәйтеди? — Өзинен өзи күлди. — Я қорқамысаң?

— Ҳаў! Несине қорқаман, мен? Мың жеринен көрсете бер. — Дайым әжепленди. — Ҳүкимет ғарғаса, я пенсиясын қысқартадыдағы, я қолымнан таяғымды алады екен, ҳаў, оның несине қорқаман?

— Онда, ящуллы, сизин сүўретиңизди алып кетемен. Болмаса, „жаслардың барлық мүддәҳәсин ғаррыға жабыстырып қойыпсаң" деп, гәпиме пәтиўа баспай жибереди. Сонша жерден машақаланып келгеннен кейин, әлбетте, мениң де бир нәрсе шығарыўым керек. Тәуирлеў кийимиң болса, кийин, сүўретке түсирип алайын.

— Усы түрысым болады. Мен бир ақлық қызымнын қыңа тойына барайын деп атырғаным жоқ. Мына баланы да түсирип кет, оны да көрсин. Корамыздың сыйқы анаў, оны да түсир....

— Тамаша яшуллы екенсиз. — деди фотокор дайымды ертип шығып баратырып. — Тамаша...

— Хаў, ырасыдағы!..

Меңлибай ағадан басқа да дайым менен әлпи алыспаса күле беретуғын адамлар бар екен. Фотокор бүйреги бүлкилдеп, күлип жүрип, дайымның түсир деген



www.ziyouz.com kutubxonasi

жерлериниң бәрин түсирип атыр: „Яшуллыларға апарып көрсетемен. Условия мақтарлықтай емес екен“ деп атыр. Ол да „әй, бәрекелла! Сөйт, ғошшым“ ын жеткерип жүр.

Ең ақырында дайымды қуяшқа қаратып қойды да, аппаратын шымшықтай „шурқ“ еттирип, сүўретке түсирип алды:

— Усының бәрин түсирткен де мына ғарры деп көрсетемен. Гәпиннен танба;—деп те қойды.

— Несине танаман, — дейди дайым, — Усы өмиримниң ишинде газетке көп адам келип жазып кетти, түўе. Оқытып қарасам, айтқанларымның биреўи де жоқ. Бир, төрели жигит екенсең, ғошшым. Дурысын жаз,— деп сөйленип жүрип, женгемниң дизбектеги бес килодай сүр гөшиниң де бәрин орап-шымқап, машинаға әкеп салды.

— Ал, енди, күтигиң болмады, ғошшым. Үйине барып, келинге табаныңды уўқалатып отырып жерсен...

Машина жүрип кеткеннен кейин, әлле қайлардан канғалап, Меңлибай аға келип қалды:

— Ҳәй, қойып тур, — деди дайым алдына кесе турып. — Үйге кирме. Аўызың сасып тур, қусымды патаслайсаң. Бүгин газетке, ырас сулқыйтып бердим ферманы...

Меңлибай ағаның көзи дөңгеленип сала берди:

— О неге?

— Ал, енди, бала, — дайым баладай қуўанып сөйледи: — Бүгин, бир, иймани жүзли, дурыс сөзли хабаршы келе қойды. Дымын қалдырмай айтып бердим, Сол басшылардың қулағына тийе қойса, хотқа кетесеңбала!

— Сотқа кетип жүрмеймиз бе, ҳа?

— Онеге? — деди Меңлибайға танлана қарап. — Сон маған бақырып жиберди: — Сен, бала, барсан-ә, малына!..

## 6.

Азанлы берли көкирегим ҳалласлап жүр. Бул нениң мәслиги, оны өзим де дурыслы сезбеймен. Бирақ, кейпим бәлент. Көкирегимде әлле қандай бир жағымталлы, оғыры нәзик бир нама шертиледи де мени бийықтыяр қосық айтыўға ийтермелейди, Айтқым келеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ, бул наманы толық билмейтуғын едим, оны ҳеш қашан, ҳеш кимнен толық тыңламағанман. Оны, улыўма, ҳеш ким де тыңлап көрмеген еди. Себеп, себеби, ол менин өзимниң намам, көкирегимде емис-емис ғана сес берип турған, лийкин, тутас бир нама қәлпине де. нотаға да түспеген, тек, сес күйинде ғана жанымды тебирендирип жүрген намам, әжайып бир намам еди!

Ыраштың басында өрден-ыққа қулдырап, Темиркөкти шапқым келеди. Сонда мениң көкирегим намаға қосылып дүрсилдей жақ, дәп бола жақ намаға, оған Темиркөктиң дүбирлиси қосылажақ.

Маллар ишер суўын ишип, отлар отын отлап, шаңлақта емин-еркин маңқыйысып гүйис қайтарар еди. Нәҳән бир түп торанғылым бар. Усы кәрадағы торанғыллардың ең үлкени сол. Буннан бийиги, бул әтирапларда жоқ шығар, Бүгин түсликке үйге барыўымның ҳәжети жоқ. Азанда пискен, гөш, кеше писирилген иийис баўырсақтан енапаттай алып шыққанман. Соған тойып алдым да, астыма көк шөпти қалың төсеп, басыма ерди жастанып. торанғылдың саясында шалқама жаттым. Шақалардың арасынан тып-тынық аспанның шаппаттай бөлеклери көринип-көринип кетеди. Көл тәрепте әлле қандай бир шомп-шомп, еткен сес бар. „Қасқалдақ сүңгип атырса керек“ деген қыял кеўилимнен жылт етип өтип кетти.

Жеккелик адамға ой келтиреди: „буннан былайғы өмирим қалай бола жақ?“ деген ой, ойламайын десем де қазығын айналған аттай, әтирапымнан жырақласпайақ қойды, „Бәсе, қалай бола жақ? Үйленемен, онда да дайым үйлендиреди. Балашағалы боламан. Усындай етип, қула дүзде өмиримше мал бағаман. Өлемен! „Тамам, әне, бизиң өмирбаян, тамам! Мени қәпелимде мун басты. — Бир адам болажағын дурыс болжаса, мен де дурыс болжап отырман. Тек, өлетуғын күнимди билмеймен, болғаны, басқасының бәри шийден сығалағандай көринип тур. Сонда, усы өмир ме? Кәдимги, бир ирет берилетуғын өмир усы, ә? Әй, жа-ақ, буны қызық етип өткериў керек. Оның ушын не ислеўим тийис?—Әне, усы кәрасың мен жөнлеп билмеймен. Буны маған ҳеш ким дурыслап айтқан да емес, ҳеш китаптан да оқымадым. Өзиме өзимниң сораўым көп, бирақ, жуўабы жоқ...



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Адам, тек ислеў ушын жаратылмайды". Жанабайдың усы сөзи мазамды ала береди. Сонша мийнеттиң қызығы да болыўы керек еди, ақыры. Ишиў, жеў, ислеў, шаршап келип уйкылаў, өмирден пайымның болғаны ма? Жа-ақ, тағы бир нәрселер болыўы керек. Не сол, усы кәрасы жумбак.

Усындай ойлардың изи түўесилмес әди. Қайткенде де усыны ойламаўға, өзимди өзим неге болса да бир нәрсеге алаң етиўге талпынғым келер еди. Орнымнан тикейип отырдым. „Иси ериккен адам ийт таластырады" деген бар. Бирақ, бизиң ийтлер үй бетте қалған. Калаберди, еки-үш үйли, күшигинен қуйрық былғасып, бирге ойнап-өскен ферманың ийтлери бири-бири менен таласпайды. Аяғыма ғуллығулық жағып, жуўырыўдан етисип кеттим. Мен бала емеспен, запастағы солдатпан, ҳаўўа!...

Балтырым „шымм" ете қалды. Жаңағы ойлардан наў-нышан қалмаған мен, жалмажан балағымды түре басладым. Карасам, қумырысқа, кадимги, қуйрығын айырқуйрықтай шошайтып жүретуғын қара кумырысқа балтырыма кенедей қатып атыр! Қағып жибердим. О неси-әй түўе!

Өкше бетимнен тағы биреўи өрип киятыр еди, бармағымның ушы менен еплеп, услап алдым да енди қызыл қумырысқа излей басладым.

Еки кумырысканы еки қолыма услап, ыраштың басындағы тепсеңге шықтым да урыстырып, қызығына қарай басладым. Бир үйирге таласқан еки айғырдай тиследеди-ә, заңғарлар...

Кәпелимде, ядыма бала гезим түсип, көз алдымнан басқа бир елес жүзди. Умытпасам, кырық бесинши жыллар шығар деймен. Сонда үш жасымда ма едим, әйтеўир „р" ға тилим келмейтуғын еди. Анық еслей алмайман. Меннен үлкен Мурат өз қатарлы жоралары менен баспак бағып жүрип, қумырсқа урыстырып ойнайтуғын еди. Мен де ынтығып қарап туратуғынман, ямаса қумырысқа услап әкелип беретуғынман. Сонда Мурат маған „кызыл қумырысқа әкел, қара қумырысқа жеңе алмайды" дейтуғын еди. Буны бизлер ийт таластырғаннан да қызық көретуғын едик.

Соннан, қызыл кумырысқа жеңсе, жолымыздың болып қалғаны. „Яшасын, қызыллар жеңди, кызыллар жеңди, кызыллар жеңди! Ағамлар келеди..." деп, баллар



www.ziyouz.com kutubxonasi

қол шаппатласып, ырғысып-ырғысып түсетуғын. „Ағам келедиси неси? Кумырысқаның оған не байланысы бар?" Буны анық түсинбейңуғынман. Сонда да, журт айтқанға мен де „ағам келеди" деп қышқырып, қол шаппатлайтуғынман. Несин жасыраман, гәптиң ырасы, онда мен бала дегенниң әкеси болатуғынын жөнлеп билмейтуғын едим. Бирли-ярым қоңысы үйден, адам қусап жөткиринип шығып, үйиниң дөгерегин ғаррылар бел-кетпен кусаған нәрселер менен түртинип жүретуғын еди. Дым болмаса, шертек иелеп, я қуяшламада орақ тисеп отырады. Тоқылдатып, мал-ҳалына қазық қағып жүреди. Бизиң үйден булай етип, есим енгели ҳеш кимниң шыққанын көрмеген маған бала деген тек анадан туўылатуғындай сезилетуғын еди. Бурын бүл үйде де бир ер адамның болғанлығын, ҳәзир оның әлле қайларда қыян-кести урыста жүргенлигин мен қайдан билейин?! Муратқа биреў: „кимниң баласысаң?" десе, „Елмураттың" дейтуғын еди. Ол айтқанға мен де сөйдеймен. Үйге салық салатуғынлар „бул, кимниң үйи?" деп сорап келсе, топырағың торқа болғыр, апам бийшара„ Елмураттың" деп жуўап қайтаратуғын еди. Сонда мен ҳайран қалып: „неге өйдейсең, апа? Бул, бизиң үйғо!" дейтуғынман, „Елмураттың үйи, балам, ол—сениң әкең. Тоғайдың арғы жағында ол төбелсип атыр. Душпанын сабап-сабап, жақында келеди. Саған лампасый әкеледи," деп, мениң аўызымның суўын шубыртып, басымнан сыйпап қоятуғын еди, неге екенин онда билмеймен ғой, усы гәплерди елжирип айтатуғын еди.

Кешқурын аўылдың балалары менен жуўырсамыз, аяғымызға ғуллығулық жағып алып жуўырысамыз. Мен олардың тоғай жаққа қарап жуўырысқанын тәўир көретуғын едим. Солай қарап жуўырысып, кейлеклериниң етеклерин самалға томпайтқандай болса, томпаңлап мен де изинен қалмаўға тырысып бағатуғын едим. Лийкин, тоғай түўесилмес едидағы, мен де арғы жағындағы төбелесип атырған ағамларды көре алмай, писим қурып үйге қайтатуғын едим. Көргенде де танымайман ғой, бирақ. ол мени таныйтуғындай, „аға-а!" деп шақырсам, жудырығындағы кесекти бир душпанына зыңғытып жиберип „ары қаш, балам, биреўдиң кесеги тийип кетер" деп, маған жуўыратуғындай сезилетуғын еди. Тоғайдың арғы шетине шықпай-ақ қайтқаны ушын баллларды жек көрип жүргеним де сонлықтан шығар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйге келе салып: „Олар аўхат ишпей төбелесе бере ме, апа? Күн шықты, күн батты, таң атты, тағы таң атты, тағы таң атады. Олар еле төбелесе береди. кесеклесип-кесеклесип, лампасыйын алып қайтпай ма екен?" дейтуғын едим. Оо, қудирети күшли анам, әпиў етегөр мендей бийгүна перзентиңди! Сонда усы сөзлерим сениң жүрегиңе қаншелли жара салатуғынын билсем екен-аў! Керегеге жүзиңди берип ақ жаўлығыңды бетиңе басып өксип-өксип отыратуғын едиң ғой! Ҳеш ким урмай-сокпай неге жылап отырғаныңа ҳайран қалғанларым ушын кешир мени! Сонда сени үнсиз өкиртип отырған мениң жаңағыдай, нәрестеге тән сада, бийгүна саўалларым екенлигин билсем кудай урсын! Ҳаўўа, үнсиз өкирер едиң сен. Үнсизи неси, өкиргени неси, деп, жылап көрмеген адамлар кустаны қылар. Сен жылап көргенсең, анажаным. Буған, сен түсинесең, меннен де бурын сен түсинесең. Буған сениң тиринде мен де түсинбегенмен, апа. Сени әжел кушағына қысып, қара жерге қолтыклап кеткеннен кейин жыңғыллыклардың арасына қашып кетип, жападан-жалғыз жылағанымда. сесгимди еситип келип, ҳеш кимниң маўқымды басқанша жылаўыма кесент етпеўи ушын үнсиз жылағанымда, үнсиз жылаўдың не екенин түсингенмен мен. Түсингенмен де, сени аяғанман.

Сен жоқ едиң. Бирақ, сениң қәдир тутқан адамыңның жолына көз тигиўши Мурат бар еди, мен бар едим. Еки бирдей жетим калған жийенин дайым үйине көширип әкелгеннен соңғы алағадашылығымды сорама! Бизлер жоқта, тоғайдың аржағындағы төбелесин туўарып келип, ағам журтымызда дағдарып жүргендей, адасып жүргендей сезиле берди маған, Ахыры, есиңде бар шығар, өлмесиңнен сәл бурып үйге бир цыган ҳаял кирип келмеди ме! Сонда сен аркаң менен керегениң аралығына құрақлы жастықты бүклеп койып, шырпыдан пал ашып: „алды ашық" деп атыр едиң ғой. Сол күни цыган ҳаялды жанымыздан артық көрип қалдық десек артыкмаш па! Соқтаға қарап отырып; „Апырмай, бала, жалпақ бетли, мурынының ушы жумалақ биреў балдағын тықылдатып, сынар аяғы менен жолға шықты ғой. Бүгин дейин бе, ертең дейин бе, туўар айдың бесинде дейин бе, үйиңде той болажақ. Ғайыбың жолда, түйиншигиңди молдан түйе бер" деп бир қуўандырып кетпеди ме! Күн өтсе бармақ бүгип санап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

туўар айдың бесин күтип жүргенде сен қайтып келмес, хат жетпес сапарға атландың да, бизлер дайымдикине көшип келдик. Туўар айдың беси күни Мурат ешекке минип, әлле қайда ҳалласлап кетип еди, салпаўысып қайтты. Соң билип жүрмен, сонда ол „ағам келмеди ме екен" деп, ески журтымыздан хабар алып келген екендағы, байғусым!

Узақ жасасын, дайым пахыр. өзлериңиздиң жоклығыңызды билдирмеди. Мәгар, тирилип келип, бизлерден хабар алар болсаң да қанатлыға қақтырмай, тумсықлыға шоқытпай еки бирдей жетимиңди жетилдирген жалғыз ағаңа ыразы болармедиң, әлле қайтер едиң.

Бәлким, мен сондағы әкемниң жасына жеткенмендур, мен жетпесем, Мурат жеткен шығар, Урыста болмаған менен әскерий кийимди мен де кийдим. Шешкениме еле бир айдың жүзи анық тола қойған жоқ. Мынандай болып, кула дүзде малдын изине ерип жүрмей шаўқымлы калаларда қалып қойыўыма да имканият бар еди ғой. Япырмай, бала, мени бунда шақырған бизлер түўе сизлерди кәмалға келтирген ата мәканның ысыклығы ма, еле жолда киятырған, лийкин, усы мәканға еле жете алмай жүрген майып солдаттың—шопан әкемиздиң руўҳы ма, әлле, әкемиздиң орнына әке болып, басымыздан сыйпаған дайымның, ақ сүтин бермесе де алақан сүтин берген жеңгемиздиң хызметине қарыздарлығымыз ба екен, не екен шақырған? Турмыстың булманларда айтарлықтай емеслигин де, жумыстың кыйыншылығын да билемен гой. Соннан келген, усы аймақтан ҳасла кетким келмейтуғыны неси? Әлле, жети атамыздан бермаған киятырған ата кәсибине деген меҳир-муҳаббетти ақ сийненнин шыққан уўыз сүтине коса өмизип пе едиң маған? Әлле, сабанның үстине шырлап түскенимде мама кемпир кескен киндигимнен тамған бир тамшы қан мени ата мәканыма сыйқырлы бир сабақа айланып, мәңгибақый байлап таслады ма екен. не екен?...

## 7.

Ҳайттан соңғы күн еди. Бизлер писент тутпағанымыз бенен бул күнлерди жайлаўымыздың ғарры-куртаңлары күтә қәдир тутады. Жақсы кийимлерин кийи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йип, ол фермадағылар бул фермаға, бул фермадағылар ол фермаға барып, сейил етип, әңгимегүррини қыздырып, гәси атын мақтап, гәси кемпирин мақтап қуўжыңласып қалады. Мен кеткенде дайым: „кемпир, сандықты ашып. таза шапанларымды әпер. Жоралрыма барып, жас күнимизди бир есине салып қайтайын. Ал, енди „төркиниме барып, қыз күнимди еслеп қайтаман" десең, сениң де жолың болсын, Мақсетжанның биринши майы өтип кетти. Оған ҳайттың шатағы жоқ. Хайт өзлеримиздики" деп тисиниң кетигин көрсетип күлип қалып еди.

Түс болмай атырып, күнлик шапанларын кийип. атын минип белин буўынып дайымның изимнен келиўи мени таңлапдырайын деди.

— Бир қыдыраман деп едим, болмай қалды, балам, — деди басын шайқап. — Жаңа атланайын деп атырғанымда сениң жораларың ҳайтлап келип қалды. Бара ғой. Анаў күнги хабаршының дузды ақлайтуғын түри бар. Дәскесин көтерип, жораларың менен бирге шаштарез де келипти. Басымды, пәкизе, пияздай аршып бере қойды, — малақайын алып: — Мынаңқара,— деди. — Елп еткен самал лып етип тийе қояды. Бар, тез бар, асығып отыр. Бизиң аўылды тықырлап болып мына аўылға өтетуғын усайды. Бар. Кетеринде гөш берип жибериң, дәмигип, келе беретуғын болсын...

Жаңа атлана бергенимде шақырып алып, тағы зинҳарлады:

— Жорларыңның қалтасы қомлы көринеди. Айтпақшы тарса ядымнан шығарыппан. Анаў-мынаў жутқандай болсаңыз, үйде жутпаң, қусты бүлдиресиз...

Есиктин аўызында үш ат байлаўлы тур. Мен оларды „трактор менен, я машина менен келген шығар" деп едим. Машина минип шығыў, механик болғанлықтан, Жаңабайдың сол колынан келеди. Қалай да, атлы келгенине куўандым. Ат деген жәниўар менен қәлеген жериңе бара бересең, ләтте, көлдиң ортасындағы атаўға да шығып алыўға болады. Қалаберди, олар атсыз келген пайтта да, жылқыдан тутылып келинбесе, мингендей аттың ирети жоқ. Менлибай ағаның болса, өзи минип жүр. Бизиң буўаз бийени мына сәтең жигитлердиң ҳеш кайсысы минбейди де, минетуғын жағдайда да„ Бул, саўын, көлик емес, еслериңиз дурыс па өзлериңиздиң?!" деп, дайым қолымыздан камшыны жулып алыўдан



www.ziyouz.com kutubxonasi

қайтпайды, Өзиниң атын ғой, сирә да кисиге услатпайды.

Жигитлер қызара-бөртип, қара чайды қондырып атыр екен. Мениң келгениме Жаңабай менен Сәрсенбайдан да бетер. муртлары алмалығына қарап өрмелеп кеткен Сәмет шаштәрез қууанып қалды:

— Па-ай, ғошшым, келе қойсаң болмай ма, ақыры! Усындай неше пәрмеге барыўым керек еле мениң! — деди де, кесаны қоя берип, дәске салынған чемоданға кол жууыртты:

— Мен, бир кетейин, ғошшым, оннан соң арқайын ишерсең, чайыңды.

— Ауқатланың? — Шаштарез бас шайқады.

— Жак, ҳәр үйде ет писирим отырсақ...

Анаў еки жигит те соның гәпин мақулларды:

— Үстекең асығыс екен, еглемей-ақ қой.

Жигитлер иште қалдыдағы, мени қырқылатуғын тоқлыдай сыртқа алып кетти. Үйде гүрси болмағанлықтан, келини төнкерип отырды. Машинкасы кулағымның тусында дызылдап атырғанда:

— Атаң, қатты бир шатақ адам екендағы, — деди шаштәрез. — Гәзийттен биреў келип, директорға шақыртып, пах, бүлдирдидағы. Бул журт бара-бара „тырнағымды ҳәм алып кет“ дер, — деп налынды.Мына сөзге не деримди билмей қалдым, Әлбетте, „шашымды алып кет, мен сизлерди гөшке, қатыққа тойдырып атырман“ деп миллет еткендей, сонша жигирма шақырымнан аслам жерден шаштәрез шақыртыў, бул, кишипейиллик емес. Қалаберди, ерсилеў. Бирақ,совхоз орайында жәми жыйналып, күниге бес адамның сақал-муртын қырмайды, жайлауға шығып, шопанлардың әри алғысын алып, әри пулын, әри шашын алып кеткен менен шаштәрез де тахтынан таймайды. Ахыры. ҳүкимет буған да пул төлеп отырған шығар!

— Ауырсынсаңыз, енди шақырмай-ақ қоямыздағы, яшуллы, — дедим желкемди биймәлел қырыўы ушын буғып атырып: — Оның үстине, дайым „шаштәрез жибер“ деген жоқ. Усындай етип, шамаллап турған да...

— Ояқта да қабызлап баратырғаным жоқ, ғошшым...

Одеколон да сеппеди. „Тоғайға әтир суўдың не кереги бар“, деген шығар. Алмай шығыпты. Ишке ки-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рип, дәскесин жыйнап, жигитлерге „ал яқшы“, деди де, ашыўлы атланып кетти.

Халық қатары жайласып отырып, мен де чай ише басладым. Кесасын төңкерип таслаған Жаңабай қаршығаның қылғынып қарағанларын, турып желпингенлерин қызық көрип, түбине барып отыр.

— Азғана базарлығымыз бар еди, — Сәрсенбай кийиздиң томпайып атырған жерин ымлады: — Не қыламыз, азғана... ғаңғыр-гүңгир сөйлесип отырғандай боламыз ба?

Мен дайымның гәпин айттым. Жаңабай ойланып калды да:

— Маған бир идея келип тур, — деди. — Давай, маевкаға шығамыз!

— Ҳайтлықты қашан сораймыз? — Сәрсенбай тикейди.

— Кешқурын. Мақсет жақсы, пайызлы жерге апарсын бизлерди.—Мәсләҳәт сол болды. Женгемниң жуўып, қазанға салайын деп атырған гөшин салдырмай тасладық. Қасына да недәуир гөш қостық. Дуз, нан, табақ, пияз, пышақ, нәрсесин қалдырмастан бир қапшыққа салып алып, аўызын кеңдир жип пенен бууўып атырғанда баспақ бағып жүрген Отарбай менен Даўытбай келип: „бизлер де барамыз!“ деди. Олай еткенде, баспақлары қараўсыз келатуғын еди. Алдап-суўлап, зорға таслап кеттик.

Бул қарағанның ең пайызлысы „Байтеректиң“ әтирапы, маллар да сол дөгеректе. Басқа жақлар да быршылдаған от. Быйыл қыс наятый қарлы, бәҳәр жаўыншашынлы келген ғой, Бәҳәр ерте шыққанлықтан ирәң де ерте қылтыйысқан. Қайда жайсаң да узақ күнге малдың қарыны шемберекленеди. Бирақ мен „Байтерек“ тиң әтирапына баққанды тәуир көремен. Суўы да тийип тур. Оты да мол. Әри, пайызлы.

Садаған кетейин, Әмиўдиң несин айтасаң! Сол ҳалласлап турса, „қудай да тыныш, қудағай да тыныш“. Мал да, жер де, адам да тоқ. Жер тойса, ел тояды. Ал, жердиң напақасы болса, дәрьядан. Сол тасқын болса қамыслықлары ырғалып, көллерге де шырай енип қала қойды,

Пахтакешке қарағанда шарўа китапты көп оқыйды. Ояғын жақсы билемен. Қула дүзде жападан-жалғыз



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүргенинде оған тиллескендей адам керек. Ол жоқ. Сондайда шопанның сөйлесетуғын сәўбетлеси де, сырласатуғын досты да, муңласы да китап. Бәлким, сонлықтан шығар, әскерликке алынбасымнан бурын-ақ Джек Лондонның арқа полюске шана сүйрейтуғын ийтлери менен де, Шолоховтың доңыз өлен қаплаған Дон даласы менен де, Канон Дойлдың өмири қыянкести ҳәдийсеге айналған бизнесшилери менен де ерте танысқанман. Барып көрмесем де Дон далаларының көгилдир сағымы дирилдеген әри таза, әри салқын ҳаўасынан куштарланып-құштарланып жутқанман. Жасыл атлас жамылған Әмиў жағалары, далаларымыз қалай дем шегер екен? Китапта... „Жилли Әмиў, сени кисенлеймиз!"‛депти бир шайыр. Ертеректе ўақты-ўақты суў алмалар болып туратуғын еди, балким, соған бола айткандур. Бирақ, сонша ақ сүт берип, аймалап өсирген анасы да ашыў үстинде перзенлерин бир сабапсабап алмай ма? Соған бола, анамызды жинли десек!.. Болмайды. Жинли болса да өз анамыз жақсы. Солай да дәрьяның косыққа түсинбегенине шүкир! „Жилли" деген сөзге өкпелеп, ақпай қойғанда, я аңғарын басқа бир жақларға өзгертип, балаларына ашыўланып, үйинен безген анадай әлле кайларға ылағып кеткенде, исенимим кәмил, мына кәраларда ел болмайды. Буны тек ғана, еркине жиберип, еркелетпек керек. Усыған берекет тилемек керек, бахыт-саадатти усыған тилесек, ол да өз гезегинде бизди бахтияр ете алады. Үзген ботадай ойнақлап кетип, анаў-мынаў жерди булдиргенге кусаған менен, буның басқан жери гүл! Урыс жыллары, урыстан соңғы бес-алты жыллықта басыўға егилген арпа-бийдайдың, қайыр қаўынлардың топлым журтты асырағаны емис-емис есимде.

Быйыл да дәрья суўлы болыпты. Суўлы болғанын соннан билиң, Гүмис көлдиң берги жағындағы бизиң жамбас муғаллимимиз Хожан ағаның қақырасы атаўлап қалыпты. Қайығын майлап аў салып балық қармадан онып отыр. Ол кәраға бизиң жүзип те барыўымызға болады, „Бай терек" тен онша алыс емес, ийтиниң үрген даўысы. сыйырының мөңирегенлери азанғы ўақытлары ыраштың басындағыға еситилип турады. Сол жерге жүзип барып, Хожан ағаның кайығы менен қонақларды көлге қыдыртыў да нийетим жоқ емес еди. Әлбетте, буны мен ҳеш кимге айткан жоқпан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биз „Байтерекке" келгенимизде еле мал ийирилген жоқ екен. Бизлерди көрип, дайым едирейди: „Ҳа, хайтлап кетпедиңиз бе!"

— Азғана көл жағалайық, дедик-Жаңабай жуўапберди: — Совхоздың алакандай центринде жабығып кеттик, ата.

— Айтарың барма! — деп қойды дайым. — Барсам, арбам айланбай қалатуғындай, қысылып, қайтқанша асығаман. Апырмай, Нөкистеги бийик жайдан түсе алмай отырғанллардың жанына сәддак! — Бизлер буған не дейик. өгирикли-ырaслы күлген болдық та қойдық.

Атларды жаланашлап, сыптай болып шешиндик те суўға бир-бир сүңгип шықтық. Әлле қашшан гөшти туўрап таслаған дайым. қынынан сүйек саплы пышағын шығарып берип атырып:

— Сен бир, отызлаған қызыл жыңғыл кесип кел, соң ойнай бериң, — деди маған. „Ойнай бериң" сөзи еркелетип айтылғандай болды. — Мен сизлерге бир, кәбап писирип берейин. Жеп тоймайсызлар. Мына балларым да дәмигип, келе беретуғын болсын,

Еки жигит томар териўге кетти. Мен жыңғыл шыбық әкелип бердим.

— Сен жона алмайсаң, өзиме бер, — деди дайым, — Сөйт те сен де ойнап кете бер.

Биз ойнаған жоқпыз. От жағып жибердик. „Байтеректиң" саясы ыраш түўе. ыраштың арғы жағына да ен жайып, күн түсирмей туратуғын еди. Кәбапты исликлерге шаншып таплап отырған дайыма:

— Яшуллы, — деди Сәрсенбай. — Азмаз ҳайғлығымыз бар еди..,

— Заманыңызға жарасса, балларым. ишебериң,—деп, гәптиң аржағын өзи айтып кетти. — Урыстан бурын бул нәрсени бизлер де жутқанбыз. Онда, усыны ишиўшаш қойыў билимдарлыққа жататуғын еди. Мен усы нәрсени билимсизлигимди жасырыў ушын ақ ишетуғын едим. Па-а есиртеди-дә!—деп, ҳәўес пенен басын шайкады. Жаңабай „Ход дейме-ен, яшуллы!" деди күлип. Дайым тағы бас шайқап: — Бирақ, усы нәрсеге көп ҳәўес бола бермең, — деп ескертти. — Ҳүкиметтиң әкелген жаңалығының бәри жақсыдағы, усынысы менен папиросы болмай қалды. Бурын жоқ еди.

Дайымнан тартыныңқырап кесаны алдым. Дайым бир-бир исликтен кәбап берди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аш өзегиңизди өртеп кетер, мынаў менен ауызыңыздың дәмин алың. Ташмат кәбапшының шәшлигинен дәмсиз болса, маған келиң! Пах, шыжғырып пистидағы. Гирттай сирке болғанда ма, пай, айтып кететуғын еди-аў! Сен неге маған жалтақлай бересең, ише бердағы! — Мен қағып салып, кабапты жеп атырғанымда сүйсине қарап:

— Бизиң бул жаман да адам болып, жоралары излеп келип, халық қагарында кесе қағыстырып, тупәләм! — деди мен емес, арақты өзи ишкендей ыразы болып. Жаңабай ақланғансыды:

— Ўақты-ўақты усейтип турмаса, адам шаршайды яшуллы. Бизиң жумыс бүйердегидей емес, күни жоқ, түни жоқ! — Әне, Жаңабай үйренишикли әдетине басып киятыр: — Көптен бери совхозымызға таза машын келмей атыр. Жүрип турғаны бес машын. Оның да екеўи ремонтта еди. Соны шығараман деп, бир ҳәптеден бери көрмеген қорлығым жоқ! —„Макуллар, аяр" деген дайым малақайының кулағын жалпылдатып, тағы бас шайқады:

— Ҳәр нәрсени ўақтында ислеп тасламасаң, болажағы солдағы. Қысы менен ийт қырықтыңыз ба, шырағым-аў! — Жаңабай еки алақанын еки жаққа жиберип сөйледи:

— Запчасть жоқ ғой, яшуллы-аў! Болмаса, түбинде қолға қараған жумыс екенлигин билемиз-аў! Запчасть беретуғынлар да жемқор аттай болып қалған. Бетиңнен бурын қолыңа қарайды. Тамаша, тап биз бир меншик машинамызға шүй сорап барып турғандай! Ерегиссең, касарыссаң дым ала алмайсаң. „Жоқ" дейди, тамам. А-ал, бар екенин дәлиллеп көр. Сөйтип жүргенде биреўлердиң алып баратырғанын көрип каласаң. Билмедим, бул тертиптиң қашан дүзлесетуғынын! Дәртти басайық, Сәрсенбай, бир қуйып жибер? Әне, сонда-ай, яшуллы. Запчасть келген ўақытта оңланады, — деди кесаға қолын созып атырып. — Болмаса, жата береди, тат басып. Бирақ, сонша гегирдек, машина жатқан менен, „солай екен-аў, Бирунийден жем әкелиўге көлиги болмай атыр екен-аў", деп, шыдап турмайды. Малларға жем керек...

— Ҳа-а, айтарың бар ма, бир нәрсени абайлайтуғын бала көринесең! — Дайым гәп қосты: — Тәртип бойынша, жем ғой, былай турсын. Малларға түнеме-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лиғине де от салыўымыз керек. Оған қол қайда, орып салып ушлығына шыға алмайсаң!

— Сенокослар ислеп турғанда ушлығына шығыўға болады-аў!

— Бала, мынаў гедир-будыр жерден де ора ала ма екен?

— Мына „Қутанлы", „Шалқар шүңгил" кусаған көллер бар ғой, яшуллы, солардан орғанда жанын шығарады! — Жаңбай шулғынды, — Ҳаўўа. Әттен, ондай ултаны тегис көллеримизге суў түсип жалшымайды. Бәри суўға байланыслы-аў, буның үстине, санаўлы сенокос қысқы от-шөптиң әнжамынан-ақ аўыспайды. Бирақ, пишенли көлат көп болса, орып алыўдың иләжы болар еди. Хабарыңыз бар, егис жерди изей алып кетип, өткен жылы пәлен шакырым жерге излейкеш тарттық Анаў күни бир жыйналыста „онлаған насос курып, соның суўын ырасс көлатларға айдаў керек" десем, гей биреўлер бүйирлерине қарап, сылық-сылық күлиседи. „Э, гөр болың-ә!" дедим де. отырдым. Кеше директор шақырып айтады: „Сениң сол гәпиңде жан бар екен, ғошшым. — дейди. — Бес-алты насос таппасақ, болатуғын түри жоқ. Сен насосшы тап, "деп өтинеди. Гаражда ғылар ремонттан аўыспайды. Мектепти питиргенлер қырылып оқыўға кириўге таярланып атыр. Мен кайдан табаман? Жонаман ба? Кәне, алып жиберейик? Мақсет, сен неге қыйпаңлай бересең, яшуллының өзи рухсат етти ме, болды. Сәрсенбай?

— Мен, алып жиберемен, жора, — Сәрсенбай кесасына үңилип отырып сөйледи: — Бирақ. сен жумысты араластырып, мийди айналдыра берме. Сениң менен арақ ишиўге бийзарман. Аўызыңа тийди болды, датарп шыға келесең. Дем алыўға шыққан екенбиз, ахыры, жора, пәкизе бир дем алайықдағы! — Дайым әжепленди:

— Сеники ужыбатлы гәп емес, Сәрсенбай. Дурыс мына баламдики Жумыс ўағында жумыс деп жүресең, сөйлесиўге ўақыт болмайды, быжылдасып жүрсең, онда исиң қалып қояды, Сонлықтан, балам, усындай тыныспасында пақыр-пухарашылықты сөйлескен шеп болмайды, сен өйтип аўзын қақпалама, яқшы ма? — деп тисиниң кетигин көрсетип, биймәлел күлди: — Өкпелетип болып, әкеси генжетайына бүйрек беретуғын еди, мә мына кәбапты жеп жибер. Ал, енди. Жаңа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бай балам, анаўынды ишип таслап, аўызынды босат та, сөйлей бер, шынында да гәпинде жан бар екен.

Мына марапаттан пәт алды ма, „хааа, зәхәрдей-ә!“ деп. мурынын жыйыра сала, кесени узатып, гәпин гүжитти:

— Сөйтип, яшуллыға, „бир насосшы таўып беремен“ деп ўәде еттим. Өзиме тетелес иним бар, Соны әкелемен, тап бар ғой, сабасам да әкелемен! — деп бармағын шошаңлатты. Дайым күлди. Совхозға адам келди десе жайрап сала береди, адам кетти десе, берекети қашады.

— Өсетуғын бала екенсең, шырағым! — дейди саўдырап. — Ҳәмме өзиндей болғанда... Ғаррың бар ма?

— Әкем де бар, шешем де бар. Жалғыз иним — жаңағы. Өткен жылы институтка кире алмай қалды. Тамаша, болмаса. әкемиз сол институтта муғаллим.Бир есаптан, оның араласпағаны да дурыс. „Шамаң жетсе, кир, шамаң жетпесе, мен не қылайын?“ дейди. Араласа койғанда бизди Нөкисте алып калыў да қолынан келетуғын еди. Айбарағын салған анамызға „көзи есикте емес, арқасы бесикте емес, өмирден өз жолын тапсындағы!“ деп, бақырып жиберди. Соның менен, усы жаққа келип қалдық, ақсақал?!

— Әкең төрели адам екен.

— Инимиз МРЗда ислеп атыр, мине деген, — бас бармағын шошайтты: — Моторис. Насосты уршықтай айналдырады. Тек, бир әкелип алсам болды. Әри, екеўимиз жасасақ, кеўилли де болады.

— Бул жерге үйрениссе дей бер! —деди Сәрсенбай. Жаңабай басын ырғап жиберди:

— Үйрениседи! Адамлар арка полюсте де жасап атырғо. Үйрениспейтуғынлар, ис қос жақпайтуғын адамлар, досты-ым, — деп даўысын созды, — Талабын сүйген адам, жер таңламайды! Әңгиме, иске қумбыл берилиўде. Иси ериккен адам ойын-саўық, той-тамашаны күсей береди. Неси бар, пәкизе, насосын айдап, балығын уўлап жүре берединдағы. Калаберди, оны өзим де кеўилсиз етип қоймайман. Үйренисе келе, қуўсан да кетпейтуғын болады. Келген күнлери Нөкиске ҳайт койғым келе беретуғын еди. Ҳәзир барғаным менен. еки қонып көрген бала емеспен. Адам деген, Максет, достым, өзиниң қаерге көбирек керек екенлигин билиўи керек. Абай айтканғо, „Өмирге сен де бир гер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

биш, кетигиң тапта бир қалан" деп. Кетиги жоқ жерге қаланамай деген менен, мүйешиңди сындырып аласаң...

— Бизиң Максет орынын билип жүр-аў, — деп, дайым налынды: — Муратымыз кетигин таба алмай жүр. Ҳай, сонын орынына мал дуқтырлықты оқығанда! — деди басын шайқап. — Тәңирдиң зарын еттим, қылмады-аў, кылмады-аў! Ондайын билгенде жамбас муғанлимнен соң-ақ оқытпай малдың изине салатуғын едим! — деп өкинди. — Сүўретшилик деген не!

Оннан „ол нениз еди", деп сораған Жаңабай болмады. Мураттан хабары бар Сәрсенбайды дайымның бул өкиниши нәрсе қызықтырған жоқ.

— Қайпан ағаникине ҳайтлап кайипаймыз ба? — деди кайтама, гәпти басқа жаққа бурып, Жаңабай ҳеш ойланбастан-ақ:

— Күн узақ, ўақыт бар, — деди куяшқа карап, — Гаражға ертең түсте жетсек те болады. Бирунийға үш машынды атландырып жиберип, Хайтмурат ата, „уҳ" деп, бүгин шығып отырман, Енди олар үш күннен кейин келеди, — өзинен өзи төмен қарап, мырс етип күлди де: — мен бир нәрсеге түсинбей жүрмен, яшуллы? — деди дайыма. Дайым „мал бағыў жөнинен сорайды" деди ме, жуўап бериўге таярланған түр менен, сораўлы пишинде „сорай бер, жуўабың несийе емес, нақ" дегендей, ийегини шошайтты: — Мынаны қара, яшуллы. Биз енди, Бирунийге машын жибердик ғой, ә? Солар енди жеми барыўдан колына тийе қойса, үш күнде айланып келеди, өзлери салқылдаған гөне машынлар; бир жери ушып кетсеғо, онда исимиздиң аты жоқ. Келинде он күнди жоққа санап қоя бересең. Ал енди, Бирунийдиң машынлары, бизиң мына Шымбайдан жем әкетеди. Буған не дейсиз?!

— Не дейди, бала, ырас па?! — деди таңланып дайым. Буны мениң де еситип атырғаңым усы еди. Тек, әкелип берген жемди салғанымыз болмаса, бул жем қаяқтан тасылып атыр, ояқларына бас айландырып көрген емеспиз. — Хаў, калай? Олардың машыны да үш күнде...

— Үш күнде жетеди. Километр бир ғой, ақыры! Кызық, я? Соны кеше директор шақырғанда айтсам, „планластырыў солай, координация деген бар" дейди. Мен планластырыў менен координациясына түсинбе-



www.ziyouz.com kutubxonasi

геннен кейин, өршелеспедим. Болмаса, айтысыўға шекем баратуғын едим. Түби айналып келгенде, бунық бәри гөш пенен сүттиң нырқын шығарып жибереди. Неге дейсиз ғой, я? — дейди ҳеш ким „неге“ демесе де:—Биринширен, сонша жерге барып келген машинаның амортизациясы кымбатқа түседи. Енди, бул зиян қаяққа жүклениўи керек? Әлбетте, жемниң нырқына қосыладыдағы! Жем қымбатласа, гөш пенен сүттиң өзине түсер баҳасы қымбатлайтуғыны, само собой ясно! — деп қойды орысша араластырып. — Әне, сондай кызықлар ҳәм ба-ар!

— Анаў күнги бизикине келген хабаршыны көрмеген екенсеңдағы! — Дайым өкиниш билдирди: — Мен көп нәрселерди айттым, енди, қарап жүриң, жақында газийтке катырып жазады. Хақанасын айттым. Шарапатының ушлығын бүгин өзлериңиз де көрдиңиз; — деп, малақайын алып, басын сыйпады: — Мынаңқара, мине, басым мәйектей болып қала қойды. „Жыламаған балаға емшек қайда“, соны мен айтпағанда жүре берер едик. Билемен, сол бир қатырып жазса, бизге дибиймоқ та жибереди. Бәри де болады. Пай, әттегене-ай. жаңағы айтқанларыңды соның кулағына тийгизгениңде, қосып жазатуғын едидағы, әндийше совхоздың оңып калыўына әкелетуғың еди! — Басын шайкады: — Пай, әттегене-ай! Ал, енди сизлер, шомылатуғын болсаңыз шомылып, ҳайтлайтуғын болсаңыз ҳайтлай қойын.Енди мал өре баслайды, — деди куяшқа сығрая қарап. — Соған көз-кулақ болып турың. Мен бир, үйден чай ишип қайтайын. Кәбап бизди шөллетип отыр, сизлердей суўық суў ише алмайман. Баска гәп болса, кешкурын сөйлесе бермиз, не де болса, сөйлесиўге арзыйтуғын бала екенсең. Мен де тез ораларман. — деп, Жаңабайды мардыйтып кетти,

Қозды пешелеп. қалған кәбапты кыздырдық та қалған арақ пенен соғып алдық. Нан да, хәтте, аўысқан пиязға шеқем қалмай атыр. Куйедей жеп баратырмыз. Сәрсенбай: „бундай иштейим ашылып, анқылдай бермейтуғын едим, суў сорып атыр ма?“ десе, Жаңабай: „Мына көл бойының тынық ҳаўасы иштейди ашып атырған“ деп билгишсинеди келип!

Кем-кемнен кеўиллер өл-аспанға шарықлап, жасарып калғандай болдық. Бәлент ыраштың басынан тунбаға гелле таслап, тап бир, он сегиз, жигирма жасар



www.ziyouz.com kutubxonasi

бала жигит емес, жети—сегиз жаслардағы ойын баласына усадық та қалдық. Гә май топырақты борпылдатып, ботадай аўнасақ. гә камыслықты қақ айырып, қалақ ойнаймыз. Баслаған қамыс мұстанның шашындай ағарып, тозғымасынан бурын сулыў болады. Бууыны қатпаған қамыс ҳеш жериңе батпайды да. Сууда турған жапырақтың ушы да кылтанақсыз келеди. Көлдиң ултанында да, жылда суў жатканлықтан, айтарлықтай томар жоқ. Биймәлел еди.

Жаңабайдан қалақты алдым да сүңгип кеттим. Сүңгигенде де, нәрсе таптырмаў ушын, бурын ойнап жүрген шөп-шалаңсыз тунбадан өзимди қалыңлыққа урдым. Демим түўесилген ўақытта суўдан шығып карасам, қасымда ҳеш ким жоқ. Тунба жақтан „буны жер жутты ма!" „Не де болса, кашырдық" деген ғаўқылдылар еситилип турды. Олар мениң шөптиң арасына қашып, шалаңға оратылатуғынымды билмеген ғой, еле сол жақты самбырлатып излеп жүр. „Буларды бир, сергиздан етейин-ши!" деген ой менен, көкирегимди ҳаўаға кернеп алдым да мурынымды кысып, сылт еткен сес шығармай тағы сүңгип кеттим, Сүңгип баратырман, сүнгип баратырып, көлдиң бетинен жоқ болын кеткенимди сезип баратырман. Қамыстың сылдырлысында, қулағым еситпейди. Кеўилим сергек, лийкин, аўыз толтырып айтарлықтай мақсет те, бағдар да жоқ, Мен, ўақытша болса да бир нәпес әри соқыр, әри гереӊ болып бердим. Сол кетистен тоқпақ пенен урғандай басыма бир бәле „шақ„ ете қалмағанда демим түўесил генше кете берер едим, кете берер едим. Басы тасқа тийген шортан кери қайтады ғой. Мен суўдын бетине зоңк етип шыққанымда шоршыған шабақтай ойнап шыққан жокпан, есенкиреп шықтым. Әдебинде мийим аўылжығандай болып, кубла менен арканы айыра алмай маңғурландым, басым жарылды ма екен деп едим, жақ бас қатты екен, ағып турған қан жоқ, демек, жарылмағаны... Бир нәпес, өзимниң не қылып.жүргениме де түсинбей қалдым, басыма не тийгенин де ойлай алмадым. Қарасам. гегирдегимнен төмени суўда, арқам торанғылға сүйеўли. Усы екендағы бизди кайтарған! Шүй төбемди торанғылға тиреп, зәрре дем алғым келди. Жапырақлардың арасынан аспан көринди, аспан, кәдимги, тып-тынық аспан. Мынаў гүмистен зәрре көгислеў көл усы торанғылдың уша басына төңкерилип



www.ziyouz.com kutubxonasi

ертектегилерден лабы басымлаў нәҳәң бир зонтикке, әжайып зонтикке усап турғандай еди. Қырдан ўаҳаласқан күлки еситилди. Мен изиме қайттым,

Қалақ еле менде еди. Сыр бермеў ушын, жанталасып, ырашқа өрмеледим де трусимниң ҳөлленген балағын салпылдатып кашып отырдым. Муштайымнан бузаў қуўып, ийт пенен жарысып үйренип қалған мен оғыры жуўырғыш едим. „Жүйриктен жүйрик шықса, еки аяғы тыпыр-тыпыр". Сәрсенбайдың бизге жетиўден үмитин үзип, әлле қашшан артта қалып қойғанын, Жаңабайдың кемкемнен араны қуўырып киятырғанын бир қарағанымда билип алғанман. Лийкин, мен, жарыс десе жаслайымнан жүдә намысшыл едим, алдыма бала түскенин жақтырмайтуғынман, деген менен, „зордың үйи күйсин"! Жанабай қапталласып жуўырып келди де басыма „шарп" еттирип, „Байтерекке" қарап жуўырды.

Мениң барлық абыройым қалақта турғандай сезилди, қалақты болса, Жаңабай меннен басып алып баратыр. Енди менең жеңисти қайтадан өзим ийелеп, ойын бузыўым, бузғаны сол, ойынды тарқатыўым керек еди, әлбәтте, алдағы болатуғын женисине көзи жетпейтуғын әззиниң бул да бир ҳийлеси екенин түсинемен, қайтесең, күдиретли болыўға шама жоқ!

Бирақ ол араны ашып кетти, ашып кеткени сол, меннен еки жүз атламдай кашық кетти. Тырысып баратырман, тырбанып баратырман. Жетқермей баратыр. „Байтерекке" тағы жүз атласа жетип калажақ.

Ойын басланғалы каша-каш, кызық-кызық пенен бир шақырымдай алыслап кеткенимизди енди серлеп киятырман. Жаңабай бар-ә „Байтерекке" өрмелегенде „Енди туттым" деген ой жылт ете калды. Терекке өрмелеўге бенде емес едим! Әскерликте бир монтер солдат пенен бәслесип, он бир метрлик телеграф бөренесине ноктасыз ормелеп, сым байлап бергеним, ең кәдирли мүлки, баянын утып алып, аяғанлықтан таслап кеткеним есиме түсип, кеўлимди тоғайтар еди.

Мен түбине жеткенде өзектен өрмелеп, қашшан шақаға жетип алған Жаңабай ентигип турып:— „Енди саған туттырсам, атамның төли емеспен. Мен, мына шақадан шақаға ырғып, Тарзан болып бере аламан!" деди, күлип айтты, күлсе де нықлап айтты. Өрмелеп атырып, мен де өршелесгим:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен Тарзан болсаң, мен маймыл болып беремен...

— Маймылдан адамға айналған жаналық емес,—тағы күлди, — Адамнан маймылға айналған жаңалық, көр, шаманды. Мениң первокласный гимнаст екенимди сен еле билмейсең...

Қалақ ойынның изи өнер жарыстырыў кусаған бирнемеге усап баратыр, балмаса, қалақта турған нәрсе жоқ „Тарзан" деген төрт сериялы киноны онлаған жыллықта мен де көргенмен. Сонда оның Джунгли тоғайларында теректен терекке, шақадан шақаға ырғығанларына ҳайран қалғанман. Ондай болмақ қайда, адам деген де паңқылдай береди екен, ә!

Ол өрлеп баратыр, мен де өрлеп баратырман, оны қуўаман деп, мен де жоқарылап баратырман! Жүйриклик те я қаш-ә—қаштан, я қуў-ҳа-қуўдан кәмбилледи. Жети жасымда ерге қонып, бәйгиге ат қашырып өскен мен, бул нәрсени жақсы билемен. О, билгенде қандай!

Сыйдам өзектен өткеннен кейин, шақалы жағына өрмелеў қыйын емес еди. Лийкин, еле „Байтеректиң" уша басы алыс, дым алыс. Оның ушына ҳеш кашан өрмелеп көрген емеспен, ойлағаным да жоқ, кең кулашлы төрт назелим... Қыял дегенди қоя бер сирә! Адам асығып-албырап баратырғанда да келе береди екендағы! „Мен бир, усындай „Байтерек" болсам,маған кең кушақлы үш назалим ашық болып қалып, таласса! Паҳ, несин айтаса! Онда мына „Байтерекке" айналған мен көлеңкемде жулысайын деп атырған кызларға: „ҳәй, қызлар, сизлер өйтпең—дер едим жоқ жерден зибан питип. —Өйтпең, ақыры, әнейдей үлбиреген ақ жүзиңизге дақ салып аларсызлар. Мен ҳәммеңизге де жетемен, инанбасаңыз бәриңиз қол усласып қушақлап қарай қойын. Кушағыңызға сыймайман. Және бир „сәрўе бойлы, кең кушақлы, юзлери минәўўар" дилбардын жайылған кушғына орын қалады. Койын, шатақты! Сизлер жабыла кушақлай бериң, мен болсам, сизлердиң гүмис кулкиңизге басымды ырғап турып, нәзик жапырақларымды сылдырлатып қосық айтып беремен!" деген шийрин қыялларға, күлкили қыялларға шүмгенмен. Саясында аяқларымды айқастырып, шалқама жатып солай ойлағанман. Қәпелимде, есиме усы түсти. Ырасында да мениң „Байтерегим" сондай жуўан



www.ziyouz.com kutubxonasi

еди, әрман өткен мәртебемдей бийик еди. Самалға да, суўға да, шөлге де төзимли бул торанғыл, тағдийры менен таласып, өсе берер еди, өсе берер еди, өршеленип өсер еди. Неге екенин билмеймен, өжетликти мениң усыннан үйренгим келер еди. Сонлықтан ҳәм мен өжет болып өстим. Лийкин, Жаңабай меннен ҳәм өжет екен. Мен қызыл өжет болсам, ол көк өжет екен. Өрмелеп баратыр, өрмелеп баратыр, мени ермеклеп баратыр.

Баяғы, жамбас муғаллим оқытқан „Оқыў китабындағы" Лев Толстойдың „Акула" гүррининдеги баланың бас кийимин алып қашқан маймылға усап өрмелер еди, мен тынсам, шақаға қонып отырып, тап сондағы маймылдай мазақлайды мени, усы мазаклағаны азаплайлайды мени.

— Якшы, қоя тур, азмаз бир демимди алайын. — Түбинде, қутқармайман! — деп, бармағымды шошаңлатаман. Ол мени кишкене тентегин шақырған ересектей суқ бармағын ийип-ийип, „кел-кел, корықпасаң кел", деп, менсинбей шақырады, бармағының ушы менен шақырады! Мен оны „Акула" деғы маймылдан да бетер жек көрип кеттим. Себеп, ол мениң бас кийимимди емес, намысымды алып қашқандай сезилер еди кеўилиме!

— Жете алмасаң, өл Максет! —Қарасам, торанғылдың түбинде Сәрсенбай ғыжак берип тур. Ашыўым келип бакырдым:

— Саған не жоқ, ҳәй!

— Мен, ҳалымды билип, жарыспаймандағы, ҳеш ким менен!

— Жа-ақ, өрмеле-е!

— Дизем калтырайды...

— Пяншиксен! — Маңлайына бармағымды шошайттым. Қонағыма бүйтиўге ҳақым жоқ еди. Өзиниң қолынан келмейтуғын иске журтты ийтермелеп, сонда неге ғыжак береди, адамға! Бизлердиң тамашамызға қарамақшы. Бала күнимизде жигитлер бизлерди қан сорпа қылып жуўырыстыратуғын еди. Сондағы гәпи: „Қай озғаныңыз бизики. „Төбелестиретуғын еди. Сондағы гәпи: „Қай жеңгениң бизики!" Бири-биримизге жудырық ийискетип, бири-биримизди бығырлатып басып, бири-биримизди бас пенен дүкип, сол бир тамашагөйдики болмағанда не қылатуғын еди бизге? Усы



www.ziyouz.com kutubxonasi

ой менен жаңағы гәпке гежирленип, сыпырылып торaңғылдан түским келип турадығағы, бақталасымның жеңимпазлық кейип пенен гәрдийиўи, тислерин ақсыйтып күлиўлери тағы алға жанталастырды.

— Келе бер, келе бер, мен саған фокус көрсетемен, — анаңқара, бармағының ушы менен шақырыўын қара! — Бундай фокусты сен циркте де көрмегенсен, ғой, кел-қел? — деп, балтырын солтаңлатты.—Мә, усла усламай-ақ қой, сени жарылқайын. Өкшеме, қолын тийсе есап...

— А — ал, Мақсет, енди не дейсең!—Жаңағы гәпим ушын Сәрсенбай меннен өш алмақшы. „Усламағанды көресең, — дедим, — Мениң Сәрсенбайдай дизем калтырамайды."

Мен мақул жетип алғанша ол шақадан балтыры жүнлескен аяқларын солтаңлатып отырған қәддин бузған жоқ. Бүйтип адамды менсинбеўи еңсемди бурыңғыдан да бетер тырыстырып: „Қаш, қаш, өйтип жарыл қамай-ақ қой!" деўим менен қолымды создым. Тағы бир ырғысам, тамам еди. Ол турған шақасында тикейди де...

— Ўа—ай!—бақырып жибердим, даўысымның қалай шыққанын өзим де билмей қалдым, буны ойлаўға пурсат та жоқ еди. Усы ўақытта мен торaңғыл шақаларының тереӊ тунбаға саясын. салып турғанын да, буннан жығылса да адамның өлмейтуғынын да умытып кетиппен. Лийкин, „жилиншиги мылжа-мылжа болып, жилик майы шашырап кеткен шығар", деген қорқыныш пенен көзимди ашсам—жоқ, жерде жоқ, тек болғаны, қос қолы менеӊ бетин басып Сәрсенбай арман қашып баратыр, үстине түссе өзин де өлтирип таслайтуғындай буғып қашып баратыр. Тас төбемнен шыққан сытырлыға қосыла еситилген:

— Қәне, жет-жет, мәрт екенсең, — деген сескe жалт қарасам, майы шашырап кеткен шығар деген жилиншигим бағанағыдан тәўирақ жоқарыдағы бир шақадан салланып турар еди. Әлхаббиз! Адам да бундай жаны қас, жабайы болады екен! Ең болмаса, „хаўлығып, жығылып кетер" деп мени ойламады ма сирә! Ол еле күлип турар еди. Мисли бир турникте ушқандай, шақаны тақымынан өткерип алыптыдағы еки қолын жаздырып, төмен қарай өзин жиберип қалғанда:

— Ҳәй, қойсаң-a! — деп, тағы бақырып жиберип-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пен. — Қалағы қурысын! Сен-ақ утқан бол, шақаға исеним жоқ!

— Қойсаңыз-дә, ҳәй, өлигиңизди қапшыққа салып: — булиип қаларман, қойсаңыз-дә, ақыры!

— Қалай! Циркаш болаламан ба?! — деп күледи Жаңабай. — Айт, бола аламан ба?

— Бола аласаң, түс, берекет тап?! — Сәрсенбай жалынды. — Болмаса, қашып кетемен, олла, жүрегим жарыла жақ! — Жаңабай басын шайқайды.

— Жүрегиңе беккем бол... ҳәзир тағы фокус көрсетейин бе, я өзекке өрмелейин бе?

— Берекет тап, өзекке-ақ өрмеле, берекет тап...

Жаңабай шақадан шақаға асылып-асылып өзекке жабысты да кәрамат бир шаққанлық пенен өзекке өрмелеп баратырып сөйленди:

— Ойынды қойдық, Мақсет. Кел, уша басынан әтирапқа бир қарайық. Қаерлер көринер екен, кел, жора, кел.

Төмен қараса адамның көзи тынарлықтай жерге келген едик.

— Енди өрмелеме, аржағы көтермейди, — даўысым дирилдеп шықты.

— Оны билемен ғой, мине, мына шақаға барып отырамыз. Сен анаўсына мин, — батысқа қанат жайған жуўан сандай шақаны нусқады. — Ол сен түўе аўыл-аймағыңыз бенен минсеңиз де көтереди...

Өзектен қолымды жаздырыўға, несин жасырайын, қорқып турман. Бирақ, қалай да сыр бермеўим керек еди. Ол айтқанымды дизем қылар емес, қалтылдап баратыр. Сәрсенбайға күлип жүриг, қара сен, өзимниң сыр алдырып қойғанымды! Бир қолым менен жоқарыдағы бир шақаға тырмастым да, екинши қолым менен еле де қушақ жеткисиз өзекти қапсырып, әсте-ақырын Жаңабайдын көрсеткен шақасына шөктим. Жаңабай маған қарап, күлип отыр: „Қорықпа, ҳеш гәп болмайды", — дейди.

— Қорықпайман ғой, — дегеним менен даўысым қалтырып шығар еди: — Несине қорқаман! Бул деген, талай шыққан торанғылымыз! — деп, өтирик айттым.

— Түў, бала. өзи де бийик екен-аў! Бундай бийик торанғылды мениң биринши көриўим. Неше жыллық екен бул?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бизиң дайымның бабасы батыр болып өткен екен, — деймен. питегене көкирегимди басып алған мен дайымнан еситкенимди айтып. — „Сол усы тораңғылға жаў-жарағын асынып, саясында уйқылағанда усы қарағанның нәрўаны екен“ дейди ғой, дайым. Бар, аржағын өзиң есап ете бер!

— Сонда буның усы кәрağа тамыр урғанына жүз жылдай болды ма екен, бала?!—дейди таңланып.

— Болған шығар. „Әкемниң тереги, бул, кийели торaңғыл, пир тут, балам. Сениң несийбеңди аллаталам усы әтираплардан шашқан“ деп, дайыма әкеси зинҳарлап кеткен ғой, сонда, әлбетте, еки жүз жыл болып қалған шығар! — деймен, усы кәраның түпкиликли турғыншыларының туқымы екенлигиме мақтанған бир кейип пенен. — Дайымның әкеси жигит ўақтынан-ақ усы торaңғылды қастерлеп, тап бир мийўалы дарақтай терис путағын алып өсирген екен. Бул әдет, соң дайыма өтипти. Көрдиң ғой, өзеги қанша жерге шекем сыпсыйдам! Бундай узын балдақлы торaңғыл ҳеш жерге жоқ.

— Оның ырас! — деп мақуллайды Жаңабай. —Оннан қала берсе, дүп-дүзиўин қайтерсең, тап бир,орыслардың қайыныңдай! Әтирапқа қара, сен, бай-ба-ай! Бәр нәрсе, алақанның аясында!...

Жап-жасыл кеңислик „Байтеректен“ басланып, кете береди, кете береди. Анда-санда ат шаптырым, ақ тақырлықлар үстиндеги дирилдеген сағымды мысалы бир ушы-қыйыры жоқ көк теңизге мегзетер едидағы, ал өзи болса сол теңиздиң қырғақларына усап қалар еди. „Қолтық көл“ диң арғы жағынан Бухарадағы „Мираб“ медиресесиниң минарындай бир „минар“ көшип келер еди, шамасы, қырық қулаштан кем емес. Көшин киятыр, йошып киятыр, дөңгеленип киятыр. Тип-тик. Енди ол берги жағындағы „Қолтық көл“ ге түсип,теп-тегис айдынның үстинде майда толқынларды жыбырлатып, бир майдан дөңгеленбегенше қуламайды, ол, сондай „минәр“. „Бир заманлары Төк таўын етеклептөгип таслаған қырсық дәў, биздей бир ғаррының қарғысына ушырaптыдағы, әне, усындай қуйынға айналып кетипти, қарғыс алған жақсы емес, — дейтуғын еди баяғылары дайым. — Анаў қуйын емес, сол дәўдиң геда болған руҳы. Жаңағы ғарры қарғағанда да катырып қарғағандағы! „Өмиринше қаңбақтан басқаға қу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шиң жетпегей" деген екен. Сөйтип, қуйынға айналғалы, ислейтуғын басқа иси жоқ, баяғыдай таў етеклейтуғың шамадан нышан да қалмаған, енди жазийрама-жазийра, жайлаўма-жайлаў шөплердиң басын жулқып, қайда қаңбақ болса бириниң үстине бирин өрип, минәр етип, дөңгелендирип қуўып жүргени. Онда да көлге түскенше ғана өмири бар, бурын Әмиўден атлап өтип жүрген дәў, енди табаны суўға тийсе болды,тайғанап жығылады. Ал, көл жийеклеген тораңғыллар болса, басларын шайқасып „ҳәр заманға бир заман, деген, ўақтында сен де тас төбемизден жалпайтып басып бүлдирип едиң-аў! Енди, мине, бизлердиң тобығымыздан келмейтуғын суўға тайғанап жығылып, сонша сай-саладан серменип, оқпанлардан демиңе тартып ал-, ған қаңбақларыңан өрген минәрынды қулатып алыпн бүлип жүргенин! Сеники, тағы машақат, көлден аман шықсаң, тағы минәр өриў, тағы көлге қулаў! Сағаа қырсыққан аламан қаңбақ көтерген тақырлықларың суўды жетелеп жайып, гә мәккеге, гә жоңышқаға айналдырып, өрисинди де тарылтып баратыр-аў! Ендиги ҳалың нешик кешер екен?!" дегендей, ырғалысып турады. Әне, балам, дейтуғын еди дайым аттың алдына алып жүрип. — „Дәўдиң минәры" бәлент болғаны менен, үпелек, қәлеген жағына самал қуўып кете береди. Оннан жаман да болса, бир түп қарамық абзал. Ол туқымы түсип, ныш урған жеринде кемал ға келедидағы, өсип-өнеди. Өлсе де сол жерде өледи, қоңыр гүзде ме, алабәҳәрде ме, самаллар менен куслар оның туқымларын жәнжаққа шашып таслайды, тағы өседи. Әне, сондай, балам," деп айта беретуғын еди. Шаң бар ма, тозаң бар ма, қаңбақ бар ма, қалдырмастан үйирип алып. бәлент көкке бой созып, бизиң үйдин арғы жағынан жарланып киятырған „минәр" дайымның усы әпсанасын есиме салып жиберди бундағылардың ҳеш қайсысы да дайымның ертегин еситпеген болыўы итимал. Бирақ, бундай көшпели „минәрлар" шәрўа туқымын таңландыра коймайды. Сонлықтан „анаң-қара, ҳа, анаңқара!" деп, тап бир жаңа көргендей ҳаплығып, Жаңабайдың мазасын алғаным жоқ. Ол әтирапқа нәзер салып, өзинше бир тереқ ойға шүмип отыр.

Мең әтирапқа буншелли бәлентликтен сер салып, көргеним жоқ, „Байтерек„ тиң уша басына бизлердей болып шыға қойсан, тек азанғы ўақытлары ғана көри-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нип, күн қыза келе ериген майдай зым-зыя болып кететуғын Кусхана таў да мисли бир кәраматлы қазанда әжайып сыйқыр менен тасыған сүттей көмпейип, көринеди екен. Өзимизден оғыры алыстағы бул таўды өмиримниң ишинде бундай ўақытлары биринши көриўим десем, ғалети жоқ.

Бир жағымыз таў, бир жағымыз жайлаў, бир жағымыз телегей теңиз болмағаны менен, соны ермеклеп атырған көл. Көл, қәдимги, көл, өзим муштайымнан ашық болып өскен Гүмис көл. Бул ҳәзир тал түстеги тымықта шайпатылмастан, мисли бир сүтке тойып, ойнап-ойнап тыныш жатырған момын қозыдай монтыйып, тыныш жатыр, тербелмей жатыр. Анаў ашық айдынға шекем сығасқан жап-жасыл пишенликтиң асты да көлдиң жайылымы дегенге зәрре гүманланып та қалғың келеди. Лийкин, күнде көрип жүргенликтен шығыр, биз оған гүманланбаймыз. Қамыслықтың арасында адасқан алыптай анда-санда зоррыйып шыққан торaңғыллар таўысылады да аржығынан айдын жалтырайды, айдын, теп-тегис айдынлар... Қудай деген бар болып, усы әтирaплардан бир ушып өткен болса, „тап усы жерге келгенде қудайдың айнасы түсип қалдымекен“, — дейсең. Айдын кете береди, кете береди, барып-барып көз талымнан жеңил буўалдырға айналады да өзине ireңлес аспан менен қосылып кетеди. Енди сол көлдиң арғы етеги қайырылып келип, аспанға айналып басынды бүркеп турғандай сезесең. Көл ҳәдден тыс тынық болғанлықтан, аспанның ireңкин сорып, қайсысының көл, қайсысының аспан екенин ажыратыўды қыйынластырар еди. Мен өскен жериме оғыры сүйсинип кеттим ҳәм өзимде бул әтирапларға буншелли ашықлықтың барын, шынтлап ҳәзир ғана сезингендей болдым. Буннан бир нешше күнлер бурын, қумырысқа таластырарымның алдында „бул жақларда неғып жүрмен?“ деген сораўды өзиме өзим бергениме уялдым, ҳеш кимнен уялған жоқпан, себеби, бул сораўды өзиме бергенмен ғой, ҳеш ким еситпеген де, тек ғана еситкен ҳүжданым, әне, мен соннан уялдым. Ҳайранман. Мурат усы сулыўлықларды мениң көзим менен көрмей турып, менин жүрегим менен сүймей турып қалай сүўретши болмақшы екен! Тфуў, халтуршик!...

„Байтеректиң“ шақасына қаршығадай қонып отырып, тап усы кәраның өзинен пүткил үлкемизди, салы атыз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лары ырғалған көлатлықларды, ерке салалары тақырлықларға, шөл-жазийраларға ойнақлап кеткен ҳәм барған жерин абадан еткен анамыз. Әмиўдәрьяны, басқаның емес, өзимниң Әмиўдәрьямды көргим келер еди. Лийкин, бул әтираплардан оны көриў мүмкин емес еди. Еки дәрьяны ебин тапқан бузаўдай емип атырған Аралды, Қызыл қум, Қара қум, кийиклериниң туяқлары қыйыршық тасларды шымшып-шымшып, дүркиресе қашқан көп вышкалы Үстирт далаларын, маллары малдай маңқыйысқан жасыл отлақлы жайлаўларды аралап, Қара таў менен Бестөбеден асырылып келген самаллар мениң усы ғана бир жапырақ ата мәканыма, ата мәканымдағы усы бир „Байтерекке" үлкемиздиң хош ийисинен мәўсим сайын пайымды жеткерип берер еди, мениң пайымды! Себеп, себеби мен олардың бәрине ашық едим, олар да маған ашық еди, ашықлар ашығын бийнесип қалдырмаса керек. Тап усы бүгин, Ўатан деген қәсийетли жердиң өзи анаў мениң шаңарағымнан, қалаберди, тап усы „Байтеректен" басланып алыс-алысларға, дым алысқа кете беретуғындай туйылды, кетеберетуғындай, ҳаўўа...

Дайым күн тәўир-ақ еңкейе бергенде келди. Келиўден „ал, енди, барақойың", деп, қалай ҳайтлаўдың жөнин түсиндире баслады. Буны бала күнимде көп көргенликтен, еле де есимнен шыға қойған жоқ еди. Сондағы қырпық малақайды шекесине қойып, ҳайтлап жүрген сербойдақ Меңлибай ағалар ҳәзир жигит ағасы. Баласының алды ат шаўып жүр, ҳаялы болса бесинши баласына жүкли.

Соннан бери бул қараған нан ҳайтлағандай жигиттиң ирети болмады ма, я дәстүр гөнерди ме, әскерликке кетпесимнен бурын талай ҳайттың баўырсағын жедик ғой, бирақ, ҳайтлап келген адам көрмедим. Енди сол нәрсе ерси көринетуғындай сезилди ме, табаным тартып турған жоқ. Жулқынып турған Сәрсенбай, Жаңабайға болса. көрмеген дәстүрин көрген қызық.

Бизлер атларды сылап-сыйпап ертледик те Қайпан ағаның аўылына атланып кеттик. Совхоздың орайынан ҳайтлап шыққан жигитлердиң үсти қоздай, қөрениши биз едик. „Қыз жеңгеси бийкешинен сорап аладыдағы, ҳайтлықты соның қәлегенине береди, шөже қоразларым. Былай шығып, жулысып жүрмең. Қызы бар үй турғанда, ҳайтлық қызы жоқ үйден соралмайды, буны ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

билип қойың" деген дайымның гәпи қулағымды шыңлатып, үстимниң қоренишлигин есиме салып киятыр. Мағаи не?! Жолбарыстың терисин жамылып барсам да сол баяғы Мақсет деген шопан екенимди ҳәмме биледи. Бирақ, усы ҳайтлаўды шығарған сәрсемби күни туўылған Сәрсенбай, аттың үстинде кишкене айнасына қарап, шашын өрлеп-өрлеп қояды. Бизлерден пасом болып, қыздың ҳайтлығын өзи алғысы келеди, яма ан!

Шәрўалар тилинде „Сары тораңғыл" атанып кеткен, ири-ири, ҳәр шақасының жуўанлығы тайдың жилигиндей ерманы жыңғыллықтан өткеннен соң Қайпан ағаның аўылының ақ отаўлары тақырлыққа туўа салып, қусы ушып кеткен мәйеклердей тасырайып-тасырайып көриниўге қарады.

Уяттағай! Биринши мәртебе қызлы аўылды сағалағанға ма, уялып баратырман. Аўыл жигити болғаннан соң алыстан келгенлерди отаўға баслап кириў де. буйым айтыў да бизиң мойнымызда. Мени қысындырып киятырған, сол. Жигитлердиң атларына кеўили тоқ көринеди:

— Мәр сизиң үй болсын, — дейди Сәрсенбай. Мен ийегимди екшедим, Темиркөк көрер көзге қөрениш болғаны менен, күн тиймеген баққыдай туўлап, шапшый бермегени менен, алысқа талмайтуғын қыйлынан. Оның үстине, қолға ҳайтлық тийди де қашыўы қалды ма! Жаңабай, өз көлигин жүйриксингендей:

— Алыс емес пе, бала? — деп қойды. Сәрсенбайдың жуўабы тайын екен:

— Оннан бурын жетсең, аўылды дүбирлетип ҳәлекленбеймиз ғой.

Басқа фермалардағыдай, бул аўылда да шошайған үш-төрт үй. Бизиң аўылдан айырмашылығы—тийип турған көли жоқ. Боздағы аўыл. Бирақ, жәнжағының жайлаўы әләмата алыс емес. Көл бойының жайлаўы бизиң дайымдай әри тирнекли, әри тентеклеў болмасаң, тийисе бермейди. Әлбетте, бундай жерди ийелеў ушын тәўекелшилик те керек. Дайымның пешеси маған жақсы мәлим. Жылда, марттың он үшинде тоқсан тоғысатуғын болса бизиң дайым сегизлеринде-ақ тәўекел етип жибере береди. Атының алдына белин өңгерип келедидағы, күн жылт етсе, қоныстың иргесин қыршып кетеди. Әне, оннан соң, бул дөгерекке ким дарысын, дарығаңы менен де малақайы селкилдеп, ғарры жеңислик бермейди. Эти-



www.ziyouz.com kutubxonasi

раптағы шопан атаўлының ғаррысы усы болғанға сыйлай ма, я, „усы бәле тыныш болсын, қуда тыныш болса, қудағай тыныш“, дей ме, ҳеш ким бунын менен орынға таласып, гегирдек кернесе бермейди. Меңлибай аға да сум, күлип жүрип, барлық кейисин еситип жүрип-ақ еситпегенсип, дайымның бир шағлап отырған ўағын табадыдағы „бизиң көзимиз таный бермейди-аў, жайлаўды өзиң таңламасаң. . . Мына Қайпан аға белин өңгерип, қоныс қыршыўға кетсе керек. . .“ деп, отты берип жибереди. Өзи барғанда да болады ғой, бирақ, онда Қайпан аға буған жеңислик бермейди, „бул, сениң бир, меншиқ жериң бе, сеники не, сойлақ? Я меннен бурын келсең екен,“ деп, тайдай таласады. Ал, бизиң дайым менен болса, өйтиўге уялады, әкесиндей адам, қыйын ғой. Қалай да көп ўақытлар болды, жылда усы Кайпан ағалар менен қарама-қара, қонсы болып киятырмыз. Назлыны, Назлы деген қара қызды қара шыбындай гирттай ўағынан-ақ билемен.

Алды менен шарлағаным отаўлардың алды болды. Мен ҳеш қандай қаңтарыўлы аттың болмағанына қуўандым. Назлының әжағасы жоқ кусайды. Малға кеткендидағы. Арқа жақта бир-еки бала баспақ бағып жүр, олардан бизге келетуғын қысынысла жоқлығын билемен.

Тышқанның. қоңыздың излери ыбыр-жыбыр болып атырған орпаң жол менен аўылға араласа, бергенимде жүрегим бурынғыдан да ҳәўлире баслады. Ең алда киятырған мен едим. Қәпелимде алдымнан басын қайқаңлатып, өтә шыққан жылан кеўилимди бир сергитип таслады.

„Апырмай, бала, қайсысына кирсек екен? Назлыникине ме, я оң жақтағы әжағасының отаўына ма?“ Сыбырласып, кеңесип алайын десем, издегилер де қапталласа қоймады. Соның арасынша ший есикти қулашлап ашып, садағаң кетейин, жеңгей есиктен шығып, қосқа қарай илбиди. Бул, өзи, бийкешине бергисиз, сулыў, жас келиншек еди. Түскенинде бундай емес еди, бери келе ысылған гүмистей жарқылдап сала берди. Сырттан ўәкил келсе, соның қолынан шай ишпеге қумар деп еситемен. Аты да-Қумар.

Назлы есиктен қарап, үриккен маралдай ары кетип қалды. Бизлер аттан түсемен дегенше тәўир кийимлерин қыстырып алмақшы шығар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баяғының бажбанларындай жораларым үлкен бир салтанат пенен аттан түсип атырғанда жеңгей отаўға қайтып өтти.

Үш атты үш бақанға байладық та отаўға ардаңластық. Тартынып-қысынып, алды менен босағадан мен атладым. Назлы жулқынып ошақ басын сыйырып атыр екендағы, ақ жеңгей әнейдей болып, төрдеги қус тырнақ текийментлердиң үстине қурақлы көрпешелерди қағып салып атыр екен. Аман-есенликти шала сорасқанда Назлы шығып кетти, Қумар жеңгей қумарымды келтиретуғын бир ийба менен мыйық тарттыдағы: „төрлен“, деди биймәлел, қоңыр даўысқа салып. Жаңабай төрдеги түрилген керегениң тусына барып малдас қурынды. Бул, енди, отаўда төрдиң қай жапсар болатуғынын билмейтуғынлығын сездирип қойды. Бирақ, Сәрсенбай сум екен, мың айтсаң да қара үйде өскен баладағы, оң жапсарды алды. Әне, үйдиң төри усы еди. Мен оның аяқ ушына шөктим Бул енди, аўыл баласы екенлигимди аңлатқаным.

Аздан соң, дәстүрхан жайылып, алақшынға таманлаў бир жағы дөңгелек, бир жағы еки мүйешли, сопақлаў мыс паднос қойылды. Маған қара чай ишетуғынымыз мәлим болып қалды. Шарўалар жаздың күнлери мынандай әптапта қара чай емес, шөлди басады деп, көк чай ишеди. Бирақ, онда ҳәр ким өз чайнегин өзи баўырына тартып, өзи қуйып ишиўи керек. Қызкелиншеклер сыртта қалады. Қара чай болса, пәкизе, биреўи қуйып береди. Мен Қумар жеңгей қуйғай-дә! — деп тиледим ишимнен.

Дәстүрханның төрт мүйешине кишкене төрт шыны ләккиге салып, гүбиге писилген сары май қойыдағы шығып кетип, Назлы ақ самаўырын көтерип келди. Жүрис-турысы қустың пәрўазындай жеп-жеңил болғанлықтан ба, бой жеткенге қусап, сызыла бермегенликтен бе, Назлыдан онша ийбениң ийиси шыға бермейтуғын еди. Күнге күйип, әбден қараўытқан қолы менен алдына түсип баратырған жуп-жуўан тақ бурымын арқасына қағып таслады да, сон, дизерлеп, дәстүрхан толы баўырсақ, шийбаўырсақ, қурт, қырмышы бәреклерден гүреп атыр, мениң алдыма гүреп атыр. Сәрсенбай күлип жиберди. Назлы да күлди:

— Өзимиздиң аўылдың өгизи аш қалмасын.

Мә, саған. иззет—ҳүрмет, сыйласық! Анаў күнги



www.ziyouz.com kutubxonasi

суўға басқаным ушын өш алмақшы шығар. Гәп таба-алмай тығылдым, айнаға қарамасам да өзимниң қыза-рып кеткенимди сезип отырман. Усы қыздан да уялып! Менде менменлик пайда бола баслаған еди. Қумар жеңгей есиктен басын суғып:

— Келмей-келмей келе қалған екенсизлер, қайин-лерим. Атларыңызды жайғастырып отырасыз ба? — деди пәкизе бир ырғаққа салып. — Я, өзим жайғастыра берейин бе? Жылқы деген, көринген жерге аўнай ке-теди. . .

— Оянынан ғам жемең, жеңге, — деди Сәрсенбай. Ишимизде күйеў бала қусап, көпшикке бой тасламай отырған усы. Сөйлемей де отыр еди, бир сөйледидағы: Атларымыз писентли, Кумар жеңге. Аўнаса да аўнай-туғын жерин таўып аўнайды. Сизлерди кешки талабы-ңыздан қалдырмай-ақ қояйық. Чай-суў ишип турамыз. Мынаў Мақсет, — деп маған бармағын шошайтты да мәккарлық пенен күлди. — Келиңлер, Қумар жеңгейден ҳайтлық алып, ат қашырсамыз деген соң шыға қойып едик. Пәкизе, ерлери де алынбай-ақ қойсын, шапқыға тайын турғаны жақсы. . .

— Қайдем, аўнап, ериңизди бүлдирмесе. . .

— Аўнағанда, жеңге, шанлағыңыздан бир қысым шаң алып кетедидағы. Сизиң шаңлағыңыздың шаңы да бизге мәлел келтирмес, — деп қойды Сәкең. Жеңгей күлип-күлип шығып кетти. Кеса сүртип атырған Назлы ҳеш нәрсени еситпегенсиди. „Ҳайтлық сорайық деген өзиңго, сеники не?!" деп, шәртимекленейин десем, ба-лалық болатуғын түри бар. Бирақ, Сәрсенбайға ала көз-ленип, бир қараўға қарадым. „Үндеместе бәле бар, еки уртында шала бар". Үндемей отырып, көрдиң бе бар ғареметти бизиң мойынымызға аўдарып салыўын! Бая-ғы жел өкпелиги, „бәрекелләе" десең, өлгениң билмей-туғын марапатшыллығы қалса керек. Меңлибай ағанын тәпси урды ма, мениң ашыўымды күлки менен жене жақ. Күле береди, күле береди, терис қарап күледи, төмен буғып күледи. Мен оннан сайын қысынып бара-тырман. Ешейинде гүўлеп отыратуғын Жаңабай да сам-саз.

Назлы мениң оң жағыма отырды да саўсақларын майыстырып, кесаларымызды усына баслады. Сыртта-ғы қазан қостан майдың шыжғырғаны еситилди. Қумар-дың жеңил-желпи, қуўырдақ-пуўырдаққа айланысқаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

мәлим болып қалды. Жаңағы гәпиниң „отыратуғын болсаңыз үлкен қазанға қарайман“ деген тымсал екенин өзим түсиндим, түсинбесе қойсын, Сәрсенбай менен не жумысым бар!

Кесалар қыйсайыўға мейил бере бергенде пароходтың пуўындай пуўы буркырап, бир табақ қуўырдақ келди. Жеңгейдиң өзи де отырды. Баспақ баққан балаларға хабар етилмесе керек. Бир ләкки қуўырдақты алып, Назлының анасының есиктиң алдынан өтип баратырғанын көрип қалдым: „Қайпан аға келдимекен?“ Жигитлерде бағанағы кәбаптың тоғы бар ма, қулласы шымқынып алып отырды. Ҳеш ким қулшынып гәп қозғай қойған жоқ. Мынаўлар менен сыр минез болып көрмегенге ме, мени көрсе тили қышыйтуғын жеңгей де сызылып отыр. Айтқанының болғаны, тек:

— Тартынбаң, алабериң, шөллетеди демең, қымыз бар, — болды.

„Келеси ҳайтларға да аман жеткеймиз, жеңгейдиң жайлаўы кеңейип, сыйыры түўе бозы да бузаўлай берсин“, деп, пәтияны Жаңабай оқыды.

Үшеўимиз бир мес қымызды орталап, шып-шып терге түсип, желпинип болғанымызда рухсатты Сәрсенбай сорады. Қумар жеңгей бийкешин ымлап шығарып жибердидағы, изинше өзи шықты. Бул үйдиң сандығы ма, қаршыны ма, бәри де усы бизлер отырған жерде еди. Көзимизше тинтинийўге сылтаў таба алмай жүргениин сыбырлағанымда: „онда бизлер де тысқарылайық, солай екен-аў, еле!“ деди Сәрсенбай. Билип турман, қолына ҳайтлық тийиўден, ҳайт қойып, жеткермей кетпекши.

Бизлер сыртқа шыққанымызда қазан қоста Назлы да, жеңгеси де жоқ еди. Олар үлкен үйден шықты. Шамасы, кемпир менен бир ойласық болды-аў! Анаўлар атларын сылап-сыйпаған болып, айылларын тартып атыр. Айыл бос болмақ түўе үзилип кетсе де өзимниң тегинликте аттан жығылмайтуғынлығыма исенген мен ат байланған бақанға дарымадым. Соның арасынша қыз, келиншек келип, есиклерине еңкейисти. Абайлап қарасам, дәмегөйдей есиктиң аўызында қалып қойыппан. Өзимнен өзим ыңғайсызланып, жана атыма кете бергенимде, қарасам, қолымда қамшым жоқ. Қамшысыз ат шаўып бола ма, ҳайтлықты алсақ та, алғанды қуўсақ та ҳәзир бизге кереги қамшы. Лаппа отаўға сүңгидим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүктиң астынан әлле бир нәрсени серменип атырған Қумар жеңгей талабын қоя берип, билегимнен жүзикли қоллары менен шарппа услады да:

— Ҳә, қыршын, — деди. — Анаў күни Аппаққа не қылып қойдың?

— Өй деген ким? — дедим садасырап. Назлы арман қарап тур, тап бир керегеден көз жиберип, бир нәрсени сырттан излеген адамдай, мына гәплерди еситпеген адамдай болғысы келеди.

— Көрдиң бе? — дейди Аппағынан өзи аппақ жеңгей бийҳазар ашыўланғансып. — Көрдиң бе, жөгисиреўин, айт, қәне, не қылып қойдың? Қанты бара берсин жайына... Не қылып қойдың, мынаў ырасын айтпай жүр, қәңе, айт?

— Ҳә-ә, сол-ма, — басымды шайқадым. — Ҳеш нәрсе қылғаным жоқ. Не қылыўым мүмкин еди...

— Өлим, жүўермек! — Арқама дүрс еттирди. Керегеден қамшымды суўырып алып „жағып баратыр, жеңге, тағы бир урса", деп, күлиўим менен жолдан шыққан суўпыдай қуўжыңлап есиктен шығып кеттим.

Жораларым қашшан атларына минип алған соң, мен қалысайын ба. „Қашқан да алла дейди, қуўған да алла дейди". Мен де миндим. Буйрық күткен кавалеристей үш жерде үшеўимиз зеңирейисип турмыз.

Тал шыбықтай таўланып ақ жеңгей шықты есиктен. Қасымызға жақынлай берип, қылмаңлады:

— Мынаңқара, қайинлерим, — деди басын қылтаңлатып турып. Көзинде әлле қандай бир мәккарлық па, жылўа ма, бир нәрсе бар. Тис қаққан жигит болғанда, бунысынан ишки кейпин аңлаўға болар еди. Мен тис қағаман дегенше бул қартайып қаладыдағы! — Қызлы үйга ҳайтшы келсе, салмағы жеңгесине түсе береди, қайинлерим. — Ўай-ўайй, жағымлысын-ай! — Ҳәзир мынаў ҳайтлықты қыздын айтқанын етип биреўиңиздиң қолыңызға услатсам...

— Қыздын айтқанын, — Жаңабай, бул: — ете қоясызда!

— Қыз дегенниң, қайиним, бийлиги жеңгесинде болмаймекен. Сонын ушын пәкизе, ҳәзир ҳеш қайсысыңыздың кеўилиңизге тийместей, биймәлел ис ислемекшимен. Дәстан оқығаныңыз бардыдағы, ишиңизде?

— Оқымақ түўе, мына Мақсет дегенимиз жырлап жүр...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тырақтыршы қайиним, аўылымыздын баласын өйтип қысындыра бермең. Ол бала жырлап жүр ме, жылап жүр ме, оны жақсы билемиз. Бөле бермей гәпти тыңлаң. Дәстан оқыған болсаңыз Баршын Тайшаханнан келген елшиге:

„Кимиңди хан демейин,
Кимиңди қара демейин,
Аты озған жигитке,
Мендей муңлы нашардың,
Баслары болсын садақа"

деген екен, — деп тақмақлады. — Мен ҳәзир мынаў орамалды анаў бақанға қыстыраман. Сизлер де арылаў турың. Ат үстинен қай шаққаныңыз келиң де илип кете бериң. Бизиң қызымыз да, пәкизе: „Тоқсан аттан озып келсең, Байшубар, Төрт аяғың ақ сийнеме басылсын", деп, биреўиңиздиң тилегиңизди тилеп, үйден шықпай қала берсин, — дедидағы түңлик ашатуғын бақанын алып, неше шереклик екенин билмеймен, бир қызыл мәтирини ушына қыстырды. Енди мениң усыны қалай болмасын, алғым келе баслады.

Келиншек бақанның тусына келдидағы, „Жүз адымдай ары турың, дәстүрде бул, жоқ, үйден шығып қашыўыңыз керек еди. Өзим таўып атырғаннан соң, рухсатты да өзим беремен", деди. Бизлер артларымызға қарай-қарай атларымызды арман айдадық. Бул бир, ылақ ойындай қызық болатуғын түри бар. Атымызды бақанға бурсақ жеңгей қыстырып болып, сырығы қолында, үй бетке шайқалып кетип баратыр екен.

Жаңабай жеделленип, атын тепсиниўге қолайласа бергенде, шашбаўындағы манатын жалт еттирип, артына қарады да:

— Өзим айтпағанша шабысқаныңыз есап емес, — деп күлди. Анаў еки үйден де қатын-балашағалар есиклериниң алдына шығып үлгерген еди. Шықпай отырған тек Назлы.

— Айқыз, ҳа-аў, Аппақ, шық, кимниң алғанын көрип қал, Ақботам! — деди келиншек еркелеткен бир даўыс пенен есикке қарап. Қыз шықпады, бәри бир, шийден сығалап турғанын сезетуғын едим, Сәрсенбай сезбесе қойсын, оның менен не исим бар!

— Ҳәй-әй, келин, балларға жуўап берсеңо, кеш болып баратыр...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳэзир, шеше, — деди даўыс шыққан жаққа қарап Соң бизлерге „бақанды шайқмағайлы!“ деп ескертти де: — Ал, жолыңыз болсын! — деди.

Үшеўимиз бирден атты тепсиндик. Анаў екеўиңниң аты бирден шырп ете қалған қамшыдан тикке шапшыдыдағы, шоршыныл кетип, зуўылдаўы менен бақанның тусынан өтип кетти. Бундайда бирден пэт пенен қашқан аттың басын табанда иркиў қыйын, буны мен жақсы билемен, жети жасымнан бери дайым ат пенен бирге сейислеп жүрген мен билмегенде ким биледи, Сэрсенбай тракторшы билсин бе, я анаў Нөкисли механик билсин бе?! Бунның өзи, аты „бақан“ болғаны менен, узынлығы бес-алты метр пэраўан шығатуғын торańғыл еди. Жуўанлығы да жиңишкелеў телеграф ағашындай бар. Анаўлар атларын кекшейтип, еле кетип баратыр. Алдыңғы Сэрсенбайдың аты изиндегиге жеткермеўге, Жаңабайдики болса, тап соған жетип алыўға асығып баратыр. Бэйге көрген, ылаққа қосылған атлар екенин бағана-ақ билип едим. Олар үйлердиң арасы менен ийтлерди үргизип, қатын-бала шағаларды ўаҳаҳалатып арман өте бергенде шылбырымды билегиме орап, мен де бақанға өрмелеп баратыр едим. Орамалды алып төмен сықпанадымдағы, аўыл адамларын ҳайран қалдырып, жерге емес, ерге секирдим.

Сөйттим де ақ баслы ерге суққан таспа менен торланған қамшымды суўырып алып, саўырысты сыйпатып жибердим.

Артыма бир қарасам, буўдақ-буўдақ шаңнан ҳеш нэрсе көринбеди. Аўыл элле қашшан алыста қалыпты Аттың басын ажырықлы далаға бурып, зэрре еглеп алдым. Мэтирини де белиме буўып тасладым. Сонда барып, ыдырап баратырған шаңның арасынан өзиме қарай шаўысып киятырған еки шабандозды көрдим. Жөне жортақ пенен айдағаным болмаса, қамшыға айбат бермедим. Темир көктиң дүбир еситкендеги аяқ алысын көрмекшимен.

Изинен дүбир еситиле келе, Темиркөк қулағын тикирейте берди. „Енди жетти-аў“ дегенде, орамды жаздырып, қамшыны былғадымдағы, жылаўды қуйылдырып жибердим.

Еки жылдан берги ат шаўып атырғаным усы. Аўылдан өте берип, өзимди соншелли ыразы еткен Темиркөкти зорға еглеп алдым. Дайым да жылқы таңлаўға



www.ziyouz.com kutubxonasi

бенде емес-аўǃ „Қолтық көл" жақта баспақ бағып жүрген Отарбай менен Даўытбайдың берман жуўырып киятырғанын көрдим. Есиктен жеңгем жайпарахат шықтыдағы, Меңлибай ағадағы жеңгей қарыны шәмпийип, жүкли қайықтай аўдаңлап жүрип, көкирегине түпире берди:

— Аманлық па, не бәле, қутырған ийт қуўған жоқ па?!

— Қасқыр қуўса да бүйтип қашпаймыз ғой...

— Ҳайтлап кетип еди, — деп түсиндирип атыр бизиң жеңгем.

— Өйппе-ейǃ Не бәле болды деп едим, аманлық болса болар-аўǃ Аўылға шаўып келиў деген, ҳә, мәриңизди „Байтерек-ете қойғанда..."

Көликлериниң танаўлары парылдасып анаўлар да аттан ырғысты. Енди алғаны менен есап емес еди. Жаңабай өзинен өзи күле береди, күле береди, Сәрсенбай дым күлмейди, суп-сур:

— Күн еле ерте, қайтайық, — деди енди бул жерде гурыўдың кереги жоқтай, үмитсизленип. Бирден бүйтип, неге мазасы қаша қойды, түсинбедим. Ишкерилеп, орамалды ашып көрдим. Бир елиўлик, болғаны. Буннан үш онлық салғаны мақулдай көринди маған, пул деген жаман ғойǃ

Атлары питегене терин басып, қайтарман болғанда, Сәрсенбайға услата салдым:

— Мине. жоралар, ҳайтлығыңыз. — дедим екеўине бирден. — Бизден қой жедик деп қайтасызлар...

— Жо-жоқ, кереги жоқ, — дейди Сәрсенбай қолын созып атырып. Сонда неге қолын создыǃ — Мийнет өзиндики, өзинде қалсын, жо-жоқ, — дейди пулды қолына услап турып. Жаңабай күлип жиберди:

— Сәкең елиўликти көптен көрмегенғо, ала бер, дәртти басамызǃ

— Әдеп, қалтаға басып алайық. Ал, яқшы...

— Ал, яқша, ҳайтламай-ақ келип турың...

— Дайың бизге анаў үйинде қалған қаршығасын әпермеспекен, шуўǃ...

## 9

— Па-ай, Темиркөкти қашырып көрдим дейсең, баракәллеǃ Усы быйылғы зүрәәт тойында бас байрақ бол-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мағаңы меңен теté байраққа ийегим қышыйды. Жылқыны таныймыздағы, ақыры, — деп, шағлай баслаған дайымды есиктен кирип келген жеңгем „қара суўға түйилдирип“ таслады:

— Ғарры-ы, Тоқалақ жо-оқ. . .

— Не дейди-и?! Гәпиң бар болсын, барып жөнлеп қара!

Ол шығып кеткеннен соң „өмиримше мал бағып алдымнан мал жойтқан қуданың қулы емеспен“, деп, жаңа тағы шағлап киятырғанда:

— Ҳә-ә, ғарры-ы, шығөс, бери, „Алабас“ та жоқ, — деген сес қора жақтан талып еситилип, тағы берекетти қашырды. Есикти желпиндирип, сүңгип шыққан үйректей Меңлибай аға үшеўимиз бирден зонқ-зонқ үйден шығыстық.

Келип санап қарасақ, саўсақтай сәдде-сәдде бес сыйыр, бир туқым буғамыз жоқ. Буға болғанда қандай, „Қазақтың ақ бас“ сыйырының туқымынан, фермамызда бул туқым әширепи.

Ҳәммемиз бирден суп-суўық болып, үнсиз бола қойдық. Шелеклерге зыңылдап, сүттиң тийгени, ҳәтте пешшениң ызыңына шекем еситилетуғын болып қалды. Дайым өз көзине өзи исенбей, тағы бир мәртебе санап шықты, жоқ, алты мал жоқ!

— Қашаған күйлеп жүрип еди, сол ертип кеткен, ҳарам өлгир! — деди өзинен өзи күйинип. — Тоқалақ болса, бизиң мына Мақсеттей ылықпа. Бар талабын қойып, биреўдиң жүр деген жағына ылағып кете береди. . .

— Ҳеш гәп болмас, — деп жубытқансыйды Меңлибай аға. — Таң атқанша бир жақтан шығып қалмаспекен?

— Әй, не қылған! — Дайым үмитсизленеди: — Сениң хабарың жоқ, Кашаған бир туўған гезинде Нурнияз атаўдың аржағындағы аўылдан сатып алынып еди. Соған ерген болса, кетип отырысы. Үш жылға шекем қашып күйдирип еди. Әдепки бузаўы соянта қалған ғой, бәри соның қырсығы. Сонда айтқанман, ақыры, „бузаўы менен алайық“ деп. Сеннен бурынғы анаў қамалып кеткен жүўернемек, ырастыратшы қылмады айтқанымды!

— Оннан бери көп жыллар . . .

— Малдың мийлиси гейпара бузық қатыннан да жақсы. Туўған перзентин умытып, таслап кетпейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен неғып турсаң, бар, түтинлигиңди түтет! – деп, маған бақырып жиберди.

Ҳәмме үйли-үйине дағысқаннан кейинги кешки чай да үнсиз ишилди. Дайыма ҳеш қайсысымыздың қатты сөйлегенимиз де, анаў көзиниң ағы-қарасындай еки баласының жырқылдасып күлискени де жақпады:

— Отырсаңыз-дә, тынышыңызға, журт не уўайымда, булар не уўайымда!... Бәринен бетер анаў еки буўаз сыйырды айтсаң-ә! Бир жерде туўып қалса, баспағын қасқыр жеп кетедидағы, шағал деген тағы бар!

Сырт тысыр етсе, „әне, келди, жуўыр сыртқа!“ деп қапыға бармағын шошайтады. Ол жер-бул жерге үңилип, тағы қайтып келемен.

— Келмеп пе?!

— Як... — Үнсиз гүрсинеди... Тағы „жуўыр„, тағы гүрсиниў...

Таң қыйынлық пенен атты. Қаршыға ақ жемитти жулқылап атыр екен. Қашшан турып, атын ертлепти де ғарры тоғайды тинтинип кетипти.

Меннен түсте хабар алды. Қаралай өшып қалған: „Малың түўел ме?“ „Түўел“.

— Жоқтан дәрек жоқ па? — деди де, жуўабын күтпестен: — Кеттим. — деди. — Алдыңдағыларға бек бол, Нурнияз атаўдың арғы жағындағы, ҳарам өлгирдиң сатылып алынған Шийши аўылына бараман...

Күнди батыра берип, аўылға араласа бергенимде қолпылдап, ат шаўып шықты:

— Бармапты, алдыңдағылар түўел ме?

— Түўел...

— Ал, енди, айтарым сол, ҳеш кимге тисиңнен шығарып жүрме, — деп зинҳарлады қапталласып жортып киятырып. — Абырай төгиледи. Бир жерден шығып қалар, жаманлығы, сатып алып қосармыз.

Мал-ҳал жайғастырылып, тапсырылар сүт тапсырылып, ҳәмме үйли-үйине кире бергенде тракторын гүрилдетип Сәрсенбай келди. Кеўили көтериңки. Бизиң қандай аўҳалда отырғанымызды қайдан билсин, ҳәммемиз бенен күлип қол алысып атыр.

— Қалайсызлар, тентеклер? — деп, Отарбай менен Даўытбайдың басларынан тәкибай алыўды да умытпады. — Мен аўхат-паўхатқа қарамайман, — дейди биреў салыстырып атырғандай. — Қайпан ағаның үйинен той-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ып алдым. Қашша-ан, күн барында келип едим. Ата-а, пайғазы!. . .

— Хаҳ?!-дей қойды малынан дәрек тәме еткен ғарры: — Шықты ма бир жерден?!

— Шығыпты, — деди Сәрсенбай шүберек етигиниң қонышына қолын тығып атырып. Бизлер де қуўаныўға мейил берип едик, Ол дайыма газетаны усына қойды: — Шыққанда да еки газетаға бирден шығыпты-ә! Мине, мынаў—орысшасы, мынаў—қарақалпақшасы!

— Хәә, солай десең-ә, — деди дайым күлиўге қайымлаған еринлерин жыйнап. — Солай десең-ә, не депти, бизге шаштәрезден басқа да жиберетуғыны бармекен?

— Не жиберсин?!

— Не болатуғын еди, шөп майдалайтуғын машын, сыйыр саўатуғын нәрсе, соған тоқ беретуғын дибийжоқ. . .

— Жа-ақ. — деди басын шайқап Сәрсенбай. — Ондай гәп жоқ. Тек сизди мақтапты да қойыпты, Меңлибай ағаны мақтапты. . .

— Не дейди, усы ырас айтып отырсаң ба?! — Тикейип отырды. — Ырасың ба? — Ҳеш нәрседен бийхабар Сәрсенбай:

— Сөйте-сөйте депутат-ҳәм боласаң, — деп атыр еди, қолынан жулып алып ийегиме тутты да:

— Оқы! — деди. Сәрсенбай аңырайып қалды. Мен газетаның биринши бетиндеги бас мақалаға иргелесе жайласқан дайымның нәҳән сүўретине қарадым. Астына нәхән қара ҳәриплер менен „Шопан ата" деп жазыпты. Қай совхоздың қай фермасында шопан атаның жасайтуғынынан дәрек берипти. Оннан соң, усы қаҳарманды излеп, жолға қалай шыққанын, жол бойының „поэзиясын, жанды ләззетлендиретуғын жасыл шалғынлы жайлаўларды. . ." сүўретлеп жазыпты. „Қолтық көл" ди, көл жийегиндеги бизиң аўылды алыптыдағы, бизиң шаңарақты даралап тәриплепти.

„. . . Отыз жыл шопанлық етип, алдынан бир де малын жоғалтпаған шопан ата. . ." деген жерин оқый бергенимде қолымнан жулып алып үнсиз отырып жырта берди, жырта берди. Сәлден соң үйдиң ишинде ақ таўық түтилгендей болды да қалды.

Нениң не екенин билмей дегбирден сасқан Сәрсенбай сыртқа атылып шығып, тракторын ходлаў менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

бола берди. Ол кеткеннен соң дайым өзинен өзи исинип, басын шайқай берди, шайқай берди:

— Ҳә, дузым тутқыр, қам семиз, қотыр: — деп ғазепленип қарғанды. — Мен үсейтип жаз деп пе едим, ғәзийтте жырбыйып турыў ушын түсин пе едим сүўретке! Ҳа, мен мына савхозға шарапаты тийе кете ме, басшылар кемшилигимизди оқып көрсе, питегене ийе кете ме деп жүрсеммм! Ҳә, дузым тутқыр-ә, бул жаман, енди жөнине жүрмей нәҳәнлерди алдап, кесирин журтқа тийгизди-аў! Тап, усыннан Нөкиске табаным бир тиймей кетер, машыныңның дөңгелеги аспанға қарап, астында жеңшилгир қотыр! Гәзийтиңнен таўып алып, апкомға ғана жуп жағаңнан сүйрермен-аў! Ҳа, сендей бир-еки жалатайға жеткендей шама бар еле бизде. . .

— Қоя ғой, енди ғарры, — деген зайыбына жекиринип жиберди:

— Отырсаң-ә, балағы жалпылдаған жаман! Сен нени билесең, жама-ан!

— Әне, әне-ә, енди кисиге алып топылады. Сени мақтатқан мен бе?. . .

## 10

— Берекет тапсын, қотыр хабаршы. Жақсы адам екен ғой, оңып қалдық, оңып! — Дайым гә сыртқа шығып, движоктың қасына барады. Гә үйге кирип, бүйирин таянып турып, шаңарақтан салбыраған лампочкаға қарайды. — Әне, кемпир, буның бәрин „ғаррымның ғайраты“, деп билебер. Муратжан келеди. Оны үйлендириў керек. Бөлек шығарыў керек, кийизди ғой, ҳеш кимнен сорамассаңдағы, жамылғы жағы сени қысындырар. „Қолым тиймейди“, деген тоңқылдың енди болмайды. Атқа артып, пахтасын өзим әкелип беремен. Шытын қәлеў өзиң менен. Мине, көрдиң бе, таң деген узақ, бөксеңди томпайтып узақ түнге жата бериўдиң дым да кереги жоқ. — Алақанын лампочкаға созып қояды, — күндиз қара үйдиң иши бундай рәўшан болмас, сирә! Әне, сөйтип, ийнеңди сабақлап аласаңдағы, анаў гиртийген көзиңе уйқың тирелгенше, пәкизе көрпеңди сырый бересең, шаршасаң, ийнеңди басыңа шаншып, дем аласаң, ҳаўўа, — деп қояды.

Ҳәммемиз де кеўилленип қалдық. Усы ғарры шадыман болса, бизиң үй түўе Меңлибай ағаның үйине



www.ziyouz.com kutubxonasi

де берекет дарығандай бола қояды. Алты мал уйтықуйди жоқ болып, жоқлаўы асырылғалы қабағының ашылып атырғаны усы. Өзлеримиз де әбден жабығып қалыппыз.

Сәрсенбай хот, движокты тракторына тийеп әкелген сол ғой, ақыры. Қашшан, мен мал айдап кетиўден-ақ келген булар, Жаңабайдың кейпи бәлент, движоқты қурып берген сол ғой, ақыры! Өзи, темирдиң пири екен, мынаў трактор, мынаў машина демейди, сенокос бар ма, комбаин бар ма, араласып кете береди. „Электротехника дегениң, ойыншық!" деп қояды.

Өмиринде желинине бармақтан басқа тийип көрмеген сыйырларды үркитип, сәдделетип саўып берген сантехник жигит өзин анаў екеўинен кем санап отырған жоқ. Көпшикти омыраўына тартып, Меңлибай аға кирип келген сайын, дорба тәме еткен жемкор жылқыдай қолына қарап отыр. Жеңгем сабаяқ жаққа шығып, оны-буны қарастырса да көзиниң қыйығын сояққа жибереди. Мынаў қаршыға болмай, бәле болды, болмаса, бир-еки шөлмектен туўыппыз ба!

Қосқа от жағып жүрген жеңгем үйге кирсе, Мәкен отырғызбайды:

— Аўхағыңды тезлет, жеңге, сениң мына ғаррыңнан таматуғын шық жоқ, жигитлер үйге барып. . .

— Не деп отырсаң, өзиң? — деп дайым шәртимекленди: — Усы, қоржыны менен әкеп қояйын ба, усы?! Қаршыға бардағы, болмаса. . .

— Соғын айтып отырман-аў! Болмаса бизди пул менен урып жығатуғыныңды билемен ғой, — деп, күле берди, күле берди.

— Ҳаў, жиллимисең, неге күле бересең?!. . .

Күн барында-ақ асылған бизиң үйдиң тоқлысы ерте желинип болынды. Тақыр-туқыр қазан жуўып қалған жеңгемизден басқамыздың бәримиз Меңлибай ағаның үйине көштик. Күн батар шетки отаўдың азаматы, фермамыздың есапшысы Елмурат та усы жерде. Қаратоқыдан келген, тарамысланған арық, узын бойлы жигит. Темеки тислемесе отыра алмайтуғын болғаннан кейин, бағана бизиң үйге бармай, келиншеги екеўи Меңлибай ағаның қазан қосын айланшықлап қалған. Өзи де меннен сәл-ақ үлкен. Сонда да „Елеке" деймен, буған биринши себеп, әкемниң атын айтып шақырыў маған ыңғайсыздай, екинши, өзим менен қатар болсын, киши



www.ziyouz.com kutubxonasi

болсын, үйленген жигитлердиң бәри өзимнен үлкендей сезиле береди. Әне, сонлықтан биз оны Елеке деймиз, бирақ, қурдасты „қурдас“ деп, шымшып ойнаўға барман. Лийкин, Елекең менен қатар-қурбы қусап, әжик-гүжик бола бермеймиз. Буған себеп, бунның да әкеси урыста өлген, тыр жалаңаш жетим болғаны менен, жанашыры болмағанлықтан, көрингенниң қойын бағып, гүлшесинен гөре таяғын көбирек жеп, биз көрген еркеликти көре алмағандағы, бизден гөре ертерек есейип кеткен. Маған қызық көринген нәрсениң көбиси оның ушын „басына бийпайда ис“. Сонлықтан, қыдырыў-пыдырыў, өткен-кеткенди сөйлесип отырыў қусаған „ўәжсизликке“ бой урмайды. Қолы зәрре саўа болса, қапылғанда көги кеткен керегесин көклеп отырады, ең болмаса, жыңғыл шыбықтан тебен ислеп алып, кендир сандозды өткерип, тоқым жамайды. Қалай да талапкерликке алдына адам салмайды, бизлер қусап, онша ларқылдап пул да саўа бермейди. Тирнекли. Сонлықтан шығар, таза хожалық болыўына қарамастан, бизикинде жоқтың бәри соникинде бар. Транзистор ма, радиоприёмник пе, буфет пе, қудай-аў, шәрўаға нәрсе кереги жоқ сервизге шекем соннан табылады, әйтеўир.

Өзи де орайға жақын бир фермадан. Бизиң фермаға бир-еки жыллықта келип қосылған. Бунның қолынан сүт өлшеп алыўдан басқа не келеди, буны да ҳеш ким жөнлеп билмейтуғын еди. Өз қолынан арақты қуйып берип, отырғанлардың геллесин бир ғуўлатып алғаннан соң, енди Меңлибай ағаға движок айдайтуғын адамның уўайымы түсип еди:

— Оны өзимизге қоя бериң, — деди Елекең қәпелимде. — Бурынғы ислеген жеримде үш жыл движок айдадым. Анаў „Елочка“ дегениңниң бузылған жери болса да . . .

— Ҳаў, сонда достым-аў, азанлы берли бизге бир қол-қабыс етсең болмай ма?! — деп әжепленди Жаңабай. — Ҳаў, темир көрсекғо, бизлердиң тутанағымыз тутып қалады!

— Биреўдиң ислеп атырған исине аралассаң, жора, екиниң биринде қырсықтырып аласаң. . .

— Оның да жөн, — деп дайым мақуллады. — Биреўлер „ал, онда, өзиң ислей ғой,“ деп, ҳайт қояды. Сеники дурыс, Елмуратжан, исиме кисиниң араласа бергенин өзим жақтырмайман, әйтеўир. Не де болса, ма-



www.ziyouz.com kutubxonasi

манның иргемизден табылғаны мақул болды. Енди пәкизе...

— Енди пәкизе, Меңлибай ағамыз приказ әкеп берсе, ертеңнен баслап кирисе беремиз...

— Приказда турған гәп жоқ. Мынаў өзиңдей Мақсет приказсыз-ақ...

— Приказы бар, бунның, — Меңлибай аға гәпти бөлди: — Приказсыз қалай болады, жуўапкершилик деген бар, стаж деген керек, адамға. Оның бержағында айлық-пайлық дегени...

— Әне-әне, Меңлибай аға жаңа киятыр, әңгиме соянғында бунның — деп шырп ете қалды Елекең. — Маған айлығын төлесин, сирә, приказын аржағына қоя қойсын!

— Сен, жора, өйтип, — әне, аўызына тийип алды, енди Жаңабайдың қызыўын көр: — қара геллеңниң ғамын ойлай берме. Өйтип есапқа қаша берсең, байыў деген дым аңсат. Азаннан қара кешке шекем қара майға былғанып жүремен. Алатуғыным жүз жигирма манат. Мен де жилли емеспен, соған қайыл болып ислеп жүрмен, — деп, тикленип отырды; — Енди бар ғой, байыйын десем, бир жылда ходқа кетиў қолымнан келеди. Қалай дейсең ғой, я? Совхоз орайынан бир шақырым қашықлайман да он еки сотих жерге сетка керип, таўық асырайман. Инкубатордан алсаң, мың шөжең гөр болмайды. Бес жүзи-ақ келе болсын, жүзин қораз деп-ақ қояйық, оқурақым қораз шықпайды-ҳәм, сонда төрт жүз мәйек аламан. Он тийиннан есапла, қырық манат. Он манатын өзлери жесин, отыз манаты гәрданға урылады. Қалаберди, не көп, бир гектар партаўды сүрип таслап, тары егип алыўға да болады. Буған мениң нәрсе уақтым да кетпейди, тәлли-пәлли менен сегиз сaатты гаражда санап беремен де, басқа ўақытта „бара бер жайына“ деймен. Таўығыма қарайман. Әне, сөйтсем байыўа болмай ма?!

— Әлбетте, болады! Неге сөйтпей жүрсең?

— Мен өйтпеймен, — дейди Жаңабай басын шайқап. — Өйткеннен өлгеним жақсы!

— Ҳа, о неге?! — дейди күлип Меңлибай аға. — Өлетуғын болсаң байымай-ақ қой, ғоншым.

— Әңгиме, мениң байыўымда емес, аға, — деп Меңлибай ағаның дизесин шаппатлап сөйлейди Жаңабай: Әңгиме, халық пенен қатар болыўда-а! Мына ғарры,



www.ziyouz.com kutubxonasi

болмаса, — бизиң дайымды қоқырайтажақ: — мың түп ақ терек шаншып, шеңгел менен қыспалап, пәкизе ҳәўизди қаздырып, саясында жатып, кемпирине аяғын уўқалатыўды билмей ме?! Мың түп ақ терек бес жылдан соң он мың манат ақшаға, ағажан-аў, пенсиясы тағы бар. Сонда бул ақымақ па?! Жа-ақ, — басын шайқайды: — Ақымақ емес. Адам болып дүньяға шыққаннан кейин қатарына қараўың керек, солар не қылса соны ислеўиң керек. Журт байыса, байы, аш болса, аш бол, тоқ болса тоқ, қалай айтаман, ата?

— Дурыс айтасаң, балам. Гәпиңде жан бар. . .

— Мәселемкиден, — оннан сайын шулғынады Жанабай: — Сизиң, Меңлибай аға, фермаңыз байыса, совхоз байыйды. Совхоз байыса, улыўма Қарақалпақстан байыйды, ол байыса Өзбекстан, Өзбектстан байыса, СССР! Әне, — бармағын шошайтады: — қалай байыў керек екен! Ал, СССР байыса, бизге не жетпейди дейсиз, бәри де жетеди. Жоллар да асфальтланады, ҳәр биримиздиң машинамыз да болады. Бәри де болады, болмайтуғын нәрсе жоқ. Мен буны сизлерге жалпақлап түсиндирип атырман. Политэкономияның тили менен айтсам, таң атқанша да түсиндире алмайман. Қуй, аға, анаўыңнан. Дәртти басайық. Әне-е, Елмурат жора-а, сөйтип байыў керек, байығанда. Қуры тышқандай көрингенди инине тартып, бир өзиң байыған менен бурынғының байларынан парқың болмай қалады. Сонлықтан бйз совхоздың анаў-мынаўын ислеп таслағанымыз ушын бухгалтерге „шырўаныңды сана" дей бермеймиз. Болмаса, сегиз саат ғана ислеўимиз керек, кимниң ҳақысы бар ярым ақшамда да бизди жумсай бериўине?! Ҳеш кимниң ҳақысы жоқ, бирақ, ислеў керек, жумыс та, совхоз да өзимиздики. . . Ойбо-ой, көп сөйлеп жибердим бе?! Сөйлемесем, болмай баратыр-аў! Бағана движокти әкелгенимде мына Ҳайтмурат атамның баладай қуўанғанын көрип қуўанып қалдым. Ырасында, бул оғыры қуўандыратуғын нәрсе емес. Бул нәрсе, қашшан-ақ болыўы керек еди. Россия жақларда, билесиз бе, маллар қысы-жазы ырасс тас гербиштен өрилген типовой қораларда сақланады. Суў, жем бериў, от салыў, бәри автоматласқан. Шопан азанда қараўылдан малын санап аладыдағы, кеште санап әкелип тапсырады. Ойлап қарасаң, бир ҳәзлик! Малыңды қамап, азанға шекем меншик машинаң менен қаладағы



www.ziyouz.com kutubxonasi

әмекиң бар ма, қыдырып қайта бересең, азанда тағы малыңды айдап, ысқырып шыға бересең! Сол жағдай бизде неге жоқ, — деп алақанын өкшейди: — Бизиң сыйырлар да сонындай сыйырлар-ғо, жәниўарлар, Россияда туўылмай Қарақалпақстанда туўылғаны ушын гүналы ма олар?! Жа-ақ, гүналы емес, оған бизлер гүналымыз, жағдай дүзип бере алмай атырмыз. Оннан кейин, олар да гөштен, сүттен жалшытпай атыр...

— Арық мал не беретуғын еди? Сен соны бир апкомға барып айтпаймысаң?! — Дайымның дийдинен жаңа шығып киятыр: — Не беретуғын еди, гөш планға тапсырсаң, бир семиздиң орынына еки арықты тапсырасаң. Әндийшеси, көбейтиўдиң орнына, қырғынға берип боламыз. Бағып-жағып, үшеўдиң орнына екеўди тапсырып план орынлағанда бизди дәў ура ма?! Әне, сонда бириң еки болады, сонда мал көбейеди, сонда совхоз байыйды. Сокараларын бир айтыў керек екен, апкомға. Жағдай туўғызсын, ақыры...

— Оның пайдасы шамалы, ақсақал, — Жаңабай басын шайқады: — Оны обком ислеп бермейди, өзлеримиз ислеўимиз керек...

— Қалай? — Сәрсенбайға жан питти: — Қалай ислеймиз, соны айт, енди?

— Қалай дейсең бе? — Ийегин көтерди Жаңабай: — Механизмди көбейте бериўимиз керек, көбейте бериўимиз керек. Билдиң бе — Бармағын шошайтты: — Келгенин келгендей атызға айдап, партаў аштырып, мәккке ме, ләблеби ме, жоңышқа ма, еге бериў керек. Буның бәри от жемниң ийт муты болыўына алып келеди. Көбиси өзимизден питеди. Сонда бизлер Бируниййдан сатып алып тасыған жемимиздиң пулына қоракөпсымызды питкеремиз, пул болса қораларды да механизациялаў қыйын емес. Сен оны айтып отырсаң, пул көп болса бар ғой, гербиш қуятуғын машина да сатып алыўға болады, қумбыз да салыўға болады...

— Уай, ғошшым-аў, тил менен айтсаң, бәриде аңсат...

— Әне-әне, — дайым Меңлибай ағаға бармағын шошайтты: — Ферманың ҳәкими сен сөй деп отырғанда кимниң басы айналады?! Алды менен усы нәрселерди айтып, сениң даддап шығыўың керек.

— Яқшы, биз сөйтемиз, дейик, Ҳайтмурат аға, — бригадир өңменин алға созды: — Қол қайда соған, қол?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди Жаңабай жеделленди:

— Қол ма? Қол ба-ар. Мине, мәселемкиден, айтайық, ҳәзир майдалап түсиндиремен, гәпимди болмай турың сиз, — деп, алақанын тосты Мәкеңе: — Мине, енди сизиң ферма қол менен саўылмайды. Соннан неше адам аўысады.

— Бес хаял аўысады, олар...

— Ҳәр тараўдан бес адам сөйтип аўысып бара бермей ме, ақыры?! Сенакослар көбейсе, орақшылық дегениң баспукил қаладығо! Комплекске өтсек, қоралар типовой болып, механизм менен тазаланатуғын болса, маллар қысында қудықтың басындағы наўаға айдап апарылып емес, турған жеринде автопоилник пенен суўғарылса, он адамның жумысын бир адам ислейдиғо, қалған тоғызы қол емес. пе, яшуллы-ы?! Сөйтип әлпешлегенде мал семирмей ме, семиз мал тас баспай ма, бас саны сонда артпаймекен, яшуллы-ы?! Совхоз сонда байымай ма, толық механизмге өтсек, яшуллы-ы?!..

— Енди, ғошшым, өйтип бизге қол шошайтып, гегирдекти соза бермесе, ғошшым...

— Мен қайтейин,—дейди Жаңабай еки алақанын еки жаққа жайып:—Өзиңиз қыздыра бересиз, адамды...

— Айтпа демеймен ғой, бирақ иретли жеринде айтқан..,

— Иретли жеринде де айтып киятырман. Февральдағы жыйналыста усыны айтпадым ба? Сонда сиз де бар едиңизго, неге қуўатлап шыға қоймадыңыз. Қуры „пәлен етемиз, төлен етемиз", деп, миннетлемени арқаладыңыз да, түстиңиз минберден. Обкомның адамы да сизди тәўир көрип қалды...

— Бул еле сөйтип те жүр ме?!—Дайым тап бир баласына кейий жақтай түрин суўытып алды:—Ҳа, усындай төрели гәпти неге қуўатламадың, ақыры! Мен ғой мына гөрғумырашылықтан шығып, сондай нәҳәнлер барған жыйналысқа табанымды тийгизе алмай жүрмен ғой, пай, әттегене-ай! Я өзиң барып айтысып-шертисип пайыңды ала алмайсаң, я бунда өзиң мал бағып қалып, бизди жибермейсең?!

— Мен қайтейин, аға, шақырғаннан соң барамандағы!—деп шынын айтты Мәкең.—Шақырса сизди-ақ жибере қояр едим, бақпай жүрген малымыз ба.

— Яқ, бар. барма демеймен, айтдағы жаңағыдай нәрселерди жаны бар кисидей...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Айтайын деп-ақ бараман-аў...

— Неге айтпайсаң, сонда?!

— Яшуллылар кеңсесине шақырып алып, „ал, енди, сырттан адам бар. Былай-былай болмасын“ дейди. ақыры тоты қустай үйреткенин айтып, өте шығамыз, иймандай шыным, несин жасырайын, ағажан-аў, сеннен!

— Ҳимм, өзимди өзим қурытып жүрмен десең-ә онда!

— Директордың бир айтып жиберген тапсырмасы бар еди.—деди Жаңабай Меңлибай ағаны дыққатлап. Әңгимениң бурылып кеткенин тилеп отырған бригадир „айтабер“ дегендей ишарат билдирип, шығанағын көпшикке тиредидағы, алақанына ийегин қойып, гегирдегин созыңқырап отырды:

— Азанда жүрейин деп атырғанымызда зинҳарлап қалып еди. Сол жыйналыста усы быйыл пәлен тонна гөш тапсыраман деп ўәде еткен екенсиз. Соның алты тоннасын тирилей айдап әкелип, усы ҳәптеден қалдырмай тапсырып кетсин деп атыр. Бизден ўазыйпа кешти, еситпедим демейсиз...

Дайым Меңлибай ағаға қарап, „жыланның шымшық дуўалағанындай“ тесирейди де қалды. Оған көзи түсип кеткен Меңлибай аға төмен буғып күле берди. Неге күлип отырғанын менин менен Елекең екеўимиз билемиз. Анаў екеўи түўе дайымның өзи де жөнли түсинбейтуғын қусайды. Орнынан өрре турып, исинип, бармағын шошайтты:

— Гөриңе күлесең бе, ақымақ!—Сөйдеди де шығып кетти.

Қара үйдиң иши, неге екенин қәйдем, тым-тырыс бола қалды...

## 11.

„Ал, ғошшым, Мақсет! Бизиң оқыў питти. Ағаң жаман сүўретши болып шықпаса керек. Диплом жумысымды бундағы атақлы сүўретшилер шыңға шығарып жиберди. Хабарың бар, бурын портрет жаза беретуғын едим ғой. „Шопан сағынышлары“ да портрет. Жатақ жайымда сулыў-сулыў қызлардын портретинен пүткил бир галлареясы тур. Барғаннан кейин көресең. Жақында жас сүўретшилердиң көргизбеси болды. Меннен де бар еди. Апрельде барғанымда, дайымлар айтқан шығар, „Гүмис көл таң алдында“, деген картина жа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зып кеткенмен. Әлбетте, онда шалалаў еди. Бул жаққа келгеннен соң жүзикке қас қондыратуғын зергердей шуқшыйып отырып қайта иследим, басында питкере қойғанымда бундай қыйынға түспейтуғын еди, ғошшым. Түсинбейсең ғой, бәри бир, бунын саған неси қызық, айта берейин десем, биринши класстың баласына „Пифагор теоремасына түсинесең бе?" дегендей бола жақ. Ал, енди, буны сени қуўансын, қуўанышыма ортақлассын деп айтып отырман. Сол жумысым, усы ўақытқа шекемги мийнетимниң ағласы қусайды. Бирақ, кемшилигин ишим сезеди, критиклер де сырттан айналып жүр, ада-жуда дүзетип алғанша, буны еле ҳеш кимге айтпайман. Тек жалғыз иним болғанлықтан, өзиңе айтып атырмандағы! Болмаса, мен де яман баламан, ғошшым! (Ҳәзилим ғой). Енди соны көрген критиклер де, муғаллимлеримиз де, кәсиплеслеримиз де: „сен өзиңди өзиң таба алмай жүр екенсен ғой! Сен портретши емессең. нағыз живопись салатуғын сүўретшисең ғой!" дей береди. Адамнын тек ғана жәмийеттен орынын табыў емес, өзин-өзи табыўдың машақатын қара сен! Сонша ўақыт сүўрет салып жүрип, өзимниң қай жанрға уқыбымның барын билмегенмен, өзимди өзим таба алмай, қазықты айланып, шаўа бергенмен-ә! Бәлким бир етик майшы талантлы актер, я аспаз шығар. Сол бала гезинен өзин өзи таба алмағанлықтан, етик майшы болып кеткен шығар, бәри бир, ол етик майшы ғана болып қалады, ҳеш қашан да етикти өзи тиге алмайды, себеби, онда оған уқып жоқ едидағы, ақыры! Ол, актерлыққа, ямаса, аспазлыққа уқыплы еди, ол әтираплардан өзин излеп көрмеди, ақыры етик майшы, онда да талантсыз етик майшы болып қалды. Буны айтып отырғанымның себеби бар. Сен, мине, әскерликтен келип, турмысқа жаңа араласып атырсаң. Бурынғы мал баққанларынды, жылқыманшылығыңды „ақыл тәрезисине салып ислеген талабың" деп айта алмайман. Себеби, сен ол ўақытта жас едиң, бала един. Мине, енди әскерликти питирип келген, дырдай жигит болдын. Жәмийеттен өзиңниң орыныңды өзиң излеп көр. Тек ғана мал бағыўға талантың бармекен, ямаса оннан да басқа бир нәрсеге күшли талант бойында жасырынып жатырмекен? Бәлким, мениң емес, сениң сүўретши болыўын, мениң мал бағыўым керек шығар? Буны мысал ушын айтып атырмандағы. Болмаса сүўретшиликке көп оқыў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дың, жастан шуғылланыўдың кереклигин билемен ғой! Гәптиң тоқ етери. өзиңди өзин таўып алдың ба, жоқпа? Соны сорамақшы едим, Буннан кешиге берсең, соң өкинетуғын боласаң. Пока не поздно, өзиңди өзиң табыўың керек. Быйыл ТашГуды Емберген деген бала питкерди, хабарың бар шығар, қосықлары газеталарда жийи-жийи шығып турады. Жазғанда да ойып жазады. Сол не қылған десе! Физика факультетине кирип қойып, бес жыл дәўамына жығылып-сүринип, үш пенен зорға питкерип шықты. Әне, сол әдептен өзин таба алмай қалған. Журналистикаға, я өзимиздеги тил әдебият факультетине түскендеғо, отлично оқыр еди, қосықты буннан да бетер уқшатып жазар еди. Енди талантсыз, сайыз физик болып шықты, тағы оқыйын десе, өмир өтип баратыр, оның үстине, оңысығы да ебиндей екен. Оқымайын десе, әдебияттан да билими сайыз. Тек тәсир менен, көкиректиң бир минутлық ҳәўлириўи менен жазыла берген қосық та алысқа қанат қақпайды. Енди өз бармағын өзи тислеп жүр. Барғаннан соң таныстыраман. Әне. иним, усының бәри әзелбастан өзинен өзиң излеп көрмегенликтен. Қай кәсипте адамзатқа пайдаң көбирек тийеди, усы бастан сояқларын ойлан. Енди жас емессең, қуўатым.

Анаў күнги хатымда „жақында барып қаларман" деген едим ғой, жуўап та қайтармадың. Үлкен әўлие кешўирмели болады, ўақыт таба алмай жүрген шығарсаң. Жайлаўдың турмысын билемен ғой, кеўилиме аўыр алып атырғаным жоқ.

Мени: „жақында келеди" деп күтпей-ақ қойың. Үш айлық әскерий ойынға шақырылып атырман. Соның ушын бурынғы адресиме хат та жазбай тур, қай жерге барып жер тепсинетуғынымды еле өзим де билмеймен. Барар жериме барғаннан соң өзим бир „гөкек" беремен.

Дайыма, кишкене, еки „текеге" меннен дуўай-дуўай сәлем дегейсең. Мен болып, Меңлибай ағаның қолынан алып қой, келиншеги жас босанды ма, нели болды?

Ойбой, көп-сөйлеп жибердим ғой, енди болар. „Шопан сағынышларын" анаў теңтеклер таласып жүрип, жыртып коймасын. Ол еле маған керек.

Сени сағынғаннан гүзги жапырақтай сарғайып жүрмен. Үш ай да өте коймас, үш жылдай созылар еле!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дийдар көриспек несийп ете берсин. Хош, саў бол.
Туўысқанлық сәлем менен жалғыз ағаң Мурат.

„Ташкент. 1963—жыл".

— Ал, енди ғошшым, хатыңды оқып болған болсаң...

— Мурат „мен болып, Меңлибай ағаның қолынан ал", депти.

— Ўа—ай, азамма-ат!—деп қолын созды көпшикти омыраўлап атырған Меңлибай аға.—Саламат болсын, тағы не депти?

— Кишемди „ул туўған жоқ па??"—деп жазыпты...

— Оқып жибер. „маған усай ма?" деп сорамап па, ўа ха-ха...

— Отыр-шәй, аўызыңа бир тийип алса, сондайың бар!—Қамыр ийлеп отырған жеңгей алакөзленди:—Мырзағаға „кишең егиз ул туўды, тойын саған қаратып қойыппыз" деп жаза ғой. Буның гәпин қой, директордан қысқы жеп шығып, дүканнан ишкени аздай бажбан құрдастикинен де қағып, атының жалын құшақлап, зорға жетти. Еле де уйқылап, келе болғанының үстине келип отырсаң...

— Ал, енди ғошшым, қатын деген сөйлей береди. Хатыңды оқып болған болсаң...

— Почталық еткениңиз ушын бир рахмет айтып алайық, аға,—дедим мен басқа гәп баслап жиберейин деп турғанын сезип:—Баяғыда биреў „жылаўға рухсат етиң, жигитлер" деген екен. Рахмет айтыўға...

— Рахмет айтсаң айтдағы, адам бендесин жылатпасын, ғошшым. Хатыңды оқып болған болсаң, шалбарыңның бөксесиндеги қалтаға бүклеп тық та, бизден гәп тыңла?

— Қулағым сизде, яшуллы?

— Көкирегиңди де бизге берип отыр, ғошшым. Болмаса, зейниң илмей қалады. Кеше сүтке келген Сәрсенбайдан директор ағамыз „бир аяғы" „Қолтық көлде" болса, бир аяғы кеңсениң басқалдағында болсын" деген екен. Пәндиў-нәсиятым, басың жас, өзиңнен зор менен шайқассаң, толыңды төгип, ортаңды шайпап аласаң. Соны билген ағанда жан бар ма! Азанда сени өриске жибере берип атланды жигитин. Бардық, барғанда да азап айдап бардық, „Өзиң айдап келдиң бе, я изинде биреў айдап киятыр ма?" деди. „Нени болатуғын еди, арестант айдап кел деп, саған сирә



www.ziyouz.com kutubxonasi

да айтпаймыз, малды-дә! Не, түсинбей турсаң ба! Я сени де няншит етиў керек пе?!" дейди. „Түсинип турман" дедим. Бирақ, „няншийтине" олла түсингеним жоқ, бирақ билемен, маған „қарағым" деп турған жоқ. Жаман сөз айтып атыр. Тағы бир нәрсе десем, алдындағы сыя дәўетти шоршытып, столды жудырықлайтуғың түри бар. Ҳайтмурат ағаның айтқанын айттым: „Маллар арық", дедим. „Арық болса нега семиртпедиң, қысы менен ылақ болса қулағың жалпылдап қайда журсең, неге семиртпедиң, ҳа?!" дейди маған. „Дабай парткомға түсиник хат жаз, мәселеңди қараймыз" дейди маған. Усы, ашыўымның келгенлиги соншелли, арзамды жазып таслап кете қояйын деп едим. Мениң мына маңлайыма,—жудырық пенен былш еттирип:—кешеги уштьт-күйди жоқ болған алты пышаққа жарағыр сор болды! Ферманы тапсырып келип қалсам. алты мал кем шықса, кимди тута беремен, ғошшым-аў! Алты жыл мойынымызда тур-ғо; Со жөнлерин өзиң дайыңа түсиндирип көр, ғошшым. Мениң сөзимди өре бастырмайды. Жатқан жыланның қуйрығын баспайық, есиң бар баласаң-ғо, баспақ-саспақ алып, олқысын толтырғанша, үстимизге ҳәким әкелмей турайық...

— Иийй, сөйткениңиз жөн ғой,—жеңгей қамыр мушлап отырып аяньшлы түрде мақуллады:—келген адам жөнине кетер дейсең бе? Акт-пакт дүзип кетип, ол пуркуралға өтип кетип жүрсе, шермеңдешилиги...

— Соның ушын, ғошшым, пәкизе „қолда бары усы, яшуллы" деп, арық болса, не қыламыз пададан алып жигирмалаған бойдақты тапсыра қояйық десем, мына өжет дайың қылмай атыр, „Мен не, гөш планға санымнан кесип тапсыраман ба?! Ертең әкеп тапсырмасаң, өкпелеме!" деп столын дүкилдетип қалды директор. Биз ҳәм ўәде берип өттик, „шопаным бағынбай отыр" деп, қалай айтайын, ғошшым?! Кәне, не қыламыз? Мал сениң атыңда.

— Дайым менен тағы бир сөйлесип көрмейсиз бе?

— Әй, жағ-ә,—деп басын шайқады.—Енди сөйлессем, қаным қызып кетеди. Қалаберди, мал сениң мойнында...

— Олай деп, яшуллы, „жигирма бойдақты санап бер, мал сениң мойнында. Дайыңның меннен мал қарызы жоқ," дейтуғын болсаңыз, онда бизди үй менен аразластырасыз. Қалаберди, сонша жыл мийнет еткен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ақ көкирек, усы ҳүкиметтиң пайдасынан басқаны ойламаған биреўдиң зейинине тийип, кэйтип малға қарағысыз етесиз...

— Онда не қылайын? Сизлерди аразласпасын деп, директор менен мен аразласып, мәселемди қаратайын ба?!

— Қаратсаңыз қаратың.

— О неге?!

— Шамаңызды билмей ўәдени бере берген өзиңиз!

— Әне, әне, буларға бир нәрсе десең, ҳәррениң уясына тийгендей боласаң! Усы алдыңыздағы мал ҳүкиметтики ме, я меншигиңиз бе?

— Ҳүкиметтики...

— Ҳүкиметтики болса, бериң-дә ийеси сорағанда!

Мен айтыўға гәп таппай исинип шығып кеттим. Ырасында да айтып отырғаны дурыс еди. Не ҳақымыз бар ҳүкиметтиң малында?!

Дайыма ашыўланып келип айттым. Ол, бурын-соңлы болып көрмеген бир сабырлылық пенен гәпимди тыңлап:

— Журт айта береди, балам,—деди нәрсе ашыўланбастан:—Усы савхоз қуралмасынан бурын усы кәрада барман. Усы савхоз қуралғалы бригад түўе, талай директорларың қолғаптай аўысты. Бирақ, еле мен аўмасқан жоқпанғо! Еле де мени ҳеш ким қуўа алмайды, мал ҳүкиметтики болса, мен сол ҳүкиметтиң пайдасын ойлағанлықтан қырғынға бермей отырман. Меңлибайдың әкеси келсе де беретуғын мал ғой, мал, қотыр ылағым жоқ. Мал керек болса, директордың өзи келсин, айтып қалатуғын әңгимем бар, сонда да лықлыққа турмаса, онда көре берермиздағы. Анаў жойтылған малларды да орнына елеберин қоспайман. Қасқыр жеген болса, сүйеги шығар еди. Алты малды бирден урлайтуғын қай қудай! Табылады, ҳеш қайда да кеткен жоқ, бир жерлерден ийиси шықпай қоймайды. Пәкизе, жат та демиңди ал. Азанда ерте турасаң. Меңлибай менен сөйлесиў болса, ояғын тәңирдиң таңы атса өзим билемен. Тағы не хабар таўып келипти?

— Мураттан хат әкелди...

— Оқыдың ба, не депти?

— Сәлем айтып атыр ҳәммеңизге...

— Саламат болсын, аман жүрсе болар, әйтеўир. Ҳәй. кемпир, түрге, Муратжаннан хат келипти,—деп, жатып қалған жеңгемди жулқылады.—Түрге.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Муратжанна-ан!—деди жеңгем қыйсайып кеткен жаўлығын дүзестире түгеле берип:—Әйтеўир де бүгин қуўанар қабағым тарта берип еди-аў! Аманбекен, әйтеўир, көптен бери хат тыйылғанға, апырмай, бала, не болды екен деп жүр едим. Ҳе, гәп сеники?

— Сәлем айтып атыр..

— Қарағым-аў, саламат болсын! Балаларды оятайын ба?

— Жақ. ертең еситер,—деди дайым.—Ал енди, қашан келетуғын болыпты? Қайтыўға пул сорамап па?

— Пулдың кереги жоқ оған...

— Не дейди?!—дайым мени „қырсығып отырға“ жорыды ма, таңланған пишинде алға еңтерилип, шулғына сөйледи:—„Үйиңнен қырық адым шықсаң, мүсәпирсең“. Бир тыйының болмаса дүкән шырпы бермейди...

— Әскерликке алынған қусайды...

— Не дей-ди?! — Екеўин бирден лықлық тутқандай болды:—әскерлиги неси?! „Жасым өтип кетти, алмайды“ деп жүргени қайда?!

— Үш жыллық емес, үш айлық әскерликке...

— Сен еле де жөнлеп оқыңқырап қара!—деди маған бармағын шошайтып.—Үш айлық әрмия болмайды. Өзлеримиз бес жылда зорға елге қайттық. Шала оқып отырған болма?

Мен сондай әскерий ойынның болатуғынын майдалап. түсиндиргеннен соң жадыраса баслады:

— Онда шүкирим көп-аў, өзлеримиз бир көрмеге зар болып отырғанда үш жыллыққа қақтымекен деп едим!—деди жеңгем. Дайым малақайының ишинен тақыясын суўырып алып, шашы жумақтай ағарған басына қыстырды да шулғынды:

— Сен енди оған былай деп жаз?—Бармағын шошайтты: „аўыл-ел, үйдиң иши, тегис аман-есен отыр, саған сәлем айтып атыр“ де. Кешеги орысша гәзийттен биреўин таўып бизиң сүўретти қыйып алып, кәнўәртиңниң ишине салып жибер, дайысын сағынып жүрген шығар. Тағы бир гәп бар: „Сен келемен дегенше отаўыңды даңғырлатып қоямыз. Дайым қашшан үйши аўылға барып, сүйегин буйыртып қайтты, жеңгем үзигине жүн түтип атыр“, де. Оның менен өтирик сөйлеген болмаймыз. Шырағымның келиўине я бир гүмбирлеген ақ отаў сатып аламандағы, я үй соқтыраман. Кемпир, сен кийизди қой. Үзикке түниң жете ме?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жүн көп ғой, қудай-аў!

— Онда үй сатып алсақпекен, я үй буйыртсақпекен?

— Сатып алғаны қалай?—Жеңгем шаншыўланды:— Шаңарағымыздан жаңа бир шаңарақ тикленейин деп атыр. Оған кисиниң тутылған үйин алып! Дым түсинбейсең-аў, ғарры! Жаңадан көтерейик-дә шаңарақты?

— Баўракәлләә!—деп күлди дайым селдир сақалын тарраш лай берип:—Еле оны-буны ойлағандай миййиң қалған екен, ғошшым. Биз ояғына ой жуўыртпаппыз. Елмураттың жайлаўдан жоғалған отаўы жоқтан бинә болып, қайтадан көтерилсин десең-ә!

— Ҳимм, баў-шүўын, басқурын да кисиден алмайман, өзим тоқыйман,—деп, жеңгем жеделленди.—Қартайғанда өнеримди бир шығарып берейин, нем бар Муратжаннан аярлық?!

Дайымның да, мениң де жаңа ғана жабырқаған кеўилимиз жадырасып сала берди. Бизиң ағамның жығылған шаңарағы жаңадан көтериле жақ, туўылған жеринде көтериле жақ! Бул, мени әлбетте, қуўандырарлық жағдай еди. Алдымда отырған мына еки бийгүна, көкиреклери гирбиңсиз алагөлекке ыразы бола бердим, бола бердим. Лийкин, „қой ноғайда, сипсе, тоғайда" еди. Ким билсин, Мураттың еле өз ығбалын қайдан излеп көретуғынын?!

## 12.

Меңлибай аға совхозға соңғы барып келгели бери дым үндемейтуғын болып қалды. Шамасы, басшылардан қатты тис жесе керек.

Дайым да оның уўысына ене қоймады, қайта оннан бетер ҳәрре көзлениңкиреп қарайды.

Биреўдиң биреў менен иси жоқ, биз мал бағып кете беремиздағы. дайым күни менен қора тазалайды, қорасының кеткен жери болса питестирип, өйтип-буйтип, үйдиң дөгерегинде түрткишленип қалады. Жумысын бир қара көрсеткеннен соң, атын ерлеп, қаршығасын қолына қондырып, қус салыўға кететуғын әдетти шығарды. Бул әдети бурын жоқ еди, „Үйши аўыл"ға үй буйыртыўға барғанда өзиндей бир қусшы ғаррыға тап болыпты. Соннан бери буған тыным жоқ. Қолы саўа болса я ол келедидағы я бул барады.

Бунысы да шеп болып турған жоқ, қоян қырғаўыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дан оқып қалдық. Ҳәўесекке демесек, бурынғыдай сур гөшке пернени баса бермеймиз.

„Жақында қус салыўға сени де үйретип жиберемен. Изиме ерип, бир шықсаң болды, илип ала қоясаң. Оннан соң қызығынан шыға алмайсаң. Ўақты-ўақты дем алыс алып, қус салып турасаң. Малды бир-еки күнге шекем өзим-ақ бағып турамандағы", дейди. Бундайда женгем ҳәзил етип: „Онда тағы алты малды жоққа санап қоя беремиздағы!" деп, дайымды бир алакөзлендирип алады да жым бола қояды.

Жеңгемниң де жумысы өзине боларлық еди. Бурынғыдай еки қолы сал болғанша сыйыр саўыў машақатынан қутылғаны менен анаў күнги жуўырып алған өрмегине мыйқыдай қонып алып, шыжғырған әптапқа тапланып, күни менен жулқынып, қылышты урып отырғаны, урып отынғаны.

Бундай өрмек тоқыў, басқур тоқыў жумысынан қашшан шығысып кеткен. Түни менен ғаррысына кебзесин уўқалатып, „аллаҳүйди" салып атырғаны. Түски чайын да парасаты менен отырып бир ирәҳәтленип ишкен емес, ылақ-пылақ-баспақ-саспақ үзип кетер деп, еки баласын күнге шыжғыртып, қараўылға қойғаны қойған. Усы мийнетлердиң, қәдирин, усы ықласларды Мурат биле қойса болар еди-аў, еле оннан „жайлаўда жасай аласаң ба??" деп, хат арқалы болса да сораған ҳеш ким болған жоқ. Сорайын десем, мына адамлардың ықыласын көрип жүргеннен кейин, „яқ" деп айтып салар деген ой менен мен де сорамайман, дурысырағы, сол сөзди айтып салса үйимизге күнинен бурын тоқсан түсип, суўытып таслайтуғындай, сол сөзди хаттан оқыўға да, еситиўге де қорқаман. Сонлықтан соңғы жазған хатымда отаў ҳаққында да, дайымның Муратқа нийетлеп алып қойған қаршығасы ҳаққында да гәп қозғағаным жоқ, келип, биле берердағы!

Улыўма өмирдиң жёлиси жаман баратырған жоқ еди. Тек мына дайым менен Меңлибай аға арасындағы сирескен сең жөн алмай, салқынын салып, берекетимизди қашырып тур. Дайым да көк өжет, айтқанынан қайта киймайды: „не қылады ҳүкиметтикин ҳүкиметке бермей?!" Мен де, жеңгем де тәуелле салып атырмыз,—„жа—ақ, өзим билемен тапсыратуғын ўақтымды, сизлер, пәкизе жумысыңыз бенен бола бериң, мениң шатағыма араласпаң!" дейди. Оннан ары қазбарлай



www.ziyouz.com kutubxonasi

берсек, кейис еситетуғынымызды билгеннен соң, бизлер де ақыры үндегенди қойдық, қоймай не қыласаң!

Хеш жерде хеш нәрсе жоқ, дайымнан кейисти еситип-еситип, Меңлибай ағаның өтирикли-ыраслы күле бергенин көргим келмейтуғын еди. Себеби, өзим жөгисиреп күлгенди келистире де алмайман, жақтырмайман да. Енди маған сол күлки керек еди, ауылымызда шошайған үш-төрт шаңарақтың адамлары сол күлкини сағынып жүргендей көринетуғын еди. Бурынғыдай, ғаррыдан гәп еситсе, бир жақларға кетип те қалмайды, „қолыңнан келгенин қыл" дегендей, қайта сурланыңқырап қарайды. Бирақ. бала-шаға арасында қасық—табақ қатынасып туратуғын еди.

Еки күнликте сүтке келген Сәрсенбай: „Ә, Мақсет, Мәкең көринбейди, ғой, не қылды, аман қутылды ма екен?" деп сорады. Мен анаў жоғалған малдың патырағы шықты ма, деп, хаўлыққан едим.

— Азанда кеңсеге барып едим,—деди Сәрсенбай.— Дағаза жазып қыстырыпты. Меңлибай ағаның иси бүгинги үште бюрода қаралыўы керек еди ғой, не шатағы бар, билмедиң бе?

— Билмеймен,—дедим мен еки ийинимди бирден қунжыйтып.—Еле өзи келген жоқ.

Бирақ, билгенде жақсы билетуғын едим. Дайымның қырсықлығы оны көпшиликтиң арасында жалаңбасландырып қойған болыўы итимал. Мына хабар маған алты малдың патыратынан да қатты тийди. Биреў ушын биреў жәбир көре берсе қыйындағы!

Сәрсенбай кеткеннен соң, көп узамай үйге Меңлибай ағаның зайыбы келип:

— Сен, бала, келип кет,—деди. Сыртқа шықсам, дайым анаў жақта түтинлик салып, жеңгем баспақ қора бетте жүр екен. Хаял сынық даўысқа салып—Ағаңды аттан түсирсип кет,—дедидағы үйине бетледи.

Онысыз да ай жап-жақты. Хәр үйдиң алдына көмилген узын бақандағы алмурттай үш лампочка әтирапқа нур төгип турар еди. Меңлибай ағаның торысы да тап сол шырақ жанған бақанның түбинде бизлерге қулағын қайшылайды.

— Не басыңа күн туўды екен!—деп, тоңқылданды жеңгей мыс зәңгиден күйеўиниң аяғын шығарып атырып:—Бир жерде қулап қалмағанын айта бер. Қасқыр жеп, әлле... Хаў, сен бетгеги топлыйы бар ма?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бар,—дедим мен жигиттиң бауы байланбаған, шылт жаңа туфлийин суўырып ала берип:—Сиз беттегиси жоқ па?!

— Жигирма сегиз манатқа кешеги ғана автолавкадан алғанын қайтерсең!—деп қайысты ҳаял жууап орнына.—Еле бунның басындағы малақайы да жоқ! Күйдим, күйдим! Бунның дәртинен күйдим!

„Шағалдың ойыншыл күшиклери алып кетип, тоз-тозын шығармаса табылар-аў!“ деп. жубатқан болдым. Меңлибай ағаның болар-болмас самал менен тозғып. аттың жалына араласып кеткен қарыстай қара шашын аттың алдыңғы аяғынан еспелеген тозаң басып қалыпты. Соған қарағанда „аттың жалын кушақлап, тәуир-ақ жерден келген-аў!“ деп, шамаладым. Қамыртурыштың ийисиндей ме, бир бәд ийис мурныма атқанына қарамастан салбырап атырған қолын ийығыма салдым да уймадан өгиздиң өлигин тартып атырғандай алдыма сүйреп кеттим. Ерден асырылып, төмен былық еткен арғы жақтағы аяғының салмағы ма, шоңқайтып отырғыза жазлап қалды. Зилдей екен, жеңгей аяқ жағынан демескенде де болатуғын еди, бирақ оның тоңқылдысы отаўдан шығып атыр еди. Екшеп алдым да, отаўдың есигине ентеледим. Жеңгей, әдеттегише, төсекти шеп жаққа салған екен. Күйеўи усындай сулық болып келсе, ҳәргиз, оң жаққа жатқармайды, ырымшыл, „бир бәле болып қала ма“ деп қорқады.

Мең жөнлеп жатқарып көлигин жайғастырдым да үйге кеттим. Бирақ, кеткенде де ишим ғымлап кеттим. „Бизлердиң себебимизден бир жаза алған екен, „соның дәртине шыдамай...“ деген ой, дайым менен урыстырғысы келди де турды. Лийкин, мен ондай жел өкпелерден емес едим, сабырлылыққа түйеден де бетермен, урыспадым.

Ертеңине азанда азан менен қарасам, Меңлибай ағаның есигиниң алдында аты жоқ екен. „Хә, кешеги түсип қалған малақайы менен туфлийиниң сыңарын излеп кеткен екен ғой“, дедим де қойдым.

Бирақ, келеси күнлерде де оның басында сол жоғалған курма малақайын көре алмадым. Сатып алған ба, тиктирип алған ба, басында қара көлден тигилген қырпық малақай көринеди.

Бурынғысы да жан екен, дайым менен сөйлеспегени менен екеўимиз ўақты-ўақты тиллесип туратуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

едик. Оны да қойды, тек иретинде ис буйырады, болғаны. Өзи де күннен-күнге азып. андыздай сарғайып баратыр. Бир тамаша жери, соңғы бир—еки ҳәптениң ишинде арақ ишип келгенин көргеним жоқ, Огаўы жақтан күн болмағаны менен күн ара еситилип туратуғын жеңгейдиң:

— Усы Ерен бәжбан да қурымады, ширкин! Арақтың да заўытына от тиймеди!—деген айбарағы да пышақ кескендей тыйылып қалды.

Тағы бир тамаша жери, қысқа күнде қырық келип туратуғын жеңгей, бизиң үйге изеп баспайды. Ҳеш ким менен урысқан жоқ, қағысқан жоқ, оныки не екен, ҳайранман! Соның менен, балашаға, қасық-табақ арасындағы қатнасық та суўысып баратырғанға усады. Екеўин жарастырып жибererликтей төрелик Елмураттан да табылмайды. Сөйтермекен десек, қайта бизикинен гөре оныкине көбирек барғышлап, бизиң үйдиң жинин тырыстырады. Өзи үш үй болғанлықтан, еки үй аўыз жаласып кетсе, үшинши үйди дүзде қалғандай елеўретиў аңсат ис. Бурынлары жатарға таман, „ал енди, жата қойсаңыз, движокты өшире қояр едим, уйқым, келди“ деп, үйге кирип, дизесин бүгип, өтиниш: иретинде айтатуғын еди. Енди өйтпейди. Үйиниң қасынан:

— Жатып болдыңызларма-аа, өширеме-енн!—деп бақырады. Оның усейтетуғынынан хабардар жеңгем „сенсиз ҳәм атырған таңым!“ деп, күни бурын шыраларына май қуйып, моржаларын сыйырыстырып-сыпырыстырып қояды да, ол бақырмасынан бурын-ақ светти өширип таслайды. Күнде сөйте бергенликтен ол бизиң үйге қарап, керилип турып бақырғанды да қойды. Несине бақырады, миллети свети болса, жеңгемниң өзи-ақ өширип таслаған. Ал, Мәкеңдикине өйтип бақырмайды. үйине кирип айтады. Бунын бәри бизлерге жаман тәсирин тийгизер еди. Күнлердиң күнинде бизлер Елекеңди Мәкеңлерден қызғанатуғын едик. Усыннан Елекеңди өзимизге қаратып алсақ, бригадирдиң үйин „ак үйли“ ете алатуғындай туйылатуғын еди бизлерге. Лийкин, Елекең бизлер менен болыўды қәлемейтуғындай түр билдиретуғын еди. Бизиң үйге еситтириў, ушын-ақ Мәкеңниң үйинде арзымаған бир нәрсеге екеўи қыран күлки болып отыратуғын, бул күлки болса, бизлердиң үстимизден күлисип атырғандай сези-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лип, аявдай бақтатуғын, қалаберди, қан қызба, қыңыр дайымды қырсықтыра беретуғын еди.

Усы күнлери мен „адамның күни адам менен“, „адам—адам менен адам“ деген сөзлердиң мәнисин биринши мәртебе ойланып көрдим ҳәм жигирма жыл бир өзи бир атаўда жасаған Робинзон Крузоны бир нәрседей аяп кеттим. Бирақ, биз Круво емес едик. Қасымызда, жинимизди тырыстырып жүрсе де қоңсыларымыз бар, олардың бүйтип көп шыдай алмайтуғыны, қай ўақ бир ўақ бурынғыдай апақ-шапақ болып келетуғыны мәлим еди. Оның үстине, биз адам бара алмайтуғын атаўда жасамаймыз, күнде болмағаны менен күн ара гә сантехник, гә ветврач, гә маевкаға өтип баратырған биреўлер келе қояды. Сондайда мен ветврач қусағанлардан бизиң аўылдағы ақсақалларды жарастырып, „салқын урысқа“ тыйым салар-аў, деп тәмеленетуғынман, Бирақ: бәри қам тәме болып шыға береди. Буған себепши де дүңирейип жүрген еки адамның өзлери. Сырттан биреў келсе ҳеш қайсысы да сыр бермейди. Жаңағы адам кеткенше әжик-гүжик бола қалады, булардың қырын қарасып жүргенин билгенде жарастырып кетер едидағы. Қонақты екеўи бирден анандай жерге шекем қостанласып узатып салғаннан кейин бири-бирине ҳәрре көзленип бир қарасып алысады, үн қатыспайды, үн қатыспаса да бири бирин көзлери менен-ақ сөгиседи, сөйтеди де екеўи еки отаўға қарап, қыйсайысып кете береди. Усындайда ийшанның мурийдиндей жорғалап, Елекенниң бригадирге ергени маған жақпай қалады...

Аўылдағы усындай кеўилсизлик, майда-шүйде, өкпе-гийне мени суўыта баслады. Бул қарадағы өмир бәрҳама усылай өтетуғын болса, Мураттың айтқанындай „өзимди өзим басқа талаплардан“, мынаў аспан астындағы басқа бир мәканлардан излеп көриўим керек шығар? Бәлким, ояқлар бундай емес, адамларының да мақсетлери үлкен шығар, ойланатуғын ис...

## 13.

„Байтеректиң“ орта буўынлаў шақасынан қарап отырман. Пах, бир дүрмийин болғанда ма, анаў „Қолтық көл“диң үстинде шарықлаған шағаланың мөлдиреген көзлерине шекем көриўге болар еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Лийкин, ҳәзир ели тынышлыққа енген ауыл арасын жай көз бенен-ақ шарлап шығыуға болады. Үйдиң күн шығар бетинде жеңгем кишкене бир ақ, сары ноқатқа айналып, басқур тоқып отыр. Дүрмийиннен қарағанда қылышының салқылдысы еситилмегени менен жеңиниң жалпылдысы, өрли-ғурлы жууырған мәкисиниң қыйлы-қыйлы иреңдеги тыңлардың арасынан өзиңе түскен қуяш нурларын алып қашып, былай-былай жылмаңлағанларына шекем көринер еди. Көлдиң бойында баспақ бағып жүрген еки баланың қайсысы Отарбай, қайсысы Дауытбай, буны да таныуға болар едидағы!! Әне, биреу келип аттан түсти. Ким екен, жаным? Атын байлай сала отауға қарап, арданлап баратыр. Дайым қусайды. Мен оны сол билегиндеги жалпылдаған қусынан таныйман. Оң қолын серменип, жеңгеме әлле бир нәрселерди айтып атыр, не деп атыр екен, ә?

— Бәлким. дүрмийин болғанда қаршығаның жеңил пәрўаз етип, желпинген қанатларының ирили-майдалы қауырсынына, иймек тумсығына шекем көриуге болар едидағы.

Көлдиң арғы жағындағы орпаңлы жолда шаңғытып, бир нәрсе киятыр. Мен оны әуели „трактор шығар" деп едим. жақ, машина екен. Берги жағындағы майда жыңғыл, ажырық, маймақ қамыс қаплаған тақырлыққа шығып, изиндеги тозаң бас пүкил түтилип кеткеннен кейин барып оның „ГАЗ—69" машинасы екенин абайладым. Тақырлықта жападан жалғыз кишкене қара қоңыз зырылдап бир жууырады-ау, узақтан мынау да тап сондай болып көринетуғын еди.

Машина тусына келе бергенде бизиң еки тентек бир ғалай жерге шекем жууырысып келди де, қалып қойды, Жете алмасын билгеннен соң, жууырып, ҳәлеклениудиң не кереги бар еди, ақылсыз күшиклер.

Бундай, нәҳәнлер минетуғын машина көбинесе, алды менен Меңлибай ағаның есигиниң алдына келип тоқтайтуғын еди. Мынаның шаңы бизиң есиктиң алдына келип тыйылды да, мисли бир тымық күни түңлик тен шыққан жантақтың түтининдей сүйылып барып, жоқ болып кетти. Ишинен сойдауылдай үш адам түсип атыр. Кимлер екен? Әне, дайым үйден шықты да қолын созып жүре баслады. Өзи қол алысыуға қолайласыуына қарағанда, ким болса да қожықлардың биреуи болды ғой.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Исин туўарып, ишке сүңгиген женгем, бәлким, көрпеше салып атырған шығар. Анаў жақтан бизиң үйге биреў киятыр. Елекең екенин илмийип жүрисинен танып турман. Бул неғып бизиң үйди сағына қойды?

Мен бәрин, бәрин де көрип турман. Женгемниң қазан қосқа киргенине шекем, қостан шыққан суйық түтинге шекем көринеди маған. Ал, анаў үйдиң арқа жағынан жуўырысып киятырған еки бала жерде емес, тап мениң алақанымда жуўырысып киятырғандай. Баспақларын таслап жуўрысыўын қара, тентеклердиң!

Мениң ендиги баққаным Меңлибай ағаның үйи еди. Сол үйден кимниң болсада ҳәзир бизиң үйге келип киргенин көргим келер еди. Келмей жүрген Елекең келди ғой, ақыры, Мәкең неге келмес екен. Ким биледи, мүмкин, төрелик етип, дайым екеўин жарастырыў ушын кеңседен биреў келген шығар? Өйтип бир, олар урысып па?... Усындайда үйинде болмай шықпағай-дә! Әттең, дайымдикинен басқа аттың үйдиң дөгерегинде көринбеўи мени өкиндирер еди.

Узақ отырдым, өкинип отырдым. Лийкин, қанша өкинсем де Мәкеңдикинен бизикине изеп басқан адамның қарасы көринбеди. Мен тап соған өкпелегендей, түпиринип, жерге түсип кеттим.

Маллардың алды жаңа ийирилиўге қараған еди. Анаў күнгиден көзим қорқып қалған. Түсте бир санап аламан. Сол әдетим бойынша енди санаўға кетейин деп атырғанымда ҳаплығып, Отарбай менен Даўытбай жетип келди. Отарбай Даўытбайға қарағанда еки жас үлкен, он екиде, дасқал. Сәл нәрсеге кесеклесип, сәл нәрсеге сөгисип сала береди. Бирақ, Отарбай быйыл есейейин деген. Жамбас муғаллиминен тәлим алып болды ғой, ақыры, Ендиги жағында совхозда оқыйтуғын шығар, ол жағын елә ойланып көрген адам жоқ. Даўытбайды болса быйыл үшиншиге өткерипти. Өзи орысшадан татып алмайтуғын Хожан аға үйде жамбаслап жатып буған да орыс тилинен сабақ береди. Сол Даўытбайдың жолды өзине бермесе, шатақ шығаратуғынын билди ме, Отарбай үндемедидағы, мениң әскерий фуражкам көзине қуйылып кеткен, Даўытбай қаснағын көтерип қойып:

— Әжаға-а,—деди тап мен бир алыста турғандай:— Атынды таслап кет, бизлер минип жүремиз...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Директорлар келди,—деп, Отарбай төрелилеў жуўап берди.—Совхозға барған екен. Баслықты да машынына тығып келипти...

Көкирегим, әлле қандай бир шатақты сезгендей, директоры, есапшысы, бәри жыйналып, дайымды сасқалақлатып, жеккелетип атырғандай көринип, дүрсилдеди. Сол бир жағымсыз сүўрет көзиме де елеслеп, атыма жабыса бергеним, Даўытбай жүгире жүгире түсип кеткен шемберин көтерип қойды да, бултыйды:

— Ўәй, онда өзиң бақ, малыңды, бизлер-әм кетемиз.

— Атты таслап кетпеди деп тур,—деди Отарбай. Өзи айтыўға айбынып, шатақты Даўытбайға шығартып турғанын абайладым да атты мәзи қыйнап шаппаўды зинҳарладым, сөйттим де ыраштан түстим.

Былайлаў шыққаннан соң, балалығым тутты ма, қарамығы бүрилген ақ тикенниң үстинде көзлери сыяның көбигиндей болып, тамағын бүлкилдетип жатырған бир гүмгүмди кесеклеп жибердим. Ернимди де қымып алдым. Исенбеймен ғой, сонда да муштайымыздан гүмгүм көрсек, тисимизди санатпаўға әдетленип қалғанбыз. „Санаса, тисиңнен биреўи де қалмайды, мына мениң аўызымдай, қызыл ийек болып қаласаң“ деп, қорқыта беретуғын еди мамалар.

Келсем, қонақлар чайға бөгип атырған екен. Бирим-бирим қол алысып шықтым. Нәрсе аңыўланысып көрмеген адамдай жайтаңлап:

— Шопанымыз усы жигит,—деди Меңлибай аға.— Усы ўақытқа шекем бир малын да алдынан қашырған емес,—деп, маған лийкинли қарап қойды. Усының өзи менен „малдың жойтылғанын ҳәргиз тисиңнен шығарма“ деп сыналап атырғанын түсиндим. Директор болса:

— Таныйман ғой, бул жигитти,—деди биринши көрип атырса да. Өзи мен әскерликке кеткеннен кейин директор болған адам:—Ҳарма, ғошшым,—деди отырмасымнан бурын бастан аяғыма бир қарап шығып:— Мал-жан аманлық па? Әскерликти ҳәм, өтедиң, жүдә бәрекелдә, ғошшым...

Бул үйден онша жаман адамның ийисин сезип турғанға усамадым. Директордың да әлпайымлығы унап қалды.

Жеңгем бизге де алмагүлли бир чайнек әкелип қойды, „Хызмет бар ма?“ дегендей, дайыма қарадым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

„қой-пой сой деп айта ма?“ деген ғой, бизики. Жақ, дайым бийпарўа. Қандай да бир умытылған әңгимесин есине түсире алмай ойланып отырған адамға усады. Бирақ, онша кеўилсиз емес. Мен келместен бурын қандай гәп кетти, оннан хабарым жоқ. Ҳәзир сөйлегиси келип, жулқынып турған адамның ирети жоқ көринеди. Мен, улыўма, бурынғы директорлардың да қандай екенин билмеймен. Директорлық жумысым да шығып көрген емес. Мен есимди билгели, умытпасам, әй, я ғә, умытқаным жоқ, бундай нәҳән адамның үйимизге қонақ болып атырғаны усы. Мениң ойымша, буған бир жанлық керек еди. Ҳайранман, неге дайым бизге хызмет буйырмай отыр екен. Дәстурханға шыны шықпағаны да уятлаў ма, қалай-қалай? Қусты басқа бир үйге апарып-ақ қойыўға болар едидағы. Ишпейди деўге директор ондай табы бар адамға усамайды, семиз де емес, арық та емес, бир жөн. Фасон да емес, әбигер де емес, бунысы да бир жөн. Босағаның аўызында паллыйып атырған шүберек етикти анаў нейлон шулықлы аяққа көз бенен шенеп көрип, „усыники-аў“ деп шамаладым. Себеби, Мәкеңниң де, Елекеңниң де аяқ кийимлери маған таныс, шофер баланың болса алты манатлық арзан туфлийи директоры ийесине ым қағып жиберсе сүйрелип кете бериўге қолайласып, тумсығын есикке қаратып тур. Қалай мениң серлилигим?

Үстине чесуншаның күлирең қыйлынан пиджак кийип алыпты. Жағаларын ағытып жибергенликтен қолтығының шамалы сөтилген жери де, көк жипек майкасы да, көкирегиндеги сийрек, узын жүнде анық көринип турар еди. Көзи топас адамның көзиндей емес, әлле қандай ойшаңлық бар. Қалай бизиң адам сынаў? Сол ойшаң, лийкин, адырақлаў көзлерин ўақты-ўақты маған жиберип, гә дайыма, гә Елекеңе жиберип, сынап отыр, бирақ, ҳеш итибарсыз, шөллеп келип, чай ишип отырған адамға усағысы келеди, бәри бир, мен бунысын билип отырман. Меңлибай ағаны қашшан кеңсе жақларда-ақ быжылдатып сөйлетип, өтирик күлдирип сынап алған болса итимал, оны бағып отырған жоқ, шоферы да итибардан шетте. Бақҳаны тек бизлер үшеўимиз. Ал, мениң баққаным, тек директор. Бундай нәҳәнлер биз қусаған пухарасын, онда да биз қусаған шопанын, шопан болғанда да бала шопанын „мени сынай алады“ деп ойламайды. Ал, шопан болса, адам



www.ziyouz.com kutubxonasi

түўе, алдындағы еки жүзлеген сыйырдың минезине шекем қанық, әлле қашшан сынап үлгерген адам, сөйтпесе, ол шопан бола алмайды. Ал, адам дегенниң аты адам, ол ең алды менен сөйлеп болса да сыр алдырып қояды. Буны сынаў, әлбетте. тили зибансыз малды сынаўға қарағанда аңсат. Усы жағынан алып қарағанда мынаў отырған директор екеўимизде азғантай да болса, усаслық бар. Бул да шопан. Барлық шопанның да, барлық шопан баққан гүллән малдың да, мынаў жатырған жайлаўлар менен үйрек ушып, ғазлар қонған көлатлардың да обал-саўабы усының мойнында. Малының ашы менен айланып, тоғы менен толғанбаса, ол қандай шопан? Қыялланып жүрген тәнекейлерге таяқ шошаңлата берсең, қайта, қашаған етип аласаң. Биз, сонлықтан, қайқы таяқты тек көтерип жүргенимиз болмаса. сартылдатып, өмирде де сабамаймыз, шошаңлатамыз, шошаңлатқанда да жүдә бийзар етип баратырса: „әй, қашсаң, қаш-ә" деп, күйгенимизден шошаңлатамыз. Бизден қашып, басқа падаға қосылғаны менен, биреўдиң малын биреў жақтырсын ба, оятың да шопаны сабап-сабап қуўып жибереди. Бундайда адасып кетип. уймаға батып өлетуғынлары да болады. Әне, сонлықтан, биз, шопанлар жаңа қосылған малды таяқты сүйе ме, я „гәл" дегеннен қайта бере ме, ямаса жағдайлы, момын, өзиниң де тамағын тойдыратуғын, басқаларды да отлақлы жерге баслайтуғын тәўир қыйлынан ба, соярларын минеп-сынап аламыз. Биз де бул директордың тусында жаңа адамбыз, сынап алғысы келетуғын шығар, мейли, сынай алса сынасын, адам сынай алмаса журтқа аға болып не қылады?

— Ғошшым, нешинши класс саўатың бар?—Әне, бул бизди сынай алмайтуғын жағына шықты. Мен де саўалына саўал менен жуўап бердим:

— Усы жүристе, ақсақал, нешинши классқа шекем оқыў мүмкин?

Меңлибай аға ыңғайсызланды. Соған қарап, „директорымыз қарсы сөйлеген адамды жақтырмайтуғын болса керек",—деп шамаладым. Мениң ойымша, жайлаў қоймай көшип-қонып жүрген шарўаның мен қатарлы балалары нешинши классты питкере алатуғынын өзи билиўи керек еди. Тоқсан шығар шықпастан, қыслаўдағы шопан морыларынан түтин түтемейди. Бул, әйне, оқыўдың қырта-қырт ўақты. Оқыў сентябрьде басла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нады ғой, биз болсақ, ноябрьдиң аяқларында, гүзи қолайлы, жайлаўы жайлы келген жыллары декабрьдиң басларында тоқсанды түсире берип, қыслаўға қайтамыз. Мектеп болса, қыслаўда, онда да көпшилик жерлерде баслаўыш класстан бөтени жоқ. Совхоз орайындағы, ямаса басқа бир жақлардағы орта мектеплерге қатынаў ушын күниге қыстың қыраўлы күнлери неше шақырым жер жүриў керек? Жақын дегенниң өзинде барып келиўиң он бес, он алты шақырымнан жақын болмайды. Ал, ҳәр жайлаў ушын да, не бары отыз қырық үйден аспайтуғын қыслаў ушын да орта мектеп ашыўдың сирә да итималы жоқ. Сонда мениң жамбас муғаллимнен нешинши класcты питкерип қалған болыўым мүмкин? Жайлаўдың, шарўанын турмысы менен таныс болса, әлбетте, бул кәраларын өзи билиўи, ямаса, сорамаўы керек еди.

Директор бетиме тесирейип отырды да бирден күлип жиберди. Мен де мыйық тарттым. Меңлибай аға менен Елекең күлкиси келмесе де ўахаҳалап күлди. Бирақ, түсинип күлип отырған жоқ. Директордың райына қарап күлип атыр. Болмаса, директордың күлгенине булардың ҳеш қайсысы на түсинген жоқ. Буған мен түсиндим, болғаны.

— Түсиндим, ғошшым, айтқанына,—деди де езиўин жыя қойды.—Бизики баланың саўалы болған екен, критикаң дурыс...

— Дурыс, дурыс, баланики дурыс критика,—деп шулғынып киятырған Елекеңе директор лийкинли қарады да:

— Бала бизди критикалады ма?—деди таңланған кейип пенен.—Неси дурыс, не деп критикалады?

— Енди, аға, не десек болар екен...—Албырады Елекең.

— Не деп критикалады, айта бер?—„Меннен де сорап қала ма?" деп, Мәкең де қуўысланып отыр, сезип отырман. Лийкин, директор ҳеш кимнен де сорамады, маған ийегин көтерип:

— Не дер екен, деп жорта сорап едим. Бунның бәри бизиң гүнамыз, ғошшым,—деди де өкинишли түрде бас шайқады.—Өзиң қатарлы жигитлердиң көбиси жамбас муғаллимнен тәлим алған да қалған. Балларда нәрсе гүна жоқ, буған мына,—өзин түртип,—бизлер



www.ziyouz.com kutubxonasi

гүналымыз,—деди.—Бизлерден бурынғылар да гүналы. Егер совхоз көшип келген жылы,—бармағын шошаңлатты.—Өзим директор болғанымда, кеңседен бурын мектеп интернаттың жайын баслатар едим. Өкпелеўге ҳақың бар, достым,—деп қойды маған жорам болмаса да:—Сен неге билим алмай қаласаң, қаланың баллары көзин ашқаннан ясли, есин билгеннен балалар бақшасы, оннан соң мектеп. Ҳаў, сизлер де солар менен тең ҳуқуқлы балаларсыз-ғо, жайлаўда туўылғаныңыз жазығыңыз ба? Олардың бәрине өзлеримиз гүнакармиз, ғошшым,—Әне, усындай гәплер дайыма жаға береди. Ҳәзирде тисиниң кетигин бузылған әйнек гей үңирейтип, күлип отыр, қомпанлап-қомпаңлап, сөйлегиси келип те қояды. Бирақ, кисиниң гәпин бөлмейин, төрели әңгиме айтып атыр" десе керек, еле, „ал, енди ғошшым" деп, әңгимесин баслай қоймады; директордың өзи сөйлеп отыр:—Мектеп интернаттың жайы пите келди. Сол нәрестелерге қараған күн қапыла қойсын. Усы быйыл аманлығы болса, жамбас муғаллимнен шыққан, жақын жерде мектеби жоқ балалардың бәрин соған тапсыртамыз.

— Ал, енди, иним,—әне, дайым жаңа баслады:—Келгениңе де еки жылдай болып қалды. Сени сыртыңнан көргеним болмаса, бундай шаррайма шаррай сөйлесип, тиллесип көрген жоқ едим. Шеп жигит емес көринесең,—директор мыйық тартты.—Ал, енди өйдегениме „мақтайын деп отыр" дегенди де пәмиңе келтирме. Куры алақан емеспен, қудаға шүкир, инкибатырдың шөжесиндей өлип өлип, өлгеннен сарқыт қалған қолымда еки тентек текем бар. Солардың бири быйыл мына Хожан муғаллимнен сабағын алып болды. Тетелеси тағы бир-еки жыл анаў отырған жериңде Хожан ғошшымызды жамбаслатады, буған да шүкир. Жаңағы гепин ырас болса, бир ийгиликли ис етейин деп атырған екенсең, оң болсын. Енди басқа да керек жарағымызды айта берсек, бола ма?

— Яшуллы, өзи, биз, соны тыңлаўға шыққан адамбыз,—директор тыңлаўға қуштарман, дегендей, көпшигин капталына таслап, тикленип отырды:—Бирақ, ақсақал, жоғыңызды жасырмаң, барыңызды асырмаң.

— Ҳә, бәрекелла, өйтсек адамларды алжастырып аламыз. Чай ишип отырсоңо, ғошшым. Я қайтадан демлетип берейин бе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жақ, чай ишип болдым, аға. Имканияты болса, аўқатыңызды тезлеттирсеңиз? Басқа фермаларды да көриўимиз керек.

— Әлбетте, әлбетте,—дайым басын ырғады.—Сизлер көрмесеңиз, енди, мен көремен бе. Аўқат та шамаласып қалған шығар. Асығыс болсаң, әңгимемди айтып қалайын. Мен, мына,—деп үйдиң ишине алақаның жайды,—хожалығым жөнинде шағынбайман. Шапқыға жиберетуғын еки атым да бар, бир-еки саўын сыйырларым да бар, қонаққопсыға, қудаға шүкир, қой-жанлық та табылады. Пулды ғой, өзиң билетуғынсандағы, айына алты жүзден қайтарып отырғанның бири мен. Буғурлым ақшаны директор болып, өзиң ала алмайсаң, я меники кәте ме?

— Дурыс ғой, ақсақал,—директор күле шырайланып шулғынды.—Оны алыў ушын үш ай ислеўим керек.

— Маған усы күним жетеди, қудайдан да, сизлерден де басқа тәмем жоқ. Ал, енди, мына,—мени көрсетти,—қусаған шөже қоразлар бул күнине де шүкиранлық етпейди. Мен айтпай ақ қояйын деп едим. Жатқан жыланның қуйрығын өзиң бастың. Анаў айда, мына бала әскерликтен келип, бизди пенсияға шығарып кетти. „Орныңа жақсы шопан таярлапсаң", деп, қолымды қысып турып, шулғынып кетти. Соң ойланып қалдым, „усы, шопанды. бала, мен таярлай қойдымбекен?" деймен өзиме өзим. Бүгин, жаңағы сениң гәпиңнен аңлап отырман. Мен совхозға емес, совхоз маған шопан таярлап берген екен. Гәпимди бөлме, Меңлибай ғошшым. Ҳаўўа, сөйткен екен. Ал, энди Әлимбай инимиз маған емес, мениң Әлимбайға тәңиржарылқасын айтыўым керек екен. Мине, мына баланы мысалға алып қарайық, енди,—деп маған алақанын екшеди:—Усы бала жамбас муғаллимнен тәлим алып, саўат ашты дейик. Басқа билими жоқ. Тағы бир жийеним бар, жақында үш айлық әскерликке кетипти. Оқыўын питкерипти. Ол баланы келип мал бағады деп, мениң ийегим қышымайды. Себеби, қалаға барса да онысқандай, онысканда қандай мынадай болып,—бас бармағын шошайтты:—онысқандай өнер алған қусайды. Ал, енди мына жийенимиз қалаға кетейин десе, өнери жоқ, өнер алайын десе, билгиштен билгиш шығып кеткен, өнер артып кеткен, адамлар аспан әлеминен де арман ушып атыр деп еситемен. Сонда бунық, мына өзи шала саўат Хо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

жан муғаллимнен алған тәлими қаяққа барады, қандай өнер алыўына жарайды? Қалаға барып, қара жумысақ ислейин десе, ҳәзирги заманда ҳәммесин машын ислеп баратыр. Жапты да сол қазады, тасты да сол қопарады. Дәленкени де қырқатуғын бир жарғыларды көрип қалдым жақында. Ат арба қосып, суўшы болайын десе, бир темир түтикке тарттырып, журттың босағасынан өткерип, шелегине қуйдырып қойыпты. Сонда қара жумыс қайда, шырағым-аў?—Алақанын жайды:—Сонда малды бул бақпай ким бағады? Енди, ойланып қара, қәне, шопанды сизлерге мен тайынлап бердим бе, я маған сизлер таярлап бердиңиз бе?

— Енди, яшуллы,—директор қызарды:—Түсинип отырман. Айып бизлерде. Жақын жылларда шарўаның ҳәмме балалары орта мектеп...

— Ал, енди, сонда малды ким бағады? Мектепти питиргенлер Мөскеў, Мәкәрия жақларға ҳайт қояды. Келгеннен соң таяқ сорамайды, анаў желпинип туратуғынның атын сен тап?...

— Винтилятор,—дедим мен, бир кеңседе көрип, таңланып келгенинен хабарым бар еди:—Винтиляторды айтып отыр.

— Әне, сондайы зырылдап, төбесин шамаллатып туратуғын кабинет, онда да өз алдына кабинет сорайды. Ал, енди сонда малды ким бағады, бизлер болсақ, өлип кетемиз.

— Сизлер өлип кетсеңиз, яшуллы, орыныңызға мына Меңлибай бағады, мен бағаман...

— А-ал, кеңсени кимге...

— Кеңсени өзимизден билимдар болып келген сизиң жаңағы тентек текелериңизге беремиз. Соған шекем, әлбетте, оңыса турамыз. Совхозларымызды қаладай етип жибериўимиз керек. Қалада не болса, бизде де сол болыўы керек. Қалалылар ҳәзир телевизор көрип отыр, Совхоз орайларында да бар. Ҳәзир жайлаўлар ушын да шығарылып атыр. Бәри де бола береди...

— Сонда да, ғошшым,—гәпти дайым бөлди:—Сен жаңағы интернат дегенинди қойып тур,—деп жалынады.—Оқыса, олла қайыр бермей кетеди булар...

— Онда жайды питкермейик пе?—Директор күлди. Басқа ҳеш ким гәп қосып атырған жоқ.—Онда интернат питпей қала берсин бе?

— Жақ,—дайым басын шайқайды:—Питкериң, оны



www.ziyouz.com kutubxonasi

басқа ҳәжетиңизге жаратың Жаңағыдай, ҳәмме жер абадан болып кеткен ўақытта баланы жыйнап алыў қыйын емес ғой.

— Әңгиме былай, яшуллы. Сиз ояғынан қорықпай-ақ қойың.—деп тынышландырмақшы болады ғаррыны:—Ҳәзир мектепти питиргенлер еки жыл жумыс ислеп, оқыўға соң барады,

— Ояғы дурыс, бирақ, жаңа маллларды бир жыл бағар-бақпастан паданы ызық-ызық, тоз-тоз етип, шопанын әскерликке алып кегеди, Сояқларын ойланып көрдиңиз-бе? Бул басқа жумыстай емес, ғошшым, бир шопан кетсе, мың қой қараўсыз қалады...

— Оның орнына басқа адам әскерликтен келеди,—деп басын шулғыды директор.—Келеди әскерликтен, мине, бағып жүрғой, мыналар,—маған алақаның жайды:—Буның орнына басқа биреў әскерликке кетти. Бәри ойланылған ис, ақсақал, ояғынан кеўилиңиз жәм бола берсин. Басқа да қолды аўыстырыў жағын,..

— Кешеги баланың аты ким еди-и?—Дайым маған едирейди.

— Жаңабай.

— Әне, сол бала жақында дибийжок қурып берип кетти...

— Таныйман оны...

Әлбетте, таныўың керек,—деп, дайым сөзди тағы бөлди:—Танымайтуғын адамың болмаўы керек, бул совхозда. Аты совхоз болғаны менен, бул да бир хожалық. Әкеси өзиң Баласын танымаса, қалай болады, енди, ақыры!—Бул гәпти, ийни келип кеткеннен соң қыстырып жиберип атырман,—дейди ғарры алдары ентерилле берип:—Болмаса, буның бизиң гәпимизге жуўғысы жоқ. Әне, сол бала айтады: „жекке меншикти байытамыз деп урынбаў керек, совхозды байытамыз деп ғайрат салыў керек. Совхоз байыса, район, районнан обылыс, обылыслар байыса пүткил Өзбекстан, ол да байып кете берсе, умумый кеңес ҳүкимети байыйды. Сонда ҳәммемиз де байыймыз. Совхозымыз да қаладай болып кетеди. Адамлар қалаға қашып кетпейтуғын болады“ дейди. Усы жөн гәп пе?

— Жүдә ақылына ис буйыртып сөйлейтуғын бала ол.

— Онда, усы гәпин мақуллайды екенсең ғой, я?

— Айтып жүргени дурыс ғой...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Дурыс болса, ғошшым, үйине келгенде тергеўге тутты деп кеўилиңе мәлел алмайсаң.

— Айта бериң, яшуллы, айта бериң. Мәсәҳәтлескен жақсы.

— Ҳә, берекелләǃ Мәсләҳәтлескен жақсы, „мәсләҳәт¿ деп түсин ағаңның гәпин. Былай, иним,—деп, омыраўындағы көпшикке еки шығанағын бирден таслап, директорға теке сақаллы ийегин шошайтты:—Мына сақал,—дейди сыйпап.—Малдың изинде ағарды. Гәптин хадалы, малымыз арықласа арықладық, семиз болса семирдик, ғошшым. Совхоз көшип келмесинен бурын да усы қарағанның шарўасы едим, иним. Оның бержағында көкирегиме қурандай яд болып қалған мына нәрселер бар. „Совхозды байытыў“ деген, жаңағы баланың гәпине келмекшимен. Биринshiден,—шунатай бармағын бүкти:—төлди көп алыў керек. Арық сыйыр өз ўақтында күйге келмейди, әндийшеси, қысыр қалып қояды. Тыңлап отыр, гәпимди бөлме, ғошшым, Ҳаўўа де. Сүтти көп алыўымыз керек, арық сыйыр сүттен де, төлден де жалшытпайды. Сонда малдың бас саны қалай артады? Қойып-тур, енди,—дейди бармағын шошайтып:—Бизде де есап бар. Екиншиден, усы совхозға пайданы берип турғанның өзи, гөшке тапсырылатуғын бойдақ мал, солай ма? Солай дейсең, ҳә бәрекелләǃ Ал, енди, арық мал тас баспайды. Мениң бул гәпим сизлерге кассирге „ақшаны таныйсаң ба?“ дегендей ерси көринеди, буны билемен. Бирақ, күйгенимнен айтып атырман. Семиртип тапсырмасақ бирдиң орынына екини пышаққа беремиз. План бар, ақыры, оны орынлаў керек, Орынламасақ, жоқарыға барғанда минберди мушлап турып берген ўәдемиз бар,—деп, Меңлибайды қоя берип, тағы директорды дыққатлады.—Ўәдени орынламасақ, сөгис берип, ис қағазымызды патаслай жақ. Соның ушын не қыламыз, бирдиң орнына екини тапсырсақ та ўәдеден шыққымыз келеди. Сонда малдың бас саны қалай артады? Сен, иним, кеўилиңе келмесин. Ақылыңа бир ис буйыртып қара. Бизиң Ташкенттеги ақсақалларымыз мына бизиң жайлаўларымызды, бундағы имканиятты көрген жоқ ғой, оларға бизиң Нөкистеги яшуллылар, Нөкистегилерге, райондағылар, райондағыларға сизлер, сизлерге мына қунысып отырған,—Меңлибайға қолын шошайтып:—Меңлибайлар түртип береди. Солай ма, неге күлесең, директор иним-аў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ырасын айтып отырмандағы. Әне, адамды алдаў қаяқтан басланады? Мына отырған Меңлибайдан басланады,—дейди тағы да қолын шошайтып:—Енди ҳәммеңизге исенген Ташкентли ақсақалымыз түртип бергенлериңизди көтерип барып, Мәскеўди исендирип қайтады да шарўашылық бойынша жыйналыс ашып, Нөкистен бизиң яшуллыларды шақыртады. Олар да сизлердиң түртип бергениңизге қарап. топлым журттың көзинше ўәде берип қайтады да, келип район басшыларының, олар сизлердиң, сизлер Меңлибайлардың ўәдесин аласыз. Ўәде бермейин десе, баяғы түртип бергени бар. Береди ўәдени, бирақ тапсырайын десе, малының жағдайы өзине мәлим. Жол-жөнекей дәртке шыдамай бәжбан бар ма, отыншы бар ма, урады арақты. „Пәлен малды тарт тәрезиге" дейди. Меңлибай иним, сен қуўысланбай-ақ қой, сени айтып отырғаным жоқ, улыўма, сендейлерди айтып отырман. „Тарт" дегени менен тартып атыр ма, шығады биздей бир-еки қырсык, алжыған ғарры. Сөйтип-сөйтип кейини ҳәрре көзлениўге алып келеди. Ал, енди сорай жағым-аў, сөйгип, өтирик сөйлеп, көрпеңизге қарай аяқ узатпай, өтирик ўәде бере бермегенде не қылады, шырақларым-аў, сизлерге?—Алақанын екшеп турып, күйине сөйледи:—Усы совхозыңыз ўәде менен байый ма, байымақ түўе тозтозы шығар—деп, былай қарап отырды. Ашыўлы. Үйдиң ишине бир майдан үнсизлик шөкти. Әллен ўақыттан соң директор пиджағының көлебедей қалтасынан орамал шығарып, маңлайын сүртти де:

— Гәпиңиздиң жөни ба-ар, яшуллы,—деди тикейиңкиреп.

— Жөнсиз гәпти сөйлеп, мен, ғошшым, Меңлибай емеспен. Босатың бизди совхоздан, мен қартайдым. Енди мал бағатуғын адамым жоқ. Қалаға көшемен, бул совхоз бинәй өмиринде қаладай болып кете алмайды.

— Бул гәпти неге сүйенип айтып отырсыз, яшуллы?

— Сирә, байыўының итималы жоқ. Оған бас айналдырып жүрген адамның өзи шамалы, ғошшым. Мынаң қара, иним, қарақалпақта „ат шаппайды, бап шабады" деген гәп бар. Ҳәмме нәрсе малдың өңешине байланыслы. Сол өңештен төрели нәрсе өтип турған жоқ. Тәртип бойынша, усы кеште малларға от-шөп, жем-пем бериливи керек ғой, қаяқта сол?—деп, алақанын жайды.—Қаяқта? Жәниўарлар, жаз түўе қысы менен жу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нин жегендей болып шықты. Жаңа аўызы көкке тийип, питегене етине қан-сөл жуўыра баслаған ўақытта пышаққа сорап атырсызлар. Ҳә, бир тойынсындағы, ахыры! Қаўсаған сүйекти тапсырып, бириниң орынына екисин шығын етип, не абырай алмақшысызлар?!—Ғарры өзи менен өзи сөйлескен адамдай ҳеш кимниң бетине қарамастаң керегениң ашық жағына тумсығын бурып жиберип сөйленип отыр:—Бул мениң әкемниң малы емес, ҳүкиметтиң малы екенлигин түсинемен. Ҳүкиметтикин ҳүкиметке бермеўге де ҳәддим жоқ, бирақ, сизлер ойлаған совхоздың абыройын ойлағанлығымнан мына Меңлибай менен мәлеллесип жүрмен. Буған салсаң, сүйеклерин сықырлатып, айдап кете бере жақ. Ал, мен болсам, бир-еки ай кешиксем де жүнин жалтыратып, тас бастырып тапсыра жақпан. Соның есабынан, питегене, мал аўыстырып, бас санын арттырып қала жақпан. Я меники қәте ме?

— Оныңыз дурыс ғой, ақсақал, бирақ...

— От-шөптиң жаңа буўыны қатып, ширесине енип киятыр. Алабәҳәрден көк қуўалап сандалысты, түўе. Жегени енди, буннан буяғына жуғады.

— Бирақ, ақсақал, бойдақты көп баққан сайын қымбатқа түсе береди...

— Қымбатқа түседи, деп, ғошшым, мен сизлерден я от сорап отырған жоқпан. Я Бирунийден тасытқан жемиңизден тәме етип атырған жоқпан. Оларды саўыныңызға бере бериң. Бир тилегим, меннен саўыныңызды санап алың. Буннан былай усы жерден көширмеймен, десеңиз, бизди тек бойдақ пенен қалдырасыз—деп атыр ғарры өкпели даўыс пенен:—

— Хабарыңыз бар, Баймурат инимиздиң саўынды бизиң мойнымызға жүклеп кеткенине де тәўир-ак болды. Соннан бери совхоздан адам келсе зинҳарлап қалып атырман. „Яқшы, аға, аламыз", дейди, изи жоқ. „Енди баласы келди, ғаррының өзи неге бөлип бақпайды?" десеңиз оны айтың. Болмаса, берекет табың, алың саўынды, өзи отыз сыйыр. Бойдағы жоқ ғой, Қайпанның малына қоссаңыз да болады. Тек, дибийжок айдап, сүт өлшеп алыў ушын адам жайлаўға шығамекен, усы мына Елмурат не? Есапты Меңлибайдың өзи-ақ алады.

— Буныңыз дурыс ақыл,—деди директор.—Саўынды қашшан-ақ алыўымыз керек еди,—деп, Елмуратқа қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рады.—Ертеңнен баслап, сен ал, ғошшым. Қыйпақлама, әнейдей, жап-жас жигитсең. Қалған бир жүз жетписи де бир Мақсетке аўыр...

— Енди ояғын көре берермиз,—деп, гәпти дайым бөлди!—Пенсиядамыз деген сылтаў бизде жоқ. Қарап отырмаспыз. Бағыспасақ, қора тазалаў, анаў-мынаў аўылдың жумысын өзиме қоя бериң. Сени, балам, Елнурат, саўысыў жағы ойландырып отырған шығар. Ояғынан ғам жеме. Оған келгенде мийнет жеңилленди ғой, гәзийттен келген адамды өзим бежерип жибермегенде бул ҳәм жоқ еди. Неге күлесең, директор ғошшым, мына бизиң үйдеги балағы жалпылдап жүрген жеңгең ғайратлы. Саўысыўын сол да саўысады. „Бизлер бойдақтың хожалығымыз“ дегизип, отырғызбаймыз. Саўып үйренген адам саўмай отыра алмайды да, оның үстине, мына бир машын менен қызыққа саўса болар. Әне, сөйте қояйық, ғошшыларым. Соннан соң, бизден семиз малды талап ете бериң. Мен оған бир баў шөп, бир қысым жем тәме етпеймен. Жемиңизди қарры-қуртаң, саўыныңызға жалатың.

— Жалатамыз,—деди директор.—Ояғына қарағанда бәрине де жалатыўымыз керек. Жағдай көтермей атыр. Саўын фермаларға типовой қора керек еди. Өткен жылы шамалы пайда көрдик, соның есабынан еки кора салдырып атырмыз. Ҳәр жылы еки қора питкере берсек, еки-үш жылда, ақсақал, жайлаўлардың басларына да салынатуғын болады. Он жылдан көриң!...

— Сол, енди, пайда түсирсек болады ғой?

— Әлбетте,—деди директор шулғынып.—Өз қунын өзи жеп кетеберсе...

— Мен де соны айтып отырман. Быйыл жайлаўлар жылдағыдан отлақлы. Жем бермей семиртиўге болады деп отырғаным сол. Пәкизе, жемге жумсаған пулыңызды, жаңағыдай мүлк болып қалатуғын нәрсеңизге жумсаң. Бунындай жаз болып тура бермейди, ғошшыларым. Бунын қысы бар, еле. Не бир суўықлары болады, аўызынан май қуйсаң да семирмейди. Жыллы қора керек. Ал енди, меники мыналардикиндей,—Меңлибайға қол шошайтып:—жалған ўәде емес, ғошшым. Сен, ҳәзир мына бала менен барып, бойдақ малларды көрип кет,—деди мени көрсетип.—Жигирма күннен соң тағы бир соқ. Ал, айдың аяғында, пәкизе, гөш пыланыңды талап ете бер. Келистик пе, соған?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кварталлык планды, яшуллы...

— Квартал-пыварталыңды билмеймен,—алақанын келегейлеп, ғарры гәпти шорта бөлды.—Сеннен өтинейин, тек соған тур. Жаманлығы, райкомда документиңди патаслатып аларсаң. Онын есесине мен төрт—бес қара малдың шақын арттырып беремен. Ҳаўўа де. Егер бир алдың ишинде сизлер мениң төрт-бес малымды пайдаға калдыра алатуғын болсаңыз, онда бар ғой, олла шыным, райком мениң-ақ документимди патаслай қойсын. Ҳәр айда бир шопан усындай төрт-бес мал арттырып берсе шеп бола ма, не көп, мендей шопан көп. Тасла, бести, ғошшым,—тисиниң кетигин үңирейте күлип, ғарры қолын созды:—тасла дегенде таслай бер. Бир айдан кейин, өлип қалмасам, ҳәр малдың тирилей салмағын төрт жүзден-мына гәп мени де, Меңлибай ағаны да шоршытып жиберди:—кем етип тапсырсам, түп жүзиңе де! Меники мынаның ўәдесиндей емес!

Директор гүманланыңқырап қарап турды да алақанын шарп еттирди:

— Тәўекел, яшуллы! Буны да бир көрейик,—деди мыйық тартып;—Тап сизиң малыңызды өзим прием етип аламан.

— Мейлиңиз, мейлиңиз!...

Сол күни ақшамы менен ҳеш қайсымыз жатпадык, десек те болады.

Қай ўақыт екенин билмеймен. Жулқылап оятты. Қарасам, чайым демленип, бас ушымда тур екен. Жуўыныў ушын сыртқа шықсам, таң кулан ийек болып, жаңа атып киятыр. Мен бойдақларды қорадан шығарғанымда таңғы шыққа малынған әтирап, еле гүңгирт тартып тур еди. Дайым изимнен сөйленип қалды:

— Ҳәр шопан үсейте берсе, көрейин совхоздың байымағанын! Көрейин совхоздың қаладай болмағанын!... Хә-ә, Меңлибай, ашеаң-ә уйқыңды! Оят анаў Елмуратыңды, не, жипек орай жақ па, бир уятсыз жигит екен! Хотласын анаўын!...

## 14.

Директор келип кеткели дайымнан да, улыўма, ҳәммемизден де пүткиллей маза қашты. Ғаррының ет қызыў менен урысқан бир шаппаты, тек бизлердиң емес, совхоздағы барлық шопанлардың да аяғын диңкилдетип, бас кийимлерин селкилдетип, ҳаялларының жеме-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ликлерин желкилдетип жиберди. Илгериден буйымым шығып барғанымда Қайпан ағаның фермасында бир кемпирдиң; „иләя, қусың қашып кеткир, Ҳайтмурат, жилиншигин керегеге тиреп, үйинде жатқанда жамбасын ғана бузаўбас жалаймекен, бул ширкинниң! Өзи менен турмай, қартайғанда белсенип, дуйым журтты бүлдирди-аў, мынаў ғана! Ҳәмме ғаррыны бүлдирди-аў, мынаў ғана!" деп, жер тоқпақлап отырғанының үстинен шықтым.

Ырасында да жумыс өгиз өлтирерлик ҳалға келген еди. Таңның қашан атып, күнниң қашан батып жүргенин билмеймиз. Гилең уйқылы-ояў сүрнигип жығылып жүрген биреў, тоңқылданып жүрген биреў. Айдың ақыры жақынлап киятыр, ахыры! Берилген ўәде бар.

Дайым әдеттегише, таң қараңғысында бизди оятып жибереди. Соң күн қызғанша, бала-шағаларды қыр-япыр етип, қораға жумылдырады.

Күн қызғаннан соң, ҳәмме жер тым-тырыс бола қалады. Бирли-ярымнан басқасының бәри үйдиң артын жалаңашлап таслап, есик түнликти тас-қамал етип, уйқылап атырған.

Маллар ийирилди-аў, деген гезде атын патырлатып, дайым жетип келеди: „Бар, аўхатланып қайт"

Мен келгеннен кейин, тағы кетеди. Қара қуптанда мен келсем, саўынлар жайғастырылған, жемлери берилген, түтинликлери салынған болып шығады. Бурынғыдай ғаңғыр-гүңгир сөйлесип отырыў да жоқ, азанда дым ерте туратуғын болғанлықтан, жатып қаламыз.

Бул күнлери ай жақты. Күни менен уйқыны питирген дайым, саат екилерден турып, бойдақларды қорадан шығарады да „Қолтық көл" диң бойына айдап жибереди. Бул ўақытлары мен қулағымды кесип алса да билмей жатаман. Ал, ол сол оянғанынан қайтып төсекке кирмейди. Таң саз бериўден, келип, қазан қосқа от жағып жибередидағы, соң Меңлибайды оятып, үйлердиң дөгерегинде гүбирлесип жүргени. Саўынларға жем береди, өйтеди, бүйтеди, әйтаўир, жумыс таўып ислейди.

Әтирап алакөлеңке болғанда бизди оятып, аўхатландырады. Мен малларды көлдиң бойынан айдап кетемен. Бул гезлери ҳаяллар бузаўларын шақырысып, Елмурат движокти дүкилдетип қалады.

Күнделикли турмыс усындай. Сәрсенбайды да көр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

меғениме көп күнлер болды. Бирдейине мен малдан келгенимде ол кетип қалған болып шығады. Жақында, есиктиң алдына бир тәрези әкелип, қурып берип кетипти, онда мен жоқпан. Енди соннан бери дайым ҳәр күни кеште „Ақбастың“ қулағынан сүйреп жүргени. Тәрезиге мингизип алып, Меңлибай аға екеўи бирден үңилиседи:

— Еки жүз грамм,—деседи бири бирине,—Ертең, үш шүз грамм болады.

Күнде усындай ўақытта қулағынан тарта бергеннен кейин, мал да үйрене ме, я „қулағымды сызлатпай-ақ бара қояйын“ дей ме, басқалар пададан келгеннен дуппа дуўры қораға тартса, „Ақбастың“ тәрезиге қарап, қыйсайып баратырғанын көресең. Күнлик салмақ төрт жүз граммға жеткенде „әне, айтпадым ба!“ деб, дайым Меңлибай ағаға бир мардыйып берди. Меңлибай да тап усы ўақытта айтпай-ақ қойғанда болатуғын еди: „Қысқа шекем, анаў алтаўының орнын үсейтип-ақ, гөштен аўыстырған малдан-ақ толтырмаймыз ба?“ деп, дайымды түңилдирип жиберди:

— Не деп турсаң, қайталап айт?!—деди айтса қулақ шекеден алдырып жибере жақ адамдай пәтленип. Қасында мен де бар едим. Меңлибай аға, қәдимги әдетине басып, күлиўи менен саўынлар жаққа шығынып кетти.—Қолдың тиймей турғаны ғой,—деди дайым ол кеткеннен соң маған шағынғандай:—Соның орнына, базарға түсип, жарамлы-жарамлы малдан әкелип, қосыўымыз керек еди. Қолымыз бенен ислеген гүнаны, мойнымыз бенен көтериўимиз керек, Мақсетжан. Сол күни сен де ҳайтламай-ақ қойғаныңда болады екен, мен де ғапылда қалыппан. Бирақ, олар жоғалып кеткен жоқ, бир жерлерде жүр.

## 15.

—Назлыны айттырып, Сәрсенбай жаўшы жиберген екен, қарақарғадай қап-қара болып, ол жаманның да адам жақтырмайтуғынын қайтерсең! Үйине келген ғаррылардың геўишлерин дүзиўлеп қойыпты да, бармағы менен есикти нусқап жиберипти, Өйп-пей, қыз бала да оншелли өжет, оншелли жулпыс болады екен?!—деди жеңгем бетин сызып. Бул киси бизиң анамыздан



www.ziyouz.com kutubxonasi

бес жас үлкен. Сонда да „жеңге“ деймиз. „Апа“ дейик десек, марҳум анамыздың рууҳы еситип қойып, үйден өкпелеп кететуғындай көринетуғын еди. Онын үстине, анамыз тирисинде оған мудамы „жеңге“ дегенликтен, бизлердиң тилимиз де әзелден усылай гүрмелген. Бирақ, бизлер „жеңге“ деген менен, ол атымызды айтабереди:—Мурат жанға да қолайлап жүрдиң-аў, сен, ғарры! Я есикке жараспаса, я қызларға тән бир сызылыў, ийбениў болмаса, қашан көрсең, атқа минип, зиңкилдеп жүргени... —деп киятыр еди:

— Қойсаң—э!—деди дайым шорта бөлип:—Сен нени билетуғын един! Бийбипатпа туқымы Бийбипатпа тухымын сынай алмайды. Сизлердиң, со, қабақ тәрезиңизди қолыңызға берип, жигитлерге жибере бериң. Сизлер солардың әнки-дүңкисин билесиз. Нашар баланы сынаўдың пири—азамат! Солай емес пе, Мақсет?

— Билмеймен,—дедим мен. Ыраеында да билмеймен.

— Елеберин биле бересең. Сәрсенбай жаўшы жиберген болса, сынап болып жиберген, Ўәй, заңғар-әй, кеўили таныйды екендағы, заңғардың! Назлы дегениң, кемпир, сен билмейсең, алтын дей алмаймандағы, бирақ гүмислигине шек жоқ, еле берин тири болсаң, көре берерсең. Ысылған сайын жарқырай беретуғын нашар. Қыз баланың өзи еки түрли болады. Биринши түри,—әдетине горе шунатай бармақты бүкти:—төркининде таўыстай таранып отырғанда, ынтықтырмайтуғын жигити жоқ. Сен де бизди сөйтип бапладың. Ал, енди, сол қыйлы есикке түсип, бир-еки жөргек жайды бар ғой, өзиңдей шүйке бас болады!

— Әне, әне бул енди бизге жабысып киятыр...

— Жақ, қойып тур, сен бир гәпти тыңлап ал. Сен, ашыўланба, ғошшым. Сеннен басқа келтиретуғын мысалым жоқ, басқаның зейнине тийип аламан. Екинши қыйлын есит, енди, екинши қыйлы,—тағы бир бармақ бүгилди:—төркининде малдымайды, обалақта-собалақ жүре береди. Бундай қыйлынын жолыда дүзиў болады:—дей бергенде:

— Қой, гәпиң қурысын,—деп шығып кетти жеңгем. Дайымның бир әдети, айтып отырған адамы гәпин жақтырмай жары ортада шығып кетсе, қалған адамға айта береди. Ол да шығып баратыр-ма, шалғайынан басып: „Сен, мына гәпти тыңлап кет, ҳаў, не қылған бий әдепсең!“ деп, кейип таслайды да гәпин тыңлатпай



www.ziyouz.com kutubxonasi

жибермейди. Соны билгеннен соң, мен де тым-тырыс отырман. Дайым енди бизди дыққатлап атыр:—Ырас айтаман, Мақсет, жолы дүзиў болады, билип қой, соны. Сениң де илгери талабың, жақсы нийетиң бар. Буны, бәринен бетер сениң тыңлаўың керек, жаңағы кемпирге де „қызым, саған айтаман, келиним, сен тыңла“ дегендей етип айтып отырман. Жақсы ат пенен жақсы ҳаял, жигиттиң бахыты. Жаманына дус болсаң, топпыңды саттырып, төркинине тартады. Бундай қыйлыларының аўызында оңысық емес, „үйим, кийим, кийим“ деген гәп болады. Төркининде тотыдай сыланып үйренип қалған бәле, соны ҳәўес ете береди. Қыз күнинде ғой, енди бул әдеп жигитлердиң ҳәўесин келтириў, өзине қарыйдарларды тайдай таластырып, тамашасына қараў ушын жасанады, кәрбазланады, мына әртислердей жалған жылўа, мәккарлыққа үйренеди. Кеўили соқсын, соқпасын, қоңысысының кызынан қызғанып-ақ көринген жигитти бир қылдан байлап қойыў ушын, жортаға жылўа таслап жибереди. Дүньяда, жана жигит болған адамнан алаңғасар адам болмайды, қыздың жаңағы мәккәрлығын „сүйедиге“ жорып, үйинин тусынан қысқа күнге гесирткедей қырық жуўырып өтип жүргени. Ал, жаңағы мәккар қыз болса, есигинен таўланып шығып, жортаға тағы бир жилўа таслап, қайтып үйинен шықпай, шийден сығалап масқаралап күлип, отыра қояды. Анаў бийшара болса, бурынғыдан да бетер күйип-жанып, өлермен ашық болып... Қудай, басыңды аўыртып не қылайын, жеме-жемеге келгенде бул тиймейтуғын болып шығадыдағы, жигит басын тасқа урыўға шекем барадығо! Қоя бер сен бул қатын дегенниң мәккаршылығын! „Бир қатынның мәккарлығы қырық ешекке жүк болады“ деп, ата-бабалар бийкар айтпаған, Мақсетжан. Әне, сол қыз күнинде тамаша ушын, я өз қурдасларынан сүймесе де қызғанып-ақ, „бизди сизлерге қарағанда көп адам айттырып келип атыр“ деп, марапатланыў ушын-ақ сыланып-сыйпанып, өтирик наз етип үйренип кеткен әдет, сүйегине синип кетедидағы, барған жеринде де, ал енди, бундай әдетинен қутылыўы мүшкил болып қалады. Сүйекке сиңген нәрсе тегинликте қала ма! Түскен жериндеги қоңысы келиншеклердиң күйеўлерине. ямаса күйеўиниң жора-жолдасларына жаңағы қыз күнинде жылўа етип үйренип қалған көз сөйтип қарай береди ғой! Соннан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

оның жилўа еткен адамы нық болса не жақсы, ал мына Меңлибайдай қопаллаў қыйлы болса тисинен шығармай „ал енди, бала, мына таза түскен келиншектиң дәкеңде қыялы бар қусайды“ деп нилдей айнып сала береди. Сөйте-сөйте аўыл елге от түсип, болады бир қырампыш, пышық басты тасласпа, көрпе-төсек зыңғырыспа! Әне, Мақсет, бундай нашарлар қуры жалтырағаны менен тыйығы пәс кемеди, олар желиғин басаман дегенше жары жасың кемийди. Усы айтқанларымды бинәй өмириңде умытып қалма. Адам өмирден де, бизлердиң заманымызда „ашықлық“ дейтуғын еди, сизлер „муҳаббет“ дейтуғын көринесиз. әне усы муҳаббеттең де өз орнын табыў керек. Мына Назлы деген, шәрўаға қолай нашар еди,—деди тап бир узатылып кетип, қалып қойған адамдай әкиниш билдирип.—Ал, енди мына, Меңлибайдағы келин, өз орнына түспей қалған. Бул, шәрўаға қолай адам емес. Буны сыпайы шайырсымақлаў биреў алыўы керек еди. Назлының жеңгеси де сондай нашардың қыйлы. оның да кеўили нәзик. Адам жарасық ушын-ақ үйленсе болар, бундай нашарларға бурынлары „кеўилимизди мудамы шағлатып қояды, оннан соң бизден нама төгилип келе береди“ деп, кыссаханлар менен шайырлар, бақсылар өш келетуғын еди. Қайсы бирине қыссахан, бақсы, шайыр тийисе береди. Қудайтала, өзи қәдирли затын аз жаратады, алтын кәдирли болғанлықтан аз, аз болғанлықтан қәдирли. Сонлықтан, жаңағы Назлының жеңгесиндей пәкизе нашарлардың бәрине шайыртәбиятлылар табыла бермейди, табыла бергендеғо, жүзикке қас қондырғандай болар еди. Ҳәр кимниң ығбалына өзине тән нашардың сызылғаны жақсы, шайырға тән нашар шарўаға тийгени менен, шәрўаға тән нашарды шайыр я бақсы алғаны менен бахытлы бола алмайды. Еки тәрептиң де ығбалының соқпақлары бир соқпаққа бириккенде ғана жуптылар жубын жазбайтуғын ерли-зайып, бири-бирине жарасық бола алады. Болмаса, еки соқпақ екеўин еки жаққа жетелеп кетеди де, көрпе бир болғаны менен, кеўил қосылмайды, басқа болады, балам, Бул да бир, кәсип таңлағандай, Ал, кәсип таңлаў аўызынан сарысы кетпеген өзиң қусаған палапанларға қостар таңлаўдан аңсат емес. Мен өзимниң туўды-питти шопан екенимди билмей, жасымда көп дағдардым. Малақайшының кәсибин жеңиллеў көрип, урынып едим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

астары түрилип кете берди, мәси тигип карасам, гүлшини дурыс түспеди. Ғобыз шертип көрип едим, өзим келистире алмай жүргенде, үйден әкем куўып жиберди. Қыссаханлық етейин десем, саўат жетиспеди, болмаса, даўыс та, питегене намаға түсингендей ықылас та жок емес қусаған еди, Қус салып көрдим, бул да жигитке бир жарасық, жарасық болғанда қандай, оған бир қызықсаң, ылақ шапқанды-әм қоясаң. Еле бир үйретип жиберермен, оннан соң, өзиң де билесең. Мына, гөш планды бир ыйықтан түсирип алайық. Сөйтип, кус салдым, қусшы болдым, дедим, ә? Ал, енди бул, талаптан гөре бийдәўлетшиликке усаңқырайды. Қусың алса ала қояды, өт қақпайтуғын да күнлер болады, бирақ сеники күнде салпылды. Биз не қылдық: айналып келип, мал бақтық. Әне, талап соннан баслап оралыўға қарады. Биз жүре берген екенбиз ҳәр жаққа бир урынып ыңғалымызға усы жазылған екендағы! Ҳаў, ертерек есимизди жыйып, биле қойғанда болмайтуғынбеди, бәри аңсат ис қызық та болмайды екен, қарасақ! Усы гәп неден шығып еди?

— Назлыдан...

— Назлы қызымыздан шықты, ҳаўўа. Назлы ғой, бизге қолай едидағы, Мурат жанға жағар-жақпасы еки талай ис. Ол, жуқа тәбиятлылаў жигит ғой, оның өзиниң кәсибине жуғысын тийгизетуғың нашар керек пе, деп дәмледим де, мына кемпирге ырық берген бола қойдым. Болмаса ғой, нашардың нашарлығынан хемиси жоқ. Пәкизе, ашың менен айланып, тоғың менен толғанатуғын нашардың сейдини, Көрерсең, еле усы қарағандағы нашарлардың шырайылысы да сол болып шығады. Сәрсенбай, бәле, ийисшил ийттей, пәлектиң астынан бир табыўын тапқан екендағы, қыз қалемесе не шара! Бирақ, алды менен тиллесип алмай, жаўшы жибергени әнтеклик бола қойған екен. Анаў күни ҳайтлықты келин сизлердиң қайсысыңызға берип еди?

Бул жуўапты күтпеген мен:

— Ҳеш қайсысымызға,—дедим ҳаўлығыңқырап. Сөйтип. бақанның басына қыстырылғанын, қалай алғанларымызды қысынып-тартынып, айтып бердим. Дайым теке сақалын тутамлап, басын шайқады:

— Онда келиндики әнтеклик болған екен. Дәстүрди бузғаны менен, биймәлел жағын ойлаған ғой. Сонда биреўиңизге бере қойғанда, Сәрсенбай да жаўшы жи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

берип ҳәлекленбес едидағы. Келин де тәсилпаз екен, көрдиң бе, бийкешиниң кеўилиндегисин билдирмеў ушын, сөйткен. Қулласы-кәлам, ишиңизден биреўди қалеген. Қалемеген жағдайда, ҳал-жағдайды айтқан болып, жыллы сөз бенен ҳайтлық бермей-ақ ысырып салыўға болар едидағы. Па-ай, қыйтыр екендағы! Усы, Жаңабайдың келиншеги бар ма?

— Жоқ.

— Онда соны қалегендидағы. Ендиги ҳайтқа шекем, Муратжанның отаўын бир тиклеп алайық. Өлмесем, келинди шақырып алып, „сен, келин, өйткениңди қой мен кишкене жийенди бир-еки балаға қосып жиберейин. Қыздың қалегенине ҳайтлығын бер, қуры қол қалса, жийенимиз де өкпелемес, оған кимниң өкпеси бар?" деп, айтып көрейин бе?

— Мейлиң,—деди дайым нарыйза кейип пенен.—Сең басыңды шайқасаң шайқай бер. Ҳайтқа шекем, сениң пайдасын билмей он төрт жыл оқып, сүўретши болып, баланың талабың үйренип жүрген ағаң қыз таңлап, шанарақ тиклеп, жолыңды босатты да, бизиң саған ҳайтлық соратқанымыз қалды ма! Оған шекем еле де қызды көзи таныйтуғын биреў қағып кетпесе дей бер. Жақсы, сары қаўынның ийиси пәлектиң астынан да иштейлисин шақыра береди, не көп, мурны ийис таныйтуғын, сезимталлы көп. Ал, онда сен жат. Бүгин ақшам, малды сен бағасаң. Мен уйқымды питкерип, ертең базарға түсе жақпан. Анаў, жоян болғыр, алты малдың орнын толтырмасақ болмайды. Районнан есапшы шығыпты деген ызым-сызым хабар еситип атырман. Не қыламыз, енди, „зиян шуқыры толы" деген...

## 16

Мен оқыған китаплардың көбисинде бундай ақшамларды „ай сүттей жарық" деп сүўретлейтуғын еди. Биз де оннан асып қайда барамыз. Бирақ, еле толыспаған ай жулдызларға толы аспанда жулдызларды терип жеп жүрген кәраматлы бир буўаз ақ бийеге де усап кетер еди.

Көл бойы самаллы болғанлықтан сүйир шыбынның ызыңы да жийекте зыңылдаса бермейди, маллар малдай маңқыйысып, биймәлел отлайды.

Көп жыллардан бери, түнлетип, мал бағып көрген жоқ едим. Бунының нәшеси өз алдына. Әтирап, тегис уй-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыда мәўжирейди. Көз ушындағы буйра баслы тораңғылардың жап-жасыл жапырақларынан да сүт тамып тур ма екен дейсең, ақшыл-сары, бир, тамаша рәң-бәрәңлик бар.

Аспаннан әлле қандай бир қустың қанаты „сып-сып-сып" етип еситиледи де, әлле қайларға семип бара атыр.

„Қолтық көл" диң түнги „қосығы" өз алдына, Ҳаўуа, „Қолтық көл" қосық айтады. Анаў жулдызлар дирилдескен айдынлар қосыққа қосылып, әсте-әсте ырғалады. Өз бахытына өзи ыразы қылыш шабақлар, ақ шабақлар қуўанышын суў астына сыйдыра алмай, көкке шапшыйды да, анаў аспандағы аппақ айдың гүмис нурларынан гүмис иренлерди ала қашадыдағы, тағы тумғыйыққа асығады, ондағы ойын хош жақпай қалғанларының көзлерин қыздырып, „урлап келген" „гүмислерине" пайғазы сорай жақтай асығады. Қасқалдақлар соларды қуўа ма, әлле „шабақ" деп, туңғыйыққа шөккен жулдызларды шоқығысы келе ме, әйтеўир, айдынның ортарағын шамбырлатып, бүлип атырғаны. Аўызлары бизиң Менлибай ағаның аўызындай нәҳән бақалар сылдырласқан қамыслықлардың арасынан маған „бақ-бақ-бақ!„—деп бақырады, олар өйтип бақырмаса да бағып жүрмен ғой!

Әне, „Қолтық көл" диң түнги қосығы усындай, бул өз алдына турған бир нама, ал наманы тил бенен тәрийплемес болар, буны тек ғана тыңлап кеткен мақул, жақ, бунда мәнги қалған мақул.

Әне, усындай екен бизиң „Қолтық көл" диң қосығы, бурынлары тыңламай жүрип пе едим, я тыңласам да ғәплет басып жүрмеди, буның бәрин, бәрин бүгин аңлап атырман мен.

Мәгар, дайым күндиз мал бағыўға қайыл болса, мен, биллә түнде бағыўға қайыл болар едим. Лийкин, әлем усы бир ақшамдай рәўшан болса, толған ай болса, тәбиятқа мен де ышқы, инкарлық толы көзлерим менен қарай берсем, қарай берсем...

Усы бир ақшамы неге менин ойыма Назлы түсе береди? Көйлеги етине жабысып, мына көлден Назлы емес, салланған-доланған бир суў периси тақ өриминин ушынан көз жасындай тып-тынық тамшы тамып наз-наз, ғаз-ғаз басып барар еди. Қарар еди, көзлерим сол елеске телмирип қарар еди. Кәпелимде жаңағы сол елес



www.ziyouz.com kutubxonasi

дир етеди, артына лаппа бурылып дирр етеди, ҳөл-ҳол көйлек жабысқан қос әнар дирр етеди, мениң тула бойым дирр етеди. Қанекей, сол бир қос әнардың үстин тырсыйтқан жипек көлден шыққанлықтан ҳөл болмаса, мен сол қасийетли сийнеге Мәккедеги „қара қапыға“ бас қойған ҳажыдай бас қойып, еңкилдеп-еңкилдеп жыласам, қуўанышым көкирегиме сыймай еңкилдей берсем, еңкилдей берсем, сол бир өмирбағыш сийне ҳөлленсе, мениң қуўаныштан шыққан көз жасларыма ҳөлленсе!..

Усы бир ақшам мен көлсиз жасай алмайтуғын шағала болып, шарықлап ушып кетким келер еди, шаңқылдап ушқым келер еди. Я болмаса, усы кәрадан „Байтерекке“ жалаң аяқ жуўырып, уша басына шыға салып, усы әлемде барлығымды хабарлап жар салғым келер еди, атып киятырған таңды қарсы алғым келер еди...

Ҳауўа, бул ақшам мен шайыр едим, бир ақшамлық ғана шайыр едим...

Адамда сондай бир әжайып пурсатлар бола береди-аў: көз алдымда елес, суў перисиниң елеси. Лийкин бул, Назлы емес еди, бирақ мен бурын-сонлы суў перисин көрмегенликтен, басқа қызларды да көрип жалшымағанлықтан сол бир суў перисиниң орнына өзимниң бул дүньядағы жападан-жалғыз көз таныстым, Назлыны қойып елеслете берер едим. Ол жеңил пәрўаз бенен, мисли, бир тода булттың үстинде илбип баратырғандай жүрип барар еди, жүзип барар еди, жүзип барар еди. Қарар едим, мен оның өкшесине қарар едим, „перениң өкшеси болмайды“, дейтуғын еди ақыры. Мен сол бир периге ашық едим, лийкин ол Назлы емес еди...

Усы ақшам мен я мәс едимдағы, я ашық, я жиллли едим. Бирақ, не екенимди өзим сезбес едим. „Ашықтың жиллиден болмасдур парқы!“ деседи ғой ақыры! Ким билипти, бәлким, адамдағы туңғыш муҳаббет түйғысы тосыннан усылай оянатуғын шығар. Мәгәр, сондай болса мен ашық едим, қай ўақ бир ўақ, ашығым сол суў перисине мегземеги дәркар едидағы, лийкин, ол Назлы болмағы керек емес...

Анаў тораңғылдың басына илинип турған айдың астына қарап, алыслап-алыслап суў периси барар еди. Бәлким, сол бир айға бара асылып миңип, маған қара-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мақшы шығар суў периси! Маған ашық шығар, қарамақшы... жа-ақ. Әне, ай батты. Ай менен бирге пери де торaңғылдаң жылысып кеткендей болды, ай да жоқ, пери де жоқ, тек қосық бар. „Қолтық көлдиң“ түнги қосықлары... Әллеқандай бир ырғақлар, ырғақлар... Көкирегим нама шертеди... Бинәй өмиримде қосық шығарып көрген емеспен, бәлким шайырлар қосық шығарар ҳалатта усы мендей „жинли“ болып алатуғын шығар, билмедим. ырғақлар, ырғақлар... Отаў таманнан ырғаққа аяқ қосып, наз-наз, ғаз-ғаз елес келер еди, суў периси келер еди... Мине, еситип турман, аяқларының сытырлысына шекем, еситип турман.

— Мақ—сетт!—Дайым кейипти ушырды-аў!—Бар, таң уйқынды ал...

Мәңгүр кисидей үй бетке кеттим, мәңгүр едим, себеби мен ашық едим, суў перисине... тек, Назлыға емес...

## 17.

Адам қызық түс көрип, оянбағанын тилеп атырғанында қәпелимде бастырнығып бир оянады-аў! Ақшамы менен елжиреп, қыял бесигинде тербелип шыққан мен байғус, кешқурын да ҳалласлап жүр едим, ойда жоқта аўыл беттен қыйқыўды салып, Елмурат пенен Меңлибай аға келип қалды. Бизиң менен иси жоқ. Тап бир барымтаға айдайтуғындай өрден ыққа ат шаўып, әтирапты алампурхан етти де таслады. Ҳаўлығып қалған мен де атты қапталласа шаўып барып, Меңлибай ағаның жылаўына жабыстымдағы:

— Ҳә, ишкен арағың!...—деп қышқырдым. Атының бир көзи маған қыя қарап, жағы бермаған қыйсайыңқырып тоқтағанда Меңлибай ағаның суп-сур болған жүзине көзим түсти. Есирип жүрмесе керек, есеңкиреп жүрсе керек.

— Айда, аўылға!—деп қышқырып жиберди.—Айда-а, сизлердиң назыңызды көтерип болдым, айда-а!—деди де атын тепсинип кетти.

Не де болса, жайшылық емеслигин билгим келер едидағы, бирақ, ашыў үстинде сорағым келмеди.

— Қуўа бермей-ақ қой, апарамыз, алара да берме!—дедим таяғымды шошанлатып турып. Сөйттим де, малдың бир жалғайын жыя бердим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнде бундай ўақытта қайтып көрмегенликтен бе, тап бир ауылда жолбарыс жатырғандай, соның ийисин сезип қойғандай бойдақлар қуйрықларын шошайтысып, көлге қарап тасырақласа берер еди. Ат бенен жарыса шауатуғын не бир дуўбақлары бар, тойынып, семирип, жилигинин майы толысып, әбден қудайын умытып кеткен, түўе!

Сүрлеудиң шанғытын суўырып, қыйқыўласыўымыз бенен ауылға кирдик. Аўылға мал емес, қуйын, дүбелей киргендей болды. Ший есиклер түсирилип, түнликлер жабылып қалды.

Мен атлы былай-былай шаўып жүрип, дайымның атынын азандағы қазығынан тапжылмастан ертлеўли турғанын көрип, әжеплендим: „Буның базарға кеткени қайда?! Әкелген алты малы қайда?!" Еле базардан айналып келетуғын ўақыт болған жоқ еди. Мал алған адам, бүгин барып, ертең түске жетсе де ошағына май сала берсин, қала алыс.

Саўынлар да, баспақлар да әлле қашшан қораларына қамалып, тасқамал етилип тасланған. Есиктиң алдында бир-еки маған бийтаныс адамлар қоддасласып жүр. Дайымның түрине өли ширай енип кеткен, келинни төңкерипти де, үстинен аяғын созып жиберипти. Үстинде, қәдимги, жыйынлық кийимлери! Базарға кетейин деп атырғанда егленген қусады.

Келгенлердиң биреўин ғана таныдым. Ол да болса, совхозымыздың бухгалтери, атын да билмеймен, бирақ, бас бухгалтер емеслигин, нәментайлаў бухгалтер екенлигин билемен. Анаў екеўи бинәй өмиримде көрген адамым емес, әзелинде сары сынлы, толықтан келген жигиттиң мундирине қарап, „бажбан шығар" деп едим. Соң-соң жағасындағы еки жулдызды, қылыш пенен қалқанның эмблемасын таныңаннан кейин, заң қызмәткери екенлигин абайладым.

— Келдиң бе, ғошшым? — деди аман-есенликтен соң.—Мен, районлық прокурор Пирназаров боламан. Мынаў, райпоның баслығы Малтабар ағаң.

— Ҳимм,—дедим. Әжепленип қарады.

Келгенлер ишкерилеп, чай-суў ишип шықты ма, я келип турысы усы ма, мен келгеннен соң ишкерилемеди. Бирақ, қазан қостағы „жуғыр-жуғыр" дан, жеңгемниң елпилдеп кирип-шығыўларынан еле аўхатланбағаны, ҳәтте, қонақлардың ат үсти аўхатланып кете-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғын асығыс адамлар екенине шекем мәлим еди. Прокурор ийегин қағып:

— Иске шырпылдасып, кирисе бер, Ережеп,—деди басына алағула алты сайлы кепка кийген бизиң бухгалтерге; дайым сол отырған қәлпин бузбады: „әне мал, әне, шопаны, билгенициздн қыла бериң!" деген ашыўды сезгендей болдым.

Елекең елпилдеп, Меңлибай аға мөлтилдеп, Ережеп ериниңкиреп қораға кирисги. Маллардың анаў кенседеги төркининде аты, жасы, түри, сырғасының номери жазылған нәҳән китапты алып, прокурор қораның алдына келип еди. Елекең ентелеп шықты да анаў саўын қораның аўызында жығылып қалған гүрсини жеңи менен сыпырып әкелип, Пирназаровтың астына жүдә бир ықтыятлылық пенен қойды. Шетен қораға шығанағын, гүрсиге отырарлығын берип, „Книга регистрации крупно-рогатых скот..." деген, қызыл қәлем менен нәҳән етип жазылған қатты қаплы журналды бармағын жалап ашты да:

— А—ал, сүйрелеклей бериң,—деди прокурор басын қағаздан алмастан. Соң, бизге де қораны ишарат етип жиберди. Ишкери кирип, басқалары шығып кетпеслиги ушын, ергенекти жаўдым. Прокурор дайымды бармағының ушы менен шақырып:

— Ғарры—ы,—деди,—кел, көрип отыр.

— Жаза бер,—дейди дайым орнынан турып атырып.—Несин көремен бәри де маған аўызланғалы берли ағайин маллар.

— Мынаў, сырғадағы номери менен салыстырмаймыз ба, енди?

— Салыстырсаң, салыстыр, ғошшым. Жаңағы алтаўынан басқасының бәри бар,—деп атыр. Прокурор түри-түсине қарап: „А-ал, аты қандай?" деди. „Шалқуйрық," деп жуўап берди, дайым; „Анаў Қутанлы көлде туўылды. Еки жасар, жақында „Алабас" деген буғадан қашты", деп атыр еди, прокурор, қолын силтеди. „Маған қашқан, қашпағанының кереги жоқ, жасын, атын айтып турсаң болды. Ал, бала, қулағына қарап жибер, номери нешеў екен?" Мен номерин айттым. Ол журналдан сол номерди таўып алып, тусына қызыл қәлем менен бир ноқат қойды. Сөйтти де: „шығара бер", деди. Мениң изимше Меңлибай, оның изинше Елмурат



www.ziyouz.com kutubxonasi

келди. Белгиленгени белгиленгендей шығарылып жиберилип атыр.

Сол тәртип пенен кете бергенде ояқ-буяғы еки саатқа бармай, маллар тағы алдымда мөлтилдесетуғын еди. Кешке шекем, еле бираз бар, шемирендирип тойдырмаған менен шондысын шығармауға болады. Соны сезген дайым, есап-санақтың жылдамласқанын қәлеп:

— Ҳой, бәрекәллә, бола қойың,—ын жеткерип тур еди. Меңлибай әкелген бир сыйырдың сырғасын тат басқан ба, номерин көриў мүмкиң болмай қалды. Шырпынып турған дайым, китапшаға бармағын шошайтып:

— Ғошшым, мынаўыннан „Шайбас тарғыл" дегенди, тап,—деди шулғынып.—Жасы үште, тек бир ғана туўды, ҳасыл мал едидағы, қыстан мандымай шығып, қаша алмай қалды. Туўылған жери „Көк шүңгил". Әне, сокарасын таўып, сәнесин жаз да жибере ғой, берекет тап. Мен балаға күн барында тағы бир жайдырып ала жақпан...

— Күтә бир, биймаза ғарры екенсендағы! Бар, лампамай әкел үйиңнен...

— Үйде лампамай жоқ,—деди ғарры да ҳәкисленип. Ҳаўлығып қалған Меңлибай аға:

— Мынаны услап тур, Ҳайтмурат аға,—деди.—Жуўырып барып өзим әкелейин.—Ғаррыға қулағын услата сала, өзи баладай, солқылдап жуўырып кетти. Ғаррының қырсығып турғанлығы соншелли, „сен-ақ әкел", деп, аңталасып жүрген Отарбай менен Даўытбайға да бир аўыз айтпады.

Анаў райпоның баслығы Малтабар деген, семизшиктен келген, шырайы да оләмата жаман емес адам араласпағанда бул шатақ болмаспеди:

— Яшуллыны еркелетип жиберген ғой, яшуллылар...

— Еркелетип, мен ҳеш қайсысының еки туўған егизиниң сынары емеспен,—деп бежирейди ғарры.—Аўызыңды тартып ура берме, өйтип. Сақалды сыйла, әкеңдей адамман. Айдың аяғында гөш планға, сизлердиң қалаңызға сизлер жеў ушын мал тапсырыўым керек еди. Мына маллардың ҳәр қайсысы күни-түни бағылып, күниге бир қадақтан тас миндирип киятырған маллар. Ал, сизлер болсаңыз, бүгин бизди бир жүз алпыс төрт қадақ тастан қағып турсыз. Күн санаўлы. Қарап жатып-ақ ас-суў сорамай, қағаз үстине қағаз қосылып, пәпкени семирте беретуғын, бул сизлердиң кеңсеңиз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дегидей жумыс емес. Биз буны, бақсақ семиреди. Мен мына сырғасы тотыққанды услап турайын, сизлер мына балалардың әкелген сырғасы патлыйғанын өткерип жибере бермейсизлер ме, шырақларым-аў, әбден, қақайса қалдыңызғо?!

— Яшуллы, гәплериң қалай қалай өзи?!

— Болмаса, не енди, еркелетти дейсең! Мен директордың, я парткомның қол баласы емеспен-ғо, бәриниң де әкесиндей адамман. Қәне, сен бала жөнине тур. Кәмсияниң баслығы мына бәжбан бала ма? Мен усының менен сөйлесейин, сен аптолапканды жибермей-ақ қой. .

— Бул бажбан еме-ес,—деди Малтабар бүйирин таяна берип. Ғаррыны сөйдесем, сабасына түседи десе керек:—Абайлап сөйлең, бул, райпрокурор жолдас Пирназаров деген болады. Ҳа-а, анаў-мынаў қыңырларды тезге салып қояды.

— Қошшым, айтпайын десем де қыздырып баратырсаң... Бизиң қудай берген минез, қарсыға салса да өзгермейди. Пуркуралдың алдында, бир жорғаласа, искиладка келген затты саўдагерге саттырып, аўыз жаласып жүргенлер жорғалайтуғын шығар!

— Ким айтты оны?!

— Болмаса, дүкәнда жоқ нәрсе, базарға неге түсе береди?

— Қоя қойса, Ҳайтмурат аға,—деп атыр бир қашарды шақынан беккем тутып алған Ережеп.—Ерегисти не қыласаң?!

Соның арасынша, қолында бир қуты лампамайы, бир қамтым пахтасы, епелеклеп Меңлибай аға жетип келди де, қутыға пахтаны тығып, ғаррыға услата сала өзин қорағa урды. Ғарры аларын алса да:

— Мә,—дәди Малтабарға созып:—Пәкизе, татын кетир де мына ғошшымызға нәўмирин айтып жибере ғой?

— Сен, өзи, ғарры, ойнап турмысаң?!—Прокурор қызды. Анаў сурланды. Меңлибай „өзим-ақ сүртейин де, бай-бо-ой, жигитлер. Бир яшуллының қыңырлығын көтермейсиз бе?" деп апалақлап келди. Ғаррының қолынан қуты менен пахтаны ала сала сырғаны ысқылап атыр, үплеп ысқылап атыр, қолы етик майшының қолындай жылп-жылп етеди:—О-ой, жигитлер-әй, қойың-дә мәлелди!—Ғарры дым үндеген жоқ. Сыйырды шығарып жиберип атырып, прокурорға үнсиз қарап турды да:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен мына кисини көмеклеседи деп әкелдиң бе, я төбеңе қараўыл етип қойыўға әкелдиң бе?—деди.— Көрмей тур ма, мениң қолым босамай атыр ғой, қолымды жаздырсам қулақтан айрылып қалайын деп турман?!

Пирназаров үндеген жоқ. Ғарры ергенектен шығып турды да алақанын көлегейлеп, қуяшқа қарады:

— Өйттик, бүйттик, күнди де батырдық-ә!—деди, бирақ, еле күн батқан жоқ еди:—Обалыңыз кәмсияға, жәниўарлар.—Ҳеш ким ҳеш нарсе еситпегенсиди. Пирназаров ендиги жумысты тезлете баслады: „түри, түси, сырғасы?". Сол екеўи менен аты сәйкес келсе, соңғы графадағы жасы сәйкес келе береди. Ережептиң күшмийтек болып әкелген бир сыйырының сырғасы жоқ болып шықты.

— Неге жоқ?—деди прокурор қулақтың тесилген-тесилмегенин турып барып көрип Меңлибайға.—Не қылған буған?

— Түсип қалған шығар, Пирназаров аға, қуўырдақта...—деп атыр еди из беттеги Меңлибай. Прокурор:

— Түсип қалған дейсең, ә?—деди таңланып.—Қайда түседи?

— Қайда түседи-и?!—ғарры күлип жиберди.—Оны сыйырдың артқы туяғынан сорамақ керек!—Езиўин жыйды да:—Сыйыр деген алдыңғы аяғы менен қасынбайды, ғошшым,—деди, биймәлел, өлпен ғана шықса да даўысында адам ашыўланғандай мысқыл бар еди. Прокурор:

— Сен, ғарры, жөнине тур,—деди бармағын шошайтып,—Бизге мешать етпе. Я шопан емессең, я бригадир емессен. Бар, үйине бар, сенсиз-әм санап шығамыз. Неге нервте ойнай бересен...

— Я журттың нерви сениң ушын дәрўаздың сымы ма?!—деп Малтабар былай қарап манқыя қойды. Ғарры әжепленип қарап турды да;

— Мал кимдики?—деди гегирдегин созып.

— Қойсан-ә ғарры, бар, көкнарыңды иш...

— Жақ, сен өйтип сәдде берме, кимдики мал...

— Бай-боой, ал, совхоздики...

— Совхоз кимдики-и?!

— Ҳүкимметтики-и!—деп созып жиберди Малтабар.—Ҳүкиметтики!

— Қулағым гереңемес, жекиринбе өйтип: ғошшым. Сен биледи екенсең, ал, ҳүкимет кимдики?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳүкимет адамлардики, яшуллы,—деп, мыйық тартты прокурор. Оның неге топа-торыстан мыйық тарта қойғанына түсинбей қалдым. Ғарры оны „уялды"ға жорыды ма. гийнели пишинде даўысын дирилдетти:

— Сениң, иним, жөнге түсинетуғын түриң бар екен. Усы ҳүкиметтиң малын мен қырық жыл бақтым. Сонда мен усы ҳүкиметтиң адамыман ба...

— Әлбетте, әлбетте,—деди де Пирназаров жумысы менен бола берип.

— Айтаман ғой, жөнге түсинетуғын жигитлер менен санасыў да, сөйлесиў де аңсат,—деп, ғарры шулғынып, келип қалды:—Ал, енди, мениң мына саўалыма жуўап бер, иним. Мен оқымаған адамман, бәлким, түсинбеспен. Ким түсинбегени ушын сөксе, нәлет жаўсын оған. Мен усы ҳүкиметтиң табан жери ушын өзимди жуўапкер санап, мынаяғы Берлинге шекем, пайыў-пияда жүрип өттим десем, бири ғалет демең, ғошшыларым...

— Сонда не демекшисен?

— Сонда ма, Малтабар ғошшым, әй, яқ, саған гәп зая етпеймен.—Ғарры басын шайқады да прокурорды дыққатқа тутты:—Кәмсияның бирлиги, анаў бизиң Ережепте бийлик жоқ екен. Кәмсиянын төреси де, төрелиси де өзиң екенсең, ғошшым. Жаңағы „я шопан емессең, я бригадир емессең, барсаң-ә!" деген гәпиңди қайтып ал, бизден, ғошшым. Өйтип маған тесирейме, азап та берме. Гүллен ҳүкимет ушын өзин жуўапкер сезген биздей алпыс бес жасар сада ғарры ҳүкиметтин бир баспағы ушын ҳәм өзин жуўапкер сезеди...

— Сезгениң сол ма, алты малды бирден.,.

— Сен сөйлеме, Малбағар ғошшым, берекет тап!—Ғарры алақанын сермеди:—Мен алты малды жойтқан болсам, орынына мине деген алты буўаз әкелейин деп, базарға баратырған жеримнен совхозға да жеткермей, жолдан қайтарған өзлериңиз. Үш мын манат пулымда еле қойынымда.

— Қоя қойса,—Меңлибай жалынды:—Берекет тап, Ҳайтмурат аға...

— Қояман, қайтып алсын, жаңағы гәплерин, ғошшым...

Прокурор айқаса кететутын адамдай „тфуу!" деп, гүрсиден өрре турды да ғаррыға шекшийип:

— Ал-лынбайды-ы,—деди буўынға бөлип.—Гәп қай•



www.ziyouz.com kutubxonasi

тып алынбайды! Әри шопаның ҳайтлатып жибериң, алты малды асырасаң...

— Не дейди-и, қайда-а...

— Әри, комиссияга бағынбай, тәртипти бузасаң. Әри уры, әри үстем!

— Ҳа-ааа, солай де!

— Қоя қойса, дайы!

— Ҳайтмурат аға деймен!

— Жибериң, баллар, малларды! — Ҳа-а, солай дейсең! — Қалшылдап, ғарры ҳеш кимди тыңлар емәс. Жағаласа кетер ме екен деп, арашаға қолайласқанларды бийнесип етип, ғарры бирден пәсине қайтты да: — Ғошшым, — деди өлпең ғана. — Сен бизден сауал алыўға келген екенсең. Пәкизе, — жолды көрсетип; — анаў изиң көмилместен бурын қайта ғой. Ертең пәўескинди жибер, сауалды кеңсеңе барып беремен. — деди. Сөйдеди де ергенекти ашып жиберип, шетеңге тығылған бизиң таяқсы суўырып алды ҳәм қуйын урғандай партылдатып сабап малларды аңқайып атырған ергенекке еңтерилдирди. Бундай нәрсени ҳеш күтпеген ергенектегилер тасқынның ағсында қалатуғындай кейин-кейин қашысты. Меңлибай аға ҳәр малға бир жуўырып, қолларын көлегейлеп, қыйғырып жүр: „Сени жин урды ма, қойсаң-ә, Хайтмурат аға!"

Лийкин, дәрьяның өзи қайтпағанша, бузылған бөгетти қайта бөгеў, бөгеген менен де, сыртқа ылағып кеткен суўды қайтып аңғарына ағызыў мүмкин емес еди. Үш үйдиң бала-шағалары да жыйналысып, аўылдың арасы әптер-тәптер бола қалды. Әлле қашшан атына минип алған дайым болса, гә ана сыйырға, гә мына сыйырға шаўып, шашырап кеткен малларды жолға сала алмай жүр. Тусымнан былай бир өткениндә мен оның көзлеринде жас көрип қалдым. Өмирим туўып, көзлериниң ләмленгенин көргеним усы еди. Атыма жуўыра бергенде Меңлибай алдымнан шығып, қушақлап қалды:

— Сен кетпей тур, Мақсет, шатақ болатуғын болды? Ең болмаса мени ая! — Мен бирден салпаўсып қалдым.

Дайым үлкен машақат пенен малларын жөнге салды да „Гүмис көл" таманға айдап кетти. Аўыл арасының шаңы басылған соң ўәкиллер үсти-басларын қағынып, Елмуратқа қолларына суў қуйдырып, Меңлибайдикине кирди де әллен ўақыттан соң мени шақыртты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кирип барсам, ўәкиллер еле шоферын оятпаған екендағы, Меңлибай аға: „Усы шатақты, жигитлер, қоя қойың дә, жақында орденге усынып едик, документи жоқарыға кетип қалды," деп, жалынып-жалпайып атырған екен. „Алар орденди!" деди де прокурор маған бир жапырақ қағаз усынды, ал авторучкасын болса, Малтабар тайынлап отыр екен.

— Алты малдың жасы, түри-түси, аты қандай еди, қай күни қалай жойтылды, соны жазып бересең, так, что, мал ушын сен жуўап бересең. Шопан—сен. Атаң менен жумысымыз жоқ,—деди. „Дайым менен жумысы болмағаны жақсы, сол бийшараның мийнетиниң баҳаланғанын көрсем болар, өзимди писирип жесин", деген ой менен прокурордың папкасының үстине қағазды төсеп жиберип, ҳайт күни кимлердиң келгенин, Қайпан ағаның аўылына ҳайтлап келсем, алты малдың бирден жоқ болып шыққанын, табылар деген үмит пенен елеге шекем ҳеш кимге билдирмегенимизди, ҳәтте, Назлының үйинен қара чай ишкенимизге шекем қалдырмастан отырып, жазып бердим. Пирназаров қағазымды күтә ықтыятлылық пенен пухталап, папкасына салып, „шырт" естирди де тағы бир қағаз усынды. Бул, акт екен. Онда алты малдың кемислиги, дайымның комиссияға қыр көрсетип, тәртипти бузғанлығы жазылған екен. Елекең де, Меңлибай аға да, өзлери де қол қойыпты. Мениң фамилиямның тусы ашық. Енди сол жерди толтырып берсем, кете бериўиме болатуғын қусаңқыраған. Бирақ, буның өзи қыйын еди. Қағазды яшуллының өзине қайтарып бердим де:

— Кете берсем рухсат па?—дедим әсте ғана.

— Қол қоймаймысаң?—деди прокурор.

— Тәртипти сиз буздыңыз. Қолды биз қоямыз ба?!

— Не деп бузыппыззз?!

— Биз әскерликте коммунистлик моральдин кодексин ядладық...

— Сен оны айтып отырсаң, биз жинаят кодексин ҳәм ядтан билемиз!

— Ырыл-тырыл күн көриўиңиз ушын, әлбетте, оны билиўиңиз итимал,—дедим мен де нықыртып. Ҳәмме демин ишине тартып алған, тым-тырыс. Сирә ҳеш ким қой да демейди:—Бирақ, күн көриў ушын емес, пухараны аяқ тапылдатып қорқытыў ушын-ақ жинаят кодексин ядлаған болыўыңыз мүмкин ғой...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен, слушай. абайлап сөйле!

— Жүдә абайлап сөйлеп отырман, отағасы. Абайлағанда қандай, сизиң мораллик кодексти билмейтуғыныңызды ҳәм абайлап айтып отырман.

— Так-та-ак...

— Ҳаўа, кодексте „бюрократизмге қарсы маўасасызлық пенен гүресиў керек" делинген. Биз сизге қарсы гүрессек, бюрократизмге қарсы гүрескен боламыз. Себеби, сиз бюрократсыз, буның дәслепки нышанын сизиң ақ сақаллы адамға бармақ шошайтып, „сен" деп, сөйлегениңизден абайлап едим. Сиз пахыр-пухарадан өзиңизди үстем санайтуғын адамсыз, коммунистлик руҳ та, жүрек те жоқ сизде...

— Қысқарт-әй, партбилетти сен берип қойған жоқсан, маған! Мени сен емес прокурор етип қойған, райкомның бюросы, билдиң бе?!

— Билемен,—дедим мен басымды екшеп.—Сиз қызып отырсыз, себеби, мен ҳақыйқатын айтып отырман. Ҳақыйқатлықтан қорқатуғын адам, ҳақыйқатын айтсаң, айға шапшыйды. Неге қызасыз? Дурыс, партбилет те бар, ҳәмел де бар сизде. Бирақ, сонша туқым шигиттиң арасында бир-еки қамы да кетедиғо, қам қамлығына барады, көгермейди. Жа-ақ,—дедим басымды шайқап.—Ширип кетеди. Сондай-ақ, сизге де узағына партбилет пенен ҳәмел жолдас бола алады деп айта алмайман, жа-ақ, жа-ақ...

Қолымды бир сермедим де шығып кеттим. Изимнен сөгис аралас бир нәрселерди айтып атыр еди, өзим айта жағымды айтып болғаннан кейин қулақ та аспадым...

Келеси күни районлық халық қадағалаў бөлиминен бир адам. рабочком Әлимбай аға, бас бухгалтер келип, онысыз да ай жақты еди, сонда да переноска менен лампочканы әкелдирип, ергенектиң бақанына қыстырт-ты ҳәм аўхат писемен дегенше ҳеш ыңжыңсыз-ақ еки-үш сааттың ишинде барлық малларды қайта санап:

— Ондай-ондай болады. Ҳайтмурат аға, Өйтип, қамсығып, енсеңди түсире берме. Бирақ, әлпайым болған ҳәм шеп емес. Не де болса, болар ис болды, ғайратты сала бер,—деп, марапатын жеткерип кетти. Санаўда қорадан шыққан мал да, қонақларды узатып салыўға үйден шыққан дайым да қайтып ишкерилемеди. Узақ ўақытқа шекем „Қолтық көл" диң шығыс тәрепине узақласып баратырған туяқлардың шықылдылары, да-



www.ziyouz.com kutubxonasi

йымның тек ғаррыларға ғана тән „ҳә-әйт, шүүүў! Ҳә-йит, шүүў!..“ деген қарлығыңқыраған даўыслары емис-емис еситилип турды.

Сол ақшамы ай толысқан еди. Мен түсимде перини аймалап шықтым, суў перисин...

## 18.

Қамыслар тәўир ақ писип, айдың аяқларына таман көллердиң көл, я нуўқарағай қамыслық екенлигин абайлаў мүмкин болмай қалды.

Совхоз ҳәкимлери де, әйне, пайытын биледи. Билмесе, сонша журтқа аға етип қоя ма?! Маллардың өзлери емин-еркин отлап бара алмайтуғын айдынлардағы пишенлерди қайық пенен орып алыўға қарар шығарыптыдағы, комсомол комитетиниң секретары Азатқа: „бир, ғайрат сал, ғоншым. Бизге, усы от-шөп,—мут түсетуғын от-шөп. Көллердиң суўы тартыламан дегенше бәшкеси тағы жетиледи, әлбетте, үстин орып алсақ жетиледи. Сен, соған бир басшылық етип, мына мектептиң жетинши, сегизинши, тоғызыншы, оныншы классларының оқыўшыларын жумылдырып жибер. Фермаларда, совхоз орайларында аўысық адам болса, биз ҳәм шығарамыз. РайОНО, мектеп директорлары менен келисилди,“ деп, жедел берип жиберипти.

Соннан бери тыным таппай, кәл жағалаған фермаларға бирим-бирим кирип шыққан Азат бизикине де келди. „Усы кәраларда кимлерде қайық бар, сорап алыўға болармекен?“—соны билиўге шығыпты. Мына хабарды еситкен дайым: „Мынаны ким ойласа да геллеси бар адам ойлаған екен. Жылда көллердиң қамысы суўы тартыламан дегенше қатып кетип, я малға, я шийге жарамай жүр еди. Шийшилер қамыс пилийтаға алғанын аладыдағы, алмағаны, қалады. Өрт берейин десе, жийегинде тоғайы жақын. Өрт бермейин десе, қуўраған қамыс, алабәҳәрден сүйрикке салқын саясын салып, мандытпай жүр еди. Пай, жақсы болған екен аў!“ деп, ушып-ушып қуўандыдағы: „Бунын ҳәмели аңсат,—деди.—Сен балларды жыйнап келе бер. Мен, оңқолдай сал буўып беремен. Ҳесабыңа бизиң мына Мақсетти де алып қоя бер. Жан басына үш жүз баў болса, не, ол? Мал бағып жүрип орыўға да болады. Не көп, тынып турған пишен көп!“ деп, Азатты мардыйтып жи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бергели ғарры түски уйқыдан да ўаз кешип, таң қараңғысынан бизиң менен бирге шығады. Қолында жарғысы, белинде балтасы.

Ийирилемен дегенше биз мал бағып жүре беремиздағы, дайым болса шығып киятырған қуяшның нурларын балтасының жүзинде жарқылдатып, урып турғаны балтаны. Қай тәреплерде екенлигин балтаның тоқылдысынан тауып барып, ўақты-ўақты жарғы тартысып кетип турамаң. „Дайы, шаршаған шығарсаң, балтаны берип, малға бара тур. Мен де шаўып көрейин", десем, басын шайқайды: „Бара бер. Ғарры өгиз балтаға алдырмайды деген гәп бар. Балтаны анаў-мынаў жигиттен жақсы ура аламан. Оның үстине, көрип турсаң ғой, қуўрақ-қуўрағын, сыйдам-сыйдамын сайлап шаўып жүрмен. Қуўрақ болса, пәкизе, жүкти де көп көтереди, тоғайға да биймәлел. Сен ағашыңды танымай қалып жүресең бе, "дәп, гуманланып та қарайды. Жәнеўиттен оқтай-оқтай қырық-елиў қаданы шаўып, пияздай аршып, кептирип қойғаны қашшан: „Кеўип турса, пәкизе, қолға да жеңил болады..."

Азат сол келип кеткенинен кейин қайтып хабар алмады. Көмекшилердиң қашан келетуғынынын да мәлими жоқ. „Қалай да салсыз болмайды, қайсы бирине қайық жеткересең! Мен усы базарға шекем бес-алты салды буўып берип, базарға түспесем, шатақ. Анаў күнгилер қарап жатар дейсең бе?!" деп, өзинен өзи шырпынып, базарға шекем емес, бесинши күни кеште: „бес салға пәраўан жетеди. Енди шеге керек", деп келди. Ал, ертең базар деген күни атар таңға базарға түсиў ушын қойын қалтасына үш мың манат пулды басып, сыртынан түйреиўиш пенен түйреп, өзиниң сөзи менен айтқанда „ырас, қарыстан-қарыстан зият мыйықтан еки басын толтырып" қайтыў ушын, гөне қоржынын ҳәм бөктерип, совхоз орайына барып жатыўға нийетленип кетип еди.

Күндеги әдет бойынша, түнги саат екилерди өткере бәрип, мал жайып кетиўге қолайласып атырғанымда сыйырларға, баспақларға сетем берип, Азаттың машинасы жетип келди. „Азат! Не-ғып жүр бул, биймезгил ўақытта?!" деп қарасам, жақ, Азат емес, дайым түсип киятыр:

— Ой-ой, болмайды екен, бизиң базарлап кеткенимиз. Көмекшилер ертең келетуғын болыпты. Ендиги



www.ziyouz.com kutubxonasi

базар-ақ аламыздағы, бүгин салын суўға сала беретуғын етип қоймасақ болмайды..,

— Шеге қайда?

— Машында, түсириң,—деди онысыз да қоржынды мықшыйып, көтере алмай киятырған шоферға.

— Мынаў бизиң ғаррының даўысы ма, ғарры-ы?!— Оянып кеткен жеңгемниң уйқылы-ояў даўысы шықты. Ғарры жекиринип жиберди:

— Ўсы ўақытқа шекем ҳәм жатпақ болып па?! Журтлар жәҳәннемди айналып келип атыр. Ғурық басып атырмысаң, турсаңо! Шай қайнат... Әне, балам, усыларды соқтыраман деп кеш қалдым, болмаса...—деди мениң кабинадан шаңғырлатып таслап атырған скобкаларымды нусқап.—„Ақыл жастан шығады", деген. Анаў Жаңабай жораң айта қойды, Болмаса, сә ядымда жоқ еди. Басы-қасында болып, ислегип берип, ол да жаңа кетти үйине. Өсип-өнетуғын жиги-ит!—деп қойды, жүдә бир ыразы пишинде:—Бунысы дым итияж болды.

Шофер шайға қарамай, „үйден ишемен", деп тәўелле-пәўеллеге турмай, кетип қалды. Дайым өкиниш билдирип:

— Пай, нетесең-әй, онда кемпирди оятпайтуғын едимғо!—деди тап бир жеңгемниң басын шайқап ойтқандай. Соң Елмуратқа, тоңқылданды:

— Өзим үйден бир майдан кетсем болмайды! Мына Елмурат баққанлардың түтинлиги өшип қалыпты! Ҳа, усы Меңлибайды ма, өзин таң алдындағы аш шыбынға тыржалаңаш байлап қоярмеди. Мен соны түтетип болып бир, көзгир алайын.—Бир ўақытта маған аларып қарады да:—Сен неғып турсаң,—деди:—Я бир нәрсе тәме етип турсаң ба, кетеберсоңо!

Кете бердим, не тәме етейин, қызық адам, ә?...

Аздан соң, келип чай ишип кеттим. „Бизлерге жақын бол, керегиң шығып қалар", деп қалды изимнен.

Көп узамай-ақ бир балтаның тоқылдысы еситилип турды. Күн шыға бергенде тоқылды екеў болды. Ал, аздан соң тоғайда үш балта тоқылдады. Мениң ядыма өзим хызмет еткен Тайганың азанғы мәҳәли түсип кетти. Қарағайларға азан менен тоқылдақлар үсейтип, тумсықты урып отыратуғын еди. Мен өзимди бир зум әскерликте жүргендей сезинип қалдым: „тоқ-тақ, тақтук. тоқ-тақ!..."



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түсте олар мени шайға ерте жиберди. Олар түслениўге кеткенде саўынға да мениң қарап турыўым керек екен. Мен келгеннен кейин барып, өзлери кетти. Бул ўақытта маллар әлле қашшан ийирилген еди. Анаў бир жоғалған алты мал көзимди қорқытып таслаған. Арасы ғат шаптырым еки суўаттың арасында мәкидей қатынап журсем, алдымнан Назлы киятыр. Астында бизиң дайымның аты. Найзаласатуғын батырдай бири биримизден көз айырмай айдастық. Ақыры оның кирпиклерин суўлаттым. Жигитпиздағы, ақыры, сулатпай не! Қапталласып келип, қолымды созып едим: „Бар-әй“, деп, тап бир пышықтың баласы салбырап турған шашбаўдың ушын қағып жибереди ғой, тап сондай етип, қолымды қағып жиберди. Бурыннан уйпаласып қалған бир үйдиң еки аты қапталласқанда бирин бири қыйып кете алмағандай егленип қалып еди. Көзим менен Назлының қуяш қарайтқан жүзлерин аймалап шықтым. Кирпиклерин төмен қадап, ләплерин қанша қымғаны менен, күлкиси келип, өзин өзи зорға тутып турғанын билип қойдым. Буны маған бүлкилдеп турған күлдиргишлери айтып берди. Бурымынан қашып, алмалығын сыйпап қайтып турған узақшаның қаўырсынындай бир шылым шаш мына қызды дым әнейдей көрсетип жиберди. Жиллидеймен-аў, бирден уўылжытып, сүйгим келип кетти. Сөйтетуғынымды билип, шақланып-ақ турса керек. Қолымды ийегине соза бергеним, қағып жибермесин бе, қолым атының жалына соқлықты. „Унының шашайын ба“ дегендей, басқа гәптиң рети келмегенликтен:“ ҳә, аттың жылаўы мынаяқта екенғо...“ деп таңланып атырман жортаға. Қыз күлип жиберди:

— Аттың жылаўы мениң ийегимде болатуғынбеди, қалтырақлап өл-ә. Жигит болғанның жөни сондай боламекен?—Аттың жылаўын жаздырмастан турып, Темиркөкти де изге бурдым да:

— Қандай болады екен?—дедим езиўим ғарбыз жей жақ адамның жағындай айырылып:—Қандай болады екен, зиязулпыңды қайырып, бир сүйсек...

— Сүйдирмеймиз-дә.—Күлди мақаў қыз. оңдырмай күлди, наз етип күлди. Көзин ойнатып күлди, мақаў қыз;—Адамы бар-дә, сүйетуғын. Сениң сарымсақ сасып жүретуғын аўызың дәри ме маған, үйий,—деп шимиркенгендей мурынын жыйырды; Өзимниң мынандай,—бас бармаған шошайтты да атын тепсинди, мен де жы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лаўын жаздырмастан қапталласа бердим:—ҳауўа, мынандай, ләплери палдай жигитим турғанда...

— Сүйисип те жүрсиз бе, еле, палда-палдай...

— Сүйиспей не. ҳәмме сендей сүмер ме! Ойнап айтаман-аў, сен сүмер емессең. Жибер, аттың басын, биреў көрип қалар...

— Жаңағы ләплери палдай жигиттиң атын айтсаң, жиберемен.

— Жибер деймен.

— Айт, атын. Сонда жиберемен...

— Адам күйеўиниң атын айтамекен, сениң жеңгең айта ма...

— Япырмай-ә!—деппен ғой, қыз сылық-сылық күле береди, күле береди. Бүйреги бүлк-бүлк, ийинлери селк-сек ете береди, ете береди, Ерлиң басынан услап, еңкейип күледи, неге күлгенин өзи биледи, билмей киятырған мен!—Япырмай-ә, шының ба?!—деймен едирейип.

— Мен таныйман ба?

— Өзиңниң жораңғой, тап баяғынды айтып беремен,—дейди бармағын шошаңлатып. Мен ҳайран қаламан.—Еле билмей турсаң ба, жақында билесең.

— Ким ол, өзи?!

— Ким менен ҳайтлап барып един, солардың биреўи...

— Сәрсенбай ма?!—дедим таңланып,—Жаңабайдың жүрген қызы бар, деп еситемен.—Бетиме қарайды да, қыз күле береди, күле береди, күле берсин, өзине жақсы болса. Бирақ, ол күлген сайын, неге екенин қайдем, мениң берекетим қашып баратыр. Оны сезип киятырман. Бирден „жүрген қызы усымекен?" деген ой сап ете қалды: „Болмаса неге күле береди?!" Жаңабай маған ырасын айтпай жүрген ғой. Я Сәрсенбаймекен?"

— Сен неге, онда, анаў Сәрсенбайдың,—дедим сын көзим менен қарап:—жаўшыларының геўишин дурыслап, ҳасасын услаттың?

— Оны ким айтты?—Ол да маған лийкинли қарайды:—Ким?

— Ҳәмме айтып жүр. Жердиң де қулағы бар деген.,.

— Сен соны еситкен ўағында қуўандын ба?—деди бетиме үңилип.

— Жақ,—деймен басымды шайқап.—Достымызды қапа қылғаның ушын иесине қуўанаман?.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қуўанбай-ақ қой!—деп бултыйғансыңқырап, арман қарады. Ашыўлы:—Ҳасасын услатты деп, қапа да болмай-ақ қой. Тап мениң сол жигиттен басқада ойым жоқ, еситтиңбе-е?! Қойып тур, желкеңе бир сона-а,—деди де шарп еткизди. Бул не қылығы? Аўызымды жасқай бергеним:—Пай, ушып кетти-аў!—деп өкингенсиди де бирден шақалақлап күлип жиберди. Менин күлким келип киятырған жоқ:

— Сонда неге, ҳасасын...

— Ҳасасын, ҳасасын, дей береди екен-әй!—деди ол бирден салдамлы бола қалып.—Мен ол ақымақтың өзине айттым, „айттырып, ҳәлекке қалмай-ақ қой". дедим, „бир күнде қашамыз да кетемиз" дедим, „тисиннен шығарма", дедим. Соған исенбей, адам жиберип жүргени. „Тисиннен шығарма" десем, адам жибергенине шекем саған айтып... Услаттық-дә, қөзабаға, ҳе, журтта бар қыйтырлық менде жоқ па?

— Болды, болды,—гәптиң аржағы жалықтыратуғындай сезилип кетти:—Онда, қашасыз ғой, жақында, я?

— Қашқанда не қылады, қашамыз.:.

— Аржағын айтпай-ақ қой,—дедим мен, қызарып кеткенимди айнаға қарамай-ақ билип киягырман. Гәпти басқа жаққа бурғым келип кетти:—Унының болғанда „шашайын ба?" дер едим. Ердиң басындағы түйиншик не, қант па?

— Суўға баса жақпысаң? Қант емес, дуз,—деди лийкинли қарап—Берейин бе?

— Оны не қыламан?

— Жалайсаңдағы!—Соны айта сала, жылаўды жулып алып, атқа қамшыны тартып жиберди. Изинен қуўып. ҳәлекленгеним жоқ. Ат шабысқандай кеўилдин де хошлығы кемис еди. Бирден жабырқап баратырғанымды сездим. „Жораларымыз, үйленейин деп атыр екен. Биз жүре беремиздағы, алдымыздағы бөгет бузылғанша." Усыннан басқа ой келген жоқ. „Ийт ашыўын пышықтан алады" деген екен. Муратқа ашыўлана бердим, болғаны. Кеўилим соннан басқа неге қабарғанды дейсең.

Дайым түстен кейин атын минип келгенде барып, оны базарлап киятырған Назлыдан Азаттың берип жибергенин байқадым... Сол ақшам неге екенин билмей мен, Назлыны Сәрсенбайдан қызғанып шықтым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 19.

Көмекшилер күн шыққанда да келмеди. Қалалылардың онша ерте турмайтуғынын, түни менен телевизор я кино көрип, кеш жататуғынын билгенликтен, мен олардың түске таманлаў келетуғынын билдим. Бирақ, дайым күн арқан бойы көтерилгеннен-ақ, "ба-ай, ендиги жағында жумыс бола ма, бүгин қалды олар," деп, үмитти үзди де саллардың басынан үйге кетип қалды.

Сәскеге таман мал бағып атырған жериме Азат келди. Бул, өзи адамды көриўден жақлары жайылып, күлиўге қолайласа беретуғын, көз әйнек кийип жүретуғын жигит еди. Өзи де орысшаға суўдай. Қашан көрсең машинасының кабинасынан „Иностранная литература" деген журнал табылады. Мен әскерликке кетпесимнен бурын-ақ ҳәр келген сайын: „сеннен басқалар оқый бермейди, просто, глупость. Мынаў бир романды оқып шықтым, просто, прелесть. Мә, сен де оқы", деп, журнал берип кетип туратуғын еди. Жақыннан бери әйтпей жүр еди. Аман-есенликтен соң, көз әйнегин сүртип турып:

— Сен жоқта көп көп журналларды оқып тасладым. Әкеп беремен просто, есиме түспей жүрдағы,—деди өкиниш билдирип.—Ғарры қайда?

— Үйге ҳәзир кетти. Саллар тайын.

— Жүдә жақсы болған екен,—деди қуўанып.—Атам бир көзге тийдидағы. Әне усындай жақсы адам болып қартайыўымыз керек, ғошшым, пенсияға илескенше деп ислеп жүргенлер ҳәм ба-ар. Ал, енди пияда бара аламыз ба, я машина...

Мен оны пияда ертип кеттим. Ат шофердың қасында қалды. Ҳәр жер, ҳәр жердеги жасқаларға исленип тасланған салларды теўип-теўип көрип:

— Енди саған мынандай комсомоллық тапсырма,—деди көз әйнегин алып турып.—Усындай саллар басқа көллерде де исленип атыр еди. Бул, әлбетте, атамның инициативасы. Жаңа бир-екеўин көрип өттим. Енди, мына жақтағыларына баратырман. Ҳәзир комсомоллар да келип қалар. Өзиң басшылық етип, суўға салысарсаң. Бул—үлкен компания бола жақ. Ал, мен кеттим. Күтип ал...—Ол, қалай келген болса, солай, асығыс, атланып кетти.

Айтыўына қарағанда, ырасында да" үлкен компания



www.ziyouz.com kutubxonasi

бола жақ" қусаған. Гүмис көлге он бригада түсетуғын болыпты. Онына бир қызыл байрақ. Ҳәр күн кештеги баў санаспақ, жарыстың жуўмағын шығаражақ. Утқан бригадаға жигирма манат сыйлық. Әңгиме ақшасында емесдағы, жарысында болып тур. Озып шыққанға не жетсин!

Мениң жолға қараўым керек еди. Өзимде әлле қандай бир сезим бар, кеўилиме, солар келсе бир тамаша болажақгай. Не тамаша болыўы мүмкин, қайдан билейин, әйтеўир, солар менен бирге бир қуўаныш келе жақ маған. Сонлықтан да ыраштың бәлент-бәлент жерлерине шығып, мойынымды созаман. Аттың үстинде түргелип турып келип қарайман, жоқ.

„Байтерек" тиң түбине келип, атты отлатып жибердим де өзим тораңғылға өрмеледим. Әдеттегише, бүгин де „Байтерек" мени көкке көтерди. Кишкентайымда марқум анамның мени алақанына салып, „ҳәўп" деп, аспанға, яғный қолының ушына көтергенин емис-емис билемен. Сонда да жер көзиме тап бүгингидей алыс көринген еди...

Туў анаў дайымның аты қаңтарыўлы турған бизиң үйдиң арғы жағынан алампурхан шан келер еди. Көлдиң арғы басатына таман баспақ бағып жүрген Отарбай менен Даўытбай үйге қарап шабысты. Қолларын сермеп-сермеп жуўырыўларына қарағанда әлле бир нәрселерди айтып, қыйқыўласып киятырғаны мәлим еди. Не десип киятырғанын ким билсин: "Киятыр. Киятырр", десип киятырғандыдағы. Буннан көп жыллар бурын, усы мына Меңлибай аға бир-еки жигит пенен қалыңлығын алып қайтыўға кеткенде тап сол балалардың зыңғыған жеринен: „киятыр! Киятыр, келиншек киятыр!" деп, самалдай ушқаным есиме сүсти. Мынаў киятырғанлар да мени сол күнги келиншек алып киятырған атлылардың шаңғытын көргендегиден кем қуўандырған жоқ. Я-а, пәле-ек, адам дегенде балалықтағы қуўаныш та, ҳәсирет те тәкирарлана береди екендағы! Лийкин, гөне пластинка шерткендей мудамы бир нама емес, басқа нама болып еситиле беретуғын болса керек. Сөйтпегенде өмирдеги тәкирарлана беретуғын қуўаныш та, ҳәсирет те адамды зериктирер ме еди, әлле қайтер еди?..

Машиналар аўылдың үстинен зымырасып өтип кетти. Изинен шала өкпе болып тәўир ақ жерге шекем



www.ziyouz.com kutubxonasi

жуўырысып барып қалған еки бала да, үйден жуўыра шыққан дайым да, өрмектен өрре турып атырған жеңгем де көзге раўшан еди. Әне, анаў жақтан дайыма бир нәрселерди айтып, Елекең киятыр. Мен турған жақты силтеп, бир нәрселер дейди.

Тап усы мен турған „Байтеректен“ баслап, „Қолтық көлге“ шекем созылып жатырған жап-жасыл алап еди. Оның сулыўлығын тек мендей „Байтеректен“ қарасаң ғана байқайсаң. Ишинен өтсең көзиң оншелле қонымлы сүўретти көре бермейди. Шабыраўыт жыңғыл, қарабарақ араласа өскен маймақ қамыс, бирақ, ашық жери жоқ, “түк шықпаған“ деген жериниң өзинде қарыстан аслам ажырық уйысып атырған Ал, аўылдың арасындағы мал туяғы қопсытқан азғана шаңлақ болса, жасыл шапанға ақ жамаў басқандай болып көринеди. Азанлы-кешли паданың қатынап турған сүрлеўи бурынлары еки көлди қуда-қудағайдай қатынастырған, ал ҳәзир жол болып қалған ески бир аңғарға мегзейди.

Әне, олар усы алаңға шықты, „шаңғытады“ деди ме, сүрлеўге түспестен көк шалғынның үсти менен зымырап киятыр. Енди ҳәммеси көзге раўшан. Шаң жоқ, Алдыңғы машинаға қыстырылған жалаў, қызылға қапланып тасланған бортлар, борттағы қызыл сары, көк жасыл шалғышлар, қыйлы-қыйлы кийимлер машиналарды машина емес, бир тегис көк шалғыннан берман қарай ентелей қорғалап киятырған бир неше қораз қырғаўылға мегзетер еди. Кем-кемнен олардың саз даўысқа созылған ҳаўазлары, ыңыранған гармошканың сеслери еситиле баслады.

Торанғылдан сыпырылып, атыма миндим де шоферларға минерликти көрсетиў ушын жортып кеттим. Сөйтпесем, жайпаўыт излеп, армаған кететуғын ыңғайы бар. Алдыңғы машина батысқа бура бергенде қуйынлатып баратырған мени көрди ме, кузовтағылар кабинаны сабаласып, тоқтатысты.

Мен тусына келгенде кетпенге усаған кепкасын баса кийген шофер кабинадан басын шығарып, алақаны менен аўызын көлегейледи де, маған миллети бардай: „ҳәәә, жол қайда?!“ деп қышқырып жиберди.

Мен қамшының ушы менен шығысты силтеп, атты изиме бурдым ҳәм усының менен „маған ерип, былай жүре бериң“ дегенди аңлатқан болдым.

Олар, қәдимги, бизиң сүрлеўди бурқылдатып жоқа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ры өрмелести де изиме ерип отырды. Мениң оларды сал турған жерлерге апарыўым керек еди. Алдыңғы машина ҳәзир ғана өзим түскен торaңғылдың түбине келип тоқтады. „Байтерекке" көмекши емес, қосық келгендей болды. Кабинаның еки қапысы бирден ашылып, биринен жаңағы кепкасы кетпендей шофер, екиншисинен Қанназар ағаның баласы, Қалбай муғаллим түсти. Аттан ырғып түсип, екеўи менен де қол алыстым, анаў оқыўшылар менен ийек қағысып сәлемлестим. Муғаллим:

— Усы жерден қолайы болмас,—деди әтирапқа көз жуўыртып.—Салқын саяманлы сарҳәуиздиң бойында отырғандай болады екен биздағы, па-а...—деди де машинадағыларға даўыслады:—Түсебери-иң! Затлардың ҳәммесин, торaңғылдың түбине...

Бирақ, көмекшилердиң көбиси әлле қашшан түсип кеткен, бир паралары көл жағалап жүрсе, тағы биреўлери, „пaҳ, қармақ салыўға қолай екендағы!" деп таңланып атырған, базылары қызларды айланшықлайман деп бүлдирип алып, дүрс-дүрс жудырық жеп атырған...

Бўўат-бууаг көрпе-төсеклер, қаўсырмалы қалайы кәтлер, мүйешлери қыршылып, усындай дәртке болмаса, қалаға барыўға жарамай қалған гөне чемоданлар, томпайысқан рюкзаклар, дәстелерине шаққы менен атлары ойылып жазылған шақыр-шуқыр орақлар, тийтан, мосы, қара қазан, ҳәтте, бес-алгы фанысқа шекем бар-а! Жым-жырт әтирап демниң арасында бир аўыл цыган көшип келгендей азан-қазан бола қалды.

Бортларындағы таўарларға: „От-жемниң молшылығы ушын атланысқа!" „Комсомол-жаслар бригадалары, алға!" „Фермашыларға комсомоллық сәлем!" қусаған лапызлы сөзлер жазылған машиналар кейин-кейин шегинисти де, торaңғылдың саясынан жүклерге жай ашып берди.

Кәдимги, үй хызметин басқаға аўыстырмайтуғын, айналып ғана кетейин, аппақ қызлар, қараўытпаған, үлбирек қызлар қызыл бүрли жыңғыллардан сипсе буўып келип торанғылдың астын сыйырыстырып-сыпырыстырып, суў себистирип, пайызлы етиў менен айналысып, қала бердидағы, мийнеттиң зорына бизлер кеттик.

Бирақ, адам көп болғанға ма, я ғаррының қуўрақ-қуўрағын сайлап шапқанлығыннан ба, саллар бизди көп қыйнамады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ең соңғы салды суўға жиберип болғанымызда: „Ўай, баўрәкәлләә!“ деп, дайым жетип келди. Аман-есенликтен соң, сорағаны: „сал азлық етпеспекен?! Адамыңыз қанша?“ деген саўал болды. Сексен адам екенлигин еситкенде „еллиден артық келмес деп едим. Әнтеклик болған екендағы!“ деди малақайының қулағын өкинишли түрде жалпылдатып:“ Зелели жоқ, сыйғаны усылар менен кирисе берердағы; аўысқан баллар менен кешке шекем уқшатып таслаймыз оны!—деп шулғынып қойды:—Үш-төрт сал дегениң не ол?! Жыр ма сонша қолға, торанғыл тоғайда, мыйық қоржында, балта белде. Ал, енди, мынаў он сал елиў адамыңызға бас тон“, деди де керек—жарағын алып келиў ушын аўылға шапты.

Ҳәр бригаданың бригадирлери, бәри күни бурын белгиленип тасланған екен. Өзиндей өспиримлерди анаў-мынаўға жуўыртыўларына, даўысларының екпинлерине, анаў-мынаўды ойланысқанысып Қалбай муғаллимди айланшықлай бериўлерине қарап, бригадирлердиң ким-кимлер екенлигин сорамай-ақ билиўге болатуғын еди.

— Биротала түсленип шығайық.—деди сондайдың биреўи:—Кешке шекем артымызға қарамайтуғын болайық.

Ҳәзир кирисип кетиўге талабанлар да бар еди, мынаў гәп муғаллимге де мақул түскен соң, жети-сегиз белсендиниң ҳеш қайсысы да ежеспеди. Әлле қашшан майка, трусийден басқасын шешип таслап, тамаша ушын ақ сал айдап жүрген, „мынаў бизики, мынаў бизики“, десип, еллен-ақ салға таласып атырған балаларды түсленип шығыўды тапқан Исмет деген иймеклеў, лийкин, толық, қара бала өзине ысқыртып қаратты да, аўызын көлегөйлеп:

— Түски чайға-а!—деп қышқырды.

Маллардың ийирилгенин көрмесем де билип турман. Үйден түслениўиме де болатуғын еди. Негедур, усы адамлардан қалгым келмеди. Басшысымақ топа менен мен де жүрдим.

Қызлардың жүрген жерин қоя бер, сирә. Бул, қурбаны болайынлардың өзлери түўе, қолларының тийип кеткен жерлери гүлдағы! Қашшан брезентлер, оның үстине қыйлы-қыйлы құрақлы көрпешелер төселип қалыпты. Мисли бир он-он бес қыз қула дузде үй-үй ойнап атырғандай, Мәтибийи, қара пухарасы булардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

ишинде де баршылық. Ҳеш ойын-дәлкек пенен иси жоқ, ақ қубадан келген бота көзли бир қыз ҳәр кимди ҳәр буйымға жумсап атыр: „Шынаргүл, муғаллимлердиң алдына кленка дәстурханды жай." „Бийбигүл, балларға сары қағаздан бер..." „Ҳәй, Ермекбай, аяғыңды шешип өтсең-ә, ҳауўў!" деп, балаларды да тәртипке шақырып қояды.

Бир-еки қыз, келиншек түскен үйдиң чайын қайнатып атырғандай, бир-еки титандағы пахырлап атырған суўдан гүмис чайнек, мыс чайнек, темир чайнек, шыны чайнеклерге чай демлеп қатынатып жүр. Тағы биреўлери томар терип киятырған. Қулласы, үлкен бир мереке тарқатылып атырғанға усайды. Әлле биреўлери пышағы менен консервасын усынып, „ашып бер", деп атырса тағы бир қызлар өзли-өзи сылық-сылық күлисип, әлле бир нәрселер жөнинде сыбырласады. Торанғылдың бой жетер жерине қыстырылған пионерлер шертетуғын гүмис сырнай мына отырғанлардың бәрин атланыста жүрген, ал, ҳәзир тыныспасында дем алып атырған Чапаев дивизиясының бир эскадронына мегзетер еди. Сол сырнай ғаз даўысқа салып, ғаңқылдаса, тамам, анаў үйилген колбасалар, ашылған консервалар, қыйлы-қыйлы тандырдан, қыйлы-қыйлы тикештен шыққан пәтир нанлар, майлы шөреклер, күни бурын аўыз ашар ушын таярланғандай, усы сапарға әдейи таярланылған қырмышы бөреклер турған-турған жеринде қала бере жақтағы, эскадроншылар ырғысып-ырғысып турып, атлан-шап болып кете бере жақтай.

Аты „жумыс" демесен, бунын өзи адам өмиринде оғыры сийрек ушырасатуғын сейил, сейил болғанда да илаҳийда бир сейил еди. Анаў жүрген қара көзлер, қумай көзлер, қой көзлер, мөлдир көзлер енди бесалты жылдан усы бир күнлерди ҳәўес пенен еслер бәлким. Мынаў ҳәр жер, ҳәр жерге шоғырланып қылтыйысқан мелле бас, буйра бас, тақыр бас, қара шашларды, күнге қараўытқан, ушы тершиген қус мурын, баспақ мурынларды, тептек-қыңырларын, сыпайы-доғалларын сағынып, еслер, бәлким. Тағдыр деген тамаша. Буны мен базда тары сеўип жүрген ақ сақаллы дийхан ата сүрейинде елеслетемен. Ҳәзир ғана пазна жүрип өткен таплардан жеңил ғана леп шығар едидағы, балағын түрип алған Тағдыйыр ата кепшигин қолтықлап, қулашлап жүрип, енди бул, тарыны емес, адамларды



www.ziyouz.com kutubxonasi

атызға себер еди. „Түскен жеринде өс, өн, несийбең сениң сол жерде“, деп, шашар еди ҳәм бизлерди күн күйдирип, қанатлы қағып, тумсықлы шоқып, я самал ушырып, әлле қайларға апарып тасламаўы ушын үстимизден жымпыйтып мала басар еди. Енди бизлер отақ шөплер менен таласып өсе бериўимиз, отақ шөп болмаса, өзли-өзимиз таласып өсиўимиз керек екен. Себеп ҳәр ким тамырды тереңге урып, несийбесин жерден имканиятынша номайлаў сорыған сайын, бойы да узын, зүрәәти де кән бола жақ. Адамларды өйтип бири менен бирин таластырмағанына, ырылдастырмағанына мың қәтле шүкир. Ондай болғанда мына адамлар узақ жыллардан соң, жән-жаққа шашылып кеткеннен соң бирин бири сағынбаған болар еди. Бир масақта өскен дән, ҳәр қайсысы ҳәр жаққа шашырап кетип, өз алдына масақ бола жақ, хожалық бола жақ, лийкин, сонда сол бир алтын масақтан шашыраған дәнелер бирин-бири еслей алмас, бирақ, мынаў адамлар еслейдиғо. Ең болмаса, тағдыйыры тосыннан дус етип, дус келген биреўге ықтыярын берген қызлар сол исенген адамынан кеўли қайтып көкиреги исингенде, баяғыда, ушқан уясы—питирген класында өзи қадирин билмей кеткен бир баланың обалына қалғанын еслейдиғо! Мен булардай бир терекке қонып, жуғырласқан палапан шымшықлар усап, бир класста ҳеш ким менен де жәмленип оқымадым. Көргеним тек Хожан аға, көпшик... Бирақ, адамда сезим деген бир болатуғын болса, оқып көрмегеним менен бир класста оқығанлардың, бир класста бой жеткенлердиң қандай кейипте болатуғынын сезинемен. Буның ушын фермамызға анда-санда келип туратуғын көшпели киноға, бәринен де бетер, кишкентайымнан-ақ „мынаў бир, прелестный нәрсе екен, оқып шық,“ деп китап, я журнал қолтықлатып жиберип турған Азатқа алғысым асқар таўдай.

Қызлардың сәрдарының аты Айтгүл екен. Қалбай муғаллим, төрт шофер, биз алтаўымыз бир жерге қосты басқанбыздағы, анаў он мәтибий өз адамларын үйирип, он жерге шоғырланған. Ҳәммени тынышлап, қызларды да отырғызып болып, чайды үлкен геўмис, көк пенен сырланған қаңылтыр чайнекке демлеп бизлерге Айтгүлдиң өзи әкелди. Абайлап отырман, чайнекти қойыў ушын еңкейе бергенде брошканың салмағы менен төмен түскен жағасының күн алып қоңыр тартқан же-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ринен арылаўдағы аппақ жерин төрт шофердың көзи бирден жеп сала берди. Ыңғайсызланып қалған Қалбай бири бирине қосылып кеткен, қалың қасларын үйириңкиреп былай қарады. Соң: „Айтгүл, өзиң де отыр“, деди уяң, өлпең даўыс пенен. Қыз: „ана жақта дәстурханымыз бар,“ деп, алдына сулап кеткен өримин ийнине қағып салды да тис қаққанның жүрисине усатыңқырап изинен жигитлердиң қарап қалғанын сезиниңкирегендей, көйлегиниң етегин дүзестириңкиреп, армаған кетти. Төрт шофер бирден Қалбайға қарасты. Бунның өзи, қызыл жүзли жигит еди, қысынса помидордай болып кетеди екен. Әңгимеге де шорқақлаў болса керек, „шашпай отырың, жигитлер,„ деп, күлгенсиди де қойды:„ моллашылықтың жолы аўыр болады“...

Бул дасгурхандағы Калбайдан басқамыздың бәримиз, орысшалап айтқанда „дармоед“ едик. Төрт шоферда да, бизде де дәстурханға салғандай ҳеш нәрсе жоқ. Ортаға Қалбай өзине мөлшерлеп алып шыққан қаўын қақ, сары май, писken гөш, сүтке ийленген бесалты шөрек, бир-еки шақмақ қант шықты. Кепкасы кетпендей шофер, мәниси қашыңқырап отырған, сары сынлы, бийтапқа қусаған шоферға:

— Бийсен, шегиң тайыңқырап отырғо?—деди ҳәзилге усатыңқырап.—Турған жеринде сөйлетип жиберейин бе?

Бийсен сыпайысынып, „әй, я-ға“, дегени менен, екинши шофер:

— Закуска айтып кетти, бала-а,—деди. Тағы биреўи:—Қалеке жүзден...—деп атыр еди, төртинши шофер:—Әкелс-ең-ә, шоферға сыпайылықты ким қойыпты!—деп, бақырып жиберди.

„Астананың айрықша ақ арағы“ деген, қазақша жазыўы бар шийшениң тусаўы жаздырылып, кесаларға ийдириле бергенде Қалбай өзиниң кесасын алақаны менен басып, алдына тартты:

— Молланың жолы аўыр болады,—деди сыбырланып. Төртеўимиз бир шийшени бөлип ишип, мурынларды тыржыйтыстық та, соң ерinлеримизди жаласып қалдық.

Айтгүл бир гүлли зеренге салып, гүнжи ийжан алып келди де еңкейди. Тағы бағанағы жерди сегиз көз, бизикин де қосып жиберсе, он көз жеп баратыр. Тағы да Қалекең былай қарады, арақты ишиўин бизлер



www.ziyouz.com kutubxonasi

ишсек ге қызарыўын оған берип отырмыз. Бәринен де бийнесип қалса, болмайды ғой, ақыры.

Айтгүл бир-еки темир қасықты шайып келип, ийжанға шанышты да дәми бузылғанын билип қойғандай „аўызыңыздың дәмин алып отырың“, деп кетти. Онын шайқатылып баратырған өримлерине, тип-тик қәддиқаўметине суқлана қарап қалған шофер кетпендей кепкалы басын шайқап жиберди де, таңлайын тақылдатты:

— Бизиң Жаңабай да бәле-е, малын таныйды...

— Отырс-анызлар-дә, жигитлер, — мәниси қашқан Қалбай, еситип қоймады мекен деген гүдик пенен қоңсылас шоғырға қарады. Даўысын зәрре пәсейтип:—уялмайсызлар ма,—деди,—мектептиң қызларына да өлип баратырсызлар. Өйтеберсеңиз, шатақ етемен —Даўысы биймәлел болса да қаталлық бар еди. Мен „ол қайсы Жаңабай, механик пе?“ деп сораў нийетимнен бирден ўаз кештим.

Адамлар жерин жеп, ишерин ишип, түргелисип, ғаўырласа бергенде аттың үстинде Көкамандай шемиренип дайым жетти. Алдында, әл-бетте, „ўай, бәрекелле!“ син жеткерип алады. Соң, бизге мыйық толы қоржынды ишарат етеди де, бир балаға жарғыны, биреўиңе балтаны услатады.

— Ал, енди, Канназардың баласы, атың ким еди?

— Ҳә? Қалбай.

— Баўракәллә, Қалбай балам. Шәрўаның дәстүрин өзиң билетуғынсаңды,—дейди аттың жылаўын маған берип —Ферманың қасына ферма көшип келсе, бурынғы келген ферма соңғы келгенлерге қой сойып, қонақ асы беретуғын еди. Бул да, бир, сондай саўда балам. „Ат өлсе де қәде өлмес, арық қойдан төслик ал“, деген Бир бойдақ саўлықты байлап, пышақты белликке шанышып кеттим. Өзимниң қолым тийетуғын түри жоқсоған пуштарлаў ушын қолы жеңил бала жибересиз бе, не қыласыз? Мынаў Мақсет болса, мал бағып-жүр. Қала берди, бунын ҳәм мойынында үш жүз баў пишени бар. Мине, орағын да белиме қыстырып келдим,— деп, бизге ақшамғы егеп отырған орағын усынды. Қалбай көзин қыпылықлатып-қыпылықлатып:

— Өрмек тоқып атырған екен, апайды ҳәлек етип, жумысынан қалдырмай-ақ қойсақ қәйтеди?—деди.— Бүгин-ертеңге жеткендей, ҳәммесиниң де азығы бар. Үш күннен соң автолавка келеди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Онынъыз болмайды!—Ғарры басын шайқады:— Кемпирдиң жумыты қалып ҳеш гәп болмас, қасыңыздағы азығыңыз да ҳеш жаққа қашпас...

— Онда... усы жерге әкелип сойдырсақ қәйтеди. Сонша адам шубырып сояққа барып жүргенше...

— Буныңыз жүдә мақул. Онда, мына атты миниң де, шабың биреўиң.

— Аттың не кереги бар,—деди кетпен кепкелы шофер:—Машинаға өзимиз томп еттиремиз оны..,

— Онда былай болсын, ун, астақта, оқлаў...

— Нан туўраймыз...

— Шап, онда. Қоңыз ушпастан бурын, жеп алың. Буннан былайғы жумыстың бәри стадиондағыдай болып кетти. Тез-тез он салға елиў адам ажыратылып шығарылды. Қызы, жигити аралас, ҳәр салға бес адамнан. Биреўи таяўшы, үшеўи орақшы, баўлап, тақлаўға ҳәр салға бир қыздан жетисти. Қызлардың аўысқаны бүгинше аспазлық етеди, отын сазлайды, фанысларды сыйырыстырып-сыпырыстырып, қараңғы түсиўден бес жерге жағып қыстырады. Буған, қассаптан басқа үш шофер көмеклесиўи керек. Сәрдары—Айтгүл. „Барлық ансамбльди, әлбетте, Қалбай Ханназаров басқарып барады“ деп, өзин түртип күлди муғаллим. Қалған адамның ҳәммеси, сал буўыўға дайымның изине ерип, зиңкилдесип кетти.

Сол-сол екен, тып-тыныш турған көлдиң иши айран атлаў салғандай аласапырлы бола қалды. Ким-кимди шақырып атырған, „үйректиң уясын тапты-ым!“ „Мәеги бармеке-енн?!“ деп бақырып атырған. Мына жақтан балтаның тоқылдысы... Бир сести екеў-үшеў етип жаңғыртатуғын көлде қай сестиң қайдан шығып атырғанын, не деп атырғанын анық айырыў мүшкил. Оған қулақ түрип те отырған адам жоқ. Қалбай аға болса, чемоданның үстине ақ кардон қағазды жайып таслап, акварель менен басына нәҳән етип, „Бүгин ким алда?“ деген сөзлерди жазыў менен машғул. Булардың өзи бир ҳәптелик көмекши екен. „Жети күнде—үш жүз баў аз емес пе?“

— Жа-ақ,—дейди Қалбай аға —Ол әзелги есап еди. Ол саўдалар қалды. Онда биз үш күн ғана көмек бериўге уйғарған едик. Мәселени улғайтып, үш күнди ҳәптеге айналдырып жиберген комсомоллардың өзлери. Неси кетеди, әри қыдырыспа, әри жумыс, бул бир, өзи,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қызық нәрсе ғой, ғошшым-аў! Бундай көмекшилер басқа мектеплерден де ызғып атыр. Ҳәзир мектеп қуры емес. Бир ҳәптеден кейин көр, ҳәмме көлден жалтыраған теп-тегис айдынды көретуғын боласаң...

— Онда совхоз быйыл мыйлығынан батады десеңо!

— Сен еле буны айтып отырсаң,—дейди машинасының капотын ашып, бөксесин берман қаратып атырған кетпен кепкалы басын көтере берип:—Алдымыздағы базар күни қыбырлаған жан қалмай орақҡа шығатуғын болып атыр. Совхозға бир күн көмек, тегин көмек.— Усыннан хабарының барлығына мақтанғандай түр менен:—Буннан хабарың жоқ екен-аў, ғошшым!—деп қояды·—Кештегисин тийеп кетемиз, еле бизлер. Усы жерде қонады деп отырсаң ба?! Апарып таслаймыз, все, майдалай ма, силосқа ура ма, я кептирип таслай ма, оя-ғы өзлериниң жумысы. Азан менен тағы „Гүмис көл"... Ертең еки рейс жасармыз, Қалеке, я?

— Әлбетте, енди! Бәлким, үш рейс жасарсызлар, бүгин көремиз ғой шаманы...—дей бергени, „Муууғааа-ллиииим, санааа-бааалы-ыын!" деген сес талып еситилип, ҳәммениң қулағын ербеңлетип жиберди:—Әне, басланды-ы!—деди Қалбай қағазды бояуы кебиў ушын қуяшламаға шығарып атырып.—Ҳәзир-ақ көремиз шаманы. Рейсиңизди ҳәм есаплаймыз.

Ҳәмме даўыс шыққан жаққа қарай асығысты. „Тағы биреўинен айырылып қаламан ба?" деп, пошалап турған мен де қосыла жуўырыса бериппен. Булардың дәслепки аяқ алысын көриў қызық еди,—дә, ақыры!

Әлле қашшан келип, ырашқа тирелген салдағы бесеў бес жерден қырға зыңғытып, салды тәўир-ақ тақырлап таслапты. Ҳәммеси қара тер, еки ийнинен дем алыспа, қаралай өшип қалыпты. Маңлайын майкасының етеги менен сыпырып атырған, қысық көзли қара бала ентигип:

— Муғаллим,—деди өкинишли.—Иретлестирип таслаўға ўақытты қызғанып атырмыз-аў! Жетпис бир баў, санап ала бериң. Бас-ҳәй, таяўды!

Олар қарасын үземен дегенше тағы бир сал келип қалды. Муғаллим солай жуўырды да, қойға айналысып қалғаннан аўысқан үш шофер менен төртеўимиз алдыңғы салдан түскенди тақлайман дегенше тағы бир сал қамыслықты жарды. Албырап қалған Қалбай:

—Қашыға таман шығарың, әй, қашыға таман!—деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

қышқырып, таслағанын таслағандай былай зыңғытып атыр.—Бауыңыз сатарманның бауындай бола бермесин, ондай хыйтырлығыңыз жарамайды,—деп те ескертип қояды тап бир пулы шығып атырғандай. Дәслепкинин жетпис бирин қырға тақлап, алақласып, тусына келгенимизде Кәлекең қолын шошайтып:

— Екеуиңиз, ана салға жууырың!—деди.—Кимнин бригады екен, ҳаа, Исимет екенғо! Жетпес төөрт... Санап алың, ҳәә!—деп қалды изимизден.

Соның арасынша тағы бир салдын тумсығы қалың қамыслықтың жигин жарды. Мен бәринен бетер, Қалбайды аяп кеттим! Жети күн удайы усейтип урынатуғын болса, больницаға түспектен басқа иләжы жоқ...

Соның арасынша тағы бир сал! Енди Ханназардың Қалбайының дауысы бир тарғыланып берди дейсең:

— Ҳә-ә-ә, Мақсет, қазанның басында тек, бир қыз қалсын! Басқасы келсин, бери!..

Қостың басында Айтгүл менен, гөшти пуштарлап атырған қассап-шоферды қалдырып, басқаларын ентелетип әкелдим.

Пысынаспа-ысынаспа, тап бир сексен адам жарысып атырғандай емес, төбелесип атырғандай. Биреуи зәрре кешиксе, бир жудырықты артық жеп қоятуғындай!

— Әне, ҳәмме үсейтип ислегенде ғана қурылады, коммунизм!—дейди өзи пишен басты болып атырып Кәлекең.—Сонда Американы қууып... Ҳәй, былайлау таслаca!... Ҳа-ай, қызлар, ким қанша тапсырғанын умытпаң!... Елиу еки-елиу үшш... Ҳимм...

Күн батыуға шамаласып қалған мәҳәл еди. Қошшы баллары етек-жеңлерин желпинисип, өзи шымшық көз шыт белбеуи менен бетин сүртип, дайым келди. Алды менен, әлбетте, ыразы болғандағы:

— Баурәкәлләә!—син айтадыдағы:—Ҳарман, ҳарман, ҳай, баурәкәлләәә!...

— Бар болың, яшыуллы, ҳыҳҳ-ҳыҳҳ-ҳыҳҳ,—деп пысынайды Кәлекең.—Шамаластыңыз ба?—дейди де тағы бауға еңкейе береди:—Отыз еки-и...

— Ҳо-о, қоямыз ба, сонша адам!—Тыңлаушысының өз жумысы менен айналысып кеткенинен ғаррының хабары жоқтай:—Қоямыз ба?—деп шулғынады.—Баурақәлләә! Әне, жумыс дегенди үсейтип ислер болар. Ҳау, усы ақылды жылда неге таппадыңыз, шырақларым-ау, совхоздың төрт түйир адамына ауыз ашып отыра бер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

генше!—Өзин тыңлайгуғын қулақтың да, ўақыттың да жоқ екенлигин абайлаған ғарры:—Сен алаң болма, пәкизе, жораларыңа көмеклесе бер, малыңа өзим бараман,—деп кетти.—Баўракәлләәә!..

Муғаллим усындай болып атырса, „салдан келдик" деп, салқа түссин бе, дайымның ат қосшылары да салларға бөлинип-бөлинип кетти. Енди, питегене, орақшылардың келгенин келгендей атқарып турыўдың ирети келген еди.

Күнниң қызылы бата бергенде қасындағы биреўге „Огбой берилсин", деди, Қалбай.

Аяғы шалысып, жуўырып кеткен тықыр бас бара сала горнға жабысты-аў деймен! Қайраўдағы жалғыз ғаз тодасын шақырып ғаңқылдағандай болды.

Енди бурынғыдай „ийтер, ҳа-ийтер! Аңаўлардан бурын қолайлы жасқаны алып қалайық!" деген ғаўырлылар да еситилмеди. Ҳәр ўақытта бир таянып, жигитлер салларын епкин менен „әкиятыр: Енди ҳеш ким айдынға шықпайды ғой, бәри бир, жумыс питти, енди несине асығамыз" деген кейип бар ҳәммесинде. Лийкин, салларындағы пишенине де қарамай, ырғып-ырғып түсисип, муғаллимниң қасына ентелеўшилер, „айтып жибериңши, бизлер қанша тапсырыппыз?!" деп емизиклениўшилер көбейе баслады.

— Ким неше сал, неше баў тапсырды, есабын қоста шығарамыз,—дейди Қалбай өзин қоршап алғанларға.— Ҳәзир мыналардың бәрин жақты барында жабылып машиналарға тийеймиз, сон биротала дем аламыз. Есап та шыға береди. Қәне, шофер жоралар, дырылдата қойың...

Сонша адамға төрт машина тийеў қыйын ба. Қызлардың көбиси кешки машғалаға айналысыў ушын „қосқа" кетти. Шоферлар қазанның үстинен салдырып жеп келгеннен соң, ыңыранып төрт машина жолға шықты. Ал, көмекшилер болса, кимиси жуўынып, кимиси сүртинип, тағы биреўи билектей сары ала жыланды қалай былқ еттирип услап алғанын айтып, қызлардың етлерин түршиктирип атыр еди. Көмеклескен адамдай, биреўлерине чай тасытып, биреўлерине аўхат тасытып, тутым тутып отырыў уят ғой. Кешки жумысты, түнде мал жаятуғынымды бәнелеп, мен де үйге кеттим.

Әлле қашшан келген дайымды жеңгем еле көк чайға қандыра алмай бүлип атыр екен. Тоғайдың дымсық-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қан қапырығында күни менен балта урып, аңқасы кеўип, жынтығы қурып қалыпты. Ун-уҫағым шығып, мен де қасына шөктим. Шопанлар ат·үстинде жүрип, мал қайтарғаны болмаса, бундай бас-ҳа-бас, қара жумысқа гез келе бермейди. Өзимниң онша шыдамлы да емеслигимди, бир нәўийе абайлаған болдым. Кетип атыр, көк чай кетип атыр. Ишилгени ишилгендей тер болып ағып атыр. Тек чай-чай-чай қуя бер дейди иштей, нанпанға қарайтуғын түри жоқ. Я-а, пәлек, жазынла тоғайда өскен бизлер көк чайсиз шыдамаймыз, саратанның сары қуяшында, ийти паналар пута жоқ, еспе қумлы еспелеп жүрген қөй шопанларының ҳалы нешик?!

— Шыбын менен қалай?—деди дайым.—Пешаханасы болмаса улысып шығады ғой!

— Бар шығар, пешаханасы. Онысыз жолға шыға ма...

Күнде таңнан бурын шығатуғынлықтан, әри бүгинги қара-жумыс... уйқылап атырған қусайман...

— Әжаға,—деп сыбырланды анаўларды оятып алмаў ушын Отарбай:—Әртис болып атыр...

— Не, арги-ис?! Неқылған артист?—деймен таңланып. Даўыт шырпынады:

— Ырас, жақынлап қарадық бизлер. Апар, ҳә? Әжаға, апар, ҳә?

— Қәне, жатың!—дедим сыбырланып болса да, нықыртыңқырап. Олар тым-тырыс болып, төсеклерине сиңисип атыр.

Жатқаным менен уйқым келмеди. Әлле, уйқым қанып қалды ма, билмедим. Ыраш жақтан гармонның ыңырсыған сести, тоғайды теңселдирген нама... нама шақырып атырғандай мени. Әсте пешаханадан шықтым да еки баланың пешаханасын түрдим: „жүриң!“

Үйден, қара басларымызды урлап алып шығып кеттик. Түтинликлердиң өшиўине, ызың-ызыңның басылыўына, маллардың мүлгисиўине қарағанда тәўир-ақ ўақыт болса керек. Бойымда мысқал салмақ қалмағандай, жеп-жеңил. Еки бала орпаңды кешип, алдымда жалаң аяқ желпилдесип баратыр. „Анаў аўылға кино келди, я бақсы болады екен“ десе, бала гезимизде үсейтип желпилдесетуғын едик. Бизиң „анаў аўыл“, дегенимизге қарап, қаладан қыдырып келген апаларымыздың балалары пәнт жеп қалатуғын еди. Себеби, шәрўаның „анаў аўыл“ дегениниң өзи—кеминде бес шақырым. Ғаррылар қамшысын шошайтып, „қала деген



www.ziyouz.com kutubxonasi

мынаў турған жер", десе, „ҳә, отыз шақырым екен," деп пәмлеймиз бизлер. Шәрўа—тар жерге сыймайтуғын, кеңисликтиң адамы. Дайымның „қалада қабызлап өлетуғын болдым", деп, қонбай, желпинип қайтетуғыны да сонлықтан. Мынаў, даўыслар емис-емис еситилип турған жер де жыр емес бизге. Болмаса, көл бойынан шыққан түнги тымықтағы даўыс неше шақырымға кетеди деп отырсаң! Мына алдымда елпилдесип баратырған еки тентек теке, жаңа мен уйқылапатырғанда-ақ барып келген соған! Балалық-ә, шағал, қасқыр, порсық, шошқа!... Не жоқ деп отырсаң булманларда! Дайым „бурынырақлары жолбарыс ақырып, қарақулақ безилдеп, атларды қазығында айналдырып, ийтлерди үйге тығып, бүлдиретуғын еди. Мына адам дегенин жыртқыштан-ҳәм жыртқыш екен, наў-нышан қалдырмады-ә! Енди бара-бара гөр тышқан аўламаса болғанығо!" деп, басын шайқайды. Жақын жыллардың ишинде ақ бирқазанлар жерге аэропландай саясын салып ушса, батпақлықларда тырналар сыңар аяғына қонып отыратуғын еди. Жолбарыс түўе, ҳәзир соларға шекем жекке-сийрек. Мына тентек текелер де соны биледи, қорқпайды ҳеш нәрседен. Себеби, қорықатуғын нәрсе дә қалмағандағы! Қасқырды ғой, булар түўе өзим түсимде бүгин көрип жүрмен, онда да оңған қасқыр емес. Ал, шағалыңды кесеклеп берсин-ә! Мени де „жолда қорқамыз" деп ертип баратырған жоқ, жаңа барғанында араласып кетиўге уялған. Енди бизиң қатеремизден пайдаланып араласа жақ, буларға мен керек емеспен, қатерем керек! „Қәтерели адам қалып коймастын," дегендей артына қарап-қарап, түсип биратырған дамбалларын көтерисип жуўырысады.

Ыраштың басында шалқып жанып атырған от, былай-былай одағайлап өтип турған қара көлеңкелер „шайтан ойынын" есиме салып жиберди. Мен оны көргенмен. Сол балетлердеги суў перилериниң, шәйтанлардың ойынларын мына алдымда баратырған тентек текелер де көреди еле! Қайда-а, оған шекем көп жыл керек. Оның ушын булар он сегизге шығып, әскерликке барыўы керек, оның бержағында қайда-а! Фермадағылар түўе Нөкистегилердиң көби балет көрмеген. Кинодан ким көрмейди, айтып отырғаным „живой" балет. Ал, бизиң мыналар кинода да көрмеге.., шәрўа ғой...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Отты айналып ырғыспақ еле даўам етер еди. Арғы жағында, бул кәралардан әлле қашшан жоқ болып кеткен жолбарыслардың көзлериндей от жылтырасады. „Фаныслар шығар“, деп пәмледим. Жалғыз гармонның сести үзликсиз ыңыранады, лийкин қатты-қатты шыққан ырғақлы даўыслар, күлиспелер, қол шаппатлаўлар, түнги тоғайдың жаңырығы тап Джунглийдегидей бир шаўқымды пайда етип, не наманың шертилин атырғаның анықлаўды қыйынластырар еди. Отты айнала ырғысып, Джунгилийлилер қасиетли „там-там“ын ойнап атырғанды дейсең.

Жақынлай келе бәри де рәўшан болды. Бир қыз, бир баладан қол усласып „корусель“ жасаған да. отты шыр гүбелек айналып ойнап жүр. Буны солдатлар да ойнайтуғын еди, молдаванша бир ойын, аты есимде жоқ.

Еки бала енди мениң артымды паналай баслаған еди. Бул—уялғандағысы; „жүр, жүр, әртис тарқап кететуғын болды-аў, әжаға, жүрсе?!“ деп сыбырлана түртиседи артымнан. „Жақ,—деймен мен.—Бизлер барсақ, ойнамай, таслайды“. „Өйтип бир, олар бизлерден уяла ма?“ дейду кишкене Даўытбай. „Уялады, тыныш...“.

Бизлер турған ыраштың ултаны менен ойын болып атырған „Бәйтерек“тиң асты, кере таслағанға елиў адым. Усы кәрадан қараған қызық. Тәбияттың өзи адамның қыялы жетпейтуғын, сыйқырлы сахнаға айналып кеткен еди. Жалыны ойыншыларының үстинде жалаңлап турған лаўламаның сәўлеси аржағындағы зәўлим торaңғылдың ербейискен шақалларын да, жалпылдасқан жапырақларын да сарғыш реңге дөндирип барып, анаў ушы-қыйыры жоқ аспан понарамасын нәҳән гүмис қалқан қыстырылған, жәнжағына майда-майда гәўхәр ушқынлары шашыраған қаралтым көгис мақпал шымылдыққа мегзетер еди. Буны Мурат көриўи керек еди, мен көрдим не, көрмедим не, орысшалиғанда „один черт!“

Мына қойылып атырған „постановка“да актер да, тамашагөйлер де жоқ. „Постановка“ қаҳарманларының өзлери ойнар еди. Өзлери тамаша қылар еди. Усы сахнаға мына жалаң аяқлары тирсеклерине қайта-қайта барып қайтып атырған, жаўырынлары қайқаңласқан жигитлер, өримлери жулқынысқан, күнлик көйлеклериниң етеклери жалпылдасқан жалаң аяқ қызлар ғана



www.ziyouz.com kutubxonasi

жарасар еди. Бул, сондай бир иләҳыйда „постановка" еди!

Есиме Жаңабайдың дәслепки ушырасқандағы гәпи түсти: „ислеп турса халық театры, қойылып турса, күнде концерт, көрейин жаслардың зериккенин!" деп еди-аў. Сонда мен ишимнен „әрманыңа болайын, артист қайда, сезенде қайда оған? Манилов..," деп күлип едим. Бийкар күлген екенмен. Совхозымызда, ҳа, бәри де бар екенғо! Енди не жетиспейди сонда?! Өзимиздеги барды өзимиз жалтыратып көпке көрсете алмаймыз, сөйтип қорығамыз, руўҳымыз жүдейди, тамаша өмир излеп, қалаға қашқымыз келеди. Лийкин, бир күнлик ләззет, ҳәтте бир жыллық ләззет ҳеш нәрсе болмайды, оннан көп бола берейик десек, аўылды сағынып баратырмыз. Аўылда бола берейик десек, шағлаған ўақты хошлық қалада қалып баратыр, жайлаўда ол жоқ, артист, кино сийрек, телефон, стадион, ҳәтте, бағ не болғай, бул да жоқ. Бунда тек ғана мал бар, бизлер бар. Енди, өзимизди өзимиз жубатқандай ўақты хошлықты, шалқыма жаслықты, усы кәралардан таба алмаймыз ба?! Бар екенғо, мине, мыналар!! Күни менен жумыс иследи, түни менен қурып атыр шағал меслик-ти! Жаман ба усы өмир, ким айтса, „тәңирдиң өлимин" жепти!

Қараңғыдан от басындағыларды көриў аңсат едидағы, қараңғыны усы ўақытта көзи менен тинтип атырған адам жоқ, тинткенде де бизлерди көре алмас еди. Бирақ, бизлерге бәри алақанның аясында турғандай. Жалыннан одағайлап былай-былай өткен ойыншылардың саңлағынан „Бәйтерек"ке сүйенип, гармонды қулашлап турған Қалбай ағаның көзлери жылт-жылт көринип-көринип кетеди, Әне, ол гармонды сықты да бир қолын баўдан шығарып атырып:—„Тамам,—деди.—Бүгинги концертимиз тамам!" Бир қуўақы: „Муғаллим, зрительлерге рухсат бере берейин бе?—деди күлип турып. Соң, лаппа бизлер жаққа бурылды, тап бизлердиң келгенимизди билип, көрип турған адамдай қолын жайды да:—Усының менен, концертимиз тамам, келгенлериңизге рахымет. „Бәйтерек" театрында ушырасқанша хош!"—деп, алақанын көксине басты. Қасымдағы еки бала қашшан бөденедей буғып қалыпты:

— Бизлерге айтып атыр ма, әжаға?—деп сыбырланды Даўытбай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өйтип бир, көрди ме бизлерди?! – дейди Отарбай.

— Көрмесе, хошласа ма?! —деп сыбырладым.—Жүрин, қайтайық. Мениң малға кететуғын ўақтым шамаласып қалды...

Қалай билдирмей келген болсақ, солай алысласа басладық.

— „... вечераны" айтайық-ша, муғаллим, соған шертиң...

— Ең соңғы нама бола қойсын...

— Қосық пенен баслап едик, қосық пенен тамамлайық...—деген ғаўырлылар, өтинишлер, толған ай астында ақ шатырдай қолбыраған ақ пешаханалар, лаўлаған шалқыма жаслық өмир артымда қалып баратырғандай сезиледи. Мен бир жымжырт, жәмийетсиз өмирге сапар шегип баратырғандайман...

Гармон қайтадан ыңыраныл, жағымталлы қоңыр даўыс өкшелесе жетип келип, қулағымнан көкирегиме қуйылдыдағы, тула бойымды балқытып, ойларымды „Москва қасындағы ақшамлар"ға шарықлатып жиберди. Бир ири, өлпең даўыс қосық айтар едидағы, қайырмасын басқалар алып кетер еди. Қалай турып айтып атырғанын көрмесем де май айының ерке самаллары тербеген аққайындай теңселип айтып турғанлрлын көз алдыма елеслете алар едим.

Бул қосықты приваллларда талай-талай бизлер де айтқанбыз. Солдатлық өмир—тамаша өмир еди,

Досларым мени қосық пенен узатып салар еди. Ал, мен болсам, ыңылдап қосылып барар едим:

Речка движется и не-е дви-жет-сяяа.
Вся из лунного-о се-еребра-а.
Пе-ес-ня слышится-аа и не слы-ышется-а,
В эти тихие ве-че-рааа..
А рассвет уже все заметнее-е,
Так, пожалуйста, будь добра-а,
Не-е за-абудь и ты эти летние,
Подмоско-овные ве-че-е-раааа...

Нама да, қосық та тынып қалды. Бирақ мениң қыялымда ол шертилип атыр еди, ол көкирегимде гүңиренип қалатуғын тамаша бир сезимге, сезимниң сазасына айналып қалажақ қусайды. Мен шайыр емеспен, неси бар, жақсы саз бенен жыллы сөзди кеўил деген жатырқай ма?! Көкирегимде усы бир ақшамнан. өтип баратырған жаслығымның бир ақшамынан жаңғырық бо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып қала жақ па, қалсын мейли жаңғырып! Жыллар! Жыллар өтер. Ҳәммемиз де қартаярмыз, жаслығымыз болса, усы бир умытылмас ақшамдай болып өтер де кетер. Тәғдир бизди анаў ыраштың басында ырғалып қалған яранлар менен қайтадан дусластырғанында:

„Не забудь и ты эти летние,

Подмосковные вечера..." деген жаңғырық шықса жаңғырып, олар мени" „Гүмископлин" жаслығын, сол бир баяғы әжайып ақшамды еслеп тур", дермекен, я „қосық айтып тур," дермекен. Билмедим, қалайда, билмедим.

## 20

Усы ҳәпте аралығында дайым былай-былай шыға алмай қалды. Үйши аўылдағы уста да „буйыртпаң питти, Ҳайтмурат аға, болсаң алатуғын тезирек ал. Болмаса, қардары дүбеп тур" деп, қапылтып кетти. Оған да бара алмайды. Күни менен малдың изинде. Мен болсам, буның ойланбай берип қойған ўәдесинен шығыўы ушын, Исметтиң бригадасына қосылып шырпылдап орақшылық етип жүрмен. Азаннан қара кешке шекем жулқыныў. Бул, жети жүз баў дегениң де аз жерден шығатуғын бәле емес! Дайым „үш жүз баў" дегеннен соң, аңламай, „Мақсет те орып береди" деп айтып салған ғой, көмектиң жети күнге созылатуғынын қайдай билсин.

Қалай да көби кетип, азы қалды. Жалығып атырған да, жабығып атырған да ҳеш ким жоқ қусаған. Буған ўақыттың өзин табыў қыйын,

Маған болса, булардың қайтатуғын күни жақынлаған сайын, әлле ким жаман хабар әкелетуғындай болады да турады Дым баўыр басып қалыппан. Түсте де усылар менен аўхатланаман, дайым „ал, баллар, көзқулақ болып турың. Мен де бир шай-пай ишип, көзгир алып келейин", деп, ийирилген малды ҳәммемизге аманат етип тапсырып кетеди. Соннан, аспазлар ма, отыншылар ма қулласы, ким болса да сер салып турады.

Түске шекемги қалың қамыстың арасындағы қапырықта қаралай өшип шаршағанымыз түски көк шай менен шығып кетеди. Ал, оның үстине бир ярым саат уйқылап алғаннан соң. қулындағы қалпимизге келип, мыс сырнай ғаңқылдаса болды, қақанласып шыға келемиз. Соннан тағы жулқыныў, сермениў, машиналарға



www.ziyouz.com kutubxonasi

пишен тийеў... Кештеги шаршағанымызды көк шай тағы тер менен зытқытып шығарады, соң, Меңлибай ағаның бола ма, Елмураттың бола ма, берген жанлығын жеп аламыз. Бир саат өтеди, ярым саат өтеди, күни мененги шаршағаннан тағы наў-нышан қалмайды. Ойын-күлки, ўаҳаҳа қызық-қызық бәсекилер, билим жарыстырыўлар... Изи саз бенен сәўбетке айналып кетеди. Кешке таман Отарбай менен Даўытбай да усы жерди айнақшықлап, шықпайды.

Муғаллими Қалбай да оқыўшыларын сынағанды қойған ба, қайдам, озған бригадалар өз ара сыбырласып-сыбырласып, соңғы рейске келген шофердың биреўин былай шығарып әкетеди де қулағына бир нәрселерди қуйып отырады. Ал, түски аўхатта сол шофер „базарлықлы" келген боладыдағы, кеше кеште шофердың қулағына қуйылған нәрселер енди кесаларға қуйыла баслайды. Балалар екеў ара, үшеў ара путаның түбине кетип жүргени. Қалбай аға көрсе де ҳеш нәрсе көрмегендей. Тустен кейин жаңағы тасалап кеткенлердиң түбинде турсаң да, сени „қулағы аўыр" ға жорый ма, қатты-қатты сес шығарып сөйлеп жүргенлерин абайлайсаң. „Мына жер жигилдикли, тикени бар, мына жер бүк, мына жер қопа" десип, түске шекем батына, алмай кеткен жерлерин де түстен кейин қыряпыр етип жүргенлер, қарап көрсең солардың өзлери. Есерленип ислейди, дуўы-сыйына қарамайды. Бул, ети тырналып атырғаны қайсы, ҳәрре талап атырғаны қайсы!

Сөйтип ислегеннен кейин, басқаларға байрақтыда тегинликте бере қоймайды екен. Мениң де шегим сол Исметтиң бригадасына түсер ме, үш күн қатарынан байрақты бермей қойдық. Бул мениң көмеклескенлигимнен емес, әлбетте, меники өз алдына саналады. Өзим усы қараганда орақшылыққа алдыма адам салмайтуғын едим, „өзи жүйрик қоян, оқ тийген соң, зытып кетти!" Өзи орақшы адам, өзи баў санатып атырған адам, онын үстине байрақлы салласларым менен путаны паналап қайтқаннан соң, оңдыраман ба?! Күниге жүз елли баўды санап беремен де, Исметке: „күнниң батыўына еле қапылғанда үш саат бар. Кемеге мингенниң жаны бир, байрақ керек пе?" деймен. Салдағылар басқаға еситтирмей көзлерин қысысады! Еситип қойса шатақ!



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Адам-адам менен адам". Адамлар менен өткерген өмириң де қызық. Әскирликте ўағыр-шағырға, көпшиликке үйренип қалған екенмен. Келиўден қула дүзде жападан-жалғыз жүриў, онда да жумыссыз жүриў жалықтырып жиберди. Маңлайым терлемесе, қолым қабармаса, жумыс ислеген кисиге усамайтуғын жаман әдетим бар еди. „Жумыссыз жүриў" деп отырғанымның байызы сол. Ал, қопылдатып ат шаўып, малды қайтарыў, соң аттың үстинде зеңирейип, көз-қулақ болып жүриў, суўаттан шыққаннан соң ийирип таслап, чай ишип қайтыў, жумыс па сол, соннан маңлай терлей ме? Сойлесейин десең қасында жан жоқ, әри-бери бақырып, қосық айтып көресең, қашанғы бақыра бересең, Енди, мыналар келгели жолым болып қалды. Маңлайым түўе басқа жерлерим де терлеп жүр. Қол қеген қашшан көндей болып қалды. Ўақтыхошлық базы-баяғы бар. Цыганның өмирин жаман дегенниң үйи күйсин! Шаршағанымды билмеймен, „мынаў таз шығыр, ялап етип турған шығар!"деп, мениң менен ойнаман. Ойнап мен бир, ҳеш кимниң дайысы емеспен. Олла, ырасым, үйге кеш қайтаман, „Шаршаған шығарман, енди тура алмаспан-аў!" деймен. Жақ, күнде малға турып дағдыланип кеткен ўағымда уйқым шайдай ашыла береди. Солдаттың аты солдат-тә! Елекең сөйтип көрсин!

Бундағылардан еле совхоз орайын барып көрген адам жоқ, шоферлар айтып келип атыр: „Баладан-шаға жабылып жүр, Бухгальтерия да жабық. Пишен деген таў-таў, бир сизлер ме,—деп қояды кепкасы кетпендей шофер.—Басқа көллерден де машина; тележкалар... шүй-шүйге қағысады. Пай, усындайда өзи аўдарып кететуғын көликтиң қәдири жоқ-дә, шоңкереди де ҳағлатып кете береди. Бизлердей, адам күтип турмайды..." десе, тағы биреўи: „техниканың азлығы мәлим болып қалды!" деп, басын шайқайды. „Еле несин көрипсиң,—дейди тағы биреўи билгишсинип:—техниканың қәдири мекке писикте өтеди. Ҳәр биригадтың еки жүз гектар мәккеси, жоңырышқасы, бәрин айтып отырмаң дағы, жери бар. Пашасын алыў керек, силоска басыў керек, жоңырышқа орыў керек. Сенокос, комбайн жетисе ме, бизде?! Ўә-ей, еле несин көрипсең, билесиң бе, бундай бригад нешеў!..."

— Қалай да быйылғы пәт жаман емес — деп мақул-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лайды Қалбай аға...—Совхоз гербиш завод салыўға усы быйыл пул аўыстыра алмаса, сирә да аўыстыра алмас?..

— О қалай? — деп танланады кепкасы кетпендей шофер.—Мына машинаның бир запчастының өзи елли манат, онда да мен ғутаптағыларға кететуғын бирлиярым шийшени есапламай отырман. Сонда заўыт дегениң, билесең бе:.. неше мың манат...

— Бола берсин,—дейди Қалбай қолын силтеп. — Бизлердин өзимиз, бир тийин шығынсыз алпыс мың баў от орып берейин деп турмыз...

— А, не болыпты...

— Неше мектеп шықты, хабарың бар ма?! Соның бәри бурын пулға келип турған нәрсе, ағайиним—деп билгишсинеди Қалбай.—Оның үстине усы базар күни, совхоз бойынша бир адам қалмай пишен орақ, боян оraққа шыға жақ. Бул, бир—шунатай бармақ бүгиледи: — Екиншиден, мәккешилеримиз гектарынан кеминде алпыс центнерден қәдимги бадрақ бола беретуғын мәкке дәнин жетистиремиз деп атыр. Бунын бәри жемди сатып алмаўға әкеледи, ғошшы-ым, жемге кеткен пул, совхоздын гәрданына урылады, ғошшым. Сонда бунын бәри, билесең бе, заводқа, комбинат, қора салыўға кетеди, ғошшым, политэкономияны билиўиң керек,—деп қояды.

Политэкономияны мен де оқығаным жоқ, бирақ, жанағыдай болса, әлбетте шеп болмайтуғынын ҳәрип танымайтуғын адам да түсинеди.

Бүгин түсте бизлер менен Азат түсленип кетти. „Яшуллыға айт,—деди маған. — Қыйналмасын. Ертеңнен арғы күни, жақын жердеги ферманың адамлары усы көлге келеди. Так, что, еки сал таярлап қойсын...“.

„Так, что, еки сал таярлап қойсын, қыйналмасын, деп атыр,“ дедим кешқурын ғаррыға, истиң мән-жайын түсиндирип. „Несине қыйналаман, — деди дайым. Бирақ, базар күни базарға түсип, анаў жоян болғырдың орынын толтыраман деп едим, кел, енди зәлели жоқ. Келеси базарда-ақ бараман“ деп, ертенине балтасын белине қыстырып шықты.

Менин өмиримде умытылмас бир күн болған базар да келди. Бул күн мениң ушын „мыррық“ күни болып шықты. Ферманың көмекшилери мына оқыўшылардай емес, сол күни ерте жетисти. Тапсырма солай ма, таңнан турған Сәрсенбай тележкасын гүлдирмамадай сал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дырлатып, жол-жөнекей гезлескен ферманың адамларын жыйнап салып, ырашқа өрмелегенде қуяш та көк жийекке жаңа өрмелеген еди. Бул ўақытлары, қашшан, чай ишилип, мыс гернай ғаңқылдап, бурынғы көмекекшилерди көлге узатып салған едидағы, мен маллардың басында едим. Азанғы ўақытта аш қурсағы шала болғанша маллардың кенедей өрип алатуғыны бар. Сондайда серли болмасаң, алжасып қаласаң. Сонлықтан. мениң екинши сал менен кетиўим керек. Биринши сал менен кеткенлер кейинги көмекшилерди көрген жоқ.

Көмекшилердиң арасында Назлы да бар екен. „Байтерек" тиңастын „қос", „штаб" деб үйренип кеткенбиз. Мен Айтгүлге ол-булын, пешаханаларын жыйнасып атыр едим. Неге екенин қәйдем, адамлардың Қалбай менен аманласып атырғанына да, басқа нәрсеге де итибар бермегенсип, уялмай-қызармай Назлының Сәрсенбай менен уйпаласа бергени, үстине өрип баратырған қумырысқаны шертип жибериўлери мағаң ерси көрине берди. Буны, әлбетте, ферманың басқа адамлары да ерси көрген шығар. Себеби, мың айтсаң да бул кәраларға қаланың тәртиби ене қойған жоқ ғой.

Қалбайға ерип, адамлар дайымның кешеги соққан салына кетти. Өзи, жигирмалаған адам бар екен. Негедур, Назлы бармай қалды да Сәрсенбайға наз етип: „хийияй,—деди өлпең даўыс пенен.—Сен мына Мақсеттиң жамбас муғаллиминиң қайығын сорап әкел, екеўимиз орамыз..."

Сәрсенбай жел өкпеленип. жүзип кетип еди. Мен Хожан ағаның қайығын басқаға берсе, де, тап усыларға бермегенин тилеп едим, бирақ Сәрсенбай мақтаныш лы, усы дөгеректе қатереси тас кесетуғын адамдай қайықты әкелди де, тап бир кинодағы джентельменлердиң сеньоринасының ақ қолғаплы қолынан услап, күймели арбаға мингизгениндей салтанат пенен Назлының қолын сорады! Оннан сайын жиним тырысып баратыр. Қоя бер деймен, бул журттың шәлтиклигин! Айтгүл де маған „бул неси?" дегендей лийкинли қарап қойды. Олар қалын қамыслыққа синип кеткеннен соң: „анаў қыз сени жақсы көреди екен," деди маған күлип,. „Хаў," дедим де қойдым. басқа сөз де келмей қалды: „Енди сен оған ашық бола баслайсаң, „дейди бармағын мәккарлық пенен шошаңлатып: „Бе, қарағым-ай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бала екенсең-аў, еле!“ деп, тап бир кейўаныдай қасын қағып сөйлейди: „Қойып тур, мен де оны саған ашық етип берейин бе?...“

— Кереги жоқ, — дедим де Исиметлердиң ғаўырласып сал қуўып киятырған жағына кеттим. Усы сал менен кетиўим керек еди. „Түсте чайды екеўимиз ишемиз!“ деп қалды изимнен Айтгүл.

Сәске болмай-ақ қәдимги төрт машинаға биринши рейс жүкленип жиберилди. Сәрсенбайдың да пишен тийеп кетиўи керек еди. Сармай қалды. „Барасаң!“ деген Қалбай муғаллимге бир нәрсени сыбырлады да жуўасытып таслады. Сөйтти де Назлысын салландырып мингизип, тағы қамыслыққа сиңип кетти. Енди мен Назлыға қоса, Сәрсеңбайды да жек көре басладым. Буған себеп те жоқ еди, сонда да, билмеймен, сөйттим.

Түсте, әдеттегише, мыс гернай ғаңқылдап, саллар самбыр- сумбыр „гаванға“ анталасты.

Күнниң мына ыссысында қызып кетпеўи ушын, пишенлер аўхаттан соң, шоферлар тойынғаннан кейин тийелетуғын болды.

Ҳәмме чайға отырды. Соңғы көмекшилер де келди. Бирақ еле Назлы менен Сәрсенбайдан дәрек жоқ еди. Там, баяғы қанты суўға кететуғын күнги Назлыны өзимниң аймалап, емиренип, пысынап сүйип атырғаным елеслей берди. Бирақ өзим емес, әжеп тәўир болып, Сәрсенбайдың сүйип атырғаны елеследи. Берекетим уша боргенине ҳәйран қаламан. Өзимниң сүйсем де, сүймесем де, ким болса соны қызғана беретуғын, иши оймақтай тар, қызғаншақ адам екенимди абайлап, „өйтпейин-ши!“ десем де, сөйте беремен.

Ҳәмме тегис чайға отырғаннан соң барып олар келди. Назлы „жаңағы сырнай аўхатқа шақырып атыр екен-аў!“ деди. Оның буныcы маған „уялған тек турмас“ болып көринди, қарамаўға тырыстым.

Менде күндеги әдетим бойынша шоферлар, муғаллим Қалбай аға менен чай ише баслаған един. Айтгүл келип: „бүгин адам көп болғанға ма, жетистире алмай атырман, муғаллим, — деди чайникти көтерип көрип. — Мынаў Мақсет бизге қол-қабыс етсин. Екеўимиз соң ишермиз. „Қалбай:“ бул бизге бағынбайды, көмеклесемен десе, ықтыяры өзинде,“ деди. „Онда, бунын ықтыяры бизде, — деди Айтгүл күлип. — Тур, Мақсет.“



www.ziyouz.com kutubxonasi

Босаған чайнеклерди көрип, алланың ҳәмири менен емес, Ҳайтгүлдиң ҳәмири менен чай қатыната басладым. Қарасам, Назлы менен Сәрсенбай, „Байтеректиң" саясы теңбилин терилерине жуқтыратуғындай, былайлаўдағы тракторының саясына, қәдимги, Сәрсенбайдың сиденьяға төсеп отыратуғын нәҳән көрпешесин қағып салып, жымыңласып атыр. Бир чайнекти демлеп, ийеги менен нусқады да: „Анаў, тракторды саялағанларға апар,"деди Айтгүл. „Ҳай, олар-ҳәм бир, тыржыйысып, өзлери апарғанда не қылады екен!" дедим еситилер-еситилмес тоңқылданып. Өзим жек көрип турған адамларыма хызмет етиў жағып атырған жоқ.

Сәрсенбай шаққысы менен күтә бир шеберлик етип, помидор туўрап, салат ислеп атыр екен. Назлысы кәмпийт көрген күшиктей жымыңлап: „ҳәй, әкел, өзим турайын. Қолыңды кесип аларсаң," деп, нәрестесин шығарып, еркелетип, емиренип, өлип баратыр! „Жаласаңыз ғой, бүйтип отырғанша," дедим чайнек қойып атырып. Күлким келмесе де күле жақ едим, келистире алмай бүлдирип кеттим.

Айтгүл екеўимиз хәммениң чайнеклерин бир тегис көрип, орталарын толтырып болған соң: „Мына чайнекти, анаў трактордың изиндеги машинаның саясыңа апар," деди де нәҳән қаңылтыр чайнекти услатты.

Соң өзи орына Дәригүл деген қызды қойды да дәстүрханын көтерип, алдынан елпилдеп шыққан маған: „жүр," деди чайнек қойған машина жақты ийеги менен нусқап.

Бизлер Назлылардың тусынан өтиңкиреп, машинаның қасына барып дәстүрханды текшеге қойдық та, еки баў пишенди саяға жайып таcладық. Соң, анаўларды ермеклегендей, барымызды ортаға жайып таслап, бири-биримизге қарсы қарасып, чай ише басладық. Айтгүлдиң жүзи оларға қарап отырдыдағы, мен желкемниң шуқырын көрсетип отырдым. Сонда да олардың сыбыр-сыбыр сөйлескенлери, сылық-сылық күлискенлери еситилип турар еди. Назлы мениң жаўырныма қарап отырдыдағы, Айтгүл оған қарама қарсы отыр. Тап, соны көрсин дей ме, мынаў бизиң қызлардың сәрдары да маған ҳәттен тыс қайырхомлық, жылўа-наз көрсетип: „аңаў, териң ағып кетти. Мә, мынаў менен сүртип жибер. Болмаса, бери еңкей, өзим сүртейин," деп, орамалын шошаңлатып, қысындырып баратыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ўақытлары Сәрсенбай „жеп отырың“ деп, бес-алты помидор әкелип берип кетти. Изинше: „умытылып қалыпты, өйппей“, деп, Назлы дуз алып келди: „Мә. Мақсет, дуз бенен жемесең...“ деп атыр еди, Айтгүл тап бир кейўаны жеңгесиндей тәртип берип:

— Жасың меннен киши шығар. дизеңди бүк, сиңлим, — деди. — Нан аўыз тий.

Кыз зәрре еңкейип, нан аўыз тийип: „мынаў . не, үйректиң мәйеги ме?“ деди таңланып. Айтгүл де сөзин тилиниң ушына қыстырып турған екен:

— Ҳаўўа, — деди жүдә әлпайымсып. — Мынаў бизиң Мақсет таўып келип еди, — өтирик айтты, мен емес едим, таўып келген басқа бала: — Аўызыңыздың дәмин алақойың, — деп, үш мәйек усынды. Қыз раҳымет айтып, турып баратырғанда: „бай, бууў, мийим қурысын, қойып тур, сиңлим, — деди. — Мен саған дуз берейин...“

— Дуз өзимизде бар ғой, — деди өзи дуз әкелип кетиўге қолайласып атырған Назлы. Айтгүл оның әкелген дузына көз жуўырқан болдыдағы:

— Билип турман, сизлерде дуздың барын, сиңлим, — деди күтә, бир биймәлел сөйлеп. — Сизлердики қаер болса соерден табыла беретуғын арзан, дуканның дузы екен. Бизики, нағыз Қараўымбеттиң шақмақ дузы. Усындайға керек болар деп, келиге өзим түйип әкелдим. Мә, сиңлим, мәйекти усының менен жесең айтып кетеди, — деп, қағазға дуз сала баслады. Неге екенин қәйдем Назлының көзиниң қарашығы бир орында дирилдеди де, кеўили жүдеп баратырғандай күлиўге мейилленген ләплерин жыйнай қойды. Айтгүл нәрсе абайламағансып, қағаздың жуллығына орап-орап, алақан тола дузды қыздың қолына услатты, Услатып атырып сөйледи: — Бул, сиңлим, пәкизе, жүректиң күйгенин ҳәм қойдыра қояды...

— Жалаған екенсиздағы, апа...

— Ҳаў, сиңлим-аў, сеннен бир-еки жасым үлкен ғой! Буны жаламай қыз өспейди... Паҳ, дуздағы, өзи, Қараўымбеттиң дузыдағы. Тур, Мақсет, титанды көрип кел!...

Мен титанды көрип қайтып киятырсам, Назлы өкпели баладай сурланып отыр екен. Бағанағы кейип жоқ. Мен ҳеш нәрсеге түсинбедим. Дуз бенен дуздың қандай парқы бар? Айтгүл сылқылдап күле береди, күле береди, аналарға қарап алып күледи. Бир ўақыта маған еңтерилди де:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Баплады́м ба?! — деп сыбырлады. Ҳәйранман:

— Не деп?!

— Әўмесерсең! — дейди маған тағы сыбырланып. — Ол саған „ишиң күйсе дуз жала“ деп, жорта дуз әкелип атыр, — деди де күлип: — Бизиң дуз өтки-ирр! — деп қойды Назлы еситерликтей етип. Булар неге бири не бири өршелесип отыр, сирә, түсинсем. түсинбей кетейин. Есиме анаў „Сәрсенбай менен қашаман“ деген күнги Назлының „бул, қант емес, дуз, берейин бе?“ дегени, „оны не қыламан?“ дегенимде „жалайсаң,“ деп, күлгени түсти. Бизди қашшан-ақ астарлы гәп пенен баўызлап жүрген екен ғой. Бирақ, буған Айтгүлдиң не шатағы бар, соны мына адамлар турып кеткеннен соң, сорарман деп едим, оны қылды ма, адамлар дағыспастан бурын-ақ бизди көп шөжениң арасынан мийнетлини тапқандай „шай қус“ қағып кетти.

Бир машина келип қалды. Қәдимги, қызыл белбеўли милицияның машинасы. Әдеп, бул ҳеш кимди таңландырған жоқ. Милиция түсип, „Елмуратов деген бар ма?“ дегенде адамлар әжепленисти.

— Мен ғой, — дедим. Кеўлимде ҳеш нәрсе жоқ.

— Машинаға мининиз, қалалық жумысыңыз шығып қалды, — деди ҳөктем даўыс. Ҳеш нәрсеге түсинбегей мен:

— Ертең барайын, бүгин көмектемен, — дедим. Адамлар „не гәп, не гәп?-десип, аўызларына қатынап турған кесаларын да жерге қоя баслады. Соның арасынша машинасын дырылдатып, Азат келип қалды. Ол әдебинде танланып турса да:

— Қашса, өзим жуўап беремен, — деди, көз әйнегин сүртип турып милиционерге. — Мен усы совхоздағы комсомол комитетиниң секретарыман. Бизде есапта турады. Так, что, бүгин қайта бериң, ертең өзим жеткеремен. Бүгин воскресенье ғой, — деди қәдимгище орысша араластырып. — Ну, субботник дей берейик-ше. Бул, бүгин сонда ислеп атыр...

— Қәне, минесиз бә?! — Азат пенен иси жоқ, милиция бизге ийегин созды; Азатқа соң: — Биз, ғошшым; буйрықты орынлаймыз, болғаны, — деди де шоферға машинаның артын ашыўды буйырды.

Сонша қызлардың көзинше уялғанымы айтсеш, тығыларға тесик таппай турсам, бизге тесикти „қызыл машынның“ шоферы, (ол да милиция екен) үңирейтип



www.ziyouz.com kutubxonasi

аша қойды. Қалай барып мингенимди өзим де билмей қалдым, не де болса көзден тасаланғанíма җуўандым. Малларды ҳеш кимге тапсырмай кеткеним, соң барып есиме түсти. „Неге алып баратыр — сорайын,“ десем, қасымда ҳеш ким жоқ. Еки милиционер де кабинада. „Жумысқа шақырып атырмекен, әй, я-ғә, милиция болып ислемеймен“ деп те ойлап қояман.

Күн батып баратырған мәҳәлде район орайына жеттик. Мен оның район орайы екенлигин пәнжерели айнаның аўызынан артқа жылысып баратырған ғаз-қатара ақ тереклеринен. салынып атырған бийик-бийик еки этажлы жайдан, ҳәзир ғана сол жағада қалған „Раймаг“ деген жазыўдан абайладым.

Машина тоқтағаннан соң, шофер келип, сыңғырлатып, есикке гилит салды. Сыртымнан қулып урылғанын да, өзимди не нәрсеге шақырып атырғанын да сонда барып билдим. Есикти ашты да:

— Ҳә, түс! — деп бақырды шофер-милиционер. Онысыз да отыра жақ емеспен-ғоо, бүйтип бақыра бермегенде не қылады, дегендей кейип пенен, түсип, артыма қарап едим: — Дуўры жүр! — деди шофер емес милиционер.

Дежурный милиционер жалаң аяғыма, түрилген балағыма, мәйкешең, жалаң баслығыма әжепленип:

— Суў ашып жүрмедиң? — деп меннен сорасада шофер емес милиционер жуўап берди: — Көлден тутып қайттық.

— Тергеўши күтип-күтип, жаңа кетти. Азанға қалды, енди...

— Онда мен азанда келе қояйын, — дедим әлпайымсып. — Мына жерде қонақ жерим бар.

— Қонақ жерден ғам жеме, ғошшым, — деп күлди дежурный. — Өзлеримиз таярлап қойыппыз...

Ырасында да таярлап қойған екен. Қала түўе жайлаўға сыймай жүрген мен аздан соң қабаққа түскен тышқандай, бир өзим бир камераны тықырлатып жүрдим...

## 21

Ертеңине саат онлардың ўағында қулағы үлкен, басы кишкене, узын, қайың қаптал бир жигиттиң алдына алып барды. Жигиттиң түринде азмаз қаталлық болғаны менен онша айбаттың нышанын абайлай алмадым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамға көзинин астынан қарайды екен, демек, сынап үйренип қалған.

Маған неге шақырылып отырғанымды қысқаша түсиндирип берди. Соң,алты малдың неге, қалай жоғалғанын толық жазып бериўди өтинип емес, буйырыңқырап, бир бланка берди де „асықпай, албырамай жаза бер, ғошшым,“ деди ҳәм өзи тырнағын алыўға киристи.

Жазғанымды оқып көрип, қол қойдырды ҳәм милиционерди шақыры алып, „қайысын неге алмай қойыпсыз?“ деди. Мен қайысымның неге керек бола қалғанына түсинбедим. „Шалбарым кең, өзимде тура берсин,“ десем, милиционер: „шеш!“ деди, шешип бердим. Соның менен бул күнги ис тамам.

Келеси күни жаздырған жоқ, өзи саўал берип, өзи жазып отырды.

— Өзлериңиз гүм етип болып, жоғалды деп отырмаң? — деген саўалына күлип жибердим. Ол әжепленди:

— Несине күлесиз? — деди түрин сурландырыңқырап. — Маймыл ойнап атырма?!

— Саўалыңыз, яшуллы, баланың саўалындай екен. Алты малды гүм еткенде ким төлейди деп отырсыз? — дедим. — Түбинде өзимиз төлейтуғын болғаннан соң, оны өзимизден өзимиз урлап қайтемиз.

— Өзиңиз урламаған болсаңыз, неге хабар бермедиңиз? Мүмкин, басқа биреўлер урлаған шығар. Милиция деген не ушын айлық алып отыр? Излер еди, Таппаса, басқа иләж көрер еди...

— Ол айтқаныңыз жөн, айып менде. Абырай төгиспек болмай-ақ қойсын, қосып жиберермиз деген едик, — деп, ырасын айттым да қойдым.

Соның менен бул күнги жумыс ҳәм тамам болды. Кешқурын қалдаўрап дайым иркиўханаға келди. Бәринен де бетер, кийимлеримди әкелгенине қуўандым. Ғарры демниң арасында тәўир-ақ жүдеп қалыпты:

— Ҳеш гәп болмас, — дей береди қайта-қайта. — Райкомға барып, жай-жағдайды айттым, — дейди. Ол да „ҳеш гәп болмас, Пирназаров пенен өзим сөйлесип көремен,“ деп қалған қусайды. „Оныңыз натуўры болыпты,дайы, — дедим. — Алты мал жоқ болды ма, жоқ болды. Соған енди биреў жуўап бериўи керек ғой. Пирназаровтың да бул исти бастырыўға ҳақы жоқ шығар“ десем, гәпимди өре бастырмайды: „алты малы жоғалса, ҳәр қайсысы тирилей төрт жүз килә тас баса-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғын алты сыйырдың пулын, кеше кеште кассаға жан қалтамнан төлеп шықтым. Мине, мынаў қағазы, бер пуркуралға", деп, қолыма квитанция берди. „Тек, усы камалғаның шырысты бузып тур, болмаса, күни кеше гөш планын да қатырып бежердим.' Әне, ғошшыларым, өзим бағып тапсырғанда да көрип атырсызлар ғой, үш жүз еллиден еңтерилгени шамалы. Пәкизе, мына пулға ҳәр қайсысы төрт жүзлик алты қараны алың да, соны пыланға ура қойың, сөйтиң де, бизиң баланы шығарың," дедим, директорға да, парткомға да. Меңлибай да, рабочком Әлимбай да бар еди. „Бизлик ис жоқ, аға" дей береди. Ақыры, шыдамий, райкомға өзим келдим, шырағым. Анаў Пирназаровқа барып, жығылыса қояйын деп едим, шырағым. Шығалғандай болсаң, шықсаң-ә, мени бүйтип күйдире бермесең-ә, шырағым" деп, күйинип кетти.

Соңғы күни тағы саўал даўам етти. Бул, енди, жудә қысқа саўаллар еди: „алты малдың жоғалғанын мойныңа аласаң ғой?" „Аламан". „Диний дәстүрди қуўатлап, ҳайтлап кеткениң ырас ғой? „ " Өз жумысыңа салқын қарағаның ырас ғой?" Гилең, усы тақилетте келе берди. Тағы қол қойыў.

Күниге прокуратураға бир ирет апаратуғын еди. Сол күни түстен кейин тағы айдап барды. Бирақ, бурынғы кирип жүрген қапыма емес, басқа қапыға кирип барыўдан Пирназаровтың көзи мени жеп сала берди. Сәлемлесип, „отыр" деген жерине отырдым. Милиционерге „шығып турың," деди. Мен милиционерге де буйыра алатуғын буны үлкен күш пәмлеп қалдым. Ол маған қарап күлген болды. Соң:

— Сылайың төмен көринеди ғой? — деди. — Жүниң жатып қалыпты. Бригадирдиң үйиндеги пәт қайда?

Мениң, хорлығым келгеннен жылап жибергим келди, бирақ, өйтпедим:

— Сизз, — дедим ызылдаңқырап. — Ҳәзир де, жаңағы сөзлериңизди айтып болып, коммунистпен деп отырсыз ба?

— Сен, бала, — деди бармағын шошаңлатып. — Соны билип қой. Ҳүкимет меннен партбилетти алмасынан бурын мына столды, — дүкилдетип: — алады. Көрип отырсаң ғой, столым еле өңкилеген жоқ, демек, партбилетте қалтамда. Сен бул жерге саўал бериў ушын емес, жуўап бериў ушын келип отырсаң Еситтиң бе? Са-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўалды мен беремен. Мине, —деди иске тигилген квитанцияны көрсетип:

— Мынаў менен қутылып кетемен деп ойладың ба?! — Басын шайқады: — Жоқ, „гөш планның орнына пул тапсырылсын“ деген закон жоқ. Буның қылмысынды аўырластырады, билдиң бе?! Қассап пул сатыўы керек емес, гөш сатыўы керек, билдиң бе?! Ҳүкиметтиң көзин бояй жақсызлар. Керегинде қазынаның мүлкин сатып жеп, билинип қалса төлеп... Көргенбиз ондай махинацияларды!

— Сиз... не менен дәлиллейсиз, сатып жегенимизди?...

— Сатып жемегениңди не менен дәлийллейсең, ҳа?...

— Сиз... өзиңиз...

— Ондай етип, тисленбе! Мәмлекеттиң малын кемиретуғын азыўыңды қағып аламыз, ҳа, қаққанда қандай! Ояғына тис докторлардан да шебермиз...

— Сиз...

— Не демекшисең?!

— Сизиң елиўинши жылдың аржағында прокурор болыўыңыз керек екен демекшимен! — Ашыўландырарман десем ыйғы селкилдеп күледи:

— Оннан бурын да прокурор едим, ал, енди не дейсең...

— Сиз... оңбаған, пасық адам екенсиз...

— Ҳо-о, солай ма?! — Сыңғырлаўық сыңғырлады: — Еле көзиң уясына түспеген екен. Салып қоямыз. Незаменимый адам жоқ, мейли, алдынғы шопан болмақ түўе, қудай бола ғой! — Милиция кирди. — Апарып басың...

Апарып „басып“ таслады. Қанша ойланаман десең, сонша ойлан. Ўақыт көп, ешейинде табылмайтуғын ўақытты өткериўиңниң өзи мүшкил, ўақыт та буншелли қәдирсиз болар ма?! Тек ғана ойланыў менен өткермесең, басқа ермек жоқ. Былай ойланаман, былай ойланаман! „Жөнлеп қарамағансаң, ҳайт келди деп, ески дәстүрди бәнелеп, ҳәзлик қуўып кеткенсең,“ дегенди тергеўши де дурыс айтып отыр. ырасында да сондай болғаны, болды ғой, енди несине тайсалақлаймыз? Қол менен исленди ме, мойын менен көтермек лазым! Көтеремен ғой, тек мына прокурордың „жеп қойғансыз“ деп, нервте ойнағаны, кек етип күлгени батадыдағы!... А-ал, жемесек, қайда кеткен...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түнде Азат келип кетти. „Кепилликке шығарып алатуғын болдым, кеңсеге бар, сөйлесемиз, „деди.“ „Райкомол да араласып атыр,“ деди. Булардың ҳеш қайсысы мени қуўандырған жоқ. Қайта булар дурыслыққа көз жумып, мен қусаған бир жинаятшыны қамақтан қутқарып, нызамды, бурмалайын деп жүргендей көринди. Бул да азаматлық ис емес еди...

„Ҳеш жаққа қашпайман“ деген мазмундағы тилхатты алып, мени он алтыншы күни кешқурын шығарып жиберди. Тезирек дайымды қуўантқанша асықтым. Совхозға көлик табыла қоймады. Күн батайын деп турғанда шама менен неше шақырым шығатуғынын есаплап алдым да „Гүмискөл“ ге дуўрылап бастым. Бул, әлбетте узақ жол ғой. Бирақ, он бес күнниң ишинде тар жерге тығылып, кеңисликти сағынып қалыппан. Жүрегим „жүр!“ деп жулқына берди.

Бул күнлери ай кеш туўатуғын еди. Тастай қараңғыдағы га соқпақ, га жол менен аўыллардың, тоғайлардың, көлатлардың үстинен жүрип отырдым. Қолымда нәҳән бир қақ жыңғыл таяқ бар. Адамды тоғайлық ҳаўлықтырайын дейди. Ойда жоқда жән-жағым сытырлап, бир сергитип таслайды. Анда-санда алдыңды кесип қоян ба, порсық па, затып баратырғанын көресең. Өзиң қорқып баратырғанда сеннен де қорқатуғын бир мақлуқлардын бар екенлигин абайлап, ҳәйран қаласаң. Тағы жым-жырт бола қалады да, „усы тоғайда тири жаннан тек өзим шығарман“ деген ойға келесең. Сөйтип киятырғанда тап түбиңнен шағал улып,„ жа-ақ, тоғай тек сеники емес, бунда атиришилик қайнап атыр, зәрре жым- жыртлыққа қарап, дүньда өзимнен басқа жан жоқ деме,“ дегенде есиңе салып қояды.

Ҳәр ўақ-ҳәр ўақта жылт-жылт көринип турған жекке-сийрек жулдызларды да ҳәп заматта булыт басып кетти. Әдетте, буныңдай тез өргиген булыт тез сап болады. „Өткинши булыт шығар“,- деп едим. Аздан соң, астан-кестен бола қалды. Тап бир онлаған гөне „Колхида“ны еле асфальты төселмеген, гедирудыр тас жолдан жарыстырып жибергендей салдыр-гүлдир үркип қашқан қоянлардын да, инине ҳаўлыққан гөр тышқанлардың да тысырлысын еситтирмей таслады. Аспанда мисли бир төрт бес „мәстан“ отлы шала ылақтырысып урысып атырғандай өрден-ыққа жылмаңласқан жылдырым тораңғыллардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

жылтыр жапырақларын жалт еттирип бир көрсетеди де, тағы көзиннен ғайып етип жибереди. Қәпелимде, көзин сығып-сығып, жылаған жетимдей аспан нөсерин қуйып-қуйып жиберди. Торанғылдың жапырақлары, қамыслар, жыңғыллықлар, тап бир, төбелеринде сансыз қумыры таласып атырғандай патыр-патыр бола қалды. Өзимди өзим кишірейип баратырған бир усаққа мегзетип қалдым. Әтирап кең еди, бул кеңисликте руўҳы түсип киятырған мен кишкене бир түйир усақ едим, лийкин, мен өзимди, нанның усағына емес, мынаў жамғырларда езилип баратырған кесектиң усағына мегзетер едим.

Малпақ-салпақ болып. ырашқа өрмелегенде булыт ыдырап, ай туўған еди. Қайтадан өрмелеген бәлентлигим көкирегимди өсирди ме, өзиме өзим усақтай емес; бәлентликтиң басында кетип баратырған өзимдей болып, елеслей басладым.

„Байтерек" ке жақынлаған сайын, қулағымда нама жаңлап, көкирегимде саз шертилип. әлле қандай бир қосыққа қуштарлық ояна берди. Ҳәзир барсам, „Байтректиң" астында самал менен желқомдай томпайысқан пешеханаларынан жигитлер, қызлар жуўырып-жуўырып шыға салып: „келдиң бе, Мақсет, келетуғыныңды билип едик", десип, оянғанлары оянбағанларын оятып, шүйинши сорай туғындай. Мен олардын тислериниң ағарып күлгенлерине шекем, көзге көринбейтуғын көкиректеги қуўанышларына шекем көрип баратырғандайман. Ҳәтте, Айтгүлдиң „аш болып келген шығар, от жағып жиберейин-ши!" деген даўысы да қулағыма еситилип киятырғандай.

Лийкин, „Байтерек", әлле қашшан палапанлары жәнжаққа ушып кетип, умытылып қалған бир бос уядай қулазыр еди. Буннан сәл ғана күнлер бурын қус базарындай ўағыр- шағыр болған „Байтерек" енди қусы жыллы жақларға кетип қалған, жым-жырт бир көлатлыққа да мегзер еди. Бурын пешахана қурылған жерлерде аяғына қўурақ қамыс, жапырақлар илинеди. Ал, бизлер от жағып, әтирапында ырғысқан жер үйдиң орынындай күл болыпты да жаңағы жамғыр менен жентленип, ақ үзикке қара жамаў басқандай қараўытып қалыпты. Тап бир, буннан азғана бурын өшпей турған шоқты жаңағы жаңбыр өширип тасладымекен дейсең...

Ыраштан түсип аўыл бетке бетледим. Жыңғыллық-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тан шыққаннан кейин көл жийегиндегини еплеп көриўге болатуғын еди. Бул әтирапта шағалдан қорқып, ҳеш ким таўық сақламайды. Бәлким, таўығы бар аўыллларда ярым ақшамның қоразы шақырып атырған шығар. Кеш туўған ай да сел жуўған айнадай ашылып қалған көгилдир-ақшыл аспанның түслигине тәуир-ақ өрмелепди. Мезгилди соған қарап шамалап киятырман.

Дайым гөш планнан қутылғалы түнде жайыўды қойды ма, көлдиң әтирапында қара көринбеди. Жаңбыр өширип таслаған ғой, үйдиң дөгерегинде түтинлик те жоқ. Аўылдағы өли тынышлықты көлди сабатлап отлаған минги атлардың самбырлысы, бақалардың ўарқылдысы ғана бузып турар еди. Аяғыма жуққан шамалы батпақты тепсинип-тепсинип, қапыны тақырлаттым.

— Кимсең?

— Мен ғой...

— Мақсетжанбынсаң, ой, айналып кетейин, шырағым! Тур, кемпир, еситип турмысаң, Мақсетжан келди...

— Малға бармадың ба, дайы?

— Бизде мал қалдырды ма, — ғарры гүрсинди. — Алып қойды!...

Түни мененги адым урыў әбден тыйтығыма тақап таслады ма, я соңша күннен бери жамбасым төсекке тиймегенге ме, силем қатып қалыпты. Күндеги, „ҳә, турр!“ деген даўысты еситетуғың ўақтым шығар деймен. Бетиме куяш түсип атыр екен. Мен жатқан жайдың айнасы да пәтигинде еди. Меңлибай ағаның үйи жақтан әжептәуир бир шаўқым еситилгендей еди, ол да әдеп талып-талып шығып турдыдағы, соң қулағымнан алыслап баратырғандай, дым еситилмей қалды. Тағы уйқылап кеткен қусайман. Жулқылап атыр екен. Көзимди ашсам, дайым:

— Тур, балам, тур. Келинниң толғағы қатты болып атыр...

— Келин, келини ким?!...

— Тур, деймен, —дейди көйлеклеримди қолыма услатып: —тур, шырағым, шап деймен, шап! Дуқтырға шап...

— Мына саўын фермадан трактор алып апарғанда...

— Апарғандай шамасы қалмады. Ҳа, турсаң-ә, ҳе-е, ақылыңның-ә...

Туфлыйымды оңлы-шепли кийип, көйлегимниң жеңлерин жол-жөнекей суғып, сыртқа шықсам, Елекең қашшан Темиркокти ертлеп, есикгиң аўызына әкиятыр екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳапалақлап минип атырғанымда дайым тәңирдиң зәрын етти: „Көлик өлсе садағам, барғанша бас, барғанша бас!...“ деген даўысын артымда қалдырып, аўыл арасынан ат дүбирлетип өтип кеттим.

Жары жолдан аўғанша, қамшы урғаным жоқ. Қуры анда-санда қашағанды қуўғаны болмаса. жилигиниң майы шағылмаған тың ат, шоқый жақ ғаздай мойынын созып, керилип таслап киятыр. Торaңғыллар „балақларын түрисип“, маған қарсы „аманлық па?! Аманлық па?!“ деп ҳаўлығысып, жуўрысып киятырғандай сезиледи де, тусынан зуў-зуў өткенимде тасырайысып-тасырайысып қалады. Талай көргенмен, усындайда фильмлерде аспанды аласапыран етип, көкти гүркиретип жибереди. Ат туяғының дүбиринен ләрзем алып қайлардағы бир таўлардың таслары жумаласып атыр. Жан ҳәўлетиндеги адамның тиришилик ушын жанталасып атырғаны тамашагөйдиң алдынан жылт-жылт елес берип, өтип кетип турады. Бирақ бул ҳәзир мениң көз алдымнан өтип кетип тур еди. Бар үмитин усы аттың дойнағына байлап жиберген, анаў жеңгейден де бетер толғатып атырған жан ашырлардың жолға қарасыўларын көрсетип-көрсетип жибереди кинода. Лийкин, мен буны экрансыз-ақ көрип барар едим. Барлық дөнип турған қәўип-қәтерди барлық қорқынышы менен усы шабыстың фонында берип туратуғын ғулғулалы бир нама болады. Бул ғүлғулалы нама усы әтирапта тек мени ғана ҳәўликтирип барар еди, әтирапта ҳеш ким жоқ ғой, бирақ, бар болғанда да еситпес еди. Себеби, бул қорқыныш тек мениң ғана көкирегимде шертилип баратыр еди...

Ақшамғы гүркиреген гүлдирмамадан соң селлетип-селлетип қуйған жаңбырдан ҳөлленген боз азанлы бери жеңил пуў шығарып, жаңа-жаңа қатыўашланайын деген. Артыма қарамасам да аттың туяғынан онша шаң буўдақланып, қалып атырмағанын сезип киятырман. Гөне қарымлар, үйлердиң дөңгеленген гөне журтлары шыр айналып қалып атыр. Тоғайлық қашшан артта қалған. Алдым даланлық, кен даланлық, анда-санда бир шоқ қамыс, я жыңғыл, я қарамық шошайысқан бозаңыған боз даланлық. Дүбирлиден „үриккен“ бир түп қаңбақ „жан ийнине от түсип,“ „табаны“ жерге гә тийип, гә тиймей асып баратыр, асып баратыр, жумалап асып баратыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолда аўнап атырған еки нар мен жақынлағанша түйеге тән маңғурлық пенен бийпарўа жаттыдағы, таялып келгенде апыл-тапыл турысып, өркешлерин қайқаңлатысып асты...

Ат совхозға суўға түскен нандай былбырап жетти. Лийкин, жортақ шабысы еле бар еди. Дуўры медпунктке тарттым.

Жас, бала фельдшер хабарымды тыңлап, ҳапалақлап қалды. Соң, машина излеўге киристи. Мениң ишим пытырлап баратыр.

Фельдшер асығыс атланып кетти. Шамалы гездирип, бир-еки саат дем бермесем, аттың аўҳалы шатақ, қалаберди, енди мениң ол жерге керегим шамалы еди. Малды болса, қашшан алып қойған.

Күн де жанып кетти. Дәрьяға жаллап алғандай Темиркөк, темир көк емес, қара қоңыр тап бир, бәйгеден озып келгендей былай-былай гездире басладым. Қурсақлар да тәўир-ақ белги берип қалды. „Не қылды екен, ул туўды ма екен, қыз ба..."

Брезенти ақ шаңғыт болып, тусымнан өтип баратырған директор машынасын тоқтатпастан кабинасын ашты да кеңсени силтеп кетти. Енди аздан соң, адымба-адым айдап кете бериўге де болатуғын еди, мына директордың шақырып қалғаны ғой!...

Атты сол кәрадағы бир өреге қаңтарып атырғанымда қолында қандай да бир қағазлары, Жаңабай келип қалды:

— Ҳәй, мынаў ким-әй, аман келдиң бе, солдат?! — деди күлип. Сәлемлесип болғаннан соң ыйығымнан түйип-түйип қойды — Мал баққандай шама қалды ма?

— Шама бар ғой...

— Мениң директорлық жумысым бар еди. Қол қойдырып шығаман...

— Мен де бараман ғой. Ал, кимнен еситтиң...

— Айигүлден еситип, күйип қалдым-деди асығыс жүрип баратырып. — Бәри өткинши нәрсе, қапа болма, — деп жубатады. — Булыт деген саясын салып өте береди. Жайлаў қала береди. Малынды ким бағып қалды?

— Алып қойыпты ғой, басқа биреў...

— Ҳа?!...

Директордың кабинетине қосарласа кирдик. Қол алысып болғаннан кейин, директор Жаңабайдың қағазына қол қойып атырған қәлеминиң ушы менен маған



www.ziyouz.com kutubxonasi

қапталдағы гүрсини нусқады. Қағазларын қайтарып бе-рип:

— Болды ма, ғошшым? — деди ийегин созып. Жаңабай буннан „сизиң менен болдық, рухсат", деген мәнини аңғарса керек. Қызарыңқырап, мирәт болмаса да маған қарама-қарсы гүрсиде отырды.

— Болған жоқ, аға. Мен сизден бир нәрсени сорай жақпан, — деди директорды қорқыта алатуғындай.—Ал енди, бар жаслардың неге қәдирин билмеймиз?! Айта берсек, „биймаза бала" дейсизлер. Айтпасақ, болмай баратыр. Мынаның — ийеги менен мени нусқады; — малын неге басқа биреўге берип қоясыз? Буны сораў мениң функцияма кирмейди, бирақ, просто, шыдамағанлықтан айтып атырман. „Иниңди әкел" дедиңиз, тек инимди емес, „Жас ленинши" ге дабарасын жеткерип, бес адам әкелдим. Алтаўы мине деген бир биригада, билсеңиз, шетинен тайын механизатор. Дурыс, енди быйылша бар насос бенен еплеседи. Келеси жылы техника менен тәмийин етсек, „сегиз жүз гектар жайлаўды суўландырып беремиз" деген гәплерин пасыққа шығармаў ушын, усы бастан иләж көрип барыў керек еди. Еле мен ҳеш ҳәрекет көрип жүргеним жоқ. Насосты көбейтсеңиз быйыл-ақ суў жибере бериўге болатуғын еди. Суў түссе боз қай ўақытта көк шығармайды, малларымыздың гүзде бир тойғанының өзи мәпийт, яшуллы! — Директор үнсиз басын ырғап отыр. Жаңабай оннан сайын ҳәўижге мининкирейди.—Бул бир.—Шунатай бүгилди: — Екиншиден, мал баққан мынадай жаслардың тәғдийириниң усындай болып атырғанын көрип отырған басқа жаслар таяў ўақытта таяқ услай қояр ма екен?

— Бул, өзи бир, қыйын мәселе болды, ғошшым, айта бер?

— Айтамыз, айтқанда қандай! Хәзирги шопанларыңыздың ең жасы қырықтағы, отыз бестеги адамлар, яшуллы. Бундайлар да оғыры аз. Алды пенсияға шығып атыр. Олардың орнына ким бағады, малды? Соны билмекшимен...

— Бул өзи' асқынбайтуғын ақ мәселе еди, ғаррының өзи асқындырып алған...

— Енди, жойтылар мал жойтылды, — деп, гәпке мен араластым. — Бул занға да-законға да жатпайтуғын қыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мыс ғой. Ғарры асқындырды не, асқындырмады не, закон бойынша, — дей бергенимде алақанын көлегейлеп:

— Сен қоя тур, — деп, сөйлетпей таслады: — Закон менен жүретуғын болсақ, онда түнде малларға қора берсин, қараўыл берсин. Азанда санап алып, шопан кеште санап тапсыратуғын болсын! — Директорға қарады: — Солай ғой, законы? — Директор ийегин екшеди. — Закон бар ма шопан дем алғасын деген? Жо-оқ. Закон менен жүретуғын болсақ, давай, закон менен жүрейик Оннан соң закон менен қамалып-ақ кете қояйық. Сол прокурордың өзи бес күн мал бағып көрсин усы тоғайда, қеше малын жойтар екен?! Бул, мал деген, бул тоғай деген... сокараларын есапқа алып, төлетип қойыў керек еди... Бунның малын да алмай, абырайын да төкпей!...

— Не гәп? — партком кирип келди: — Не гәп өзи? Жаңабай, еле сайрап жүрсең бе, ғошшым? — деп күлди. Жаңабай жаман көзи менен аларды да, директорға: — Соннан кейин, яшуллы, усы бизиң Азат комсомолымыз мына кисиниң, — парткомды нусқап: — бар-келге жумсайтуғын, графа сыздырып қоятуғын қол баласы ма, я басқа кәсиби бар ма? — деди. Партком қалпағын алып тықыр басын сыйпады да:

— Ғошшым, бир, араласпайтуғын иски арал аса береди екенсең! — деди отырып атырып. Жаңабай төбелесе жақтай жулқынды:

— Араласа-маан! Неге араласпайман?! — Алақаны менен айнадан сыртты нусқап: — Усы мынаў адам қанаатланарлық турмыс па?! Бул, ырыл-тырыл күн көриў деген...

— Ишип келгеннен аманбысаң?

— Сизиң жумысыңыз, яшуллы, — деди парторгқа. — Ҳәзирше, адамлардың аўызын ийискеўден, дийўалға газетадан шақырық көширтиўден артып атырған жоқ, яшуллы-ы, ҳее, билемиз-дә оны! Давайте, бизге турмысты тамаша етип бериң, — қолының қыры менен столды дүкилдетти: — Биз, талап етемиз, соны.

— Талабыңыз дурыс, иним, — директор уяң сөйледи: — Бирақ, өмирди қызықлы өткериў өзлериңиз бенен ғой...

— Хаў, мынаў яшуллы партком болатуғын болса, анаў комсомол комитети болатуғын болса, шөлкемлестирсин-дә, соны! Дурыс, совхоздағылардың ҳәммеси де тоқ жасайды, бирақ, жарлы-ы яшуллы, рууўҳы жарлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарынбай бола қойсын, руўҳы жарлы адамды бай деп болмайды...

— Адресимизге дурыс критика болып атыр, бизиң, — директор парткомға ескертип қойды: — Бул нәрсе жыйналыс сайын айтылып атыр ғой, бирақ қағазда қалып атыр...

— Соның менен, партком да, комсомол комитети де' жумыс ислеген болып атыр, — деп, Жаңабай былай қарады. — Ҳаўўа, ҳеш ким исленбеди деп айта алмайды, райкомға, райкомолға, протоколлар барып тигилип атыр. Взнос ўақтында ай сайын төленип тур.

— Сонда бизлер не қылып жүрмиз? — Партком жигиттиң бетине үңилип, күлди — Дәп қағып жүрмиз бе?

— Клубқа барып дәп қаққаныңызда бир пайдалы ис ислеген болар едиңиз...

— Мына бала өтлестирип баратыр, директор жолдас,,.

— Жақ, аға — Жанабай басын шайқады: — Мени тыңлап болың. Сиз дәпши болың, биз ҳәўескерлер кружогин шөлкемлестирейик? — деди шын ықыласы менен. — Қаға аласыз ба? — Директор төмен қарап күлди. — Қаға алсаңыз оның неси уят? Ҳаў, анаў „Пахтабад" совхозының директорының кружокта қосық айтқанын көрген мына көзим, неси кемиди? Ырас, парторг аға, сиз дәп қақсаңыз, мынаў бас бухгалтеримиз „өл" деген сырнайшы. Сиз баслап бериң, ҳәммеси кружокқа барады. Жаслар мениң менен...

— Қысқарт-әй, бала! — Партком сурланды. Жаңабайдың өңи өшип сала берди. Әңгиме меннен басланып еди, соған ба, мен қысынып кеттим. Жаңабай өрре турды да: — Яшуллы, — деди. — Мен ойнап айтып отырғаным жоқ, усы жерде „Отелло" ны қойдырып беремен, еле сизге! Бирақ, ол ўақытта сизди дәпшиликке де алмаймыз, әлбетте, алмаймыз! — деди де қызғанлықтан дирилдеген саўсақлары менен қағазларын өрли-қырлы жыйнап, есикти сарт еттирип кетти. Жайдың ишин қолайсыз бир жым-жыртлық қаплады. Парторг „Беломорын" алып тутандырды да:

— Усы биреўден басымыз бәлеге қалдығо, — деп алақанын жайды: — Жақыннан бери, „ҳәр фермаға рация бериў керек" деген бәлени таўып жүр. Усы бир, төрт түлиги сай жерге барып ислей қоймаймекен?

— Рация керек десе. керек...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кереги керек-аў. қәне, сол енди...
— Совхозға партиялық басшылық төмен...
— Төмени төмен ғой...
— Сөкараларын райкомға барып бир, сойлесип алармыз деймен. — Мына гәп парткомды тымсырайтты. — Ол жөнлерин өзиңиз бенен бир сөйлесип алармыз, Жәке, ҳәзирше, мына баланы тыңлап алайық? — деди маған қарап директор. — Фермада болғаныңды ат жетелегениңнен билемен, әлбетте. Пирназаров деген де бир шатақ адам еди. Ғарры да жатқан жыланның қуйрығын баса қойыпты. — Басын ийзеп, партком да мақуллады. — Өйтти, енди ис бир жағына шыққанша ғаррының өзи-ақ еплесип турғанда болатуғын еди. Өкпеледи ме, қылмады. Пенсиядағы адамға, ғошшым, өзиң билесең ғой, бақ деп биз зорлай алмайыз. Дурыс, яшуллының совхозымызда мийнети үлкен. Биз оны наградаға да усынған едик. Пенсияға да наградын тапсырып, шығарамыз деп едик, ол да кешиге берди. Ақыры, наградсыз-ақ шығарыўға мәжбүр болдық, ғошшым. Усы шәлкем-жалыслықтың ўағында наград келип қалса, бул да бизге плюс емес, түсинип отырсаң ғой. Бизге шатақтың болмағаны жақсы. Малдың жоғалғанын бурынлаў билдиргенде ғаррының қалтасынан болса да орынын толтырып, сырға салып жиберетуғын едик. Әңгиме соң да болып тур. Малыңыздың кемислигинен хабарымыз жоқ, „патыратсыз ферма" деп, биз де комиссияның шатақ қыйлысын сизлерге жиберип қойғанбыз Ҳәзирше аўылда жүре турасаң, — деди директор столды бармағы менен дыбырлатып. — Ҳәзир прокурор менен райкомласып атырмыз. Жаңабай айтқандай жүдә қадрдың қадирин билмейди, емеспиз, билемиз. Буған тактично бармасаң, болмайды, ғошшым. „Пәлен фермадан пәлен мал жоқ, шопаның қамап қойыпты, жоқ болса да шопанды шығарып бериң" десек, онда жөн болмайды. Сонын ушын, он-он бес күн жүретурарсаң, мал берермиз, я қой фермаға көширермиз, келистик пе?
— Маған бәри бир, — дедим мен. — Бирақ, ғаррыдан бөлинип кете алмайман.
— Ғаррының тамырын өзимиз басамыз. Совхозға жайша келип пе едиң?
Мен келген жумысымды айттым. Директор орынынан турмастан айнаға мойынын созды да „анаў трактор, сол фельдшер кеткен трактор ма?" деди, соң жуў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

абын күтпестен телефоннан нөмер терип атырып сөйленди:

— Билейик-ши, — Жаңабай кирип келди, бир нәрсе дей жақ еди, директор қолы менен ымлап тоқтатты да: — Қойып тур, ғошшым, билип алайық, шопанлы болдықпекен, саўыншылы болдықпекен...

— Оны меннен сораң, яшуллы, — Жаңабайдың даўысы уяң: — Биз қашшан сорап билдик, яшуллы. Ҳеш нәрсели де болған жоқсыз. Бир саўыншыңыздан айырылып қалыпсыз...

— Ҳа, не дейсең, Жаңабай?! — директор трубканы салт еттирди. Кеўилим бир түрли болып, мен орнымнан турдым. — Не дейсең, түсиндирип айт?!

— Меңлибайдың келиншеги фельдшер бараман дегенше өлип қалыпты деймен! Түсиндиңиз бе?! Рация керек пе екен, керек емеспекен, мен соны сорамаға келдим. Совхозға пул керек пе, адам керек пе, мен соны сорамаға келдим...

Мен әлле нәрсеге асыққандай ҳаўлығып, шығып кеттим. Жаңабайдың даўысы қатты-қатты шығып қалды...

Алыстағы ағайинлериниң келиўине де қаратпады. Жақын-жақын фермалардан жыйналған қырық-елиў адам „егинен түспеген нашар, көп жатса бузылып кетеди. Күнниң де түтигиўи мынаў“ деп, ертеңине күн қызаман дегенше-ақ көмип таслады. Совхоз басшылары түстен кейин, марҳумның жетиси тарқатылып, кийими үлестирилип атырғанда келди.

Мен биринши мәртебе усы дөгереклерде өзим өлсем, қалай жерленетуғынымды көз алдыма елеслетип көрдим. Мен есимди билгели бизиң фермамызда өлип атырған усы дәслепки адам маған: „жөнлеп жасаў да, жөнлеп жерлениў де керек екен,“ деген ой салып кетти.

Арадан он-он бес күн өтти, өтпеди ме, рация алып, Жаңабай келди.

— Бир гәп болып қалса, усыннан хабар берип тура бересыз. Совхоз түўе Нөкистен вертолет шақыртыўға болады... Келе мее?! Адам керек болса келсин! Вертолет те, мал да, адам да адам ушын керек. Так, что, сен өйдеме, Меңлибай аға! Жеңгейдиң жылы өтсин, бир ғарры қызға үйлендиремиз, қайтадан гүрлеп кете бересең. Әлбетте, жеңгейдей қайда, сонда да...



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Гүмискөл“ деги қамыслардың баслары тозғып, әтирапқа тәуир-ақ гүздиң тәпси урып қалған еди. Бурынғыдай емес, мениң әскерликтен ҳалласлап келген кеўилимдей суўлар да жағаға қыртыс-қыртыс қатпар қалдырып қайтып кеткен. Бул қарағанда гүздиң ийисин ҳәммеден бурын сезген „Байтерек“ те артық-аспай жапырақларын таслап, қысқа таярланып агырған бир мәҳәлде Мурат жетип келди.

Бир қой сойылып, жигит-желеңниң отырысқаны болмаса, ҳеш қандай дәбдебе болған жоқ. Олай етиўге Меңлибай ағаның кеўили бар. Еле келиншегиниң жүзи де толған жоқ. Оның үстине шағал мәслик қурғандай кейип дайымда да, менде де жоқ еди. Анаў шатақтан, билмедим, ким себеп болғанын, бир қутылыўға қутылған болдым. Сонда да бизге я мал бақ, я қой бақ деп, мирәт салған адам болған жоқ. Бул күнлери жазы менен бағып-жаққан малын биреўге бере қойыў ҳеш кимге де жаға қоймас еди. Бәлким, соннан шығар.

Ал, малға үйренип қалған дайым болса, ҳеш ким айтпаса да азанлы кешли Меңлибай ағаның ол-булына көмеклесип жүреди. Дым таппаса қораларын оңласады. Соннан соңғы талабы — қус салыў.

Уақыт қанша керек болса, сонша табылып атыр. Бундайда жалпылдап, қапталынан мен де қалмайман. Мураттың қус пенен де, анаў әлле қашшан питип, қазан қосқа тақлаўлы турған отаўды тиклеп, өз алдына түтин түтетиў менен де иси жоқ. Азаннан қара кешке шекемги өмирин „Гүмискөл“ диң бойында өткереди. „Мениң Парнасым—Гүмискөл“ Ғазлар қайтып баратыр“ деген картина соғаман,“ дейди. Таңнан арқаланып кетеди, түсте Хожан ағаникинен түсленсе түсленедидағы, болмаса „сухой паек“ алып кетеди. „Нөкиске кетпесимнен бурын, питкермессм, болмайды,“ деп, асығыс ислеп атыр. Бирақ, еле ғазлар қайта қойған жоқ еди. Ким билсин, бәлким, ғаздың қайтыўын күтип жүрген шығар...

Кеше кешке таман, тракторлы келип, қораны дизенфекфекциялап кеткен сантехник жөнине кетпей, дайымның ишин пытырлатып кетти: „Нурнияз атаў бетте қоян-қырғаўыл дегенди таяқ пенен урып алса болар, бығып атыр...“ Сол ақшам таң атпай кетти. Тап бир,



www.ziyouz.com kutubxonasi

узақ сапарға кететуғындай ғарры ярым ақшамнан даўрық салды:

— Турың-ҳэй, усы ўақытқа шекем, тири адам жата ма?!

Гөш қуўырдақ пенен көк чайға тойып алдық. Бизиң эскерликтен қайтқанда алып шыққан, сырты маўыты қаплы фляжок бар еди:

— Қайнаған чай қуйып, белиңе таң, — деди ғарры. — Ояқтың тоғайы жаман. Шаба-шап пенен таңлайын тарса айырылады.

Бизлер аўылдан атланғанда күн шыққан жоқ еди. „Нурнияз атаў“ бул кэрадан тэўир-ақ жол бар. „Қолың шынығa берсин“ деп, дайым қаршығаны бизиң қолға қондырған. Азғанадан кейин, қолымды сал етип, билегимди талдырып сала береди. Онын үстине ат жортақлаған сайын қанатын қағып гэ жолды кесе қашқан сарышунаққа да қылғынып, тегин отырмайды. „Еле шэўли ғой, бир-еки жылдан желиги басылып бир, сайып қыран болып берсин. Ҳэзир булар қызыл көрсе қылғына береди. Анды сайлап шаншыўды билмейди. Бир-еки жылдан көр!“ деп, дайым тэрийплеўге гэп таппай киятыр.

„Жарақлыға жаў жолықпайды“. Ойда жоқта алдыңнан дүрлеп ушып, атыңнан қалпақтай ушыра жазлайтуғын қырғаўыл да, жыңғыл менен қарабарақтың саясының ербеңлегенинен қорқып, қайда ашықлық болса орғып-орғып қашатуғын қоян да қулағын тикирейтип қашпады „Эй, сирэ, қуры лап па деймен-аў! Журт жамға от басып, мылтықларын шошаңлатып, күнде қырғынды берип жүргенде не қылған қырғаўыл, не қылғанқоян!“ деп, тоңқылданып, дайым да үмитсизлене баслады. Себеби, „Нурнияз атаўда“ бығып атырған болса, бирли-ярымы бул дөгереклерге де ылағып, ығысыўы керек еди, қайда сол? „Нурнияз атаўды“төрт жыллықта бир көргеним болмаса, окэралар менен таныс емеспен. Дайым „усы бала, ет қызыў менен гелле ғуўлап, бийкар шықтық па деймен! „Нурнияз атаў“ да не бир қопалық бар, тап өзи де ҳэрем тутқандай атаўдың ғырра жағасында. Адам түўе, доңыз ғой. доңыз, доңыздың жалғызағы да жарып өте алмас! Баяғыда анаў ушыкүйди жоқ болғыр, ҳарам ғана қатқырларды излеймен деп, бир күн айналып-айналып, киретуғын саңлақ таба алмай кеткенмен. Эй, собала бизди дэлкек ушын



www.ziyouz.com kutubxonasi

айдап салды ма деймен-аўl" деп жақынлаған сайын өкинип киятыр.

Атаўға тал түсте жеттик. Нийетимиз атаўға шықпай қус салыў. Атаўға түссе, қустан айрылдым биле бер. Жәнжағы гөне дәрьялық, шуңқыр-шуңқыр салалар. Тик жардан қарасаң, төмендеги нәрсе қурттай болып көринеди. Урыс жыллары Әмиў боталақтай ойраңлап кетип, бир аяқларының излери усы аңғарларды қазып кеткен. Ҳәзир де ана жер-мына жәрлеринде көллерден қашқан, селден жапырылған қалғынды суў үзик-үзик дуздай болып атыр. Дайым, енди, қаршығасын өзиниң қолына алды. „Қусты арғы жаққа түсирип алсаң, бизге жоқ, — деди. — Буны енди атаўға урған аңға жибериўге болмайды. Сыртқа қашқанға жибериў керек," деп, күтә бир қалпелик пенен қолына қондырып еди.

Ол мениң оң тәрепимде журдидағы, биз тазының ролин атқарып, аң ушырыў ушын, аңғарды жағалап шаўып отырдық. Кәпелимде таяқ таслам жерден „дүрр" етти де бир қораз қырғаўыл түнде ракетадан атылған жалындай лаўлап, қырсығына ғарры тәрепке емес, атаў тәрепке сызды. Үстимнен гүмис қоңыраўдың сыңғырлап өткенин билемен, бир қарасам, қаршыға аңғардың үстинде шарықлап баратыр екен. Ет қызыў менен патырақлап шаўып келип қалған ғарры, қусы ғой, қусы, тик жарға келип, тумғыйыққа алып кете жазлаған атының жылаўын зорға тартып үлгерди. Езиўи жыртыла жазлаған ат, тикке шаншылыўы менен лаппа артына бурылып, алдынғы еки аяғын жерге диңк еттирди. Дайым „әллаўғала-саллаўғала..." деген сыяқлы бир нәрселерди гүбирлениўи менен көкирегине түпирди де: „қудай сақлап қалдығо, буғурлым журимим бар екен. Қырғаўылды өзим бүре жақтай, уша берипpенаўl Бунының қызығы жаман болады!" деди ақланған даўыс пенен.

Қусымызды болса, ушырып алдық. Енди бизиң аң аўлаўға ийегимиз қышымады. "Қусты бир қондырып алсақ қайта қояр едик," деп налынды дайым. Даўысымыз қарлыққанша шақырып көрдик. Келип атыр маl Барайық десек, алдымыз лар, сирә түсетуғын итималы жоқ. Бул жерден арман түссең, тамырларын сел жалап, соррыйтып кеткен тораңғыл, шеңгел, түйе синирли тик жар. „Жаманға исиң түспесин, қалыңға қу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сың түспесин," деген усы-дағы, изиме ерип отыр," деп, ғарры атына қамшы басты.

Жасқа излеп, қорсылдасып, шаўып отырдық. Көзге бир жал көринген менен өзи бас-аяғы кең, нәҳән атаў екен. Қәпелимде, алдымызды тағы бир аңғар ойып өтип, тубалаймыз да қаламыз.

Аңқамыз кеўип, аўызымыз желимтикленип, фляжоктағы суўып қалған чайдан жутып алдық. Тоғайдың иши қапырық. Арқадан келетуғын самал жоқ. Ултандағы ызғардан ба, я самал да аңғардан „аға ма", салқын соқтан келеди. Бир майдан ат үстинде желпинисип алдық та, тағы кеттик.

Ени анаў-мынаў жармыстың ениндей тағы бир лар бөгет болды. Анаў атаўды айланып атырған лар менен мына лар ушласып, тәўир-ақ тоғайлықты қолтығына қысып турғандай көринди. Бурынғы атаў бойлаған лардаң ултанында питегене суў бар екен. Шөллеген атлар қулақларын солай қайшылап, жылаўларын қағып-қағып қояды. Дайымның аты бирден оқыранып қоя берди. Жылқы жат үйир жылқы көрсе оқыранады. Бирақ, жақын жерде жылқы көринбеди Оң жағымызға сер салып қарасақ, бир нәрсе бүктиң арасын жарып, жасқаға түсип киятыр: „Дайы, анаў не?!" дедим тарғыл „бәлени" жолбарысқа жорып. Ғарры әдебинде гүдикленсе де, көкиреги басыла келе әлле нәрсе ойына түскендей, атын әсте-әсте жыңғыллықтан шығарып, лардың жийегине тамам айдады. Соның[1] арасынша, тағы биреўи, тағы, тағы... бүктен шыға баслады:

— Ҳаў, сен танып турмысаң, ҳаў! — Ғарры ҳаплықты: — Анаў „Алабасғо", — деди бармағын шошайтып. — Анаў „Тоқалақ", анаў...

Мениң қуўанышымда шек болған жоқ. Қулағыма: „жеп қойғансыз, билинип қалғаннан соң орынына қосып отырсыз. Усының менен қутыламыз деп ойладыңыз ба?!" деген нықыртыўлар саза болып сала берди. „Алдына айдап апарсаң, усыннан, неше пуллық киси болар еди?!"

Қуўанышы қолпылдатып таслаған ғарры қусын ушырғанын да умытты.

Алдымызды кеселеген лардың жағасы менен ат шаўып баратырмыз. Усыннан жасқа таўып, анаў ларға түссек, қопаға киретуғын жасқаны сыйырлардың өзлери көрсетип береди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн тәўир-ақ еңкейе бергенде биз сыйырлар суў ишип кеткен қалғынды суўдан ат суўғардық та, аттың жалына жабысып, кийимлерди бүркенип, ҳәррегеталанып, қыямет-қайымлық пенен бүкти жарып өте сала қаўын пәлектей жалпайысқан аша туяқлардың излерине үнилистик. Бул, соқпақ деп, соқпақ емес, қоянсоқпақтан зәрре енлилеў сүлдер қайтасийрек-сийрек, қайда ашықлаў жер болса жигин жарып сүйретилер едидағы, басқа жағыңның ҳәммеси; быйыл түўе соңғы үщ-төрт жыллықта я от тиймеген, я орақшының изи түспеген наўқарағай қамыслық, бири бирине ушласып кеткен майда тал. Жылда түбинен пашалап жас пишен шыға бергендағы бир-еки жыллық нар қамыслар баслап, самал менен жығылып, жығылмағаны шошайысып, тап бир, наҳан шейитликтиң қамыслығындай болып кеткен. Мынаў соқпақ сүлдерин де сыйырлар салғаны мәлим еди.

Атаўдың ортасына таманлаў сийрек, басқа жағына қарағанда қамыс-жыңғыллары да пәскелтеклеў алаңлық бар екен. Бизди баслап барған из, сол кәрада ийирилиўге мейил берген маллардың үстинен шығарды. Сыйырлар да, анаў туқым буға да қулақларын тикирейитисип қашыўға, үркиўге мейил бергени менен, қурық тиймеген ғунандай басын алып қаша қойған жоқ. Бирақ,... булар, сегиз еди. „Алабас", пенен „Тоқалақтың" туўылғалы адам көрмеген бузаўлары қуйрықларын егеў қуйрықтың қуйрығындай шаншып, кийиктей атлығады, деген менен, „Алабас" та, „Тоқалақта" ийи бос, өмиринше қолда өскен, аяғын еринип басатуғын қыйлынан еди. Соларды тутып, бас жип байлаған соң-ақ қалған жағының рәўәж екенин билген едим. Екеўин еки тораңғылға байладық та бағанағы дусмал менен қаршығаны излеп кеттик.

Бул, мен ойлағандай узаққа созылмады. Адым жерде тың-тыңлап, адым жерде турып гүмис қоңыраўдың сыңғырлысын, ўақты-ўақты шығып турған шәңкилдини қуўалап, тез таўып бардық. Бирақ, қалыңға түскен қусты да, қырғаўылды да алыўы қыйнады бизди. Бул қурлым мийнет шекпей қайда!

Қалай-да, жолымыз болып қалды. Сонша жерден аң излеп келип, тутқанымыз бир қырғаўыл, оны да далдалын шығарып, түтип таслапты. Зыңғытып кеткенде де болатуғын еди, пышаққа илинбей қалған нәрсени



www.ziyouz.com kutubxonasi

қазанға салыўға болмайды. Бирақ, дайым оны көрингенге қусын мақтаў ушын-ақ көринетуғын жерине саллandырып киятыр.

Биз сегиз мал менен күн батқанда үйге жеттик. Меңлибай аға да, Елекең де, жеңгем де апалақласып, „а қудайды" салысып қалды. Ғарры:

— Айтпадым ба, ҳеш жаққа кетпейди деп, айтпадым ба, гөрге барған жоқ, деп, — дейди де көрингенге мардыйып, өзиниң жети атадан бери шопан екенлигин, шын шынжырма шынжыр санап кете берсе, өзиниң арғы түп бабасы малдың пийри Шопан ата менен табақлас болған адам екенлигин жүдә бир лапгөйлик пенен айтып отырды. Ишимизде ҳәммесине бийпәрўа, ҳеш нәрсе қызықтырмайтуғын, орысшалап айтқанда „чужой" адамымыз — Мурат еди.

Ертең бунның Нөкиске кетиўи керек еди. Жолығатуғын кеңселери бар екен. Ҳеш гәп-сөз бенен де иси болған жоқ, ерте жатып қалды.

Азанда дайым бизлерди күндегиден де ерте оятты:

— Турсаңызлар-дә! Усы ўақытқа шеккем, адам жата ма?!...

Мен „тағы қус салатуғын шығармыз" деп едим. Жақ. Ҳәммемизден бурын чайын ишип болған ғарры сырттағы еки атты ертлеп болды да „Меңлибайдың атын ертлеп кел," деди маған. Меңлибай аға, өзи де бүгин бир жаққа бармақшы екен. „Қоблан ағам ат берсин деп жиберди", дейсең, ә?" деди бетиме күле қарап: „Ертлеп ала ғой, бул кисиге пәлен десек болмас. Жумысым бар деген менен тыңлай ма!..."

Мурат үшеўимиз күн шықпастан бурын үш атқа қонып алдық. Сегиз малды алдына салып атырғанда Меңлибай ағаның бир айтқаны: „буларды қайда апарасаң? — болды. Жеңгем де таңланды. Ғарры: „исиңиз болмасын, қашың былай жолдан! — деп, шорта бөлди де, бизге буйырып жиберди: — Шықсаң-ә, ананың аржағына, ҳаў!" Бул сөз Муратқа да тийисли буйрық болып, үшеўимиз үш жағынан қамащалаў менен, тасырақлатып айдап, демниң арасында елден шығып кеттик.

Мен әзелинде „совхозға апарып пулын алатуғын шығыр" деп едим. Бул, қәдимги отыншылар, маевқаға сейил етип келиўшилер, атлы-ешекли фермашылар базарлап келип турған жол менен тартты. Мурат сорап еди, „дым индемең, қалаға барып билесиз" деди, қай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тып ҳеш қайсысымыз, „иллә" деп аўызымызды ашқанымыз жоқ.

Қалаға саат үшлердиң ўағында келдик. Ғарры малларды дуўры прокуратураның шарбағына апарып қамады да, бизлерге „аттан түсиң, жанларыңыз бар ма, түўе!" деп, жекиринип жиберди. Ашыўлы. Бизлер де атлардан ғарғыстық. Әлле қашшан атын байлап, есиктиң алдында қамшысын қайырып услап турған ғарры көриўден сол төрт өримли қамшы менен тарттырып-тарттырып жибере жақтай:

— Қайда Пирназаров! Малтабарды тап! — деди.

Мурат қысынып, сыртта қалып қойды. Биз, қәдимги буйрықты бежерип үйренип қалған адам, мөлтилдеп алдына түстик те: „Районлық прокурор Пирназаров Е. П." деген қапыны нусқадық.

Ғарры жулқынып ашты да: „Ер соныма, қашып гөрге барасаң ба?!" деп маған бақырып жиберди. Ишке кирсек, Пирназаров емес, баяғы бизден тергеў алатуғын тергеўши отыр. Жасы үлкенсип, ғаррыға қолын созып еди, ғарры үнсиз көристи де „Пирназаров қайда?!" деди. Ҳайранлық пишинде биресе маған. биресе ғаррыға қараған тергеўши:

— Ол киси жоқ, — деди. — Жақында бир мусор тазалайтуғын мәкеме ашылып, соған баслық етип жиберди. Ол кисилик жумысыңыз болса, маған айта бериң. Районлық прокурор. ҳәзирше. мен...

— Әттегене-әй, әттегене-әй! — Ғарры басын шайқап, гүрсиге отырды. Соң маған қамшысын шошайтып: — Мына баланы алты малды жеп қойды деп қамап еди жақында! Бизиң алпыс жылдан бери төгилмей киятырған абрайды да бир пул етип кетип еди, ал енди китабына салыстырын қарай ма, сырғасын ысып көре ме, көрсин. Сол малларды мен бүгин „Нурнияз атаў" дан тутып әкелип, шарбағыңызға қамадым...

Прокурор түргелип, айнадан қарады да басын шайқады:

— Жойтылғаны алтаў еди, сегиз етип әкелипсиз ғой, яшуллы, — деди күлип. Ғарры басын шайқап:

— Бул, адам күлерлик ис емес, ғошшым, — деди. — Ал енди, „сойып жегенсиз, сатып жегенсиз", — деп, ыза берип, мына баланы он бес күн домзағына қамаған Пирназаровты шақыр. Ҳаўўа де, бунын мойынына сойып жегенин қойып берсин де, бул баланы тик ая-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғынан жиберсин. Яқ, өйте алмайды екен, мынаў буйырмағырларды меннен сырғама-сырға санап алсын, сөйтип, гөшке өтип кеткен таза пулдан үш мың манат ақшамды қайтарып берсин де, мына баланың орынына он бес күн домзаққа жатып берсин...

Прокурор әри-бери ақыл айтқан болып атыр, жуўасытқан болып атыр, „Пирназаров жазасын алды“ деп атыр. Яқ, ғаррының қоятуғын түри жоқ. Ақыры „сол тилеклериңизди жазып бериң де, малыңызды айдап қайтың, ақсақал. Жақында бағыўыңызға қайтадан мал да бериледи. Сизге еле исенимди жоғалтқан жоқпыз. Бул кәрада азып қалады...“ деп атыр еди. Изин тыңламастан-ақ мени ертип шығып кетти.

Өкшелесе шыққан прокурор малларды шарбақтан шығарысып жиберип атырып та, хошласып атырып та ғаррыны „дуўры тоғайға тартады“ деген шығар. Жақ, ол енди тасырақлатып апарып, райкомның шарбағына қамады да, биринши райком емес, екиншисине, жаңағы прокуратурадағыдай сайрап-сайрап өтә шықты. Оннан сирә жуўап та тыңлап отырған жоқ. Бурында жоқ бир шапшаңлық пенен атына қарғып минди де үй тонап шыққан қарақшының қасындағыларына буйрық бергениндей қолын семреп жиберип, „кеттик!“ деди хәм атына қамшыны тартып жиберди.

Машина мәнзилинде Мурат 20—67 деген қызыл „Москвич“ ке минип кетти. Бизлер бир атты жетекке алып, қайқайып отырдық. Ғарры қайта-қайта: „пай, аш болып қалатуғын болды-аў!“ деп, райкомның шарбағындағы малларды еслей береди, аяй береди: „Жәниўарлар...“

## 23

Мурат бир хәптени өткере берип, дайыма жағымсыз хабар таўып келди. Бул нәрсе үйдиң ишиндегилердиң хеш қайсысына „пәленше өлди“ дегеннен тәўир еситилген жоқ. Мураттың гәпин жеңгем бақырайып тыңлады-дағы, еки балаға шекем томсырайысып қалды. Ал, ғарры болса қатты ойланғандағы әдетине гөре сақалын қайырып жалмап, үнсиз отырып-отырып тилге келди:

— Атадан алтаў болып туўылып, бир жатырда жатсаң да бирге жасамақ жоқ, жийеним, — деп бир тикленди. Ол мени гә жийеним, гә балам дегени менен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

тәўир-ақ если, ата-ана дийдарын тәўир-ақ көрип қалғанға ма, Муратқа „жийеним“ нен жазбайды: — Түбинде, шанарақ басқалайтуғынынды билип едимдағы, бирақ мына Мақсетжанды әкететуғынынды билмеп едим, — деди басын шайқап. — Әкениз жоқта әке, шешениз жоқта шеше болып едим. Мен онымды миллет етип отырғаным жоқ. Бирақ, әкең пақыр да, шешең пақыр да парызын өтей алмай, бизиң мына мойынға жүклеп кетти. Ол да болса, екеўиңизди еки шаңарақ етип, бир, аяқландырып жибериў еди. Хабарың бар, жаўдай шабылып, саған нийетлеп буйыртқан отаўдың көгин тышқан кемирип атыр. Ал, енди, сен ғой, кәсибин де келиспейди бизге, малға ысығын да жоқ. Бирақ, әри шопан әкесиниң, әри мениң орнымды басар деген үмитим мына отырған Мақсетжаннан көп еди. Бунын да алдына кескеслеп, түрли бәле шыға берди, мал жойылды ма, әйтеўир оның бержағында әлле неткен, совхозға ийнениң ушындай қайыры жоқ биреўлер абыройымызды айрандай төгип, малдан шетлеткени былай турсын. Мен ғой, мал бермейди демеймен. Береди, онысынан қорқып отырғаным жоқ, деген менен, „болар бала бес жасынан беллидур“, қолда өскен бала ғой. Мына Мақсетжанның түбинде шәрўа болатуғынына көзим жетеди, буны әлле қашшан-ақ, тусаўын кесип, ерге дәслепки отырғызғанда-ақ сынағанман. Сени болса, әкең пақыр екеўимиз атқа мингизгенде „түсемен“ деп жылағансаң, бул, „дизгинди бер“ деп жылады. Енди мен буны басқа талапты келистире алмайды демеймен. Әдебинде ашық-машық болмай-ақ қосылған қостар менен де адам күни ушын оңысып кете беретуғын жағдайлар болады, шырағым. Бул да бир сондай саўда болып жүрмесин. Күн ушын ырыл-тырыл оңысыққа кетпесин демекшимен. Сол, көкиректи күсегенине жибере берсең, әндийше сонда шығады. Онын бер жағында ата кәсип, ата мәкан деген бар. Ғаздың баласы анасынан көргенин ислеп, поррық излейди, палапан гезинде таңлайында сол татыған, ақыры. Бул да тиси шыққаннан малдың нанын жеп киятир. Басқа нанның да түриписи бар демеймен, нанның бәри нан. Бирақ, дәслепки маңлай терлетип тапқан нан таңлайды тақылдата береди. Ата кәсиби мәселемкиден мениң сүйегиме синип кеткен. Малсыз мен өзимди жипекке бөлей қойсын, қаңырап қалғандай сеземен. Кеше бир гәпин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

де, „совхозға көшиң. дуканың да жақын, бәри бар", дәп айтып салдың. Мениң кеўилиме келейин деди, жийеним. Бул мына лолы, ҳәзир сийген деп кетти ғой, журт, соған „көшкенди қойып, дийханшылық ет" деген менен барабар. Тоқсан шығыўдан шалғайымның тоқсан жеринен қазық қағып байлап қоя қойсын, көшпесем, болмайды. Мине, усы ҳәўеслик бар бизде. Неге ҳәўес етемен, оны өзим де билмеймен. Сол қәдимги, дуўа кеткен ата кәсибиниң әрўағы болса керек, қыслаўдан түртип көширип жибереди бизди. „Усы қәсийет Мақсетте де бар-аў. „деймен. Ғаллығалақ мәйекти түртип шыққан көлине, жақсы болсын, жаман болсын, айланып бир қонбай турмайды. Адам ол қурлым жоқ па! Алдыңызды алла ашсын, шырақларым, ҳәзирше пәтиямды бере берейин. Барса барып-ақ турсын, бирақ. мына отаўымды сен бала тиклемеген менен, мына Мақсет тиклейди. Адам деген өмирден өз орынын табыў керек болса, бул әлле қашан тапқан, жийеним, сен буны мәзи қыйнап жүрсең. Келгели бери мәзи былай шығарып „пышыў-пышыў" сөйлесип жүрсең. Оның үстине тап мына патырат тап бола қойдыдағы! — деди өкиниш билдирип. Сон, қыйланды, бизлердиң бир де биреўимиздиң басымызды қурап жибере алмағанына қыйналды.

Мыңмынлап сөйлесе де, жуўасып сөйлесе де, Мурат та гәпинен қайта қоймады. „Нөкис деген, мынаў турған жер ғой, күнде болмаған менен ҳәптесине келип турармыз. Бир адамнын шошайып отырыўы да қыйың. Ең болмаса, биз бир хожалық болып кеткенше ес болсын, дайы, бер, баланды, тилеп отырман? „деп, тап бир мени дайым қолына салатуғындай алақанын жайып, жалынып-жалпайып тиленеди. „Сизлерден айырылып кетиў маған да қыйын, бул жерде мен ислейтуғын кеңсе жоқ. Сизлер Нөкиске көшпейсизлер" деп те дайымның: „Өйтип жиним бар ма?!" сын еситип атыр.

Гәптиң ырасы, мен екеўин де аяп отырман. Адамларға буншелли керекли екенлигимди де жаңа сезген тәризлимен. Мурат еле түрли-түрли сылтаўларды таўып атыр: „Жамбас муғаллимниң билими, билим болмайды, дайы, кешки мектепте оқыта жақпан..."

— Әне, буныңа дыррықшылығым жоқ, — деп, дайым да ырықты бериңкиреп киятыр. Менде кеткенди шеп



www.ziyouz.com kutubxonasi

көрип отырғаным жоқ. Мурат үйлене қойса, биз де халық қатары комхоздан жай алып, қазан асып көрер едик-дә! „Самостоятельный жизнь баслайман..." деп, әскерликтен қулшындырып келген тилегим сонда бола жақ. Өмиримизше мал бағармыз, дайымдай болып қартаярмыз, күнлердиң күни келгенде Пирназаров қусаған биреў келип дайымды жылатып кеткениндей жылатып кете берсе! Қайда, сонда бизин мийнеттиң баҳаланғаны қайда? Усы тәреплерин бурыннан ойланып жүрген мен дайымның жибискенине, шынын айтсам. қуўанып отырман.

Узақ гүрсиниўлер, узақ үнсизликлер, узақ сақал жалмаўлар, узақ нәсиятлардан кейин ғарры ақ пәтиясын берди.

Азанда ерте аўхатландырып, бөктергимизге сары май ма, торақ па, қурт па, қудай-аў, сур гөш пе, бөктерип:

— Кетер болсаң, зымыра деген, атлана қойын, шырақларым, — деди ғарры. — Түске қалсаңыз тоғайдың сона деген жаўы бар. Алдыңызды алла ашсын. Қайда жүрсеңиз де саў болың. Орналасып алғаннан кейин, еншиңизди алып кетиң, — деп саўдырап атыр. Женгем „шырағым. ақ сүтимди бермесем де алақан сүтимди берип едим, кел, маңлайыңнан бир сүйейин", деп, сүйип атырып, жылап жиберди. Ғарры ашыўланып;

— Барсаң-ә, — деди қолын сермеп. — Булар бир, баяғы бизлердей урысқа кетип баратыр ма, не, өзиндики, түўе?!

Меңлибай аға да, Елекең де, келиншеги де, бәри де усы кәрада еди. Ҳәммеси бир түрли болып қарайды адамға, қыймай қарайды. Мен тап тәўекел ете қойғаныма усы пурсатларда гүйзедим. Өзимди өзим о дүньяға кетип баратырғандай, мына адамлар мениң менен үнсиз ыразыласып турғандай сездим. Ақыры, өз үйинен бәдәр кетиў, енди келсе қонақ болып келиў деген не сумлық! Қызлардың жанына сәддақ, бүгин мен ғайры еллерге узатылған қыздың өз босағасынан мәңгибақый айра тусип, атланар алдыңдағы ҳалатын басымнан кеширдим.

Отарбай менин артыма, Даўытбай Мураттың артына жабысты. Сағыныш деген нәрсениң не екенин олар еле онша билмейди, екеўине де ҳәзир бизлерди совхозға түсире салып, ат шаўып қайтқаны қызық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен артыма қарай-қарай кеттим. Нәгедур, усы кәрадан „Байтерек" ти көргим келип қарадым. Көптен бери саясына бармағанлықтан мени сағынып сарғайған жапырақлары „хош, хош" деп, сыбырласып, турғандай сезиледи, кеўилиме

Гүз түскен менен жаз еле бас бүкил бийликти бере қоймаған. Қубладан самал еседи. Ескен самал менен қамыс басларынан ушқан үпелек анадайға шекем бизлерди узатып салады да қалып қояды. Мынаў жыңғыллықтың арасынан мысалы бир шашы уўдар-дуўдар болған кемпирди қутырған ийт қуўғандай, бирли-ярым ағарған шашлары путаларға илинип қалғандай, жыңғыллардың басларынан өрмекши аўының бир тыны үзиледи де гүмис ireңге дөнип, жылт-жылт етип, ийретилип-ийретилип ушып барады. Орыслардың „Бабье лета" дегени усы емеспекен? Ырасында да кемпирди буйықтыратуғын кемпир куяшта ушқан кылаўлар кемпирдиң гүмис шашларының талшығына усайды.

Кем-кемнен киширейип-киширейип, артымызда Назлының көзиндей дөнгеленип, „Қолтық көл" қалып баратыр. Бул әтираплар маған бүгингидей буншелли ысық көринбес, қайтып келип мәкан басатуғыныма исенгенликтен бе, әскерликке кетип баратырып та буншелли аш нәзер менен қарамап едим, бүгинги кетиўимниң жөни бир басқа ғой, ақыры.

Аўылының тусынан өте бергенимде, неге екенин қайдем, Назлыны көргим келе берди, келе берди. Бирақ, Муратты бурғандай сылтаўым да жоқ, әри уяты да бар-аў!

Көзиме шийден сығалап, қарап турғандай, қарап тур ма, жоқ па, ким билсин. Сыртқа да шыға қоймады, шықса бир урланып болса да қол былғап кетиў ойымда жоқ емес еди...

Совхозда кетейин деп атырған машинаның үстинен шығып қалдық. „Жаңабайды көрип шығарман" деген ойым да болмай қалды...

## 27

Мурат бир Нарьянмарға көшип баратырған художник жорасының жайын дәскеси менен арзан сатып алып қалған екен. Кире беристеги аяқ кийим қалдырылатуғын, кийим қыстырылатуғын алақшындай дәлизин, кишкене ваннасын, кухнясын есапламағанда, адам жасай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғыны еки қат. Оның да айнасы күн шығарға қарағанын Мурат әлле қашшан мастерской етип алыпты. Этюдник, мольбертта, холост, қыйлы-қыйли рамкалар, шала-шарбы питкен сүўретлер, қыйлы-қыйлы дәскелер тар жайды оннан да бетер тарайтып турар еди. Мурат усы жерде бир-еки күн қонғанын, бир өзиниң ҳаўлығып шыққанын айтты.

Көшкен художник ненец екен. Буннан бир-еки жыл бурынырақта Үстирттен тема излеп елинен шығысыпты да, ҳеш нәрсе шығара алмай қалыпты. Ақыры айланып, „газды қараўсыз қалдырман. „балаларға шырпы бермеӊ", деген сыяқлы нәрселерди жазатуғын мәкемеге кирипти. Заказ бенен ислеў зериктирип, „Парнасым туўылған жақта екен," деп, кетип қалыпты. Бу сөзлердиӊ маған кереги жоқ, бирақ, Мурат „тынлайды" деп айтқаннан соӊ, тынлаған адамға усап отыраман.

Адам жасайтуғын жайымызда еки сым кәт бар. Екеўине де матрац, жүн одеяла, простыня жақсылап жыйналған. Еки-екиден пахта көпшик қойылған екен, тысын өзлеримиз жуўып алдық. Буннан тысқары бир арзан, тартпалары тозған жазыў столы, бир дөңгелек стол; гилем-пилем, кийиз-пийиз дегеннен наўнышан жоқ. Бири бирине усамайтуғын, бири күлсе, бири бултыйған, бириниң шашы масақ иреңлес болса, бири шым қара шашлы, қаллысы, қалсызы, қулласы, алты қыз күни-түни кирпик қақпай дийўаллардан усы өжиреге қарасып турады. Бул, Мурат живописьтен бурын, портрет пенен шуғылланған мәҳәллери салынған сүўретлер екен. Бир қызығы, қызлардың ишинде сулыў емеси жоқ еди. Әлле неге усылардың арасында қара да болса, ерини қалыңлаў да болса, Назлының сүўретин көргим келе берер еди.

Мине, биз усы өжиреде жасап атырмыз. Бери шығарда қалаға барсам, өмиримде үлкен бир өзгерис болатуғындай көринип атыр еди. Бирақ, еле ҳеш нәрсениң өзгергенин көргеним жоқ. Талап үйренип атырман, кир жуўыўды, аўқат писириўди үйренип атырман. Мурат тағы бир жыл бойдақ жүрсе, асханаға бас аспаз болмағаны менен тете аспаз болғандай шама бар. Өзи палаўды уқшатып писиреди екен. Устаздан шәкирт озып, биз оннан да өткериңкирип бердик. Әдепки күнлери оқлаўымыз болмай, гүртикти арақ шийше менен жайып жүрдик. Соң бизге арнап, Мурат оқлаў жон-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дырып әкелди, буған да қуўанып қалдым. Ырыл-тырыл өмир деген усындай болатуғын болса, өтип атыр, қуўаныўымыз да, қапаланыўымыз да сәл нәрсеге, болмаса, адам оқлаўға да қуўанар ма? Қайтесең, оңысыққа бул да керек Қолдан келсе, мен де майда мақсетти ойлай жақ емеспен, бирақ, ири мақсеттиң не екенин де билмеймен,

Мурат „он-он бес күн қыдыр, бул-қала деген, былай-былай шығып тур. Киноға бар, театрларды көр. Жумысқа соң кирерсен“, дедидағы: „Газ қайтатуғын ўақыт болды. Мен „Ғазлар қайтып баратыр“ дегенимди натурадан питкерип қайтаман. Соң музейге бес жүзге ысырып жиберемен“, — деп, Гүмискөлге кетип қалды. Ҳәзир өзиниң де белгили жумысы жоқ. Газетадан, китаптан заказ алып, сүўрет салады да жал ҳақысын қолыма услатып, „енди основной, творческий жумысыма қарайман“, деп, басқа сүўретке айланысып кетеди. „Ғазлар қайтып баратыр“ы сондай жумыс болса керек. Усы биреўин көп айланшықлап жүр.

Мурат кеткен ақшамы, мына жайда мен де ҳаўлығып шықтым. Ишинде шпионы бар бир китап оқып атырып уйқылап кетиппен. Адамлар шпионды емес, „қашқын! Сатқын!“ деп, ғаўырласып, мени қуўып жүр екен. Биреўлери гөзейди, еңсем жыбырлап келип буғаман. Шоршынық оянып кетсем, түсим екен. Тағы көзим илинсе керек, бир қара ғунанға айланып кетиппен, бирдейине усындай патыраглы түслерди көре беремен! Үйирден қашып баратыр екенмен, шалғышы басынан түсип қалған, шашларының өримлери самал менен қопырап кеткен Назлы атын дүбирлетип келип, мойныма қурық салып, мықшыйып тартып атыр екендағы, дем жетиспей буўлығыпояндым. Усындай да түс бола ма екен, қалған жағында жастыққа басымды қойғаным жоқ, тағы да сериялы түс көрип, қан сорпа болып жатырғанша шпионы бар китапты оқығанды мақул көрдим. Таң да жақын еди

Сонша жайда бир өзиммен: Бурын кеңисликке үйренип қалған кеўил кеңисликти тилей береди. Абайлап жүрмесем мына қаланың ишинен бир нәрселерди сындырып алатуғындайман. Жайға кирсем, оннан бетер қысыламан Жеңил-желпи кийим менен сыртқа шығайын десең, қайда барасаң. Үшинши этаждың айнасынан сыртқа қарап әри тураман, бери тураман. Күнде көрип



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүрген бир нәрсе: қарама-қарсы балконларға жайылған сағыйралардың диз кийимлери, көрпеше, жөргеклер, еле биринши этажға да саясын салып үлгермеген тереклер. Күнде көретуғыным усы. Бүгин де соны көрдим, ертең де, арғы күни де... Мен ҳәтте, енди неше айдан соңғы күнлерим қалай өте жақ, буны да билетуғын едим. Гилең бир усаслық, усас күнлер, зериктирип жибереди. Көкирегим ҳәўлирип, бир тамаша болып атырғандай, қалаға кетемен. Бир жол, бир көше, бәри маған яд. Бир базар. Гөш очеред, нан дүкан, картошка, капуста, пияз алыў... Тағы баяғы жол, қалалық бағдың ортасынан өтетуғын, мудамы ақпай туратуғын фонтанның қасындағы жол... Үшинши этажға өрмелеў, тағы еки кәтли жай, баяғы дийўалдан маған бақырайысып турған алты қыз...

Қалалылар соншама жол жүрип, азап шегип, қайдағы бир Гүмискөл жақларға неге маевкаға шығып жүреди, биринши мәртебе бүгин азанда соны ойланып көрдим де: „хватит, — дедим орысшалап. — Жумыс таўып алыўым керек. Жарылып өлемен мына турыстан!“

Жуўынып-артынып, үсти-басымды утюглеп, аяқ кийимлерди де жылтыратып, көшеге шықтым.

Мен ҳеш қашан ҳеш жерден жумыс сорап көрген бала емес едим. Совхозда „мынаны исле“ деп өзлери айтады. Ислемесең де, приказың болмаса да бир жағын шаруа болғаннан соң малға айналысасаң. Мысалы, малдан айырылған күнлери де Менлибай ағаға көмеклесип жүрдим, бәри бир, шопан атым қалған жоқ еди. Атақ қалмаса менде тек усы күнлери ғана қалған жоқ. Мәселемкиден, кишкентайымда „емшектеги бала“, соң ойын баласы, оннан кейин, „жанбас муғаллимниң оқыўшысы“, „бузаў бағыўшы“ „жылқыман“, „солдат“, „шопан“ деген атларым бар едидағы, ҳәзир ҳәммесинен журдай едим. Енди тағы бир атақ таўып алыў ушын жумыс қыдырып көшеге шыққаным болмаса, жумыс емес, нан сорайтуғындай, ҳеш кеңсеге барыўға бетим шыдамады.

Киоскадан газета алдым да, бағдың ортасындағы аламыш скамейкадағы гүржисин ойнатип отырған бир кемпирдиң қасына шөктим. Алды менен, әлбетте, дағазаны оқыймандағы. Институт кафедра баслықлығына доцент, профессор керек деп, конкурс жәриятлапты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оған ат салысқандай шама болмағанлықтан, дәўамын оқыдым. „СМУ... бас бухгальтер...", „комбинатқа саат устасы..."

Ол күни өт дақпады. Кешқурын жаңа шпионы бар китапты қолыма алабергеним, қарақалпақшадан басқа қосықлардың бәрин айтып болып, Нөкис радиосы дағаза хабарларды. Мен күйеўдиң ийисин сезген ғарры қыздай қуўанып қалдым. Неси бар, кәсиптиң жаманы жоқ! Өзимди генералдың лампасындай лампасы бар, шфейцардың кийиминде елеслетип көрдим. Мурат келгеннен соң жумыс таўып ислеп атырғаныма мақтанбақшыман.

Жалма-жан азаңғы ҳалқасты ғаўзанып, минтаздай болып кийиндим. Ақыры, швейцар деген, адамлардың иштейин байламайтуғын, минтаздай адам болыўы керек ғой. Оның үстине,„танымаған жерде тон сыйлы" деген бар, директор да бой-сынына қарайды. Бул-қала деген, ашық-жабығына қарамай жалпылдап жүре беретуғын жайлаў емес.

Екинши этажға сырғый бергенимде тап бүгин, мен жоқта Мурат келетуғындай, өзим шфейцарлықта турып қалатуғындай көрине берди. Сырғып, үшинши этажға қайтадан өрмеледим. Бизиң қапыға қарама-қарсы қапыда Искендер ата деген жасайтуғын еди. Аты—Александр, қонысылар оны Искендер дейди екен, бизлер де солай деўге әдетленгенбиз. Кемпири менен турады, оғыры ғарры. Сиясаттан, тарийхтан сөйлгенде аўызыңды ашып қаласаң. Бурын меншивеклер партиясында болғанын, бир жыйналыста Ленин менен тарысқанын жасырмай айта береди. Бир тутам сақалын тутамлап отырып, „просто, глупость!" дейди соңынан. Өзиниң „батпаққа көп батпай ертелеў тазаланғанына шүкир егеди Магаданда бир баласы бар екен, өзин көргеним жоқ. Сүўрети бар. Қызы Ленинград университетиниң доценти дейди. Мына екеўи де пенсионер, ҳеш кимниң жәрдемисиз-ақ жақсы жасайды. Гилтти соған қалдырып кеттим. Ғаррыға „швейцарлық қалай?" деп айтқым келип те турды, айтпадым. Еле алды ма, алмады ма, ким билсин.

Ресторанның есигинен кириўден алпысыншы шақаларға асылып қалған қақ шеке, жалтыр бас бир ғарры епелеклеп алдыма жуўырып шықты:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Келиң, балам, келин, қарақалпақша аўқаттан басқасының бәри бар ...

Аўқатланады деген ғой, жумыс ислеўге келгенимди қайдан билсин.

Алды менен көзим ғаррының усти-басын тинтинип кетти: сары лампаслы ... Соң, келешекте жумыс ислейтуғын орныма көзимниң қарашығын жумалаттым: қыйлы-қыйлы бас кийимлер қыстырылған қатар-қатар вышелка, пысылдаўықлы одеколон шийше, Тбилисидиң табаклары ...

Директорды сорадым. Күн шығардағы қапыны нусқады:

— Анаў „иректор“ деген жазыўы бар жай, балам. „Д“ сын бир онбаған пиянлар милиция келемен деген-ше сындырып кетти ...

— Ҳим, жақсы жигит, аўқатымыз унамады ма? — Каснақғың устинен қарады да: — Кулағым сизде?—деди. Неден басларымды билмей:

— Радиодан шақырған екенсиз ...

— Шақырған жоқпыз, дағазаладық, — деп дүзетти ол ҳәм қәлеминиң ушы менен қарсысындағы столға ийек артқан креслоны нусқады.

Мен үй түўе. совхоздың дирекциясында ушыраспайтуғын креслоға көмилдим. Ол енди мени қыйлы-қыйлы саўалларға тута баслады. Кайдан келгенимди, неге ғана келе қойғанымды, паспортымның, ҳаялымның бары жоғын билип алдыдағы; „қәне, түргеп тур-ше?“ деди. Мен түргелип турдым. Ол костюм пишетуғын, неше метр таўар кететуғынын билгиси келген машыншыдай көзи менен басымнан аяқ ушыма шекем, аяқ ушымнан басыма шекем бир сызып өттирде:

— Жарайды, — деди ыразы болып. — Отыра бер. Бизге өзиндей—бирден „сен“ге өткенин абайладым — айбатлы, таўдан ойып алғандай жигит керек. Өзинде мурын да тәўир-ақ бар екен, — деп күлди, мениң мурынымның буған не кереги болды, ҳайранман. —Мынаў бир шалымыз жарамай атыр. Кеше ғана бир пиянларға қапымның жазыўын гүл-опат еткизди. Жарамайды, хеш нәрсеге жарамайды, шал ғой, истен қалған шал ... Бирақ, жүдә бир әдепли киси. Шфейцарь дегенге, жүдә бир әдепли адам керек. Бул жумыста кишипейиллилик, минездиң жатықлығы баслы мәселе. „Минезиң жатық



www.ziyouz.com kutubxonasi

болса, ишкениң қатық ...“ Жаңа есикти қақпай кирдиң, жабанның баласысаң ғой, шақыр-шы, ана шалды ...

Директорымыздың биринши буйрығын бәржай етип, шалды шақырып келдим. Қос танаўының қақ ортасында бир елидей ақ мурты бар, мурнының жүни де ағарып, кеткен, бағанағы жалтыр бас шфейцар есиктиң аўзында үнсиз, сәл жымыйыңқырап, Чеховтың чиновниклериндей, хызмет күтип турды. Директор әдеп оған қарап жыллы шырай билдирди: соң күлди, оннан кейин барып; „жолыңыз болып қалды, Хожабек Бессарип, орныңызға мына мамонттай жигит келди, рахмет сизге, Енди пенсияңызды алып, арзаны жаза бермей, пәкизе дем алып жата бериң“, деп күлип, қутлықлады. „Енди арза жазбайман, бастан өткенлеримди китап етип жазаман“ деп күлип атыр ол да. Мүжилген сары тислерин көрсетип, ғарры кейининен маған үңилди. Мен оның тып-тықыр басындағы тамырларына шекем көрип турдым. Мени орнына ылайық көрмей тур ма, ол да мениң тула бойымды шолып шықты. „Сендей ўағымда мен мине деген партизан едим, Шайдаковта ... “ Гәпиниң артын айтпай, аўызын басып күлди. Селкилдеп күлди, пошаққа түйилген ешкидей басын силкип күлди. Бәринен де сол батты маған. Шығып кетиўге уялдым.

Қулласы, арадан бир-еки саат өтти ме, өтпеди ме, екеўимиз ис алыстық. Ғаррының гозығы жеткен. сары лампаслы, одеколон аңқыған формасын кийип атырғанымда жаўырыны қақырап кете жазлады. Сондай тар еди ол маған. Директор: „Ҳәзирше еплей тур, жаңасын тиктирип беремен“, деди.

Түстен кейинги тегин катлеттен соң, бизиң швейцарлық өмир басланды. Есиктен кирип келгенниң жүзинен бурын басына қарайман. Директордың бағанағы пәндиў-нәсийҳаты бар, онысыз да өзим онша доғал жигит емеспен. Күлип айтпасам да киятырғанларға „кели-иң“, деп қояман. Үш-төрт адамға айтқаннан кейин, онша қысынбайтуғын да болып алдым. Бирақ, мен „кели — ин!“ деп, көкирегиме қолымды қойсам, адамлар маған бир түрли болып қарағандай болады. Дәрриў абайлай қойдым, бизиң мирәт, бизиң интонация аш болып киятырғанларға буйрықтай болып еситиледи екен. Буфет жақтан: „Даўысыңды өзгерт, жеткенинше бақыра беретуғын бул жайлаў емес“, деген сес шықты. Буфет



www.ziyouz.com kutubxonasi

пенен шешинетуғын жерди перде бөлип туратуғың еди. Мына даўысты биреўдиң даўысына шырамытсам да ким екенин билгеним жоқ. Адамлардың бир саўасында шымылдықты түрсем: Малтабар, қәдимги Пирназаров пенен барып, бизди жуўапқа тартып кететуғын Малтабар! Буфет ашып тур. Мына жақтан адамлар саўлап, сөйлесиўге ўақыт болмай қалды. Солай жуўырдым. Тасыр-тасыр шүберек етиклер кирип киятыр кирип киятыр. Шәрўа екенин түри-түсинен-ақ, соры шығып кеткен жекен қалпақларынан ақ танып турман. Бирақ, бизиң совхоздың шарўалары емес.

Биринши қәдемим сәтли болып шықты, Үйге писскен котлет, гөш, бир буханка нан алып қайттым. Ишиндегилер питегене сөйтип алысады екен. Бизге де берди, „алағойға" берди, шыққан соқыр тыйыным жоқ. Шеп емес, ҳә? ...

## 24

Директор апай наятий зор адам болып шыкты. Бир өзи турады екен. Жақында барып, кешқурын, көмирин киргизистим. Кеште жибермей, үйинде қондырып шықты ...

Мен усы күни оған хәр тәреплеме жақсылап өнер көрсетип бердим. Отырғызып қойып, палаўды өзим ас-тым. Шекесин шаппатлап отырып жеди. „Өзиң аспаз екенсең ғой, — деди. — Азғана ислей тур, аспазлыққа өткерип жиберейин", деп, қайырхомлық етип, алдастырып-суўластырып, таңнан жулқып оятты. Тағы алдастырып, тағы жумыс ислетти. Көптен бери бел тиймеген, еки жағасы бири бирине қосылып кеткен қарықларына шекем тазалап, азанда үйге уйқысырап қайттым. Бул күни мениң сменам емес еди. Мәтияқуп деген бар.

Шфейцарлық кәсип емес, ал, аспазлық. мың айтсаң да кәсип. Соны Муратқа айтсам, „өзиң бил, қай қолайлысын ислей бер" деди де, асығып кетип қалды.

Әне, директор, апай ўәде берген сол күннен баслап, аўхатты үйде үйрениў ушын-ақ асатуғын болдым. Қыйын ғой, бирден аспаз етип жиберсе ...

Бирақ, бундай аўхат асатуғын күнлер де көп бола бермейди. Мурат еки күннен бир күн үйде болмайды. Бир қызға қарап, „Шомылып атырған суў периси" деген сүўрет салып атырман", дейди. „Ол да бизлердей



www.ziyouz.com kutubxonasi

адам емлейтуғын қыз, қыз болғанда да мынандай қыз!" деп, мақтайды. Сөзлеринде куштардық бар. Сол қыз жөнинде ынтығып, емиернип сөйлейди. „Өзиңиң гәпиң бар, яшуллы, — деймен. Бир жағы ҳәзил болса да бир жағы шыным: — ашық болып қалма. Адамның сулыўлығы тек сыртқы шырайы менен өлшенбейди, дегениң бар ғой!".

— Ой-ой, билемен ғой, иним,—деп басымнан тәкибай алады ол мениң. — Билемен ғой, муҳаббет жөнинде көрингенге лекция оқып жүрип, өзим қәтелессем, онда маған да бир баққан бәле бар шығар! ...

Ҳә — ә, „баққан бәле бар" екен. Оны соң айтаман...

Сол суў перинин сүўретин сала баслағалы бизиң айлықтан ҳәм қаққышлап-қуққышлап алып кететуғын әдетти шығарды. Жақында оғыры пул керек болып қалып. жигитиң бир қысынып бердиме де! Қысынғаны соншелли, дийўалдағы сүўретке жабысты. Буны ҳеш қашан сатпайман деп жүрип еди. Искусство музейинен келген қатын даўыслы, басына зерендей тақыя кийип жүретуғын ғарры художникти талай мәртебе жалындырып-жалындырып, қуры қол қайтарып жиберген. Енди сол сүўретин өзи апарып бермекши. Мен қолына асылдым:

— Бул, турсын, яшуллы, Жақында айлық болады, шыдас соған шекем ...

— Маған кеминде бес жүз сом пул керек, ғошшым, пул керек. Сениң айлығың насыбай пулы да болмайды...

— Неге, ... енди соншама?

— Үйлене жақпан! ... Айтпаса, түсинбейсең!

— Дайымнан әкелип берейин! — дедим қуўанып — Үйленемисең?!

— Дайым усы ўақытта шекем оқытты, асырады, сақлады. Енди уят емес пе?!—деп, алақанын екшеди.— Ондай сөзди аўызыңа алма. Мына пулға өтетуғын затымыз бар ...

— Әңгиме, онда емес, яшуллы,—дедим мен де анық қыйналғанымды билдирип. — Сен „Гүмыскөлди" сатып жибере жақсаң. Мен күнде көрип жүрип едим. Бес жүз сомға алса мынаў қызларыңның бәрин сатып жибер ...

— Оны алмайды ...

— Онда „Байтерек"ке де тиймей-аккой, дайымда он мың манат ақша саўылатуғын жер таппай атыр Мынаў



www.ziyouz.com kutubxonasi

сүўрет кетсе, мениң көўилимнен ата мәканым көшип кеткендей болады!

Мурат маған қатты ыразы болған шығар деп ойлап калдым. Өзиниң мийнетиниң қадирин мен қурақым жеңгемиз биле қойғайдә!

— Эй, қалсын онда,—деп, Мурат шығып кетти. Енди ол бүгин келмейтуғын еди. „Суў периси" жақта қонатуғынын айтпаса да билемен.

Жигиттин қатты қысылып турғанын билдим. Әри үйленетуғын болса. усындай ўакытта қол-қабыс етпесем, туўысқанлығым қайда?... Усы ой мени баслық апайдикине баслады.

Буннан сәл ғана бурын бир тыма жаўын жаўып алған. Тереклер суўға түсип шыққан қыздай пәп-пәкизе болып қалыпты, кири-коңы кеткен.

Қуптан түсип калған еди. Апайдың есигин тартынынкырап қақтым.

— Келе бериң — деген даўысын еситип, есикти аштым. — Мақсет писең, кел жаным, светти жак ...

Светти жағыўымнан өшириўим тез болды. Апай диван кәтте киндиклигинен төменин гүлли жүн одеяла менен жаўып, еки билегин желкесине таслап, жалаңаш жатыр екен. Аш гүзедей топ-толы, аппақ еки мәммесин бирден көргенде албырағанымнан шегиншеклей берипцен.

— Кел бери, — күлди. — Жабыспайман, не қыладыэй, мынаў бала! ...

Өзинде бир түрли наз бар екен, қымтанынқырап, қымсынынқырап бир карап еди, азмам жағымлыдай керинип кетти. Асыла жақ болса, тура қашатуғын адамдай есиктиң алдындағы гүрсиге шөктим. Меннен жол болсын сорамады:

— Жаңа-рақта парға түсип келип едим, — деп қасын кериңкиреп қойды. Маған ырасында да оннан пуў шығып турғандай сезилди. — Тумаўрадым ба, басым шығып баратыр. Аяғынды шештиң бе?

— Жақ, мен қайтаман ...

— Қайтасаң ғой. Анаў пердени жап. Светти жақ, ким саған „қайтпайсаң" деп атыр. Пәс, натық бала екенсең ғой, айналайын. Апасы аўырып атырғанда ең болмаса бир чайнек ыссы суў кайнатып бермеймекен...

Гәптиң аржағын тыңлаған жоқпан. Аяғымды шешип таслап, пердени жаптым да светти жақтым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәзир газге чай қояйын, соң аптекадан антибиотик әкелип беремен,—деп зиңкилдеп баратырғанымда:

— Шелекте майек бар, айналайын. — деди еглеп.— Соннан шигирмалағанын қайнатып жибер. Соннан соң бар ғой, чай демлемей-ак қой, кара кофе бар. Соны қайнатып, сүтсиз алып кел. Тумаўдың емин өзим билемен ғой, тек шамам келмей атыр ...

Бәрин айтканындай етип ислеп әкелдим. Дөңгелек столдың үстине дузына шекем әкелип, майегин қыршып атырғанымда, уялыў жоқ, дағы етиў жоқ, атлас шайы халатын ретузшан, жалтырап турып кейинди де:

— Жалғызлық ҳәм жанға батып болды-аў! — деп, гүрсинип келип столға отырды. — Кеп отыр. Қара кофе ден саўлыққа жаксы болады, бирак, адамның уйқысын қашырып жибереди. Кофейникти бери екел ...

— Өзим куяман ғой, сиз биймәлел ...

— Сен баска нәрсе қуясаң. Анаў буфетке қол созып жибер-ши, араблардың коньяги бар.

Бир рюмка алып едим, „тағы биреўин ал,—деди.— Мен де көрейин. Питегене терлетер ме екен". Мен рюмканы өзиме емес, усы кисиге алған едим. Бунымды айтпадымдағы, жалтанлаңкырап, тағы қол создым.

Екеўимиз қарама-қарсы мәйек пенен коньякты урып отырмыз. Ол еки диземниң арасына дизесин тығып жиберип, сылқылдап күле берди, күле берди. Мен ҳайран қалып, бир майдан көзимди жыпылықлаттым. Жаңағы коньяк онысыз да ақ бозлақ ҳаялға қан тептирди ме, еки бети ашылған гүлдей жайнап сала берди. Ырасында да аўырған қусайды, тирсегимди дизеси күйдирип баратыр. Аздан соң, ҳәлсиз бир ток өтип атырғандай диземниң қалтырап отырғанын байқадым.

— Он сегизден жигирмаға шекем байлы болдым. Ҳәзир жигирма сегиздемен. Қалай ойлайсаң, жекке бас ҳаялға жаслык өмирин күлге айналдырып жибериў аңсат па, өзиң дым түсинбейтуғын бала екенсең ...

— Әлбетте, қыйын, — дедим мен өзим сегиз жыл бәйсыз отырып керген нашардай. Неге олай дедим, билмеймен. Аўызға түскени сол.

Апайдың иштейи жоқлаў екен. аўырған ғой, ақыры, майектиң де он беслегенин дузға басып дәкең соқтырды. Коньяк та иштейди ашып жиберди.

— Буны да қуйыўды келистире алмадың ғой,—деп, шийшеге қолды созды апай. — Нәмнаған жигитсең,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ырас, мурынлыдан келген ... Ҳаял адам менен жарысып, ермеклегениң не ...

Сары сызықлы нәҳән „Малтабар стаканға“ аз толмас етип қуйды. Бизлер, ресторанның хызметкерлери. бундай стаканды „Малтабар стакан“ дейгуғын едик. Себеби, Малтабар ағай аўызына вино да, коньякта апармайды. Ишсе мудамы усындай стакан менен ақ арақ ғана ишеди. Соған қарап, дәлкекшил официант келиншеклердиң атап жүргени, болмаса Малтабарсыз-ак ол қадимги еки жүз граммлык ғой. Орнынан түргелип келип, былқылдақ билегиниң салмағын мойныма салды да екинши қолы менен аўызыма „Малтабар“ ды тутты. Мен тисимди суўырып ала жақтай аўызымды тайсалақлаттым. Шүйдеме алақаны менен шарп еттирди де:

— Бүгин сени бир, бөпемдей көрип еркелете жақпан, — деди күлип,— и-шип жибер де аяғымды уўкала. Зорға турман. Сөйт те қайта бер.

Мениң бул жерден, коньяк түўе. уў ишип болса да тезирек кетким келди. Стаканды қағып салдым. Аўызыма бир майекти дузға басып, өзи асаттып жиберди. Лобыяға түйилген таўықтай мойынымды созып аўызымды ашып, қылғынып-қылғынып жутып жибердим.

Диван кәттиң үстинде ақ маралдай керилип атырған директор апай: „Қызымет болмасын, жаным, аяғымды бир уўқалап кет'“ дейди. Даўысында әлле қандай бир дирилди бар. Жаңағы коньяк геллени ғүўлатты ма, билмедим. Бетим ашылайын деген еди Аяқ ушына барып, табанын уўқалай баслағанымда: „қытығым келеди, жоқарылаў,“ деди. Свет жанып тур, алдымда „ҳай-ҳай, қолларыңның жағымлысын-ай“, деп, жарқырап атыр.

— Енди мына палўан сүйегимниң тусларын бас, сынып баратыр ...

Мен көterилип-басылып атырған омыраўына таман қолымды ысыра бергенимде өзимниң әлле неге ентигип отырғанымды сездим. Қапелимде нениң не екенин билмей қалдым. Апай қапсыра қушақлап алып каптальна аўнатып таслады да бетимнен шорпылдатып сүйе берди, сүйе берди ...

Тан атқанша кирпикли көзим айқасқан жоқ. Мынаў кара кофе дегениң ырасында да уйқылатпайды екен. Азанда ерте кийиндим, ерте кийиндим де апайға буйы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мымды айттым. Ол ҳеш ойланбастан-ақ бир пачка бесликти зыңып жиберди. Муңлы.

— Тапқан ўағында берерсең — деди маған. — Бирақ, бул түн ҳеш қашан естен де шықпасын, тистен де шықпасын. Муҳаббетген, өмирден өз орнын таба алмаған бейбақ апаның тилеги сол, сеннен. Ўакты-ўакты келип тур. Үрке бермей-ақ кой. Сениң теңиң емеслигимди билемен ғой, — деген сөзлерин әри аяп, әри уялып тыңладым да шығып кеттим.

Есикти ашсам. қай ўақытта келгенин билмеймен, Мурат пәнкийип уйықлап атырған екен. Гүрсиниң арқалығына балағының жеңиниң ушлары кырылған костюмын әширепи қылып, тақластырып ғана қойыпты. Өзиниң кийимлери де тозыўға қарапты-аў!. „Классика деретемен" деп, я дөреткен классикасы жоқ ... Я айлықлы жумысы жоқ, мени не деп әкелди екен совхоздан? ... „Мартин Иден болмақшы" деген мысқыллы ой жылт ете қалды. „Мен ресторанда ислемесем не қылар еди?"

Жазыў столының үстине бетине ақ жабылған нәҳән рамка дийўалға сүйендирилип койылған екен. Мен онын „Шомылып атырған суў периси" екенин билдим. Ашып көриў ушын жантаса бергеним:

— Кимсең? — деди бирден оянып кеткен Мурат. — Ҳа, Мақсет, сенбисең? Қайда қондың? ... Айтпай-ақ кой, жас жигиттен сорамас болар. „Суў периси ... " үйге келди.

— Сүўретиниң келгенин көрип турман ғой ...

— Өзи де келеди жақында! — деп, кеўилленип түргелди. — Ҳаялдан, ғошшым, бир, бахытым бар жигит шығарман деймен. „Жақсы ҳаял жигиттиң бахыты" деген ғой, бурынғылнр.

Ойдағыдай бир ис питирсе үсейтип кеўилленетуғын. көп сейлеўге мейилленетуғын еди. Сүўретиниң ойдағыдай питкенине гүманым қалмады.

— Адамды қандай сулыў бахытлы етеди екен, бала...

— Оннанша „сүўретти ашып көрейин" деп қойсеш! Мен бир жуўынып келейин. Аша бер.

Мени, әлбетте, жеңгемиздиң қандай адам екенлиги ынтықтырады ғой. Бирден ашып жиберсем жүрегим жарылып кететуғындай әдеп астынан түрдим. Көзиме көпирип келип аппақ аяқты ийттей жалап атырған толқын, тауықтың көзиндей дөңгеленген майда көбиклер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ге шекем, тынык суўдын астындағы коңыр тартқан қум, қуяш пенен жағада жылтылдасқан қум қылаўларына шекем көрип алдым. „Молодец, Мурат!—деп орысшалап қойдым ишимнен. — Усындай нэзикликлерге шекем илип алыў. шебердиң иси". Маған солай көринеди, бирақ, қанигелердиң қалай дейтуғынын билмеймен.

Соң, кекирегим дүрсилдеп, тап бир урлық нэрсени көрип атырғандай кемкемнен ақяты жағалап жоқарылай бердим, жоқарылай бердим, қара плавканың тусына келгенде ҳаўлығыңкырап өттим. Қопыраған узын шашлар майысқан қыпша белге хорда жасап бөкседен төмен жайылып қала бердидағы, биз нэзерди жоқары жылжыта бердик. Қара атлас левшиктеги дирилдеген сийненин тусында биз ҳэм көздиң қарашығын дирилдетип, жутынып алдың. Қаттылаў серипсем, ақ сүттиң епкини менен „перини" оятып алатуғындай еплеп ғана бетин түрип қойдым. Сейтип болып, гүрсиге келдим де суўық, демимди алып, отырдым, отырдым да аймаладым, аш нэзерим менен болажақ кишемниң суў тамшылары ак гүлге түскен шыктай жылтыраскан аппақ денесин, жалаңаш денесин аймалай бердим, аймалай бердим, пай, айналадым-аў! ... Қапелимде, өзимнен өзим уялып кеттим.

„Суў периси" қолтығын көтерип, ири толқынлы қап-қара шашларын желкеликтен тутамтап турар едидағы, бул нэрсе белди майыстырып, омыраўды керилип турған ақ қуўдың төсиндей қайқайтып, бир эжайып түрге ендирер еди. Кишкене гүмис қысқышты „жубқа додақларына" қымып турар еди. Қызғанғандай лэплер екен. „Қарақаның болсын. Мурат! ... " Кирип келди:

— Қалай, унай ма?

— Өзиң усындай сулыў етип салып жүрген болмасаң, шеп емес!

Мурат жағын жайлаўына жиберип күлди. Оның мына жайықтаи аўызы „суў перисиниң" оймақтай лэплерин „ҳап" дегенде ... . Ойымды Мурат бөлди:

— Ҳеш художник, ғошшым, адамдағы нағыз сулыўлықты холостқа түсиралған емес! Жеңгең, буннан да сулыў, сулыў, как мечта!—деп, орысшалап жиберди „Шыр айналып ойнап кетер ме" деп едим. Жақ, өйтпеди.

— Бундай жумыс ушын, бес жүз сом пайғазы берсе, арзыйды! — дедим мен ҳэм бир пачка бесликти



www.ziyouz.com kutubxonasi

бешбентимниң қойын қалтасынан шығарып. алдына тарс еттирдим. Оның көзлери дөңгеленип кетти.

— Ты что! — деди ҳаплығып. — Банкаға түскеннен аманбысаң!

— Ала бер, урлық емес, бирақ, қайдан алғанымды сорама...

Соннан соң арадан бир ҳәптедей-ақ ўақыт өткен шығар деймен. Кешқурын қара лөтиреге малынып, трусишең пол жуўып атыр едим.

Есикке таяў койылған екен. Легенди шалпылдатып, биреў қапыны ийтерип жиберди. Жалт карадым, Мурат. Күледи, сары тислерин көрсетип күледи. Қолын сермеп жиберди:

— Эй, тентек-ай, бар кийин. Билесең бе, ким менен келгенимди?

Изиндеги басқалтаққа өрмелеп киятырған майда тықылдыны еситип өрре турдым. Соның арасында Мураттың ыйығынан қыз баланың шырайы көринип қалды. Жүрегим лүпилдеп, не қыларымды билсем кәне! „Суў периси!" Биресе, ләгенге, биресе дасмал қалтаға жармасып атырман. Қайсысын бурын жоқ етеримди билмей сасқалақлағаным ғой. Қарсы, есик жаққа қарап-караип қояман. Пәп-пәкизе болып, күлип тур. „Өтеберин, өтебериң, — деп атырман. — Ҳәзир көрмегендей етемен!"

Мурат шалпылдатып өтип кеттидағы, „суў периси" өзуим әскерликте көрген „Ақ қуўлар көли" ндеги балеринадай етегин көтерип өтип, Мураттың дүзестирип койған гүрсисине жеңил пәрўаз бенен барып қонды да ҳәзир ғана ғайып болып кететуғын елестей аманат ғана отырды. Усы отырғанында „киш" десең, үркип кететуғын кептерге де усар еди. Трусишең былай-былай етип жүрип, соны аңғарып қалдым.

Қолларымды жуўып, кийимлеримди мастерскойға қолтықлап кеттим де кийинип шықтым. „Суў перисин" Мурат бизиң шфейцарлықты ермеклеп, сыртқы лыпасынан бөлеклеп атыр екен.

— Таныс, Мирочка, — деди уяң, тиртынғандай, әлпен сөйлеп: — Мениң тентек текем, Мақсет—Қыз мыйығынан күлип, қолын созды:

— Жаксы жигит екен...

— Жаман адам туқымымызда жок, — деп қолын қыстым. Қолы тап бир буўыны қурып калғандай, быр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

былкылдақ. Мениң нәҳән алаканымда собықтай болып турды.—Кеширерсиз. ҳәзир мен ҳәммесин таярлайман.

Өзимди асқанаға урып, әлжапқышты, аспаздан сорап алған анаў басқа кийетуғынымды кийип алдым да аўҳаттың әнжамына кирисип кеттим.

Аяғым аяғыма, қолым колыма жуўысып ағырған жоқ. Ертедеги Чарли Чаплинниң киноларының адамларындай зырылдап жүрмен.

Бурын айтқан шығарман, деймен. Аспазлықтан тәмели болғалы. — „үйренемен" деп жүрип, писирмеген аўхатым қалмады. Қандай түри болса да қантын шығарып беремен.

— Кеширерсиз, — дедим сулгини ыйығыма салып келип, басымды зәрре ийип. Бурын бундай жылпылдақлығым жоқ еди, мына шфейцарлық жағымпазлықтың, жа-ақ, кишипейилликгиң түрли түрине үйретип баратыр: — Кеширерсиз, әйзизим, қандай аўхат буйырасыз?

Екеўи бирден күлип жиберди, Мураттың күлкиси мәдениятсызлаў, ғарқылдаңқырап шықтыдағы, „периштеники" сыңғырлап кетти. Тап бир бүлбил менен ғарға жарысып, бири ғарғылдап, бири сайрап атырғандай еди. Мениң „чутьем" менен ойнамаң, яман-ә сезимталлы баламан!

— Атыңызды айта берейин бе? — Сыңғырлы қойылған менен, ләблери күлип, сөйдеди. Даўысы да дым пәкизе екен. — Айта берейин бе?

— Айта бериң, айта бериң. Заманагөй адамлармыз ғой ...

— Бизге қазан-табақ аўыстыратуғын түриңиз жоқ ғой!

— Жа-ақ, — дедим басымды шайқап-Тек сиз үйимизге жарасық болып отырсаңыз болды. Әйемги түрк, парсы шайырлары, нағышбәнтлери өзлерине илҳам бағышлаўы ушын жарасыққа таўыс сақлайды екен. Пайдаға қашқанда таўыстан бир таўық пайдалы, — деп атырман әбден. — Бирақ анаў сулыў-дә, сулыўлықты пайда ушын бүлдирип болмайды! — Ол күле берди, күле берди, неге күлип отырғанын билмеймен. — Айта бериң, айта бериң. Манты қазаным ҳәм бар. Антрекот, бифштекс болса ҳәм мәйли. Тефтел дегениңизди гүришке аўнатып, жумалақлап бере қояман. Я палаў жегиңиз келе ме? ...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аздан соң алтын сызыклы бир ләккиниң үстине, екинши ләккини бастырып әкелип, ашып жибергенимде, пуўы пароходтың пуўындай бурқ ете қалды. „Мийнетим жеңил, бахытлы қыз екенмен“, деп күлип атыр ойынлы шынлы Мирочка. Екиншиге палаў тарттым.

Холодильникке шама жоқ. Краннан суў жиберип салқынлатып қойған шампанымды әкелип, алтын жалатылған бокалларға қуйыў ушын тығынын пәтикке тақ еткиздим. Усының бәри көзди ашып-жумғанша болып атыр.

Дәстурхан жыйналғаннан кейин, бизиң жатақ жайымыз проблема болды. Бул үйге өзимниң „личный адам“ екенлигимди биринши мәртебе аңғардым. Апайдың үйине барып жатып келе қояйын деп едим, негедур, табаным тартпады.

Қырманның басында жататуғын адамдай, көрпе-төсегимди шыйратып алып барып, мастерскойға жаттым. Еки жайдың арасы фанер менен бөлинген еди, олардың гүңкилдиси еситилген сайын уйкым қашып, апайдикине кетким келе берди, келе берди, енди қолайсыз ... .

Мураттың: „дайым, дайым ... “ деген сөзлерин көп еситтим.

Ол ертеңине де, соңғы күни де кетпеди. Үшинши күни кәт әкелип қурып ала қояйын деп, Мураттан он алты манат сорасам „пул жоқ,-дейди. „Үш жүз манатына жеңгеңе жүзик алдық, қасы бирилианттан. Ырасс, искусство да нағыз! Еки жүзине кийим-кеншек! ... “

— Зәлели жоқ, — дедим кеўилленип. — Оған сондай жүзик жарасады. Мен айлыққа шекем, жерде-ак жатып тураман ...

Ертең базар деген күни киши-гирим той жасалды. Мен тойға келген узын шашлы, сақал муртлы жас художниклерден де. онша модный болмаса да, сөзлери модный жас шайырлардан да „суў перисин“ қызғанып отырдым.

Емберген „Қос қумыры“ ҳаққында қосық оқып тост көтерди. Жаксы екен. Маған қумырыға теңегени унады. Бул оғыры ўападар қус. Бири өлип қалмаса, екиншиси өзине жубай излемейди. Көзинше өле қойсын, өлгенине исенңбейди, излей береди, излей береди. Муңлы ғуғырлы менен жоқлап жүрип излейди, жылап жүрип излейди. Әбден көкиреги басылғаннан соң өзиндей бир жубайы өлген муңлы менен муңласып табысыту-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғын усы бир биймәлел қустың жақсы кәсийетлеринен хабардар едим. Қосық маған сонлықтан унады. Басқалардың неге қол шаппатлағанынан хабарым жоқ.

Бир әнтеклик жери, тойға дайым шақырылмады, дайым! Әдепки күнги Мураттың „дайым, дайым" деп, неге түни менен гүңкил деп шыққанын сонда билдим. „Жай тар, ғәрежет аз. Өзим бир-еки китаптың сүўретине заказ алып, ушлығынан пигегене пул түсирдим. Өзим дәстеден сабап ишип отырғанда..." деп, Мурат гәпимди өре бастырмады. „Биз ағайин шакырсак, бунын да ағайинин шақырыўымыз керек. Оған сарпай кайда! Баламысаң өзиң! Пәкизе, төркинин шақырған ўақта, бәриниң коразын бир шақыртып, кудалары менен таныстырып жибере қоямыз. Соны түсинсеңо, ҳаў!,.. менен питти ерегис. Деген менен, той өзин өзи көтерип кетти. Келген жора-жолдасының ҳеш қайсысы да қуры келген жоқ. Жаман да өтпеди. Бизиң апай менен жақсы мунәсибетте болыўымыз бир абырай алып берди ме де! Аўхатты биринши класс аспазлар асғыдағы, официантқалар сылаңлап жүрип, табақ тартты. Қарама-қарсы қапыдағы Искендер—Александр атаның үйи мениң ресторанда ислейтуғынымды сонда барып билди. Бирак, шфейцар екенимди билмейди екен. Келеси күни, кеше қонақлар түтин, арақ сасытып кеткен жайын кемпирине шамаллатысып жүрип, сорады:

— Сен, Миша, қашан директор болып жүрсең, ресторанға ...

— Оны ким айтты, шфейцарман! — Ғарры басын шайкап күлди. Бул күлки баяғы өзим орнына болған шфейцарьдың күлкисин ядыма салып жиберди. — Мен сени директор шығар деп едим. Сендей ўақытта мен Кронштатта ...

— Ким айтты, директор деп?

— Адамлар ҳәзир сондай ғой, хожайыны болмасаң, отыңды жақпайды!

— Ол заманлар өтип кеткен!

— Ғарры түсинбейди-аў! — деди кемпир пердесин түрип ағырып. —Ол сениң заманыңда еди!

— Ҳаўа, мениң заманымда еди! — Ғарры күле берди, күле берди, тап оңдырмай күлди, басын силкип күлди, шулғынып күлди. Әжепленип, жумысыма кетип калдым. „Қарызланып қатын ал, қатының қалар жаныңа". Не де болса, Мураттың қуралып қалған қуўа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нышы ашыўға орын қалдырмаған екен Болмаса, ғар-
ры, адам ашыўланғандай қылық көрсетти ...

Тойдан соң үйимиздиң иши мәмилекетлик аўдарыс-пақ болған кишкене ҳүкиметке усап кетти. Мурат „Мирочка" дегенге мен де сөйдеўге әдетленип кеткенмен. Сол Мирочка әнейдей болып жүрип, биз түўе Муратты да бармағының ушы менен жумсап. дийўалдағы қызлардың сүўретиниң бәрин тып-тыйпылегип алдырып таслады. Мастерскойға да қыстыртпады. Тақлап, целофан қағазға орап, яшикке тығып, шегеледик те балконның мүйешине салт еттирдик. Мирочка жоқта „көрдиң бе, қызғанғаны, сүйгени!" деп, мәс болып мақтанады маған Мурат. Ҳайран қаламан:

— Сүймесе, тийе ме, ҳаў?

— Адам унатып та тийиўи мүмкин. Соннан бара-бара муҳаббет оянады. Мениң салып атырған сүўретиме сен түсинбедиң бе: бир түп айғабағар шығып киятырған қуяшқа телмирип тур. Атын „Үмит" деп қоя жақпан. Не үмит екенин билесең бе?

— Билемен, — деймен де басқа жумысыма айналысып кетемен. Ойланаман, мен яман-ә „чутье" сы күшли баламан, түсинбейди деп ойламай-ақ қойың. Мурат өзиниң шырайға жубайынан пәс екенлигин абайлайды екендағы. Келиншегинде қуяштай жарқын, қуяштай күйдиретуғын толық ғубарсыз муҳаббеттиң туўылыўын қуяшқа ынтыққан айғабағардай күтип жүр екендағы! Оннан басқа не болсын? „Қурдаслар" паносын соғаман" деп, сонша жыллардан бери жыйнап жүрген қызлардың типин де соның кеўили жай табыўы ушын яшикке қамап таслады. Муҳаббет деген жаман, көзиңде жас айландырады. Солай дейди китапларда, болмаса, өзим ғой, еле ҳеш кимге ашық болып көргеним жоқпан. Назлыны сағына бериўим, еслей бериўим ол, әлбетте, қалақ ойнап, балалықтан бир көлде шомылып өскенликтен. Нағыз ашық болғанымда, қашшан көзимде жас айналдырар еди. Дым болмағанда, бул ўақытқа шекем жайлаўға төрт-бес мәрте мыйықты тартқан магниттей, тартқан болар еди. Мурат үйленбесинен бурын бир барып қайттым. Анық ашық болғанымда сонда Назлыны көрмей кетпеген болар едим. Дурыс, көре алмай кеткениме қыйналдым. Бирақ, қыйналсам да кете алдым ғой, демек, ашық емеспен. Ойнамаң бизиң менен, мен ондай нәрсеге түсинетуғын баламан. Мураттай му-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳаббет жөнинде лекция оқый алмасам да, көкирегим сезе береди. Әне, усындай бир сөзди айтып киятырып екинши сөзди араластырып жибере беретуғын да әдетим бар. Бирдейине бундай емеспен-аў, тек Назлының үстинен гәп шашсам сөйтемен, көп сөйлеп кетемен. Көп сөйлеп жибергенимди өзим де соң абайлап, өкинемен. Бирақ, жазылған сөзди сызыў аңсат болғаны менен, айтылған сөзди еситип қойғанлардың қулағынан сүўырып алыў қыйын. Сизлер еситип отырған жоқсызлар ғой, бәри бир, еситетуғын болсаңызлар да мениң журттан жасырарлық қупиям жоқ. Өзлериңиз билесиз ғой; билмесеңиз еле берин биле бересиз: мен яман-ә ақ көкирек баламан. Сизлерден несин жасырайын. Жеңгемиздин ҳәким болып кеткени де ырас. Ҳаў, ырасын жасырып, мен бир, баламан ба? Неси бар, Мирочкаға ҳәкимлик, еркелик жарасады. Оны қара жумысқа қыймағанлығымнан-ақ өзимди кухняға ура беремен.

Директор апайға өкпели екенлигимди де жасырмайман. Билемен, „чутье" күшли-дә ақыры бизде! Ол да өкпелеп жүр. Мен де өкпелеп жүрмен. Ол „бүгин үйге бар" дегенинде бармағаныма өкпелейди. Мен болсам, аспазлыққа өткермей қойғанына өкпелимен, деген менен, үлкен ҳәмелдарлар ушын биз қусаған швейцарьдың өкпесиниң бир пул екенин де билемен, Сонда да өкпелей беремен, неге өткермейди бизди аспазлығына! Мениң аўқат писириўди үйренип болғаным қашшан. Жүре беремен бе көрингеннин малақайын қыстырып?

Базда-базда Мирочкаға да өкпелеп аламан. Ол Муратты өкпелеткени ушын өкпелеймен. Оның зейнине тиймегени, „суў перисинин" илҳам перисин үркитпегени мақул еди. Бурын иске кетсе, келгенинше асығып отыратуғын Мурат, енди Мирочка дежурствоға кетсе қуўанады. „Бүгин жумысымды өндирип қаламан" деп қуўанады. Себеби, Мирочка бос күнлери, екеўи пардозланып, киноға кетиўи, бизиң аўқат таярлап қалыўымыз керек. Мурат бундайда шала қалып баратырған жумысына қарай-қарай, басын шайқай-шайқай кетеди. Тек маңыраўы кемис болмаса, жетектеги текеги усап кетеди, қыйналып кетеди, ойланып кетеди,

Жақыннан бери қайтып келип, тоңқылдасып, урысатуғын әдетти шығарып жүр: „Мирочка, — дейди жалынышлы, өлпен даўыс пенен. — Сениң түсиниўиң керек еди. Маған ўақыт қымбат. Мен творчество адамы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ман ғой. Қурышланып ислеп атырғанымда, аўқаттың писип қалғанына қыйналаман. Қыдырыспақты азайтайық", деп жалынады. „Сен медиксең, мен художникпен. Екеўимиз де адам емлеймиз. Сен бойдағы кеселди емлесең, менин адамлардың руўхый кеселин емлегим, сулыўлықты, сулыў сезимлерди қолына услатып бериўге талпынғым келеди, түсинсе, жаным-аў, түсин", деп күйинеди. Мирочка да түсинеди. Сол күни киноға барылмайды. Бирақ, Мирочканың кеўилсиз жүргенлерин көрип, Мураттың да қолы иске бармай қалады. Еки жигиттиң ортасындағы ақ ботасы, еркеси жайтаңламай, ойнақламай турса, буннан қыйыны жоқ. Қыйналып қаламыз. Биз соңғы сеансқа билет әкелиў ушын, театрға жуўырамыз ...

Мирочканы „искусствоны ҳүрметлемейди" деп, Мурат бийкар өкпелейди. Мирочка ҳүрметлегенде қандай „барлық искусствоның ишиндеги бизге ең әҳийетлиси кино" деген Ильичтин сөзине шекем ядтан биледи.

Бирақ, мен Муратты аяй беремен, аяй беремен. Базда адамлардың ишиндеги ең бахытсызы творчество адамлары шығар деп ойлайман. Журт дем алғанда булар дем ала алмаса! Базы күнлери мастерскойда жататуғын менин бас ушымда түни менен тықырлатып шығады. Азанда серипписиниң әри кеткен гөне креслосына көмилип, уйықлап атырғанын көремен, бундайда ол мына жазыўшылар өлгенде: „қәлемин қолынан таслам͏ай, өлип кетти ... " деп, газетаға жазады ғой, әне, сонын дәл өзи бола қалады. Бийжағдайлаў салбырап кеткен он қолында кисти, сол қолы жансыздай бир жағында салқылдап атырған, басы қорадан салланған суў қабақтай салбыраған, күнинен бурын ақ ене баслаған ири толқынлы шашы бетин жаўған ҳалатта көремен, Әне, сөйтип ләззет алады, ҳаялы анаўжақта ақ балықтай аўнақшып, бир кәтте бир өзи жеккесиреп жатады. Мирочканың соңғы ўақытлары ашыўшақ болып кеткенин де соннан көремен. Бир сапары: „Улымның улына, қызымның қызына айтып кетермен-аў, сүўретши көрсеңиз саяңызды аўлақ салың деп" — тоңқылданып атыр екен. Үстине келип қалдым. Гәп тыйылды. Мурат әлле неге түтигип мастерскойына кирип кетти. Бирақ, ислемеди: „кеўилдиң хошлығы жоқ, ғошшым", деди сорамасам да. Бул маған шағынғаны еди. Холоста



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир түп айғабағар әлўан дөнген көк жийекке телмирер еди, лийкин, қуяш та шыға қоймас еди...

Есиме Волконскийдиң Безуховқа айтқан гәпи түсе берди, түсе берди: „та-ап, қалынлығыңның өмиринше зейниңе тиймейтуғынлығына исенбегенше, үйленбе, достым, үйленбе, достым ..."

## 25

Гүзди узатып салды да гүзетке қыс келип турды. Арқадан ескен самалдың бәри китаптағылардай жағымсыз бола бермейди. Жағымсыз самал қубладан да, батыс пенен шығыстан да есе береди. Сонлықтан да ол — самал. Мысалы бир, қорқыныштай, қәпелимде күтпеген жағыңнан есе қояды. Бирақ гүз басынан-ақ жүгин таслап, қыс пенен айқасақа жалаңашланып шыққан таллардағы бирли-ярым жапырақларды жулып кетиўге „любой" самалдың шамасы бар. Кешеден бери самал, ырасында да арқадан еди. Талдың сулыўы ақ тереклер менен қара таллардың қалдаўрап турған запырандай сарғыш жапырақларын шақалардан үмиттей үзип таслайды да, тротуардың үсти менен сырғанатып-сырғанатып, қыйлы-қыйлы размердеги, қыйлы-қыйлы модадағы туфлийлердиң, етиклердиң, биз өкшелердиң ултанына паяндоз етип төсейди. Нәўбәҳәрде қылтыйып көриниўиниң өзи кеўилди көтерген жарқылық енди ҳеш кимге керексиз, сипселердиң ушларында шоласып, кете барады.

Мен усындай жол менен жүрип, жумыс орныма келдим де алды менен өзимниң сыртқы кийимимди шешип, қыстырып қойдым. Себеби, аўқат жемесем де, ресторанымыздағы биринши клиент өзим еди. Жаңа сары лампаслы формамды кийейин деп атырғанымда буфеттен Дина деген қыз:

— Кийме, — деп ескертти. — Апайға бар, таза форма береди.

Жақында ҳеш себепсиз-ақ Малтабар ағай шығып кетип, бул қыз орнына келген еди. Бизиң Мирочкадай болмағаны менен, сулыўлыққа оған бериспейтуғын нашар. Қаршыдан келген. Еле жөнлеп таныса алмай атырман, сонлықтан, неге келгенин де сораман, яқшы ма? Жасы бизлер қатарлы болса керек, бирақ, көзлери ойшаң, сәл нәрседен шоршына береди. Мен оны кийик-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тиң уркек қуралайына мегзетемен Бир айыбы, онша наз, жилўа дегенди келистире бермейди, өйте қояйын деп талпынбайды да. Бундайға бизин Мирочканы жибере бердағы! Директор апайда да бар бул қәсийет.

Мен директорға кеттим. Кабинетинде бир өзи екен. „Пулын сорармекен?“ деп едим. Жақ, алтын тислерин жарқылдатып күлди. Созған колымды кемсалыйқалаў жаздырды да: „дарымастан кеттиң ғой“? деп сыбырлады. Соның арасында Зина деген зал баслығы кирип келип, мүшкилимди аңсатластырды:

— Столларды бириктиремиз бе, тура берсин бе?

— Тура берсин. Дөңгелек стол бириктириўге қолайсыз.

Баслық шығып кеткеннен кейин директор апай: „қаша берме, барып апаңның кеўилин алып тур. Пул сорайды деп қысынбай-ақ қой, тапсаң, берерсең, таппасаң, кете берсин“, дедидағы тапсырма бере баслады; Бүгин шарўалардың кеңеси болады екен. Соған келгенлердин жарпысы түсликти усы жерден, жарпысы кафеден жейди, соған бизин пәкизе, мәдениятлы болып турыўымыз ушын. жаңа форма кийиўимиз керек екен. Айтыўына қарағанда бүгин бизге кийим қыстырғыш жетиспейтуғын, ҳәр қайсысы бир илдиргишти бәнтлейтуғын нәҳән-нәҳән тумақлар келетуғын, жүдә шаққан, серли болмасақ, қыйын болагуғын қусайды.

Ресторанға азанғы пәтте адам киргизилмеди. Азан менен адам аз болатуғын әдет бурыннан бар. Азан менен жүреги тартып шыққанлар онша табыла бермейди. Сонда да бирли-ярым бурынғы клиентлеримиз — похмелшилер есикти тартып, жалынып-жалпайып кетип турды.

Буфетши Дина „аўызына жазып қыстырайық, сен официанткалардан қызыл қәлем таўып кел. Көк болса да болады,“ деди. Әкелип бердим.

Астақтадай ақ картонға поднос көтерип баратырған зал баслығының дәл өзин салыпты. Астына „Саат алтыға шекем ресторан алдыңғы шарўаларға“ деп, майдалап жазыпты: „Бул өзи бир күнлик дағаза, сонша машақатланып не қылады“ деген ой кешти қағыўға алып баратырған меннен. Қайтып келип, „жүдә художник екенсиздағы“ дедим, онша таңланбасам да таңланғансып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бола жазлап қалып едик ғой, пайдасы не? — дейди әлле қандай бир өкиниш пенен. Мен басқа жумысларыма айналысып кеттим.

„Ауылдан ким келер екен?" деген ой толғандыра баслады

Усы жерде ислегели бери районымыздан талай-талай көз таныcларды көрип атырман. „Ауылдан қашан қалдыңыз?" десем, гәси оқып атырған, гәси бир-еки жыллықта көшип келгең болып шыға береди. Тек ғана сол районнан танығанға ма, маған базда районда адам келмағандай, „турымтай тусына, палапан басына" қашып кеткендей көрине беретуғын еди. Бугин саат бирден кейин, бас пүкил район көшип келгендей сезилди. Мен мысалы, „пайтахтың ресторанында емес, районның ресторанында турған шығарман", деп ойласам да ҳеш ким кустаны қылмас еди. Я алдынғы шаруалардың бәри бизиң районнандағы, я бизиң районның шопанларын „сойерде өзиңиздиң ауылдың баласы бар. Солот жағарлық етеди", деп, бизиң ресторанға жиберген. Екеуинин биреуи.

Мен имканиятынша сыланып-сыйпанып, үлкен қаланың өзиме үш-төрт айдың ишинде тәпси урғанлығын көрсетиу ушын қолдан келгенинше сыпайы, мәдениятлы болып турыуға талпынып атырман. Буным да онша келисип атырған жоқ. Таныслар менен алды менен қол алысып, кийимлерин соң алып кетиуим, жууырып баратырып, я пластмассаға ойылған номерлерди қысымлап, жууырып киятырып, ямаса биреудиң кийимине қол созып атырып, аманлық-есенлик сорасыуым керек. Малақайлары менен-ақ кирип баратырған ғаррыларды иркип, тәртипти түсиндиремен. Олар әдеп көниңкиремей турады да: „қалада бас кийим алыспақ бар, деп еди, ырас екен-ау" десип, күлиседи. Сон: „Мына баланы танып турсаң ба? Бизиң Ҳайтмураттың жийени ғой?" „Әйтеуир, шырамытаман-ау" десип, ғауқылдасады. Оннан кейин барып, малақайларының ишлеринен тақыяларын суурып алып, қолыма қулақшынын услатады. Ал, жоқлар шапанының қойын қалталарынан бир тартар орамалын тауып алып, басына таңып алғанша, „қойып тур, мына қалтама салған қусаған едим", деп еглейди. Соған шекем, мына жақ бөгетке кепленген ағыстай толып қалады. Сөйтип жүргенде бизге сыланыу қайда, сыйпаныу қайда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамлар сәйге тартайын деген еди. Қәдир билистен, жан ашырдан ҳеш кимди көре қойғаным жоқ. Көз таныс көп еди. Енди үй-ишлердиң аўҳалын билиўге, анықлап сорасыўға болады. Менлибай ағаны көре қойсам, үйге ертип әкетип, мастерскойда қондырсам да, түни менен сөйлесип, маўқымды бир басып алыў ойымда жоқ емес. Бирақ, ол шақырылмады ма, көринбеди. Несине шақырсын. Бизиң фермадағыларды „алдынғылар“ деп шақырса, басқа ферма, басқа совхозлардан әскерликке бала шақырғандай сыпыртып шақыртыў керек.

Изи тамшыға айланып тынатуғын жаңбырдай адамлар тамтуплап-тамтумлап, биротала тыйылып қалыўға қараған еди. Қәпелимде есиктен Әлимбай аға көринип қалды. Алдынан ырсаланлап күлип шықтым.

— Ассалаўмалейкум, Әлимбай аға! Ҳаў, Жаңабай да бар екен ғой . . .

Жаңабайды көргендеги қуўанышымда шек болған жоқ. Тап, аўыл көшип келгендей болды Мурат үйленгели барған емеспен. Мурат „барып қайт, хабар алып қайт“ дейди. Ойласпай, дағы етпей үйленгени, оның үстине тойға шақырмағаны ушын кейийди деп, бармаға дайымнан өзи қорқып жүр. Енди, тергеўге алды менен бизди айдап болып, өзи соңынан бармақшы, көрдиң бе, сумлығын. Мен де сол үйленгели лазымнан қалып, соң барыўға бети шыдамай жүрген ҳаялдай шерменде болып жүрмен.

Алдынан аңқылдап шыққанымды қәйтейин, екеўиниң бирден әжепленип қарасқанын қәйтейин! Әлимбай аға қолымды суўық селки алды да:

— Халыққа хызмет етип атырсаң ба, ғошшым? — деди күлмесе де күлген болып. Мен буны әдебинде ырасқа жорып, шулғындым:

— Ҳаўўа, аға, хызмет еткенде, сорама ... Бүгин жаман аўыр болып тур. Адам көп ...

Тағы бир нәрселер айтып, үйге мирәт ете жақ едим, бизиң менен иси жоқ, өкпеси бар адамдай доңирейисип қарасты да екеўи бирден ишкерилеп кетти. Жанабайдың ишки сезимин бурыннан соңға көзи айтып турады. Ол маған ҳеш нәрсе деген жоқ. Бирақ, көзи менен сөгип кетти.

Ҳәммеден кейин кирген олар ҳәммеден кейин де шықты. Әлимбай аға: „Анаў бәндиўаның қайда? — де-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди. —Барып айт. Совхозға художник оформитель керек болып атыр. Ислесин барып, ақшаны молдан төлеймиз".

— Бармас, —дедим басымды шайқан. „Пайтахтағы рекламбюроға бармай жүрген адам совхозға барама?" дей жазлап, өзимди зорға иркип қалдым: — Бүгин үйде қоның, жақсылап түсиндириң, бәлким барар, я басқа биреўди табар...

— Қызықпысаң? Аўылдан шыққан художник бармағанда басқа бара ма, барады, айт соны, — деп тапсырды да бүгин қайтатуғынын айтып, айнаға қостаңлап кетти. Жаңабай қолымнан пальтосын, малақайын жулып-жулып алып поезды кетип баратырғандай шалашарбы кийинди де.

— Не қыласыз, сылана берип, — деди. — Жүрсеңиз де, Әлимбай аға! Айнаға қарай берип, сиз бир, сүўретке түсе жақсыз ба?

Жаңабай қапыны тартып урып кетти. Оның биймәниашыўын неге жорырымды билмей жаңа ойлана баслағанымда қайтып кирди, де:

— Саған бир нәрсени айтпасам, ишиме сыймай баратыр,—деди бармаған шошаңлатып. Мен бир жаңалық айтатуғын шығар, ең болмаса, неге ашыўланғанын билемен ғой деген ой менен:

— Сөйтсе, жора, жаңа хабар айтып, қуўандырып кет—деп, еңтериле бергеним, даўысының барғанынша бақырып, маңлайыма бармағын шошайтты:

— Билесең бе, ким екениңди? Сен последний подлец екенсең...

Тас төбесинен тоқпақ тийип, есеңкиреп қалған адамдай аңырайып тура бериппен „Ол неге өйдеди. Мақсет?" деген Динаның қоңыр даўысы шықты; „Еси дурыс па? Пянь ба?"

Жаңабайдың ондатра малақайы айнадан өте бергенде жетип алып, жағасына жабыса кетиў ушын есикке шекем жуўырып бардым да, тағы өзимди бастым. „Ырасында да подлец шығарман" Изимше, әлле неден қәўетерленип буфеттен жуўырып шыққан Дина: „пянь деген айта береди. Оның несине қызасаң, қызба, қой," деп сыйпалап, жүнимди жатқарып атыр еди. „Кәне, орынларыңызға барың" деп, директор апай екеўимизге бирден кейип жиберди: „Өйтип, жаласа бермен, келген менен салғыласқаныныз-ақ жетер" Дина алакөзле-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нип қарады да бир түрли болып, орынына кетти; Мен сол исиниўим менен қала бердим.

Кешки аўқатқа шарўалардан келмеди десек те болады. Кими қайтып кеткен, кими қонақ жер излеп кеткен болыўы итимал.

Түстеги аўқаттан аўысқан гөшлерден буфетши, директор екеўи паднос пенен бас аспазға алдырып, бөлисип атырғаң екен. Төрт жүз граммдай пискен гөшти бағанағы жғзған дағазасына орап, Дина мениң сеткама салып қойды. Рестораннан дәмиккели усы сетка қасымнан қалмайтуғын болған. Қыздың қолынан алыўға тартынып, әри-бери қыйпалақлап едим. Директор апайдың анаў-мынаў деп бузып алатуғын түри болды. Буны көп сөйлетпеў ушын алып шығып кеттим.

Ресторанның саат он бирге шекем ислеўи керек еди. Бүгинги план орынланды, енди жаўып кетиўге де болады. Бирақ, кешки палаўдан аўысқаны көп екен. „Соны сатып кетпесек болмайды" депти апай.

Дағазаға гөш оралғаннан соң, есик ким болса соған дархан. Бағанағы дирилди басылайын дегени менен еле ашыў бар. „Енди биреў намысыма тийсе, арымды алып қалайын" деп ойлап қойдым.

Келгенлердиң кийимлериң күйеўи менен урысқан ҳаялдай тарс-турс жүрип қыстыраман. Бурынғыдай „келиң-келиң" дей бермеймен.

Ресторан жабылыўға аз қалып еди. Ен соңғы клиентлердиң биреўи кийинип болып: „қолды әкел, берман" деди. Апардым. Алақаныма басып атырғанының тыйын екенин билдим, билгеним де сол, Жаңабайдың жуғып қалған қалтыратпа қайтадан тутты. Жазып қарасам жигирмалаған бир тийинлық алқанның аясын толтырып тур. Керилип турып, ийесиниң бетине шашып жибердим. „Тәңир жарылқасын күтип", мардыйып турған жигит, бетине муздай суў бүриккендей есеңкиреп қалдыдағы, көзин дөңгелендирип, сөгип жиберди. Мен де тумсықтың астынан, қулақ шекеден алдырып отырдым. Милиция келип, қолымды таўламағанда шаўласып жүрген официанткаларға башартпайтуғын едим. „Қойып тур, — дедим милицияға. — Кийинип шығайын. Бирақ, анаўды да алып жүр".

Кийиндирип. сеткамды қолыма услатып, машинаға ентелетип жиберди. Қарасам, даўагерим әлле қашщан минип, мурынынын қанын сүртип отырған екен. Көки-



www.ziyouz.com kutubxonasi

регине теўип жибере жазлап қалдым. Милиция еңсеменен нуқып отырғызды.

Ҳәдийсени өзи ақ сорастырып билип, әдеп бизге соң, даўагериме:

— За оскарбление личность, билесен бе, неше жыл алатуғыныңды! Бул не, дийўана ма? — деди. — Сен де шошаңламай ақ қой, — деди маған. — Сабағаның ушын сен де сазайыңды тартасаң ...

Ақыры, екеўимиз бирден жалынып-жалпайып, сол кәрада жарасып қутылысқан болдық.

Рес оран еле ашық екенин билемен. Сонда да дуўры үйге тарттым.

Себеби, мен енди бир қарарға келген едим. Жанабайдың неге сөгип кеткенине де, Әлимбай ағаның „халыққа хызмет етип атырсаң ба?" деген гәпинин мысқыл екенине де түсинип қойған едим.

Аўқатланғаным жоқ, келдим де жатып қалдым. Күндеги әдетим бойынша ерте турып, аўқат таярлаўға да кириспедим.

Бүгин биринши мәртебе ләкки усламай, хозяйкаға усамай стол дөгерекледим. Столдың үсти күндеги өзим жасағандай емес, қөрениш. Мениң кейпимниң қандай екени менен басы айналған адам болған жоқ. Мен, мен, бирақ, буларды шолып үлгердим. Мурат, бәлким, салып атырған сүўретинен қуяшты қалай шығарыўдың уўайымында шығар, ойланып отыр. Мирочка кесаны, нанды кемсалыйқа услайды.

— Сеткада гөш бар, әкел, — дедим усы үйдиң еркеги қусап.

Ол сеткадан қағазы менен әкелип қойды да қолыма пышақ услатып, кухняға кетти. Бул маған „туўрай бер" дегени. Ким менен болса да урысқым келип отырған мен гөш пенен пышақты Мурақа ысырып: „әкелип бергеним аз ба, туўрап жең, қолларыңыз бар" дегенди үнсиз „қышқырып" өттим. Мурат буныма да итибар берген жоқ. Қолы орамда болса да ойы әлле қайларда болып, қағазды жаздыра баслады. Ләккисин алып Мирочка келип отырды. Мурат гөшти ләккиге салып таслап қағаздың жыйрығын жаздыдағы сер салып:

— Мынаў бир художниктин қолы ғой; ким жазды? — деди таңланып. — Официант қызды да қатырып жиберипти. Аўқатының пуўына шекем ... Официантканың кеўил күйин де билиўге болады. Ким салды?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бир буфетши, — дедим де қойдым бийпәрўалық пенен. Мурат басын шайқады: — Өмирде өз орнын таппай жүргенлер көп-аў! Мынаның өзи тайын художник, бунын орыны буфет емес ...

— Әлимбай ағаны көрдим,—деп, гәпин бөлип жибердим. Усы „өмирдеги орын, муҳаббаттеги орын“ дегенлерди еситe-еситe зеригип кеткенмен. Сонлықған, сөзин қасақана бөлип отырман: — Сени совхозға келсин деп атыр. Художник — оформитель керек, өзимиздиң совхоздың баласы келмесе, ким келеди деп атыр ...

Мурат та, „суў периси де“ көзинен жас шыққанша күлди. Күлмей қалған тек мен болдым. Мурат күлкисин басып:

— Мынаны салған художникке айт,—деди лийкинлилеў етип. — Художник қызға үйленсин. Өмири ләззет пенен өтеди ...

— Ол үйленбейди, қыз бала ...

— Ҳа-а? — Мурат таңланды. — Онда айт, қашан бир художник ашық болғанша күтсин, болмаса бахыты ашылмайды ...

Мирочка столды қойып қалды:

— Мен кете қояйын, сен бахытлы ете ғой, соны! ...

## 26

Бир ҳәптеге шамаласты, жумысқа бармай қалдым. Есиме Жаңабайдың сөзи түсип, нықыртып турғаны елеслеген сайын Муратқа жиним атлана береди: „Мени әнейдей жеримнен қозғап!“ деймен өзимнен өзим. Үйде жападан жалғыз отырып тоңқылданаман.

Бәрин енди түсинип атырман: ресторанға барған күни пенсияға кетип баратырған ғаррының басын силкип күлгени де, Искендер ата-Александрдын неге „қашан ресторанға баслық болдың?“ деп сорағаны да санама енди сиңисип атыр. Сиңискен сайын сол күлкилердин қумалақ-қумалақ ызасы батып баратыр маған.

Мурат „жумысыңа бар“ деп айтпайды. „Дардай болып, майыптың исин ислеп жүргениңе намысым келип жүр еди,“ дейди қайтама. Оның есесине, „суў периси“ жумыстан кеткениме ингендей қайысады. Билемен, неге қыйналып жүргенин. Мут аўхаттан айырылып қалды, Енди бурынғыдай салтанат-сейилине екеўиниң де айлығы аўыспайды. Бул үйге күниге кем есаптан он ма-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нат ақша кетип тур ҳәзир. Мениң енди жумыс излеўим керек еди. Мурат мениң шыққанымды билиўденақ рекламбюроға ·қатынап жүр. Ҳәзирше, саңлақ жоқ қусайды. Бурынғыдай „үлкен тема“ деген сөзи жоқ, редакциядан, китаптан заказ алып қайтып, түни менен пахтаның, салының сүўретлерин, ямаса бир диограммаларды, „Черчение“ китабының сызықларын сызып отырады. Үлкен тема—тамақ болып тур ҳәзир. Уллыуллы адамлардың таланты ушын бирли-ярым жан ашыры өз бахытын қурбан етсе арзыйды. Бирақ, мен буған көнбеймен. Себеби, Мураттың уллы художник болатуғынына көзим жетпейди, екиншиден, дүньяға адам ушын адам шығады, оны билемен. Бирақ, мен биреў ушын шыққан болсам, мениң ушын ким шығады, соны билмеймен. Сонлықтан, мениң де ҳеш кимге қурбанлық болмай, өзимниң жолымды излегим келеди. Бәлким, менде де бир нәрсе бар шығар, күлдин арасындағы қоламта да ең болмаса, жылыта алмағаны менен жылтырай алады ғой, лийкин, мен өзимди еле оған теңегим келмейди. Кеминде еле, егер машина басып кетпесе, елиў жыллық өмирим бар, бул, адам ушын узақ өмир емес, әлбетте, бирақ, сол қысқа өмирдиң өзинде-ақ талай нәрсени айта жүрген дей етип өлип атырғанлар аз емес. Мениң де бир нәрсе ислеўим керек, ақыры! Я жоқ болыўым керек, я бар болыўым керек, қанжылым турмысқа, енди изеп баспайман!

Усы ойға келиў отырғанымда мастерскойынан Мурат шығып кийине баслады. Мирочка сменасына кеткен.

— „Черчение“ни өлип болдым, соны тапсырып, пул сорамасам, —деди жеңи қырылған пальтосына қолын суғып атырып. — Шырўаннан тарығатуын түримиз бар. Сен де, ғошшым, бир жерден қолайлы, маңлай терлетип ислегендей, ис қарап көремисең, қайтесең ...

Басымды екшеп қалдым. Ол айтпаса да бүгин ойымда бар еди.

Әлле ким есикти қақты. Қарасам, Дина! „Шешин“, десем, „усы жерден қайтаман, апай шақырып атыр“, дейди. Есиме Мураттың мақтағанлары түсип кетти. Кәдимги швейцарьлық әдет пенен ушып турдым да, жылпылдап жүрип, кийимлерин сорай бердим:

— *Былай шығып төрле, он минут демиңди ал.* Ентигип турсаң ғой! Сени бир художник „художник екен“ деп атыр. Соны айта жақпан ...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тапочкаңды әкеп бер, анаў сүўретлерди көрейин, соң қайтаман.

—Әкелип беремен, пальтоңды бере бер? — деймен, бармақларымды жыбырлатып: — әкеле ғой, бери, бере ғой, ... бәрекелләә!

Өлдим азарда төрге шығардым. Ол отырған жоқ. Сүўреттерди шолып кетти „Мынаў бир, оғыры әжайып нәрсе ғой! — деди „Ғазлар қайтып баратыр" дын тусында көзиниң қарашығы узақ дириллдеп. — Қарақалпақта да бундай сулыў жерлер бар екен-аў! Шербаковтын „Волга" сынан кейин емес! Бар екен-аў, бундай жерлер! ... "

— Бар емей, ҳаў, — дедим мен таңланып. — Сениң Қаршыңнан басқа жер жаман ба?! Бар ғой, буннан да сулыў жерлер көп. Соны әлемге таныстатуғын Левитан жоқ...

— Мынаны салған адам тегин емес, қарақалпақтын Левитаны!

— Эй, қой-ә!

— Яқ, шыным, —деди қыз ықласланып. — Түсинбегенге бул ешейин бир сүўрет, түсингенге „Ўатан, айралық".

— Ал, енди, мынаў „суў перисине" қалай қарайсаң!?

— Усы қызды сүйели екен ғой ..:

— Оны қайдан билесең?

— Барлық меҳри-муҳаббетин төгип салыпты ғой, билмей не? Мынаў пейжазда ... Не десек болар екен, художниктиң туўылған жери емес пе?—Мен басымды ырғадым. Өзиниң сезимталлығына ыразы болғандай басын шайқап: „Биз де бир нәрсени абайлайды екенбиз-аў,—деди. — Балалығы өткен жер, адамды, өмир бойы илҳамландырады дейди ғой. Мен де Бухараны жақсы көремен ..."

— Сен Қаршыдан емессең бе? — деймен Бухараға ҳәўесленгенине қарап. Ол бетиме, шоршыныңқырап қарайды-дағы: „Сөйдесе де болады", дейди астарлылаў: „Мастерскойын да көремиз бе?" Мен; „ҳәзир-ҳәзир" деп, кинодағы Чарли Чаплиндей жуўырып кеттим. Көрпе-төсегим еле жыйналған жоқ еди. Жумбаршақлап атырғанда кирип келди. Жүзлеген кист, алабажақ банкалар, мольбертта, этюдник ... Шала-шарбы сүўретлер, қыйлы-қыйлы қалемлер, Мураттың бояў-бояў халатлары, серппеси ойылып кеткен гөне кресло, қол сүрте-



www.ziyouz.com kutubxonasi

туғын шобытлар, ацетон, анаў-мынаў шийшелер бығып, өжирениң ишинде үлкен бир бийтәртипликти пайда етип турар еди. Қысынып кеттим. Кербаз ҳаяллар бундай өжиреден абайлап жүриўи, ең болмаса кирип келгенде бир мурын жыйырып алыўы керек еди. „О, ўсындай бир мастерской, әрманым еди-аў! ...“ деди өкинишли түрде. „Мастерскойлы бир художникке ашық болған шығар“ дегеннен басқаны ойлағаным жоқ.

— Абайлап жүрмесең... буның өзи... үстинди патаслап аласаң...

— Үйленген бе?—Мына сораў ыңғайсызландырып таслады:

— Жаңағы „суў периси“ — жеңгемиз ...

— Әрмансыз келиншек екен, не ислейди?

— Медик.

— Дурыс болған екен. Екеўи де адам жанын емлейдидағы ... Қайтаман ... Апай „жумысына келсин“ деп атыр, „бүгин келсин“ дейди ...

Аўыздағы өжиреде кийинип атырып, „Мынаў шопан сағынышларында“ шопан сағынып отырған жоқ, — деди.—Таза үйреншик ўағында салған ба?“

— „Шырағым-аў, таза үйреншик болмағанда, жоқ сағынышты қаяқтан таўып береди, маған“ дедим ишимнен. Төменге түсип баратырып:

— Апайға айт, бармайман, — дедим басымды шайқап. — Орыным ол емес екен. Анаў күнги „подлец! деген жигит соны айтты.

— Өзиң билесең, — деди қыз кейипсизлеў. Саған ақыл айтыўға, „орының сол“, деўге, өзим де орыныма түспей жүрген адамман ...

Тас болмаса, үйде жәнжел шығарған Мураттың гәпин айта жазлап қалдым: „сен художник таўып тий“ деў, қыйын ғой, әлбетте ...

„Ығбалына ыразы адам бармекен сирә!“ деген ой қалдырып кетти ...

Сон мен үйде көп отырғаным жоқ, жумыс излеп кеттим. Механизацияласкан саночистка мекемесине ғайратлы қара мийнеттиң адамы керек екен. Приказ алып, азаннан баслап, кирисетуғын болып қайттым.

Азанда гөне кийимлеримди кийип кеттим. Түске шекем, қасымда жасы қырықлардан асқан еки ҳаял бар, үшеўимиз адамлардың есиклериниң алдыларына гөне яшикке, жампық ләгенлерге салып қойған сыпы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рындыларын машинаға тийеп қаланың сыртына шығарып тасладық.

Түстен кейин маған брезент кийим, брезент қолғап, көз әйнек берип, қасыма тағы бир кейўаны қосып, цистерналы машинаға мингизип жиберди. Қайда жиберген менен не жумысым бар, рабочийның талабы қайда жумсас да барып ислеў!

Бир ўақытта қарасам, дуппа-дуўры ресторанның шарбағына кирип баратырмыз. Ҳәжетхананың қасына апарып түсирди. Шофер шуқанағына тақап қойды да қолыма темир сояў услатты. Анаў кейўаныға бул жумыс бурыннан-ақ таныс екен. Өзи-ақ кирисип кетти. Шофер:

— Гегирдекти салып жибер, мен тарттырайын, — деди. Шабан қыймылдадым. „Сойқап-сойқап, анаў сүмелекти жықсеш! Не, сояўды сәнге услап турсын ба?! Қызық бала екенсең!" деп, бақырды шофер,

Күн желемик болса да ислеп кеткен жеримдегилерден қысынғанымнан терлеп жүрмен. Дина киятыр екен, Жалтарған жағымдағы складтың ашық қапысының төриндеги қараңғыдан:

— Ҳәй, ессиз бала, бүйтип жүргенше жумысыңа келсеңо!—деп бақырды. Апайдың даўысын танысам да еситпегенсип, машинаның мына жағына тайсала бергеним, Дина ҳәрре көзленип қарады да:

— Мақсет, ҳаў! — деди көзлерин жыпылықлатып.— Өмирдеги орыным деп ... Саў барсаң ба?

Сол күни, ҳүкиметке мутқа ислеп бердим. „Шығар" деп арза да жазғаным жоқ. Былай шыққаннан соң машинаны тоқтаттым. «Шофердың „бол-ҳа болын" еситпегенсип сыртымдағы брезентлерди арқайын шештим. Шештим де көз әйнеги менен қоса, кейўаныға услатып". „кете бериң!"дедим.

Бүгин Мирочка сменада болады. Түнде келмейди, оны билемен. Муратқа бүгин не жумыс қылғанымды айтпай-ақ қояйын деп едим, мен кирип келиўден танаўын тартып-тартып: „бир нәрсе басып келдиң бе?" деди де аяғыма қарады. Мен бас шайқағаннан соң барып, порточканы ашыў менен бола берди. Артына лаппа бурылып:

— Слушай, саған айтаман! — деп бақырды. — Басқа талап қурып қалды ма?!

— Мен ислейтуғын мәкеме жоқ, бул жерде! — Өзи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ниң жайлаўдағы гәпин өзине айттым. — А-ал, бул жумысты меннен басқа ким ислейди деп ойлайсаң? Ислеўи керек ғой биреўдиң ...

Соның менен гәп кесилип қалды. Үш күннен соң қурылысқа кирдим.

## 27

Әскерликтеги алған өнерим жаңа бир дәртке асты. Мен усы ўақытқа шекем, қурылысқа келе қоймағаныма өкиндим. Пәкизе, төртинши разрядым бар еди. „Маманлығым жоқ" деп, көзсиз урына бергенше усыған келе қойғанымда жайлаўдағыларға дуў-дуў гәп те болмас едим. Мен ол кәрадағы ҳеш кимниң насағынан қорықпайман. Бирақ, неге екенин қайдем, „Мақсет асханада қол бала болып, көрингенниң кийимине жармасып жүр ..." „Мақсетти ол жумысынан да шығарып, асхананың ҳәжетханасын тазалайтуғын етипти" деген гәплерди басқа еситсе де Назлының еситпегенин тилей беремен. Туңғыш мухаббет, бәлким, солай оянатуғын шығар. Мурат пенен Мирочка татыў күнлери пышықтай жаласып отырады. Онша уяла да бермейди. Сондайда мениң ҳәўесим кетеди. Көзиме баяғы бир айлы түн, суўдан шығып баратырған суў перисиниң елеси ... Бирақ, сол Назлы болып елеслейди. Ҳәйранман. Жайлаўды, жайлаўдағы Назлыны сағынаман. Бундай ҳалат бурын менде бола бермейтуғын еди, ҳайранман! ...

Өрген ҳәр қатар гербишимиз бизди жоқары өрлетеди. Жоқары өрлегенимизди жерге түскеннен кейин ғана билемиз. Қасымда ислейтуғын жәрдемшилеримниң ең жақыны — Петро. Бизлерден зәрре үлкенлеў. Диналар менен бир секцияда турады. Жийи-жийи барып тураман. Келиншеги Флора—татар қызы, сөйлемшек, ойыншыл, қытықшыл келиншек. Үйине барсам, жигирмалаған татар қыздың атын дизип таслайды. „Татарға үйлен, өзим Қазанға алып кетемен", деп, ҳәзил етеди. Бирге қыдырып жүргенде базда бирли-ярым таныс қызларын көрсете де қояды. „Сен Динаға үйлен. квартирасы бар, өзи де тынық қыз. Қайин енең болмайды, күйеўди қайинене өртейди, сени сорай береди" деп те соқтырады. Бирақ мен еле кимге үйлениў керeклигин ойланып көрген им жоқ. Сәрсенбайдың үйленип қойғанын жақында Азаттан еситкели ңасарым Наз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лыға аўып жүр. „Қоя турайын-щы, — деймен. — Ашық« емес шығарман, ашықлық болса жөнлеп оянсын. Мен шыдай алмай өзим баратуғын болайын“, деймен өзиме өзим. Ашықлық та Мураттың айғабағарының күткен қуяшындай шыға коймады. „Сөйтип жүргенде биреў қағып кете ме“ деп те ҳаўлығаман. Китаплардағы қызлар „өз тағдирим өзимде“ деп, жулқынып турғаны менен қаладан алыста, көпшиликтен тыста кемалға келген жайлаў қызлары тағдириниң жылаўын көбинесе ата-анасына берип қоя береди. Бундайлар көп емес. бирақ, баршылық. Назлы да сөйтсе деген ой базда-базда шоршытатуғыны ырас.

Жақыннан бери, „әй, дайым бақырса, бақырсын. Әри дайымды көрип қайтайын, әри тайымды үйретип қайтайын“ деген тәўекел дарып жүргенде зүрәәт тойының дүмпиўи жер жара баслады.

Дайым ийегинде жаны болса бул тойдан қалмайды. Ат шабылады, ақыры, палўан тутысады. Өзим есимди билгели дайымның бундай тойдан қалғаны ядымда жоқ. Оның үстине, Азаттан еситип қалғаным бар: „узақ айдаўға сениң атыңды сейислеп атырмыз“, деп еди. Сейиси, әлбетте, қасында болады, дайым бундай байраққа жиберетуғын атқа сейисликти ҳеш кимнен үйренбейди. Бул—дайым келеди деген сөз. Урықсатсыз үйленип қойғаны менен турмай. тойына айттырмағанының себебин Мураттың өзи айтып берсин. оннан соң, пәкизе, жайлаўға жол ашыла береди деген ой бар бизде. Биз яман-ә хитрий баламыз!

Бирақ, Мурат та хитрий екен. Азанда мени ерте түргелтип:

— Тойға дайыңлар келетуғын қусайды. Соннан бурын шақырып, айыбымызды жуўып қалайық. Сен. бир, қой әкел, ғошшым, — деди. Мен бул хабарға қуўандым, әлбетте. Қасы-қабағына қарап, кейпин аңлап қалған жеңгемиздиң ашыўланып жүрген себебин де аңладым. Телевизордың пулы бузылатуғын болды. Өлип-талып жыйнағанбыз. Мурат қалесин-қалемесин, шоферлар ушын: „енди жол тараяды“, „мына жол жаман, абайлап жүриң“, „жол—қатерли!“ қусаған қорқынышлы белгилерди, адамды жалықтырып жиберетуғын физика менен химияның сүўретлерин копиялап, питегене пул тапқан. Үш гегирдек ғөрек шайнайтуғын машинадай үш жерден шайнап турған соң, оңысықтан аўыса бермейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тис-тырнақлап жаңа үш жүзге өрмелеткенимизде, енди соның жүзи қойға кете жақ. Басқа да дәстүрхан керек. Қант керек, шай керек, шокалад, сарпай! Мирочканың уўайымы солардан басқа не болсын. Түни мененги фанер дийўалдың аржағындағы гүңкилдиниң еки тәрептиң келисимге келе алмай атырған гүңкилдиси екенин де, бул сапары Мураттың „өзим билемен“ ликке салып отырғанын да түсиндим. „Қоя қояйық, пул-сул табылар“, деген гәпке тилим бармады. Себеби, дайымның кеўилинен қымбат маған ҳәзир ҳеш нәрсе жоқ еди. Жайлаўға барсам, Назлыға бир нәрсе апарарман“, деп, жасырып қоярға жер таба алмай жүрген отыз манат ақшам бар еди. Соны қоса жазлап барып өзимди зорға егледим. Ақыры, „бараман“ деген үмитим бар ғой, сонда не апараман. Журтлар сүйген қызына, Мирочкаға-дә, үш жүз манатлық бриллиант қаслы жүзик те әперип қойыпты ғой! Бирақ, ҳалыма қарағанда, маған отыз манатлық нәрсе де болады. Қолай нәрсе болса алып, Петроның үйине қойыў ушын, соны да алып кеттим.

Бул күнлери онша қыс дегендей емес, жылымтық. „Суўықтың көкеси алдында“ дейди Мурат. Ырас шығар. Желеңлеў шығып кеттим.

Флора менен тиртеклесип, Петро жүр екен. Қолында сетка толы гешир-пияз. Бундай қолайы келмес. „Ҳәзир барамыз“ деп, Флораны алдап-суўлап қайтарып жибердик те Петро менен қалдық. Алқымын шергип еди, бир стакан вино жуттырып, балықтың қалашын жегиздим. Бунық пулы бирдейине ҳаялының қолында жүретуғын, буған әсиресе дем алыс күнлери пул услатса, қарызы бардай ҳәр буфетке алпыс тийиннан төлеп шығатуғын еди. Сонысын билген Флокең пулекеңди кийеўиниң алақанына онша тийгизе бермейди.

Енди жигирма тоғыз манат қырық тийин бизиң ықтыярымызда. Қалада сондай есап пенен жүрмесең болмайды. Соған бир нәрсе алыўымыз, қойдың пулына тиймеўимиз керек еди. Сүўмеңлесип, дүкан аралап кеттик. Тәўир тәўир жемпирлер бар екен. Бунық қызларға базарлық болатуғынын-болмайтуғынын билмеймен. Бирақ, жабанның қызларына моншақ-поншақ, әтир-пәтирден төрт метр шыт абзал. Жайлаўдың өз пудры өзинде, оның сирә кереги жоқ. Жеңгеси“ пәкизе жағалы кийим“, деп айтыўы ушын, жемпир алғанды мақул көрдим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир дуканшыдан биз жигирма еки манатқа жасыл жемпр алыпораттық. Пулдың аўысқанына өзимнен де бетер Петро қуўанды. Неге қуўана қалғанын билдим де, бир, пәнт бергим келди. Жемпрди Петроның қолына услаттым да өзимди қапыларының бәри күн шығарға қараған узын дүканға тағы урдым. Әне, мен усы жерде бәле таптым. Бәлем сол, Назлыны көрип қойдым. Негедур, өзимнен өзим бийҳал болып баратырғандай болдым. Қыздан албырағаным жоқ, әлбетте. Бир офицер, жүўернемек болғыр, бир офицер, алтын ўәжлер сатылатуғын бөлимниң қасында қызды лампасый көрген күшиктей шошаңлатып, еркелетип, қолына сақыйна салып атыр екен. Өзимди қайда жасырарымды билмей, жалтара бергеним: „Мақсеет!" деп шақырды қыз. Жалт қарадым.

— Неге қашып баратырсаң? — деди аппақ тислерин көрсете күлип. — Қашақ болыпсаң ғой, аўылдан да қашасаң, бизлерден де ...

Барып қол алыстым. Сөйлесип үлгере алмай қалдық. Есик беттен бир келиншек: „көринген менен жымыңласа бермей жүрәй, қыз!" деп, күлип даўыслады. Қолын жиберип атырғанымда жүзикти Мирочканың жүзигине усатып қалдым. Ондай болса үш жүз мана-ат! Я өзиме сондай көринди ме, жигит маған оқыйып турғандай болдыдағы:

— Давай, кеттик, — деп, жеңимпаз кейип пенен қызды қолтықлап кете берди. Жигиттиң кеўили тоқ, Назлыдан бас бүкил ерик кеткендей көринди маған. Бул салтанатлы жүристи көрип турыўға тақатым шыдамады. Терис бурылып, былайлаў жүрдим. Артыма тағы жалт қарадым.

Өзим елеге шекем сүйетуғынымды билмеген қара қызға енди қыймай қарадым. Қарасам, тағы бир нәрсе ала жақ па, үшеўи бирден қайтып кирип киятыр. „Иши күйип, өлсин," дегендей, күлиседи әбден. Буларды сирә кәриме келтирмеген қарыйдарға усағым келип, өзимди тығылысқа урдым. Не де болса, солар дуканнан шыққанша баса-бас салып, абына турыўым керек еди. Болмаса, бизиң үйге сары қасықтың не кереги бар. Жердиң жарығы болмағанлықтан, тығыларға тесик таппай ислеп атырғаным. „Мына биреў өширетсиз үсип баратыр, тартың еңсесинен!" деген гәплерди де қулағымның тусынан қаңғытып жиберип жанталасып атыр



www.ziyouz.com kutubxonasi

едим. Билегиме шарп еткен нәрсени балықтың қалашы ма десем, биреўдиң алақаны екен. Билезикли бир билек билеклигим нен жулқып атыр, алақаным болса, кәйўанының баса-бастан ашылып кеткен сумкасының ишин қармалап жүр. „Уры! Милиция-а!" деп, бажылдаған ҳаялдың билегин силкип жиберип: „қойсаң-ә. Не өзиңдики. Уры — өзиң!" дедим де қайқайдым. Қапыға барғанша: „уста-уста! Анда қашты!" „Ким?" „Кисапыр"! „Еле де қуўайық!" „Тутың-ҳәй!" деген сеслер зәрремди алып барды.

Сыртқа шықсам, Петро жоқ. Жөнлеп излей де алмадым. Жаңағы ҳаялдың биреўлерге ымлап көрсетип атырғанын, бир-еки боксерсымақтың өзимди дийдилеп жүргенин көрип қалдым да, былай қайқайдым. Сәл егленсем биреўлерге тумсығымды уўдырып, шарбазарды урының қызығына қарататуғын түрим бар. Бул қызыққа, әлбетте Назлы да келеди. Мақсеттиң бар тилапты қойып, „қалтаман" болып кеткенин дайым еситсе, асылып өлмегени менен руўҳый өледи. Соны сезген сайын адымды жийилеттим. Артымнан;

— Сен қайда жүрсең, ҳәй?—деген Петроның даўысы шықты. Қолымды алдыма силтеп жибердим:—Жүр былай, тез жүр.

— Кайда жуўырып баратырсаң. Түриң бир түрли

Түсиндирип турыўға ўақыт жоқ еди. Билегинен қысып алдым да асфальт жолдың бойындағы майда таллыққа тарттым. Талдың астына келсек машина мәнзилинде Назлы тур, қасында бағанағы нашар. Ал, анаў офицер болса ишинде чемоданы кеткендей көринген таксийге далбайлап жуўырып жүр. Усы ўақытта маған бир ой келди, сол ойдың келгени мени өмир бойы өкиндиретуғынын билмей қалдым.

Билегинен силкип, Петроны сергиттим де: „Сен анаў қызға бар. —дедим қол шошайтып. Соң анаў жигитти көрсеттим. —Сен де сол офицерди көрсетип," анаў кимиң?" деп сора. Қарақалпақшалап айт, түсинбейди болмаса, умытып қалма;„ анаў кимиң?" деп сора "дедим де еңсесинен ентелетип жибердим. Умытып қалмаў ушын „анав кийимин, анав киймин" деп гүбирлениўи менен солқылдатып кетти. Ол да кетти, туў сыртымнан гүңкилди де сып ете қалды:

— Шериги анда қашты...

— Екеўин қоса тутыў керек...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Милиция қайда, жаным-аў! —деген ҳаялдың куйинишли даўысы маған бәледен кейин көринген жоқ. Ҳүрейленип, артыма қарадым. Еле биреўлерге көрсетип жүр! Енди қайда қашаман Петроның изинен аяңладым, еки көзим таксиге далбақлап жүргенде, артымнан да қәўипим бар. Мүйештен „лып“ етип бурылдым да, спортмагазинге кирип, „Москвич—407“ ге не бар? „деп сорадым көзабаға. Мәгер, изимнен келген болса, мениң уры емес, бай жигит екенимди билсин дедим. Бирақ, қулағым дуканшының:

— Шина бар, головка бар, вкладыш... Не керек еди? —деген сөзинде болғаны менен еки көзим айнаның сыртындағы жол бойында. Әне, Петро барып, қызды бир әжеплендирип алды. Әне, қолын офицерге шошайтып атыр. Қыздың бир нәрселерди айтып, таңланғанына шекем көрип турман. Петро берман қарап жүре бергенде мен дуканшының гәпин дым еситпегенсип, есиктен шықтым да сорадым.

— „Байим говорит“, — деде ол бийпараўлық пенен. Еки дизем уйысып, жүрегим ҳәўлирип баратырғандай еди. Петроны қуўырдақханаға тартып, еки қырлы еки стаканға толтырып куйғыздым да қағып жиберип, бесликти усаттым.

Тағы сыртқа шықтық. Петроның кететуғын түри бар. Енди мениң қасыма, ким болса да, биреў керек еди. "Мен қой аламан, үйге апарыс. Бүгин мен де сениң менен ишемен,“ дедим.

Қой базарға бардық. Еле, бирақ, ойымда қой жоқ, тек арқасын сыйпап өткеним болмаса, арық-семизин сезип атырғаным жоқ. Назлыны шынтлап сүйетуғынымды жаңа сезингендеймен. Мениң мына жақсы „чутьем„ усы ўақытқа шекем неге соны сезбеген! Өзимнен өзим қыйналдым, қыйналдым. Өзимди өзим жеп жүрмен, шар базар болмаса, жылап алыўдан да қайтпас едим деп шамаладым. Мен өзимди баяғы Нурнияз атаўдағындай қырғаўылы түскеннен кейин қусын ушырған, кешигип ушырған аңқаў қусшыға, гә қолынан жүзиги кеткен Сулайманға мегзеттим, „Жаў кеткен соң қылышыңды тасқа шап“. Енди кимге кереги бар еди мендеги мухаббеттиң...

Бир дәлдалшы ойымды болип жиберди: —Нешелиги керек, бала?

— Бәри бир, семиз бөлса, болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бери кел онда, —деп билегимнен тарта бергенде:

— Мақсет, —деген сес шықты артымнан. Тағы қашып кетиўге болмайтуғын еди, себеби, бул дайымның сести еди: — Бери кел, балам...

— Ал, ақшасы тойыңа буйырғай,— деп бир киси қолын босатпай атыр екен. Ғарры ақшалы қолын тартып алып, сақал сыйпады:

— Әўмийин, —деди, маған қолын созып атырып.— Муратжанның тойына буйырса...

— Буйыратуғын болды, дайы,— дедим еки қойды сүйрелеклеп баратырған қарыйдардан көзимди тайдыра берип. Ғарры шүберекке пулын орап атырып: „мынаў қай бала, шәпкиси жымпыйып пайытлап жүрген жоқ па?„ дедим Петроны ийеги менен нусқап.

— Бизиң менен бирге ислейтуғын бала...

— Баўрәкәллә, тойға буйыратуғын болды дедиңаў, жаңа. Аўзыңа май, шырағым. Жүр, тығылыстан былайлырақ шығып айт. Бир нәрсениң рети табылды ма?— деди көпшилектен шығып баратырып. Мен ҳеш нәрсе деген жоқпан. Биз дийўалдаң түбине келдик. Ғарры жүресине отырып:

— Муратжан аман ба? Күнде жолыңызға көз тигемен, —деди, —Бундай ҳем безбүйрек болады екен. Анаў еки бала сағынып, өлип баратыр. Кәсаға шәмбе түссе, „әжағамлар келеди,„ десип жолға қарасып жүргени. Кемпир болса, бүгин оң қолым тартты, дейди. Ол пахырдың қабағының тартқаны да, қолының тартқаны да ада болмайды. Кунде „көрисемен“ дейди...

— Қол тиймей атыр, Ҳүкиметтиң саатлы жумысы...

— Ҳаўўадағы. Саў болсаңыз болар, шырақларым, —деп, селдир сақалларын таррашлады. —Үйиңизди табыў уўайым болып киятыр, еди. Анаў Азаттан мәкан жайыңызды қағазға түртип жиберипсең ғой. Бешпентти жуўғанда анаў мәжгүн қалтасын қарамапты. Енди мына сүўретке түсиретуғынлардан сорарман деп киятыр едим. Түргел, үйине басла. Барып, маўқымызды басқанша сөйлесе берермиз...

— Әдеп, бир қой алайық, дайы...

— Уай-буўў! Балам-ай, қазынаның жайында қой асырагпайды деген соң ҳәзир ғана балықтай семиз бес қойды ийт муты ысырдымғо! Жайына немеўринге пулын-ақ апарарман „деп едим, болмаса, сирә маған пулдың кереги жоқ, қой сатып не қыламан?— Басын



www.ziyouz.com kutubxonasi

шайқады:— Әнтеклик еткен екенмен. Ал, енди қойды не қыласыз? Муратжанның тойына болса, сизлер кетиўден-ақ совхоздың бир арық өгизин алып, ҳәзир пилдей етип қойыппан, не қыласыз-қойды?

— Керек, дайы, сизлерди шақыра жақпыз...

— Жақ, биз қойды күнде жеп атырмыз. Аўыл-ел менен тойға келгенде жермиз. Жаңа айтттың ғой. аўызыңнан айналайын, „тойға буйырайын деп атыр“ деп. Әне сол тойды...

— Той болып кетти, дайы...

— Ҳаҳ?! Не той?!

— Келинли болдың, дайы, шүйиншини мына Петроға берегой.

Ол биразға шекем гәп шашпады. Бирресе, сақалын тутамлады, бирресе қара шөгирмесин басып кийди, бирресе ата сақалын жалмады. Бирли ярым ақ қылаў араласқан өсик қаслары тикрейип, жыйырылды да:

— Сөйтип той берди, десе?!— деди бетиме едирейип қарап. —Ал, енди бизлер қайда қалдық?

— Жай тар болды, сизлерди енди шақырақшы...

— Қоңсы —қобаныз қырылып қалған жөқпеди? Адам келди ме сирә?

— Үш- төрт жай толды ғой...

— Сонда сонша адам сыйған жай, ала-билә маған тарлық етти ме?! Тур жоқ бол, алдымнан ! Түринди бабалы! көрсин! Кет деймен, енди, кет, мени қыздыра берме...

— Қойып тур, дайы өзиңди бас...

— Қоймайман, қоймайман.—Басын шайқады:— ҳә, ықыласым урғырлар—ә!

— Дайы...

— Әкеңиздиң жоғында, шешениздиң жөғында дайы едим мен. Енди керек емеспен. Кет..— қоржынын қолтықлап, орынынан турыў менен бола берди. Қолтығына жабысқаным, қағып жиберип, бежирейип қарады:

— Айт, анаў бийталап сүўретшиңе! Енди қайтып есигимди атламасын. Жалғыз туўысқаным тири болғанда сөйтермеди. Кет бар, бараман да үйге даўыс шығарып киремен. Ели-журтты жыйнайман да жаңағы бәддуўаға ушырап сүўретши болған суў мурынның ас-абатын берип жиберемен. „Өгизди тойына бағып отыр едим, асына буйырды“ деп жылайман халыққа. Кет енди, кет дегенде, ерме изиме...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен усы бир бийсәҳәт базарға өмиримше нәлет айтаман. Орайға салпаўсып қайттық. Сөйлеспедик. Петро„ байим“ деген не?„ деп сорады.“ Мужж!“ деп, тужырып тасладым. Қайтып ол ҳеш нәрсе демеди. Әллен ўақыттан соң: „қой алмадың?“ деди. Енди маған қойдың да муҳаббетгин де кереги жоқ еди. Егер анаў жемпирди алып, Назлыға деген тунғыш муҳаббетимди гөне мыйықтай суўырып таслап, мени жеңиллететуғын биреў болса, олла он күн ҳежетханасын тазалап берер едим, тап анаў күнги ресторанның хәжетханасын тазалағандай, олла, он күн ҳәжетханасын тазалап берер едим!

Ресторан... Ҳаўўа, биз ресторанда отыр едик. Сыртқы кийимлеримди орныма болған швейцар ғаррыға бердим, жемпир де сонда. Петро мени жүдә жақсы көрип отыр, оны да сеземен, билесиз ғой, бизиң„ чуть оны“ Бир-еки мәртебе Динаға барып, ҳәзиллесип қайттым. Арақ кеўилимди көтерген еди мениң. Директор апайды кабинетинде уўылжытып сүйдим. Бир қазақ шайырының:

„Ким екен, осы арақты жаман деген.„
Жүрмей ме тилин тыйып адам деген,

„қосығын қолларымды сермеп турып, айтып бердим. Креслоға көмилип отырып: “не болары болды енди, азанда үйге бар, адрес мынаў, — деп ийрек-ийрек етип жазып бердым:— Пулынды алып кет, болмаса, телевизор алып қоямыз„ деп, жалына бердим, жалына бердим: „Барсаң, өмиримше жақсылығыңды умытпайман, бармасаң, ыразы емеспен,“ дедим. „Мына Динаны маған алып бер, енди маған кимди алғанда не, алып бер , апа?“ деп жалындым. „Қайт,“ деди, қайтпадым. Шығып баратырып, буфеттеги Динаның қолын сүйипсүйип, жылап турып сүйип, орныма барып отырдым. Тағы заказ эттим, таныс официанткаларға „қайиниңизден сарқыт, бөлисип ишиң,“ деп, шампан алдырып бердим, „Ақ жорғаны тусаўы менен әкелиң, тусаўын өзим жаздыраман“ дедим. Сазанделерди бармағымнын ушы менен шақырып аламандағы, бир рюмканы қақтырып, бир сомды бармағына қыстырып жиберемен: „Адыңнан“ ды шертиң“, деймен. Қалалы жерде пул көп болса, несин айтасаң. Сазенделер де, гүйенделер де бәри сениң хызметинде. Дина келип, „Қайт“ деп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қулағыма сыбырлап атыр еди, бығырлатып сүйе жазлағанымда зорға сытылып қашты. Сазанделер төртеў еди, бири бирине усас, тап сондай сазенделер сегиз, базда он еки... бармағымды шошайтып, санайын десем, жыбырлап кете береди. Бир ўақытта бақырып, қосық айтып жүргенимди, бир-еки милицияның кирип киятырғанын билемен. Аржағын сизлерге айта алмайман, ағайинлер. Неге дейсиз бе, неге екени солай, аржағының не болғанын озим де билмеймен. Соның ушын, тағы қайтып, „чутьем" ның иске қосылған жеринен айта берейин.

„Чутье" мниң электрон машинасындай иске қосылған- қосылмағанын билместен алдын, басымнын зырқылдап аўырып, сүйекпе сүйегимниң лапсып қызып атырғанын билдим. Үйдиң иши ымырт таргып тур екен, шыра жанбапты. Тилим таңлайыма жабысып атырғанлықтан: „Мурат" деп бақырдым. Ҳеш ким сес бермеди. Рейимсиз адамлар булар! Мениң басымның көтертпей атырғанынан хабары жоқ, бир сарқум суў бергенде не қылады, усы ўақытта балық болып кетким, я суўға мантығып өлгим келип атыр еди. Тилесең, ҳеш нәрсе жоқ, „қудай„ өлимин де бермейди, бул дүньяның ҳақынан пайынды жулып алып шықпассаң шыға алмайсаң. Ишимнен тоңқылданып, үйдиң ишине көз жуўырттым: бизиң үй емес. қаўсырмалы қалайы кәтимди сыйпап көрсем, жақ, ағаш кәт, диван кәт... Қапелимде көзиме милициялар елеследи: Мениң „Чутьем" буларды ресторанда көргенлигимди есиме салып қойды, ресторанға барғанымды да сон есиме түсирдим „Вытрезвитель деген бар дейтуғын еди, ол усындай болатуғын болса, мынадай етип, гилем дорожка гөсеп қоятуғын болса, патшалық ғой".— деп үйди тағы көзден кешире бергеним, қарашығым Динаның сүўретиниң тусында дирилдеди.

Жайдың иши еле тым-тырыс, ҳеш ким жоқ. Түргелип, кәттен аяғымды салбыратып отырдым. Дөңгелек столдың үстинде ораған қағазларым қопырап, кешеги жемпир жатыр. Мен бунын төрги өжире екенин билдим. Бурын бир-еки келгеним бар, онда қыздың аўыздағы өжиресинде отырып кетип едик, Петро-да бар еди. „Үйге кетиўим керек еди, күтип отырған шығар, қараңғы түсип қалды-аў" деген ой менен қалдаўрап барып. пердени түрсем, таң жаңа атып киятырған екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мениң суў ишким келди. Аяғымның астына пәкизе зернағыслы тапочкасын қойып кетипти. Соны кийип алдым, аўыздағы жайда қыз бала жалаң аяқ жүргенимди көрип қойса уят ғой, шалбарымды да кийип „для приличия“ деп қойдым ишимнен. Барып есикти ийтерсем, тас қамал. Әдеп шерттим, соң қақтым,кейин, қатты-қатты қақтым. Сес жоқ. Сөйтип келип, тағы жаттым. Мийим айналып атыр ма, уйқылап атырман ба, билмеймен, сирә, уйқыласам керек-аў... Себеби, есикке гилитгиң салынғанын. ашылғанын биле бермеймен ғой.

— Мақсет, жуўын, —деди өлпең даўыс. Көрпени ашып, Динаға қарадым. Уялып қарадым. Кеширим сораўдың да есабын таппадым. Қыз бундай ҳәдийсеге ҳеш таңланбаған адамдай:

— Аяғыңды муздай суўға жуўып ал, —деди лагенди тутып. —Жаныпатырған шығар. Бол-бол, бүйтип жатқаның менен келе болмайсаң,— деп, аяқ ушымнан көрпемди серпип таслады. Мен жуўына басладым, ол суў қуйып тур. Ана тәрбиясын көрмей өскен адамман ғой, мынаў минәсибет маған дым жыллы тийип баратыр. Лагенге салбырап турған өримин бир қолым менән әсте артына таслап жибердим. Қыз уялғансып, қысынғансып, үнсиз күлди де қойды. Мениң көзиме баяғы бир „Қолтың көл“ ден шығып баратырған суў перисиниң тақ өрими елеследи, әнейдей болып елеследи, әдиран Назлы болып елеследи! Енди ол маған жоқ еди.

— Бағана суў ишейин десем, илик, суўды берши?

— Ашшы етип, көк чай демлеп қойыппан,— деп қуманды қашырды. —Жүрегиңди алады...

— Бизде алынатуғын жүрек қалған жоқ,— деп күлдим мен. —Бағана неге ашпадың? Корықтың ба?

— Мен Флора менён жатып келдим. Петро да түни менен ийттей улып шықты. Бети—қолыңды усы жерде жуўасаң ба, сабын, сүлги умывальнаяда. Басыңды жуў, жақсы болады...

— Умывальнаяда жуўынып атырғанымда тис четка менен паста әкелип берди: —Четканы өзин жуўып аларсан...

—Жуўмайман,—деп мыйық тартқан болдым. Күлген жоқ,—„өзиң бил деп, шығып кетти. Жуўынып-артынып, таранып, келсем, дәстүрхан жасап атырған екен. Алма, апелсин, бәри бар. Нәҳән көк чайнектиң үстине сүлги



www.ziyouz.com kutubxonasi

жаўып қойыпты. Гүрсини қолайластырып қойып атырып:

— Турышлы, борщ писирип қойыппан,— деди.— Әкеле берийин бе? Я алдында чай ишип аласаң ба?

— Сен өйтип мени көп әлпешлей, берме, қутыла алмай басың бәлеге қалар, —дедим де чайды қайтара бердим. Әйне усы ўақытта Петро кирип келди. Еки көзи бир жерде турар емес, столдың үстинен бир нәрсени жоқлағандай тинтинип баратыр. Уялған тек тура ма:

— Мен сени кетип қалған шығар деп едим...

— Енди, кетпеймен, Петка,— дедим күлип, өтирик күлдим.—Бизди қутлықласаң болады, мынаў келиншегим. Таныстырайын ба...

— Кәне аўхатыңызды ишиң де қайқайың, —деди ашыўлангансып, Дина. Бирақ, жорта ашыўлангансып турғанын билип қойдық. Ол оңашада күлип алыў ушын кухняға қашып кетти. Петро қулағыма сыбырлады: „менде бир сом бар, бас деген во болады,“

— Во болады-ы! —дедим мен таңланып, Во болама?!

— Неўе? —Дина кирип келди. Петроның алдына ләкки толы борщты қойды:— Мени не деп жаманласып атырсызлар?

— Жаманласып атырған жоқпыз. Жақсы қызды да жаманлай ма екен? „Бас деген во болады,“ деп атыр...

— Қойсаә енди,— деп сыпайысынды көк көзи күлип. — Сен айт-айтпасаң да Диночка жақсы түсинеди, уялып, маған сорагып отырсаң...

Чайды еки касаға суўытып қотардым да борщ ише басладым.

— Сизлер енди ерли-зайыплығыңызды жуўмайсызлар ма?— деп қылқылдады Петро.—Что то не хватает...

„Енди маған Назлы жоқ, усыннан артық қыз ала аламан ба, квартира бар, бәри бар. Сулыў десе, сулыўў. Дайым бизди сирә жолатпайды. жүре беремен бе“ суў перисинин қолына қарап?“

— Что то нехватает? Сизлер жумысқа бармайсызлар ма?! —деп таңланды Дина. Петро енди жалына баслады.“ Жүз грамм ҳеш нәрсе қылмайды, бас дүзелмесе, гербиш дүзелмейди, қынсық өрилип кетеди„ деп атыр өтирикли-ырաслы күлип. Дина буфетинен бир лимон, бир графин алып келди, еки рюмкасы да бар. Графиндеги қызарып турғанға:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Үлкенирек стакан жоқ па?—дедим. Виноны отыра ма мысқыллап. Бар үлкенин әкел, —дедим көп жыллық күйеўдиң ролине өтирик болса да киринкиреп. Ол маған таңланыңқырап қарады. Мен күлип жибердим. Ол азмаз қызарыңқырады:—Әкел бар, —дедим тағы да: —ҳаял деген ерине еки айттырмас болар...

— Коняк дегенди қырлы стакан менен ишпес болар, —деди Дина да әжепленип. Мен оны оннан бетер әжеплендирдим. Орысшалап:

— Сен маған, Диночка қосылайық дейсең.—дедим басымды қысып.—Қойып тур-шы, мен бир ойланып алайын...

Қыз өрре турды, мен күле бердим. Билемен, Петро „конягин алып кете ме?" деп, қорқып отыр. Жалынады:

— Отырса, Дина. ҳәзилге түсинбейсең бе?

Кыз жаңа жуўасып отыра бергенде: „Чемоданды көтерип, келгенде көр, —дедим ырас гәпке усатып.— —Сонда көресен ҳәзилдиң үлкенин,"

Ашыўланып жеңе алмайтуғынын билди ме, Дина да күлди.

Биз бир рюмкадан кейин де „тормозды" баса алмай қалдық, екиншисинен де кетти. Тортиншисине қарағанда кешеги мәслигим қайтадан „востоновить" етилип, Динаның қолын сүйе бердим, сүйе бердим,

— Бүйтип ише берме, —деди қыз салдамлы сөйлеп: —Арақ жаман...

— „Ким екен осы арақты жаман деген...

Жүрмей ме, тилин тыйып адам деген" депти ғой, бир ақын. Маған измена болды, панимаешь. Дина?!— деп лепирдим. Ҳеш нәрсени анықлап билмесе де Петро басын шулғынып: „да-а¡" деп атыр, „горе!" деп атыр.

Соң-соң билдик. Бул ғана мийнетли қыз ақшам милициялардың қолынан Петроны: „Мынаў қонысым," бизди: „мынаў күйеўим, екеўин де өзим әкетемен. Жәрдем етемен десеңиз, ҳәзир, мине, жумыс питти, машинаңыз бенен үйге апарып таслаң" деп әкелген екен. Бурыннан бирге ислескен адамлардың қәдири бар ма?! Петроны милициялар Флораға тапсырыптыдағы, иймансы жүзлилеў биреўи Динаны аяп, мени шешиндирисип, кәтке жатқарысып, машинасын ходлапты да кетип қалыпты.„ Флора көп сөзлилеў еди, тәрип таратып жиберер„ деп қорқыпты да, басқаның емес, тап соның



www.ziyouz.com kutubxonasi

төсегине барып жатыпты. Петроның еки аяғынан екеўи сүйреп, мына жақтағы өжиресине апарып, үсгине гөне көрпеше жаўып таслапты да өзлери иштен илип жатыпты. Енди, сөйтип жақсылық ислеген адам, бизлерден қутыла алмай отыр. Саат онда ресторан ашылыўы керек. Тоғыз болып қалды. Оның қайта-қайта саатқа қарай бергенинен асығып отырғанын „чутьем“ менен билип алдымдағы, шапшып, орынымнан турдым да алғысты айтып-айтып, Петроны енгелеклетип-тентелеклетип, төменги этажға түсирдим.

Бизлердиң ҳеш қайсымыз да усы ҳалатта алжылы-булжылы сөйлемейтуғын, қыйсаңлап, табаны жерге қыйсық түспейтуғын жигитлер едик. Аўыздан ийис шыға ма, шықпай ма, о жағын билмеймен. Бирақ, кейиплер шағында, Петро: „искрабермей қалдыаў, жаман аккумулятордай,—деп, өкинип киятыр.—Жумыс болмағанда, менде бир сом бар-аў!...

Бригадир маған әжепленип қарады да:

— Сүўретке түсиўге келдиң бе, жумыс кийим қайда?—деди. —Әри, ярым саат кеш келип турсыз. Америкада бес минут ушын истен айдап жибереди.

Мен пянь болып жалына қойсам, адам шыдатпайман, өтирикти де уқшатып жиберемен:

— Ақшам мына Петро... туўылған күнине зияпат берип еди. Үйге бара алмай қалдым. Вуның кийими маған тар...

— Бар, кийинип қайт!

— Ислей беремен, —дедим мен. —Четкаласаң. кетип қалады.

Түске шекем өлип шыдастым. Бир диңкесизлик бар, неден екенин билмеймен, екеўимиз де терлей беремиз, терлей беремиз. Өрип атырғанимыз төртинши этаж. Самал арқадан, өкпе тусымыздан урып тур. Бригадир көпти көрген адам еди:

— Мына аўҳалларыңыз бизиң бастан кешкен, тентеклер, —деди мениң арқамнан қағып.— Түстен кейин иске келмей-ақ қойың. Терлеп турып, бирден суўысаңыз жатып қаласыз. Есабын тапсаңыз, ыссы ваннаға түсип бурышлы сорпа ишип алың...

Солай етип, түстен кейин келмейтуғын болып қайттық. Көшенин күн шығар жағындағы асхананы бизлер „Голубой Дунай“ десетуғын едик. Соған келип, бир шийше вино иштик те тарқастық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйге жақынлаған сайын, үлкен бир тергеў күтип турғандай кейпим қаша берди. Бүгин„ суў периси"ниң үйде болатуғынын билемен. Мурат рекламбюроның мастерскойында ислесе де, базда жумысын үйге әкелип ислей қояды. Тилегим-Мурат болмағай еди. Айттым ғой, „қудай" да бизиң аўылдағы Сапарбай тирсектей қырсық. Оннан „бер" деп сорасаң, сорамағаныңды береди, сонлықтан, еки нәрсениң ишинен өзиңниң қәлегениңди сорамай, анаў қәлемегениңди сораўын керек Сонда қәлегенин қолыңа тийеди. Мен қәләгенимди сорап едим, ҳәкисине, Мурат үйде болып шықты. Есиктен кирип барғанымда генерал корген солдаттай столдың еки жағынан екеўи бирден өрре турысты. Мураттың көзи шатынап сала берди. Еки жағының булшық етиниң билеўленип шығып кеткенинен оның тисленип турғанын „чутьем" менен абайладым „Суў периси" сурланған. Сулыў адамның сурланғаны жаман болады екен. Пулды екеўиниң ортасына зыңғытып жибердим де мастерскойға кирип кеттим:

— Отыз манаты жоқ,— деген периштениң гүнкилдиси еситилди.

— Қайда жүрген екен, бул! Кел бала, бери.„

Еситпегенсип, арқайын шешинип атырғанымда есик қағылды да, „Елмуратов Мақсет дегендики усы ма?" деген сес етитилди. Төбемнен муздай суў қуйып жибергендей болды. Апайдың, директор апай-ше, соның сести еди. Ақшамғыларым көзиме елеследи: „ертең бармасаң болмайды, пул саўылып кетеди..." деген сеслеримди өзим еситип турғандай болдым. Айнадан секирип қашыўға, бул қыс айы, әри 3-этаждан секирсең, қаша алмай қаласаң. Көйлекшең, аўыздағы өжирееге шығып:

— Сәлем бердик,— дедим ҳәм гүрси қойыўға қолайластым :— Бизиң ресторанымыздың директоры,— деп таныстырдим Мирочкаға. Мурат пенен исим болған жоқ, ҳаялының бети берман қараса, ол соның қолындағы аяғына жип тағылған бир таўық. Мирочка бирден жадырап-

— Ҳ-а, —деди. —Бизиң баланың бурынғы директорыман дениз. Отырың. отырың. Ҳәзир чай қойып жиберемен. шешинсеңиз-ше, қудай-аў. —деп, жалбырақлай қалды. Бул жалбырақлағанға Муратта епелеклеп атыр:—Пальтоныңызды шешиң, өзим қыстырып қояйы...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мирочканың неге жалбырақлап атырғанын мен сезип қойдым. Бизди еплестирип, ресторанға қайтадан киргизе, тапқан-тупқанның бәри бурынғыша „суў periси“нин салтанатына жумсалып кеге бере жақ. Биз дәстурханланып келип тура жақпыз „ Түсинди Юсип пайғамбер жорысын.“

Апай шешинип, жайласып отырып алды. Чай да әкелинди. Гәп те басланды. Апайдың гәпине қарағанда бурын дым жақсы ислеп атырған бала екенбиз. Аспазлыққа өткерейин деп атыр екен. Биреудиң гәпине ылыққанбыз ба, бузылғанбыз. Бул жумысты арсынып кетип, барып, ресторанның ҳәжетханасын машинанын гегирдеги менен тазалағанбыз. Апайдың сонда қатты намысы келип кетипти. Үйге буфетши қызды „келсин“ деп жиберген екен, балалыққа салып бармай қалыппыз...

— Адам жиберип шақыртқаныңыздан нәрсе хабарымыз жоқ. —деди Мирочка.— Болмаса, урысып-кейип, апаратуғын едик. Әнейдей. усти-басыда тап-таза болып турып еди. Еле де бара қойса...

— Адам алып қойдық ғой, —деди апай өкинишли. Мурат үнсиз тыңлап отыр. Апай жеңгемизди тағы үмитлендирди:— Бирақ, кухнядан орын табыўға болады. Билесиз ғой, аспаз дегеннен мин табыў аңсат. Жағасы зәрре кир болса да акт дүзип... Оған қайыл болмаса, буфет...

— Бармайман, апай. —деп гәпти бөлдим де басымды шайқадым.—Буфеттеги ислеп атырған қыз бизди жырып жибереди.

— Қой-шы, әбден милициядан қутқарды деп, әширепи ете берме.

— Милиция?!—Мурат столға ентерилди:—не милиция?.

— Ақшам тас болмаса алып кете жазлады ғой,— —деп еки алақанын еки жаққа жайды апай.—Еле айтқан жоқ па?.

— Кеше азанда кеткеннен көрип отырғанымыз усы.

— Ҳа, —деп бармағын шошаңлатты апай күлип:— Әйтеўир, бизиң буфетши қызды айтқанға..

— Сизлер бул кисиден бес жүз манат ақша қарыздарсыз,—дедим ағам менен жеңгеме алмагезек, қарап алып: —Соны сорап келип отыр, түсиндиңиз бе?! —Мирочка шоршып түсти:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қашан алынып, қайда саўылып жүр, шырағым-аў!

—Үш жүз манаты анаў қолыңыздағы бирилиант қаслы жүзикте. Еки жүз манатын бул кисиден сораң,— —дедим де орнымнан турдым. Мастерскойға барып, тасыр-тусыр, жумыс кийимимди кийип шықтым да сыртқы қапыны сарта жаўып кеттим...

Кешқурын үлкен бир жәнжел болып берди. Мен кеткеннен соңғы сөзлер салқын тарта баслаптыдағы, бир қызып алса тегинликте басылмайтуғын апай бизиң үйине қонып шыққанымыздан баслап, кешеги ҳәдийсеге шекем нәрсесин қалдырмай айтыпберипти. Жалғыз: иниңе тыйыў бере алмасаң, өл!—депти Муратқа—Тап,усы сениң менен ерегисип, тийип алайын ба?! Ҳә?„! деп доқ урыпты." Ақшамды бермесең шықпайман, табырайып отырғаным отырған,„ депти. Жағдай-пағдайға қарамапты· Жылапты.„Мен бахты қара адамман, мени адамлар тынышыма қоймайды, тәғдирдиң маған тарттырып қойған сазайы аз ба? Бул журт мениң бул күнимди де көп көреди," деп өзин өзи мушлапты. Телевизордың ақшасын сумкасына салыпты да„ суў перинин„ қолындағы жүзикти жулып әкетипти. Қарап кетпей:„тийер байыңа тийдиң. Енди саған жасаныўдың не кереги бар? Жеп-жеп, Малтабарды тыйтығына таяғаның азбеди!" деп кетипти. Жәнжелдиң уйтқысы усы гәплер еди, Малтабардың атын еситкенде мен әжеп тәўир болдым. Мирочка сурланды, бетин басты:

— Сөйдеди-аў маған, шерменде!— деп жылады,— — Апамның мурындық баласын, Малтабар ағаны айтамандағы, соны бизге таңып кетти, ол шерменде. Өйппей, журтқа не бетим менен қарайман.

— Көп аўыз көп сөйлейди, жыламаса,—деп қыйылады Мурат. Косылып, өзи де жылайын деп отыр. Ол жубанбаған сайын қалайыдай көзлерин маған ақыйта береди: —Бәри сеннен!— дейди маған. Мен өзине қайтараман гәпти;

— Өзиңнен... Мени не деп әкелдиң? Өмирден орныңды тап дедиң. Орыным усы сениң үйиң менен ресторанбеди?...

Сол күннен баслап, өзимди тағы бул үйдеги аўысық адамдай сезе басладым, түни менен ойланаман. Үйде еле „холодная война-а.. .·



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйде еле „холодная война-а...„ Ерли зайыплылар расындағы аўҳал күннен кунге сеңдей сиреседи. Бир түп айғабағар еле шығысқа телмирер едидағы, бирақ қуяш ашыға қоймас еди...

Мурат тағы бир сүўрет баслады:

Барлық арзыў-әрманы алқызыл шуғла менен бирге семип баратырған жалғыз түп мүңлы айғабағар сол жақсы үмитлери менен ыразыласып атырғандай батып баратырған қуяшқа басын ийип турар еди...

— Қуяш шықпай атырып батқаны ма, анаў сүўретте шыққан жоқ еди, —деймен мен.— Сирә бир, жарқыратпадың ғой, қуяшты ..

— Жарқырамаса кәйгейин, иним, —дейди Мурат гүрсинип. Тутанбай сөнген муҳаббет те, туўылмай өлген бала да шықпай батқан қуяштай. Лийкин айғабағар, еле үмитли. Бүгинниң ертеңи бар. Түбинде қуяш бир шығар...

Күни кешеге шекем күнлер усындай кеўилсиз өтип келди. Күни кеше тағы бир жәнжел болды. Үйге еки атлы келипти. „Меңлибайман ,Ертеңнен арғы күни той болатуғын еди. Соған мынаў шабылатуғын атларды күни бурын жеткерип турғанымыз. Инишеклер қайда?„

Мирочка рекламбюроның адресин силтепти де есикти илип қалыпты, Меңлибай сыпайылығыңды не қылсын. Дуппа-дуўры исинип барыпты да:

— Ҳаялың ийт екен. Ҳаял емес, есигиңе қабаўық бир қаншық байлапсаң,—депти Муратты былай шығарып. —Мен үйиңе қонйўға барған жоқпан. Комхоздың ат қорасы жоғын билмейтуғындай ақмақ емеспеи. Дайың„ тарығып отырған шығар“ деп үш жүз елиў манат пул берип жиберди. Мә, ал мына аманатыңды,—депти де алдына шашып кетипти.

Кеште руҳый езилип қайтқан Мурат, тисленип:

— Сен усы мени мына адамлардың бетине қарагасаң ба, жоқ па?!—деп, столды мушлады. Ҳаялы күле берди, күле берди, күле берди:„ Бул күниңе де шүкир ет,— деп күлди. Ермеклеп күлди:—Сен ертекти билесең бе, периге адамзат ашық болса қыйын болады. Буны маған Малтабар ағай айтып берген. Ол сеннен шешен. Сол айтады: пери перилигине барып, ушып



www.ziyouz.com kutubxonasi

кетедидағы, адамзат, мың айтсаң да ҳәжетханаға барып, патасланатуғын адамзат перige айнала алмай, ашығың сағынып, ақыры асылып өледи екен. Түсиндиң бе, ўаҳа —ҳахаххххаааа....

Орнынан өрре турған Мурат столдың үстиндеги пышақты алды да дийўалдағы „Шомылып атырған суў перисин" тилкимлеп-тилкимлеп таслады.

— Сен пери емессең,—дедим мен Мирочкаға.—Сен... албаслы, жезтырнақсаң. Сен сулыў емессең, сениң ишиң сасық. көкирегиң бузық...

Мурат мени есиктен түйгишлеп-түйгишлеп шығарып жиберди:

— Бар. бизиң исимизге араласпа!

Кете бердим. Баратуғын жерим, бататуғын көлим жоқ еди мениң. Жумыстан келип турған бойым да сол еди. Үстимдеги жумыс кийимим де әбеший. Сол ақшам сыртымнан қулпыртып, тағы Динаникинде түнеп шықтым.

Ертеңине кешқурын Мураттың өзи ис басына барып, мени ертип әкетти: „Бала болма, жеңгеңнен кеширим сора, ҳасыл адам. Оны сыйламағаның бизди сыйламағаның болады,— деди. Мың айтқан менен де жасы үлкен ғой, кеширим сораған менен мен киширейемең бе, сорадым.

Мурат сүўретин салып, қала бердидағы, биз екеўимизди сыландырып—сыйпаландырып, киноға жиберди. Биз булкәрада Малтабар аға менен жолығысып қалдық. Мирочкасының бизге женгей болғанынан хабары жоқ екен. Ата-анасына айтпай, қашып кеткенине өкпеледи, „сеннен, қарындасым, үмитим көп еди," деп налынды.

„Бәриңиздиң де еле кеўилиңизди табамыз, ҳәзирше, өкпени қоя турың, Малтабар аға„, деп жалындым мен. Соның менен киноға кирип кеттик. Еле ертелеў еди. Малтабар аға, қәдимги сақыйлығына салып, буфетке баслап барды да Мирочкаға қызыл лента менен таңылған бир коробка шоколад әперди, ал, екеўимиз болсақ „мужской разговор болсын ғошшым" деген соң бир шампанды қотарып салдық.

Кинода Мирочка екеўимиздиң ортамызда қызыл гүлдей болып отырды.

Малтабар аға, шамасы, жаман жигит болмады. Дүнирейип, доғал мүйештей болып көринетуғыны, қә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

димги. сырттан қарағанға шығар. Театрдан шыққаннан соң: „қала дегенде хулиган көп. Сулыў қызлар менен түнде жүриў апасный, өзим апарын таслаймаи„, деп, таксий тутты.

Есиктиң алдына шекем мен қысынып кетдим, үйдиң дәстурханы өзиме мәлим. Қала берди, бул қуда тәрепинен,„ нан аўыз тий" демесең, қарақалпақшылыққа жатпайды.

Таксиден бизлер түссек те Мәкең түспеди: „Усы такси менен барып қалайын", деди. Мирочка еркелене қолтығынан тартты:

— Ресторанның жулпысының гәпине ерип, күйеўим ашыўланып жүр. Барып, апамның мурындық баласы екенлигиңе исендирип кетесең,— деди,

— Олай болмағанда да нан аўыз тийип шығыўыныз керек ғой,—дедим.

Қыйналып түсип, „бир саат күт" деди таксистке, Оның заказы бар екен. Кетип қалды.

Муратты мастерскойынан шығарып алдық. Мирочка баладай:

— Билесең бе, —деди еркелене күлип: —Ким келди? Малтабар ағам, —деп таныстырды Мураттың жуўабын күтпестен-ақ; —Мынаў, күйеў балаң, Муратчик. Мына тентекти, еки бастан, өзиң таныйды екенсең, —деди де бирин бирине жанастырып жиберди. Мурат қысынып атыр:

— Усындай қайнағамызды да хабар-атарсыз...

— Кысынба, Мурат достым дей берейик, қатар шығармыз. Жол үсти бурылдым. Наныңды екел, ҳе қыз...

— Жә-жә. енди болмайды. —деп атыр Мурат.— Мирочканың төркининен келген биринши адамсыз, ақыры. Мирочка, сен Мақсетти қараўылға жуўырт.

Бир онлықты қысымлап, биз қараўылға жуўырып кеттик. Еки қалтамды томпайтын келсем, қашшан дәстүрханға писетимиздеги барымыз төгилип қалған. Мирочка диңкилдеп хызмет етип жүр.

Арақ қуйылды. Ишпедим. Қонағымыз: „бул бәле өзимиз бенен кетсин, жас бала ғой, үйретпейик", деп, төрели гәп айтты. Мәкең өзиниң өгиздей тартатуғыны менен турмай, заманласына иштириўге де шебер екен, Мийригүлди еркелетиўге оннан да шебер. Саўдырақ, әңгимешил. Мына институтты питкерипти. Мийригүллерди де оқытыпты



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мынаў ерке қыз, қарындасымыз ғой, енди,— —дейди. —Айтқанымды жақсы тыңлайтуғын еди. Гәп қайырмайды, еркелесе де үйинде еркелейди...

— Сениң берген сабағың өмиримше есимнен шықпайды, —деп мақтайды оны Мирочка еркелене сөйлеп. —Ондай етип, маған ҳеш ким сабақ берген емес...

— Сөйтип жүргенимде, бир оңбаған қыз қашып кетип, жаласы бизге қалды, —деп өкинеди Малтабар. Соң саўда хызметине өтипти, райпоға баслык болған жылларын ҳәўес пенен еслейди. Сон бизиң буфетте ислегенин айтады. Бул жерден жумыстан шығып кеткенин, ҳаялының кеўилинен шықпағанын, ажырасқанын айтып, налынады. „Дәўлет қайтайын десе, демде, гүрлеген баслық едим, оннан да айрылдық, „ат қартайса, дийўанаға туседи“ деген. Ҳәзир утелсырьяда складшыман“, деп, үҳ, тартады; „Алып жибер, дәртти басайық, достым“ дейди. Сөйтип, екеўи „шақ“ еттирип, алып жибереди.

Жүз грамм арақ келсе, жүз аўыз гәп келди деп билe бериң. Кақаман суўықтың алдымызда екенлиги де, Мирочкаға, жақсы шуба табылмай атырғаны да гәп болып атыр. Малтабар аға:

— Оның неси қыйын?!—деп таңланады. —Мен Тақыятастағы складқа ертип апараман да кийдирип жиберемен. Баслық ўақыттағы жора-жолдас, арттырған абырай еле баспүкил төгилип болған жоқ...

— Соны бир питкерсең, жақсылығыңды өле өлгенше умытпас едик,—дейди Мурат. „Оның дым қыйыны жоқ, Мийригүл басқа адам ба, буған сен қурлым мениң де жаным ашыйди. Бул тоңса, бизиң тоңғанымыз. Сен ойтип жалына бермей-ақ қой, алып жибер! „деп тынышландырады Малтабар. Мирочка:

— Уәдени умытпағайлы-ы, —деп, еркелене күлип бармағын шошанлатады.

— Адамға исенбек керек, —деп қояды Мурат.— Неге умытсын...

— Мийригүлдики дуры-ыс, —дейди Малтабар.— —Адамға көп исене берсең де аўызыңды замышаның пәллесиндей паллыйтып кетеди. Адам дегенге түсиниў, бул, электрон машинасына түсиниўден де қыйын. Воот, та-ак, Мурат жора, алып жибер!

— Не де болса қарындасыңның кеўилин тап, әйтеўир, —деп мыңғырлайды Мурат. Мәкең: „табамыз ғой,



www.ziyouz.com kutubxonasi

—дейди. —Усы ўақытқа шекем, маған жолықпағаны ғой, болмаса қашшан дийдинен шығатуғын едим. Кайда кеткенин билмесек, бул тентектиң", деп, Мирочканың мурынына шымшып қойды.

Малтабар аға менен азы-кем күн бирге ислессем де мәс болғанын көрген жоқ едим, „Арақ ишсем, ҳәммени жақсы көрип қаламаң!" дейди. „Мен де сондай, бала, ҳәмме өзимиздей екен-аў:„ деп таңланады Мурат, Сөйтип, екеўи ҳеш себепсиз-ақ сүйиседи. Мийман мени де бийнесип қалдырмады. Леби тиймеген тек Мирочка еди, шомпаң етип, былай бултыйды да, өкпеледи:„ Мен не, мени неге сүймейсең?" деп, былқылдақ алақаны менен әжағасының шекесине шырп еттирди, бийҳазар урды. Есирип алған Мурат ўаҳаҳалап күлди. Малтабар. Мирочкаға „Кой, бала болам, тентек", дейди өлпең даўысы менен күлип отырып. Мурат оннан сайын елжиреди:

— Баладай-аў, өзи, сүйе қойса, әжағасы! Сүйсе...

— Кел енди, қоймадың ғой, тентек!—деп, зия-зулпын қайырып әкелип уўылжытып сүйди, мықшыйтып сүйди. Мен шоршынып кеттим! Мураттың жағы бурынғыдан да бетер жайлаўына кетти; „Баладай-аў, өзи, баладай-аў!"...

Түнги саат екилерде мийман кийине баслады: „қайтаман"

„Кеш болып қалды", десек, „кеш болғаны жақсы. Фонтамаслар уйқылайды, көшеде еркин жүресең, "дейди. Соң көзлери менен үйдеги кәтти санап: "сен қайда жатып жүрсең?" дейди. „Мастерской да", деймен мен.

„Давай, бизикине барып жатамыз". Бул, Муратқа да мақул түсти; Ертең зүрәәт байрамы еди: „Бизлер келгенше, қыймылдамай отырың", деп кетти Мәкең. Дүньяда жақсы адамлар көп ғой, баяғы бир дайымның кеўилине тийгели унатпай жүр едим. Саўдырап ғана турған, ақ көкирек адам екен.

... Коридорынан баслап гилем дорожкалар төселген алты қат жайға кирдик. Адам деген де бунындай ход болады екен. Усыншама жайда бир өзи: „Жеңгеңниң аўыстырып кеткен сарқыты усы, ғошшым. Эй, щобытшыға болмай баратыр ма!" дейди өзинен өзи. „Художниктиң үйин де көрдиңиз ғой„, дегим келип еди. Айтпадым. „Ал, енди, жай суўық, ғошшым, сени отын менен емес, „Әтәшли" менен жылытаман" деди



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екеўимиз бир шийше коньякты суўлатып тасладық. Ол да бизлерди сулатты. Азанда: „аўқатты сизикинен ишемиз, сен тоңып турған шығарсаң. Жылынып алайыйқ„ деди. Тағы бир „Эташли„ ни сулаттық. Таксомотор паркине телефон урды. „Эпподромда ушпайды, ой-бой, билемен ғой, ғошшым, бывшый торгашпан ғой“ деп, қалтама еки „Эташлы“ тықты. Бурын ақтан басқанып ишпейтуғын еди, неған дегбирден састы, билмедим.

Үйдиң қасына келип, таксистке бир жигирма бесликти услатты да: „бүгинше зырылдатып тур, ғошшым, қаламасын кеште беремен“; деди. Менин көзим дөңгеленип баратыр: „бул не деген капитал!“

Баўыр туўралған борщ пенен бир шийше коньякты урып алдық. Соң жумысына айналысқысы келип, барыў жақпай отырған Муратты сүйреп шыққандай, алып шығысты, түўе!

— Бүгин салмасам, қыялымдағыны умытып қалатуғындайман. Мени әкетпегениңизде болатуғын еди,—деп, Мурат еле гүңкилденип киятыр.— Бул, творчество деген. Илҳам адамда бәрҳа бола бермейди, келген ўағында өндирип қалыў керек еди, пай, Мәке деймен-аў!...

Зымырап киятырмыз, Мирочка әнейдей болып шофер менен жанба-жан отыр. Аннан-саннан соррыйған өрелерде желпилдескен аткөншек ышқыпазлары саатсың маятнигиндей тербеледи.

Шүйи шүйге қағысқан машина, салпылдасқан телешкалардың арасынан өтип, минберге жақынлағанда таксиден түстик, „Саат бесте усы жерден табыл, —деди Малтабар шоферға.— Соған шекем. пайдаңнан қалма. Бирақ, кел, номериңди билемен“, деп, абай етип калды.

Шубырысқан аламан; танаўларынан пуў бурқылдап, қорсылдасқан атлардан ийт ийесин, пышық бийкесин билмейди.

Алдымыздан, муртларын самал қақ айырып, Меңлибай аға шықты да Мураттың созған қолын алып атырып: „келиңге айттың ба,— деди. Мен оның қызарған жүзинен питегене қағып жүргенин абайладым. —Айттың ба, —деди тағы. Колын еле жиберген жоқ. Аттың үстинде шалқайып тур:—Айтып қой, ақыры! Жабанда жасағанның жазығы бар ма, егип-тигип, бағып-жағып, аўызынызға тутқаны ма?! Так ний пайдот, келин, —деп қойды Мирочкаға. —Дүканыңа жиберген қаймағымыз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды жейсең, қатығымызды ишесең. Гөшимизди жейсең, жүнимизден шерис тоқылады, оны кийесең. А-а, өзимизден жеркенесе-ең, та-ак, ний пайдетІ„ деп, атын тепсинди. Бизлер сәлемлесе де алмай қалдық. Мийригүл:„ не бир ағайинлериң бар-аўІ“ деди Муратқа.

— Ағайинлеримиздиң ийманжүзлиси усы, —дедим мен, еңсем тырысып, қайтып жибиспедим. Адасқан болдымдағы, адаспасам да солардан адастым. Олардың бәйгиге қумары шамалы. Дәрўаз жаққа кетти. Мен өзимди минбердиң қасындағы шоғырға урдым.

Биз ҳәдәўир кешиккен екенбиз. Ҳүкимет кәтқудалары әлле қашшан „Той баслар“ намасын шерттирип, ўазын оқып болыпты. Енди аламанның алдынан әсирлер ағымы ағылар еди. Атлар шабылар еди. Лийкин, бул бәйгеге жиберилген атлар емес, өз алдына, иләҳийда бир атлар еди. Ишинде қарасы да жоқ, шәўкери де, аласы да жоқ, шылғый ақ боз. Қырық ат, қырық ақ боз ат. Гүмис қалқанлары жалтырасып, семсерлериниң алмасында қуяш нурлары жылўаланған қырық қыз жылаўды қуйылдырып барар еди. Дуўлығаларындағы үкилер шашақлана селкилдесип, саўытларындағы шықлар сытырласып барар еди. аламан ҳәйран қалып қарар еди. Дуў-дуў қол шаппатлаўлар қырық ақ боздың дизгинин төккен қырық арыўға сәтли сапар, уллы жеңис тилеп турғандай бойар еди..:

Арқаланған қырық адам, —елден көшкен қырық адам. —албажулба қырық дийўана „Бозатаўды“ бозласып, „Посқан елдиң“ бир көшин елеслетер едидағы, тойханадағылардың шарықласқан көкиреклерин бир жабықтырып өтер еди. Жыраўды тыңламаған, тарийхты аңламағанлар не билсин, лийкин, өзиме гә Жайықтан жыласып, Едилден еңиресип айра түсип баратырған маңлайы қара ата бабаларым, гә сыңарынан айрылып, сыр бойынан сыңсысып киятырған апаларым елеслереди. Ойланып қарасаң, қарақалпақ тағдырдың тесикқалтасына салынған нәҳән бир қап тары екендағы, жол-жөнекей төгилип келе берипти, келе берипти. Тағдыр деген ашыўлы Әмиўдиң аяғына келип, қалтасын қағып қараса, соншелли бир қап тарыдан бир уўыс ҳәм қалмаған екен. Соннан, „апырмай, бала, туқымлыққа да қалмапты-аў мына тарының қарақалпақ деген сортынан!„—деп массагетлердиң арғымақларының жал-қуйрығынан тоқылған қыл қалтасын терисине аўдарып, қаға берипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тигистиң тепшиўине илинген, қыл қалтаның көзгенегинде қалған бирли-ярымы усы кәраларда ыссыға күйреп; суўыққа шыдап, туқымлаған екен. Сол бир-еки, масақтан тағдыр шашқан тарының қарақалпақ сорты бинә болыптыдағы, Әмиўдиң еки бойына ен жайып кетипти. Ал, анаў жол- жөнекей шашылып қалғанлары туқымын айнытып, басқа сортқа өтип кетипти. Усы тойдағы мынаў бир „көш" көп халықтан, үлкен халықтан бир уўысы қалған бизиң халықты усы тақылетте елеслетер еди маған.

Усы бүгин „Нөкистиң бәри актер болып кетти ме екен?" дедим.

Ҳәзир ғана Россияға қол созыўы менен „Маман бий өтти, Хийўаға айдалған Ерназардың жаўдыр ала көзлери еле Россия бетке жаўдырап баратыр...

Бул той емес, өтмиштин понарамасы еди: қырық арба, жақсы арба, жаман арба, гүлмыйықлы арба' қоқан арба... Ең алдағы гүлмыйықлы арбада „Жетим қыз" узатылып баратыр, шыңқобыздың ғаз даўысы...Жетим қыздын сынсыўы... Майланбаған дегершик сыңсып, тордағы сыңсыған ақ қуўға үн қосып баратыр, сыңсып баратыр...

Қырық арба: „шарық ийирсем былғаўышым қараман" деп шарық ийирип баратыр бир арбада апаларымыз... Бир арбада шөгирмелерин күйе жеп кеткен, қара қайпақларынын соры қайнап-қайнап, сыртқа шыққан ағаларымыз ат ҳүкиминде айдалып, қазыўға, мәрдикарға..

Қырық қызыл Қылышлары қыл жалаған қырық жигит өтти патырақласып! Ең алдыңдағы шабарман аўдарыспақ жалынын лаўлатып баратыр, қызыл жалаў.. Аламан гүўў етисти де қол шаппатласып жиберди...

Бир „Фарзон" дарылдап, оған ерип, қырық дийхан өтти!

Сөк тақан. жийде тақан қалталарын арқалап, қырық жигит баратыр қырық келиншек шалғышларын желпип, жүз қәдемдей кейинде, хошласады..,

Қырық кейўаны шығыстан келер едидағы, бириниң тек бос жеңи белбеўине тығылған, бириниң бос балағы қайырып байланған, онлаған ғана майып солдат батыстан келер еди. Әне, олар минбердиң қасында аймаласты, жыласты...Мениң ядыма марҳум әкем, өзим дийдарын анықлап таный алмайтуғын жылқыман әкем түсип кетти. Қырықтан кайтып келген бул онлағаны-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның ишинде ол жоқ деп, бәлким анаў қырықтың келмей қалған жағында шығар...

Сонша ҳәсиреттиң бир күлкиси болмас па?! Той енди басланды. Бул, енди, оз алдына бир парад, механизацияласқан парад еди. Пахта терим газетада қайсы тәртип пенен аяқланған болса, районлар сол тәртип пенен сап тартып баратыр. Ең алда ак сақаллы бир Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы қолына қызыл байрақ алып ат шаўып өтты· Оның изинен тырна қатар дизилген машиналар, терим машиналары..,

Бағанағы салтанатты жаў-жарақ пенен баслап берген қырык қыз енди борты ашық, гилем төселип, қызыл әлўанға қапланып қалған машинаның үстинде дуўтар шертип барар еди... Гүмбирлеген қырық отаў жақта еле адам сәйге, аламан курда... Қырық 'қазаннан, шүлен казаннан пуў буркырайды... Палаткалар, брезентлери телпилдескен ақ шатыр, „ак шатырда хан жатыр" емес„ақ шатырда буфет бар"...

Малақайларының қулақлары жалпылдасқан сейислер минберге дүбеп келип, атларын дизимнен өткерип атыр. Журтта жылқының еле не сейдинлери бар екендағы Булар еки айналым, торт айналымға жиберилетуғын атлар екенин радио заңқылдап тур. Дайымды корер ме екенмен, деп әри-бери ийек создым, жақ коринбеди..

Сегизинши айлаўға ат қашырылып атыр еди. Меңлибай ағаны кордим. „Дайың нәҳәнлар менен отаўда, ҳа бала,·—деп кетти.—Көргиң келсе, бар„,.. Ишип алған, атты мәзи сабалап жүр. Мына жақтак Муратлар келип калды:

— Бас-сә, тамашаның қызығы мына жақта екен ғой!..

— Дайымлар келипти, көрип шығамыз ба?—Мениң мына хабарыма Мурекең қыйпалақлап қалды:

— Меңлибай аға кеңегини де айтқан жоқпекен, қопсытып! Көпшиликтиң көзинше қақыратып... Сен барып шық, сен мен...

— Яман-ә тәсилпаз болыпсаң!—дедим басымды шайқап. Бармағымды да шошаңлатып койдым. —Алды менен тергеўге мени айдап„,

— Онда, ғошшым, көрип қоймасынан бурын қайтайық,—деди жәнжағына алақлап. Көрип койса. көпшиликтиң көзинше қамшыға тутатуғындай коркып тур. Тутса, тута қояр-ҳәм, ол ғаррының минези маған мәлим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашыўына тийсең, жүзиң бар, қәтерең бар демейди— Қайтайық, ғошшым.

Малтабар менен Мирочканың көнбегени маған да унады. Себеби, маған он еки айдаўы менен ылағы керек. Мурат басын шайқады:

— Онда сизлер қала бериң, бизлер Мақсет екеўимиз қашайық. Сизлерди танымайды!—Бул мәслаҳат бәринен бетер жеңгемизте унап қалғанын, Малтабарға да мақуллаў көрингенин абайлап калдым. Мына көкиреги қурығырда... бир бәле пайда болғандай. Басымды шайқадым. —Мен де қайтпайман!—Мурат қолын бир силкип, кетип калды, тағы айналып келип: Көзине корниўши болма. Адам жоқта алдына барып жүгинип, айыбымызды жуўайық. Соң бәри жөнлесип кетеди,— —деп зиңқарлады. Мен неге екенин билмеймен, ғазебим Мирочкаға тигилип:

—Мына киси байың болатуғын болса, қайт ҳәзир! —деп алардым. Түрине өли шырай енип сала берип еди, Малтабар макуллай кетти:—Бар, тентек, бар. Дурыс. Бириниң гәпин бири сыйламаса, бул қалай...

Биз, Малтабар аға менен қалдық. Еле ашыўым басылған жоқ еди: „О неси-әй. тамаша қаял екен. Байының бир өзин жиберип...“

— Атлар он еки айлаўға сайлансы-ын!—Радио ғағырлады. Александр Порхоменкодан айырмашылығы, мурты жоқ, ондай батырлық көрсетпеген, бирақ, пәпағы, қылыш, дурмин асыныўы соның дәл өзи, ири, дәпең полковник „ала аяғын“ тепсинип даўыслап, атларды тәртиплестирип жүр. Анаў отаў жақтан жылаўлап, бир ғарры шаўып киятыр еди Әдебинде итибар берген жоқпан. Жақынлай келе дайымның асыққан, албыраған түрин таныл, қашарымды да. хабарласарымды да билмей қалдым.

„Темиркөк“, айналып ғана кетейин „Темиркөк“ басқа биреўдиң тақымында щулғынып келер еди. Сып-сыбыт. Ишек-қарын, қурсақ барына, от жуўсап, суў ишетуғынына исенбейсең! Тазылар усылай тапланатуғын еди. Үстиндеги басына ақ гежини қызлардын тартпанындай етип тартыптыдағы, көзине мотоциклшилер кийетуғын көз әйнек кийип алыпты. Тек мурнының ушы көринеди. Путына ғолабадай кең шалбар, аяғына қызыл етик кийип алыпты. Ким екен?

Полковник қолын силкип жиберди. Атлар ырашын



www.ziyouz.com kutubxonasi

жыққан Әмиўдей жапырылды да патырақласа жөнелди. Сейис ғаррылар ортадан шетлеп-шетлеп, „жолыңыз болсын, жәнўарлар, Жылқышы ата жолдасыңыз болсын аўмийин!“ десип, ат үстинен сақал сыйпасты. Әўмийин, —дедим мен де ишимнен.—Әўмийин,—„Темиркөгим“!, Уллы жыйында абырой алып келғейсең, „Темипкөгим“, көк сунқарым! Туңғыш сынаў, туңғыш қадемиң қайырлы болсын, Темиркок!... „Мен усылай елжиредим ишимнен.

Қара көримге шекем шабарманға қапталласа ат шаўып, қулағына әлле нәрселерди қуйып келген дайым ақ отаўдың тусында қурдан шығып қалды. Бәлким, айтарын айтып болған шығар...

Атлар екинши айлаўдан кейин шашырай баслады. Биреўлери зәңги қағысса, биреўлери таяқ таслам артта. Мениң арқам қозып тур. Өзимнен өзим тоңған адамдай қалтырайман. Үрген күшиктиң ийегиндей ийегим сақылдайды. Қумарлық, ышқыпазлык! Мен әдепки айдаўға ат шапқанымда жети жасымда едим. Соннан, әскерликке кеткенше шаптым. Базда ортада келсем, базда оздырдым. Оздырғаным көп еди. Енди жетпис төрт киломан! Шабарманлықтан тәмени қашшан үзгенбиз. Бирақ, мына қумарлығы өртеп баратыр. Көкиреги сырылдап, тойханаға зорға жетсе де палўан ғарры қурда отырып қалтырай береди. Бул да сондай нәрседағы. Бәлким айырым шабарман балалардың олақлығына қалтырап турған шығарман. Кимниң баласы экен, жаным, „Темиркөктиң“ шабарманы ысылған шарға болса керек. Курдың иши менен туяқ жегизип, алға да түспей, шаңға да көмилмей, бир бабында қулдырайды. Изинен туяқ дүбирин еситсе желигетуғынын Назлының үйине ҳайтлап қайтқандағы шабыспадан билгенмен. „Алдымдағыға жетсем“ деп тасланатуғынын бүгин серлеп турман. Шабарман ораўды жаздырмай киятыр..,

Бундайда асықпай, албырамай, адымды керип, нақышлап таслаған ат алысқа барады. „Темиркөк“ тең тәўирақ үмитим бар. Ең алдыңғы торы араны ат шаптырым ашты ма, аша берсин. Тез шапқан, тез шаршайды. Жүрер жолынды, барар мәнзилиңди, өтер сызығыңды шабарман болсаң ядыңда сақлап, күшин соған үнемлеп барыўың, акырғыға шекем тәўир-ак тежестирип, ал ең соңғы айналымда дойнақтағыны сығып алыўың керек. Сонда озады ат. Аттың бабын таўып шаппасаң мийнетин күйдиресең. Шығысыңда пәтли шы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғып, соң мамырласаң, изиндегилер басып өткенде иш-
иңди ғыжлатады. Ат пақыр әдепки шабысты күсейди,
шабайын десе, шама жоқ, шаппайын десе, намыс бар,
Ең ақырында деңгенеге берилгенде бауыры ирип кет-
кен атларды көп көргизбиз. „Әдебин бермесин, ақый-
рын берсин„ деген гәп, соннан қалса керек. Бәйгиге
қосылдың ба, жасың да бир, ғарры да бир. Бунда-оз-
саң аласаң. „Мынаў бир ўақытлары атағы жер жарған
ғарры, абырайлы шопан еди, совхозымыздың иргесин
қаласып еди, аўылымыздың тарийхында орыны гиреў-
ли, сыйлықты, усыған-ақ берейик, ҳәзир озық емес-
лигин билемиз, бирақ, жолдаслар, жас уллыларға ҳүр-
мет болсын!„ дейтуғын кәткудалығың бул жерде өт-
пейди. Жүйриклигиң жасың менен, өтмиштеги даңқың
менен емес, артық таслаған адымың, озған сантимет-
рин менен саналады. Жарыс болғаннан соң, солай. Бу-
ны бузып жүрген аўылдағы гейпара кәткудалар. Бол-
маса, ҳүкимет те буны мақул демейди ғой, көрип жүр-
миз, лаўератлық дегенди де жасына қарап емес, жаз-
ғанына қарап берип атыр, сапасына қарап...

„Темиркөк" тиң тонының пәслиги абырайын қашы-
рып жүр демесең, керинип таслаўы шеп емес. Еле бир
бабында, асықпайды да, саспайды да. Мени үмитлен-
диретуғын оның усы әдети. Алысқа шабатуғын ат не
болса соған желигип, көзин қанталатып, тикиреңлене
бермейди. Көзди аўдарып таслайды, нәзери де тынық,
жуўас келеди. „Темиркөк" тиң усы қасиетлерин жақ-
сы билгенликтен кеўлим тоқ еди.

Оны сегизинши айлаўға шекем ҳеш ким итибарға
алған жоқ. Көп пенен жүрсең, шоғырға илесип жүре
бересең. Көзге илиниўиң ушын, оқшаўланыўың керек,
„Темиркөк" сегизинши айлаўда ерекшеленди. Бирақ,
ең әдепки шыққан торы қамшы жегенине қарамастан
еле тәндар.

— Мынаў бир көктемир шықты ғой, бала!—деп
таңланды оң қапталымнан биреў. Екинши биреўиниң
гәпи мени шоршытып жиберди:

— Ат деген шаба-шаба шаппаслар болғанбыз,
ғошшым —деди жаңағыға ҳаял даўыслы тапал. „Тең-
бил көктен тәме етпе" деген гәп те бар. Ақ боз бе-
нен көктен көбинесе жүрмел шығады.

— Өтирик, ақсақал, сизики,—дедим мен табанда өш
алғым келип.—Сақалыңыз жоқ екен, кеширерсиз, ақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

сақал деппен,—дедим де былай шетлеп кеттим. Нәмнәҳән адамға ап-ауыр гәп айтқаныма қысындым. Бул, бирақ, бир минутлық ғана қысыныў еди. Шоғырдан тәўир-ақ оқшаўланып, тоғызыншы айлаўға атланған „Темиркөк" көп қысыныўға пурсат бермей таслады. Өзимнен өзим „Қолтық" көл менен совхоз орайының аралығын өлшегим келе берди. Жигирма шақырым бар-мекен, бала! Меңлибай ағаның зайыбы толғатқанда мен, жетпис төрт кило келетуғын мен, тапланбаған „Темиркөк" пенен усы аралықты ушып өткенмен, ақыры! Лийкин, мынаў жигирма төрт шакырым! Мен сол ўакытта еки орталықтың азғана ғана жол болыўын қанша тилесем, ҳәзир көп болыўын, ең болмаса, жигирма төрт шақырым шығыўын сонша тилер едим, сонша тилер едим, сонша тилер едим, ҳәтте соқыр адам ең болмаса сыңар көзиниң ашылыўын қудайдан бунша тилемес. Онышшы айлаўға кетти, еле төрт шақырым жол, еле торы табанлап баратыр. Ат екендағы, найсап!..

Он биринши айлаўда еки ат шоғырдан ярым айлаў қашықласты. Енди зәрре сабыр етсе шоғырдың ен соңғы атының кейнине жетиў итималы бар. Издеги ат менен шоғырдың да арасы ярым щакырымдай бар еди. Несине үмит етип жүр, ҳайранман, жәниўарды қуры қыйнай бергенше бәйгеден шықеш. Мен адамын емес, атын аядым.

Он екинши айлаўда тер шығып, қара қоңыр тарта баслаған темир көк торыдан қурық бойы қулдырап откенде бағанағы көсени излей басладым. Козлерим менен изледим. Оған тағы бир нәрсе айтқым келип кетти.

— Көк ашты араны!...

— Еле алдырмапты, аяқ таслаўын қара!..

— Паҳ! Тағы да үш айлаў керек екендағы!—деген ғаўырлылар еситиле баслады. Бул аламан, маған арналып алынған атты емес, өзимди маратпатлап атырғандай елжиредим...

Торыдан оқ шалым озып, сызықтан откенинде мениң қуўаныштан жылап жибергенимди сездиң бе сен, „Темиркөгим", бара салып мойыныннан қушақлағым келди мениң, көк темирим, сездиң бе сен соларды, мине мен жуўырып баратырман, дайым бақыра ма, бақырсын, мейли! Мына бир аты озбаса да ҳәселе-пәселе менен байрақ алмаспекенбиз, десип, минберге ан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

таласкан атлылардың арасынан саған жетсем болды, маңлайыңа қолымды тийгизип, пешанама баспақшыман мен. Сен тек жайлаўыңның емес, өз районыңның абыройын арттырған қаназатсаң, сен қурлым сол районның даңқын тап усы бүгин ҳеш ким де шығарған емес. Асығып баратырман, саған асығаман...

— Сен қайда жоғалдың, ҳәй, мениң ғой, сени излеп бармаған жерим жоқ, Жылап турсаң ғой, тийди ме биреўl,,

— Ат озды, Малтабар аға, бизиң ат озды, бизиң ат!—деп, мойнынан қушақлап сүйе бердим, сүйе бердим, кеше пиян болып, өзиниң сүйе бергениндей етип сүйе бердим, жылап турып сүйдим. Минберге баратырғаным жаңа есиме түскендей солай қарап талпына бергеним, қасымнан үш атлы нәҳән гилемди желбиретиўи менен патырақласып шаўып өтип кетти.

— Дайы-ы!—дедим даўысым тарғылланып.—Дайы...

— Жолдан қаш, ҳә, бала!

— Мәжигүн бе, неғып тур, аңырайып...

Мен жин урған адамдай районымның отаўына қарай жуўырдым. Бир жағынан дайым, бир жағынан малақайы қыйсайып кеткен Меңлибай аға „Темиркөкти" жылаўлап, солай шаўысып еди. Нәҳәнлерден пайғазы алмақшы, көз айдын айтпақшы шығар. Изимнен қорсылдап жуўырып киятырған Малтабар аға:—„Есиң дурыс па, тоқтап тур! Бир нәрсе айта жақпан..."деп бақырды, оған да қараған жоқпан.

Мен келсем дайым әлле қашан отаўға сүңгиптидағы, анаў жақта жетегине алып, Меңлибай аға „Темиркөкти" желдирип жүр. Шабарман баланы қолдан қолға тийгизбей белсендилар қушақлап атыр екен. Офицер басынан аймалап сүйе бергенде орамалының желкесиңе түсип кеткени де сол, онысыз да ҳәўлирип турған жүрегим канасынан шығып кете жазлады. Назлы! Азанды бери „шабарман кимиң баласы екен" деп жүрген адамым Назлы! Уўылжытып сүйип атыр. Бақырайып қарап турдым, қызғанып турдым. Оны сол базар күнги офицер күйеўи мықшыйтып сүйип атыр! Үстине тон жаўып, күйеўи оны отаўға сүңгиткенде көз алдымда ай батқандай бола қойды. Мен бәрине қолымды бир силтедимдағы: „Арақ тап, Малтабар аға!" дедим. Мен өзимниң ҳеш нәрсеге шыдай алмайтуғын, руўҳы әззи, шыртылдақ бала екенимди сезип қалдым. „Былайлаў



www.ziyouz.com kutubxonasi

журейик, ат қағып кетер", деген Малтабар ағаның да жетегинде қетип баратырман.

— Бағана Мурат екеўимиз излеп едик. Жоқсаң,— дейди бетиме үңилип.—Қайда кеттиң, ғошшым-аў

— Олар үйге кеткен жоқпеди?

— Рафаэл дей ме, сақаллы биреў менең сасқалақласып келди ғой. Аралға кете жақ болыпты. „Зимний улов", дей ме, қудай-аў, мен түсинбейтуғын бир нәрселерди айтады. „Қайтсын тез," деди. Анаў қыз қорқып отырады,. соны айтты. Кеңсесине сояқтан телеграмма береди...

Мен Рафаэлдиң геўкеўлеп әкеткенине түсиндим. Ол Арал темасынан цикл жазып жүрипти. Мурат болса өмиринде Аралды көрген емес. Ақыры көндирген екен-дағы.

Малтабар аға, мени ылаққа да қаратпай алып қайтты. Қәдимги такси, қадимги таксист. Мен үйдиң тусында түсип қалдым, Малтабар аға үйге де кирмеди. „Ўақыт тапсам, соң бир айналып соғарман".—деди.

## 29

Ол кешки онлардың ўақтында келди. Бундай кешигери бар, келмей-ақ қойғанда болатуғын еди. „Еситтин бе,—деди.— Мақсеттиң аты озды. Соған, бағана пайғазы беремен деп едим. Пулым үйде еди„. Еситтим, еситтим," деп шулғынды Мирочка. Пальтосын шешпестен, есиктиң аўызында турып. қойын қалтасына қолын суқты да бир көк қағазды суўырып, маған усынды:

— Кереги жоқ, не қыласыз өйтип...

— Алмасаң, алма, сен бала. Мен бул үйдеги пулдың қәдирин билетуғынды таныйман,—деп, Мирочкаға услата салды. Ол тап ҳүкиметтиң ақшасы екенлигине исенбегендей шырағa тутып көрип;

— Елиўлик,—деди. —столға қойып атырып,—Көптен бери көрген жоқ едим. Шешинсеш, шешин...

— Жақ, қайтаман...

— Болмайды онызыз, Малтабар аға, —деп, шулғынып, мен де орнымнан турдым. Пул деген жаман ғой Мирочка айқасып жүргендей етип, илгеклерин өзи жаздырып. қашшан Малтабар ағаның пальтосын қыстырып таслады. Мен гүрсилерди таярладым. „Кел, енди, болмады, шамалы отырайын, „деп қыйналып келип



www.ziyouz.com kutubxonasi

отырды. „Үйиңиз ат оздырған үйге усамайды,“ „Усатамыз, ҳәзир,— дедим де кухняға даўысладым.—Русалка-а, бир беслик созып жибериң, яшуллы тоңып отыр“.

— Қой, бала болма, қайдан табасаң?—деди Мәкен маңкыйып.

— Ресторан, еле ашық...

Екеўи бирден „абайлы бол, биреў папирос сораса, қаш“ деп қалды.

Ресторан менен Черемушканың ең арқа шетиндеги бизиң үй еки шақырымдай бар еди. Қырық минутқа мөлшерлеп урдым адымды.

Бирақ, мен қырық минутта келе алмай қалдым. Динадан бир шийшени алып, қонақ келип қалғанын айтып, жағдайластырып, жаңа кетейин деп атырғанымда Меңлибай аға тутып алды. Ҳәйле-пәйлеме қаратпай қолымнан сүйреклеўи менен ишкери дырылдатып кетти. Барсам, Жаңабай, мен танымайтуғын, районнын тағы бес-алты жигити еки столды қосып жиберип, қызара бөртип атыр екен. Ҳәммеси бирден отыр-ҳа,-отырды салып атыр, жағдай айтып атырман. Ақыры, „бир рюмка ал, оннан соң кетесең, Сениң атыңның туяғын жуўып атырмыз“, деген гәпке отырмасқа болмай қалды. Шешинбей, дағы етпей, бир гүрсини сүйреп келдим де аманат ғана отырдым. Жаңабай қасындағы жигитлер менен таныстырды; „Мынаў, мениң, насосқа апарған иним, баяғыда айттым-ғо, —деди.—Хабарын бар ма, мәкке екти, биз насосқа апарсақ, насос жоқ, —деп, қасындағыларға мәллетип кетти. —Өзи менен алты жигит. алтаўы да механизатор. Директорға айттым, „насосың жоқ па, давай, алтаўына жүз гектар жер бер, мәкке егеди“. „Кешикти“, деп еди, неге кешигеди! Алтаўы бир бригада болды да турды. Басыңызды аўыртып не қылаын, алтаўы жүз емесдағы. сексен гектар жер таярлады. Баллардың пири-биз. „Силос емес, басың бәрин жемге. бизди жем қурттығо“, дедим, директор менен де ойласпадық. Ҳәммеси соң билип, шашын жулысты. „Почему ты носынды тығасаң—дейди кеткен партком. —Сен ахыры, агроном емессең, бригадир, директор емессең“. „Бара бер жайыңа, диййўалларға шақырық жаз, соннан басқаға жарамайсаң „дедим... Соннан, ийтин Жаңабай болмасын, күни менен гаражда ислеймен, қолым зәрре бос болса усыларға көмеклесемен. Директорға: „яшуллы, бизди бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

жиберип ала берин, гүзде шөже санасып көремиз,"дегеним бар. Енди гәптен тутылсақ уяты бар ғой. Ол күнлери сен, Мақсет, усы жерде швейцар единң, Мына жигит пенен таныстырып қояйын, бизиң бурынғы шопан ымыз, аты Мақсет. Озған усының аты, ғаррысы еле шопан...

— Усының аты-ы? Солай ма? —десип, жигитлер мениң менен қол қысысты:—Көз айдын, ғошшым, онда..

Булар, пахташылық совхозының жигитлери екен. Не деримди билмей қысынып қалдым. Жаңабай қәдимги шешенлигине басып:

— Ничего-о, қысынба, Мақсет, —деди. Сөң жигитлерине:—Бәҳәрде Гумискөлге ғазлар қайтады. „Ғаз айналып, көлине қонар" деген бар. Түсиндиңиз бе, —деп қойды.—Мақсет, әлбетте, ғаз қурақым жоқ па.,.

Қалтамдағы бир шийшени столдың үстине қойдым, Ҳәзирги қолымнан келетуғын жақсылығымның болғаны тек усы еди. Буныма хеш ким итибар да берген жоқ. Қуйылған рюмкаларды тек районның емес, ҳәмме „бәйгеде" де рәспубликаның „аты" оза бериўи ушын қағып салдық.

— Сөйтип, гүзде шөже санастыңыз ба?—деди биреў салат шайнап атырып, Меңлибай аға шулғынды:

— Санасқанда қандай, гектарынан алпыс центнерден ғыжырлаған сары мәкке берди-ә! Буны совхозға комсомол комитети етип кеткен де сол ғой...

— Азат-ше?—дедим мен. —Азат қайда!

— Бай-баай—деп санын шаппатлады Меңлибай аға. —Азаттың қашшан партком болып кеткени. Бурынғы партком, бизге бригадир болып барды. Биз баяғы өзиң аттан түсиретуғын, малақай жойтатуғын күни партбилетти ҳәм жойтқанбыз, ғошшым. Партиядан қәлемди ысқыртып сызып таслады. Ҳәзир сениң малынды билесең бе, ким бағып жүргенин. Дәкең бағып жүр. Атаң қойға өтти, ғошшым, бул өзгерислерден хабарың жоқ екен-аў...

— Бул еле газета да оқымай жүрген шығар, ананы да,—деп көзин қысты Жаңабай:—билмейтуғын шығар...

— Қой, оны билетуғын шығар. Атаңның орден алғанын билемисең?!

— Яқ. Бағыўға қой алғанын еситтим...

— Әне, айтпадым ба!? —деп алақанын жайды Жаңабай.—Қалаға келип, билимин асырды ма десек, қайта



www.ziyouz.com kutubxonasi

тупойласыпсаң. Ҳәзир ҳәмме жерде де оқыўға имкәният бар. Оның кисиден көрерлиги жоқ, совхоз ояғына дым айыплы емес. Ҳәр бәле өзимизден, Мақсет, мен де быйыл көп нәрсене қате, қызыў қанлық пенен айтып жүр екенмен...

— Сен өйтип, бирден суўынбадағы, ақыры,—дедим гәпин бөлип.—Сол қызғының менен бара бер.

— Барыў менен барыўдың бас- аяғы кән, достым. Өмирди өзгертиўди тил менен айтыў бар, қол менен өзгертиў бар. Биз бурын тил менен өзгертип жүр екенбиз. Ар-намысың болса аўылға қайт, давай, сениң ушын ҳеш ким жақсы совхозды дүзип бермейди, өзиң дүзип ал. Көп этажлы жай керек пе, барып, өзиң салып ал, бағ керек пе, өзиң ек. Не керек, бәрин өзиң исле. Ҳәммесы тайын жерге қашқан мәртлик емес, подлецлик, понимаешь!...

Аздан соң мен жалынып-жалпайып, мират ете алмағаным ушын жағдай айтып. Динадан бир шийшени қарызға алып, үйге қайттым. Бәринен бетер, дайымның наградланғанына қуўандым, сол пахырдың еңбеги еш болмаса болды маған! Баяғы Пирназаров пенен мына үйдеги Малтабар ағадан ақырет еситкенде сақалынан сорғалаған көз жаслары елеслеп кетти.

Келсем, Мирочка оң жақтағы кәттиң простыньясының жыйрығын жазып атырған екен. Бир нәрседен уялғандай, еки бети қып-қызыл. Көзлери масаладай жанып кетипти, әллен нәрседен ҳаўлыққан...

— Қақпақты көтерип жибергеним, бетиме гүп ете қалды...

— Абайлаў керек, пуў жаман,—деп қойды Малтабар.—Кешиктиң ғой, ғошшым? —деди саатына қарап. Мен болған ҳәдийсени айтпасымнан бурын дайымның орден менен, наградланғанын айтып, Мирочканы қуўандырдым. Малтабарға: „сизлер баяғыда айыплап, зейинине тийип, жылатқан ғарры сол!“ дегенди үнсиз аңлаттым. Отырып қалғанымның себебин соң айтып бердим. Булар мениң кешиккениме қорқысқанын айтысты. „Малтабар аға енди болмаса алдыңнан шыға жақ„, еди,„ деп атыр Мирочка: „Мийнетиң жеңил болды, Малтабар аға, бетиме қарөйс, дым қызарып кетип пе?“

— Қызарыпты, тентек.—дейди яшуллы әдетиегишә еркелетип.—Өйтип ентелей берип нең·бар еди?! Ыссы



www.ziyouz.com kutubxonasi

нәрсе адамның бетине екиниң биринде дақ салады. Ҳәр нәрсеге шыдамлы болмақ керек...

Мирочка кухняға кетти. Арақты ортаға қойып, шешинип атырғанымда;

— Аўхатын әкелис, ғошшым, қағып таслайық,—деди Мәкең.—Яман-ә қаққым келип тур. Сең жоқта да бир қағып едимдағы, эпподром жақта...

— Мен ҳәм жаңағылар менен бир қағып алдым,— дедим де кухняға кирип кеттим. Мирочка. негеекенин қайдем, қолын сабынлап жуўып атыр екен, Аўхатты өзим салыстырдым: „Аспазлығым тутып тур, сен апарып қоя бер..."

Қуўырдақ пенен бир шийшени еки қағыстырдық та мүйешке сулатып тасладық. Сирә жуғым болса бес манат күйди демес едим. Бүйтип ишкеннен пулды заяламағанды тәуир көремен. Малтабар ағаның;

— Ушласпай қалды-аў!—деп, гүңк етиўи де мәттал, Мирочкаға қолды соза қойдым:—Ертең айлық болады, түўели менен әкелемен ғой, бир беслик созып жибер. Бизиң жеңгемиз деген жақсы адам ғой, өзи, сулыў адам, —деп атырман әдеттеги айтылып жүрген әширепи гәплеримди аямай,

— Өйдемей-ақ қойса, берейин,—деп атыр ол да мақтағанды жақтырмағансып.—Әжағамызға керек болса, немизди аяймыз, беремиз...

Ресторан жаўып кеткен. Оған ҳәлек болыўдың кереги жоқ. „Кафениң" қараўылына келдим. Қасында бир адам бар екен:

— Қәне, қайқай, жигит!—деди ол маған. —Қайсы қараўыл арақ сатады деп еситтиң? Я сен сатып жүрмедиң?—деп, қараўыл ғаррыны бир „алла-жалла, отыз күн оразам, бес ўақ намазым дүзиў, ондай бәлени услаймайман", дегизип, жалбырақлатып таслады. Соған қарап, формасыз жүрген милиция екенин билдимдағы, айтқанын етип, „қай-қайдым". Қыйналып қайқайдым, өзимнни де ишким келип киятыр еди. Гастрономның алдына келгенде: „бир барып көрейин-ше", деген ой менен ресторанға кеттим.

Мениң нәрсе үмит етпеген таныс қараўылым: „бесалты балашаға бар, ҳаял ислемейди. Жақыннан бери дүканнан бес-алты шөлмек алып қалып турман. не болсын бир адамның айлығы. Керек адам болса, силтеп тур, еле мениң сақлайтуғынымды ҳеш ким билмей ме,



www.ziyouz.com kutubxonasi

келмей атыр," деп, жалынып жумысымды питкерип қалды.

Суўып қалған қуўырдақ пенен буны да қағып салдық. Билмеймен неге екенин ҳеш қайсымыздың уйқымыз келмес еди, я есирип атырған ҳеш ким жоқ. Ишилгенниң қайда кетип атырғанын билмеймен. Менин бир жаман әдетим бар, аўызыма бир тийсе. есирмесем, тәсир етпесе ғәрежет күйип кеткендей болады да турады, Бирақ, енди Мирочка пул бермейтуғын шығар. Қайтар ма екен, деп тәмеленип отырған Малтабарым:

— Что то не хватает,—деп орысшалады.—Жаңа илип киятыр едидағы, қапылып қалды-аў...

— Еки рет қақтың, болмай ма,—деп аўызын басып, сылқылдап күлди жеңгемиз.—Даңғырмысаң, Малтабар аға қуйып қоя беретуғын...

— Даңғыр өзиң, тентек,—деди еркелете сөйлеп яшуллы. —Куйып қоя беретуғын даңғыр өзиң бол...Үшинши ирет қаққанда. Мақсет, ҳә? Сизлер енди, атыңыздың туяғын жуўдыңыз. Кеўилине тийип едим, ақсақалдың наградын мен жуўсам ба деген ой бар бизде. Кыйналмасаң, Мақсет, ғошшым.—жигирма манатты столға таслады, еки онлық еди: – Мынаған жеткениише әкелсең? Мына қыз ынтықтырып өлтирди бизди, тақма-туқмалап...

„Өзи жүйрик қоян еди, таяқ тийгеннен соң, зытып кетти". „Өзим бирге бара қояр едим, терлеп отырып аязға шықсам, белимнен тутып қалатуғын гөне жапсағым бар. Ҳәзир жаўырынымнан, тап, белиме шекем балқып отыр," деген Малтабар ағаны: „ҳасла қысынбаң, яшуллы" деп, тынышлап сыртқа шығып едим. Самал маған да жағымсыз тийе қойды...

Мен әллен ўақытта айналып келдим. Кухядан суўдың самбырлысы, Мирочканың сести шықты: „Бетимди муздай суўға жуўып алмасам, уйқы қысып баратыр. Сизлердиң жататуғын түриңиз жоқ..." Пысынап отырғанға:

— Мәке, демиңиз қысып отыр ма?—дедим шешинип атырып. Басын шайқап.—Үсти-үстине урып турсаң, ғошшым, мына арақ дегенди, жүректи дүрсилдетпей қоя ма,—деди күлип.—Урмай-ақ қояйын десең, непси қурығыр бар. буның ышқы жама-ан, —деп қойды. — Ойбо—ой, ғошшым, көбейтипсең ғой, буны...

— Ишилмесе, қалар...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сапары арақтан азмаз татып көриуге Мийригүл де ҳәўес болып шықты. Өзи сулыў адам арақ ишсе ашылысып сала береди екен. Зия-зулпы салынып, бетлери гүл-гүл жанып баратыр. Малтабарға бармағын шошаңлатып: „Сулық етип таслайын ба?—дейди.—Жарамайсаң, бизин менен ишисиўге“ деп, басынан тәкибай алды.

Усындай ағайнлер, дасқал өскен өспиримлер болады, бири менен бири бир кетекте жасаған күшиктей, таласып ойнайды. Булардың ҳәзили бири бирине жүдәжарасықлыдай көринип отырди маған. Малтабар аға өшескенсип: „Тап өйте берсең, бир дигири қалғанша айдасаман “дейди де әдеп мени сүйеди, соң Мирочканы... Мен оның пянь бола баслағанын абайладым.

Қосық айтты. „Мен бурын ишип келип едим, теңлесип отырайық, ғошшым,“ деп, бизге малтабар стакан менен бир стаканды артық та симиртип жиберди. Мирочканың кеўилин көтериўин қара.

Сонғының екинши шийшесинен бир стакан тартты да Малтабар аға кәтке суўлады. Мениң де кейпим бәлен еди. Бир шийше үшеў-төртеў болып көрине баслады Дийирманның тартқышындай қыйсаңлап жүрип, Малтабар ағаның костюмын шешип, аяғын жыйнап жатқардым. Мирочка столдың үстин жыйнап атыр еди: „Көмеклесиўге шамам жоқ, жатаман“, дедим. Дийуалға сүйенип, мастерскойға кирдим. Кәтимнин үстине өзимди шөкелеп, қалай қуларымды билмей турғанда Мирочка кирип келип, креслоға шөктирди де қаўсырмалы қалайы кәтимди жайып берди. Арғы жағын билмеймен.

Ярым ақшамда оянсам, аңқам кеўип, басым мензең болып атыр екен. Фанер дийўалдың аржағындағы Малтабар аға жатырған кәттиң үзликсиз сықырлап атырғаны еситилди. Сезип атырман, Малтабар аға да бийжағдай болып атыр-аў! Жәрдемлесейин, суў-пуў ишкизейин десем, өзимниң ҳалым мынаў, басым бас емес, пытыра толтырылған қабақтай, ҳасла көтертер емес.

Көше беттеги нәҳән өреден түсип турған свет, бири бирине иргелес қойылған еки сүўреттиң де бояўын теңнен жылтыратар еди: биринде айғабағар шықпаған қуяшқа телмирип турса, биринде, сол айғабағар батып кеткен қуяштың алқызыл шуғласына әлле қандай бир үмитсизлик пенен, муңлы, оғыры муңлы кейипте бас ийеди....

Сым кровать еле сықыр сықыр сықыр...Арақ деген



www.ziyouz.com kutubxonasi

жаман, Малтабар аға бийтахат болып атыр-аў, Мирочка да ояна қоймас.. Сықыр сықыр.,.

Адамға деген реҳим, бирдейине пайда бере бермесе керек.

Еплеп, басымды көтердим де қалдаўрап, аўыздағы жайға шығып, светти жағып жибердим Мениң кухняға өтип кетиўим, краннан суў алып, Малтабар ағаның аўызына тутыўым керек еди. Светти жағыўымнан өшириўим тез болды. Мийригүл өзиниң кәтине қарап қаштыдағы, мен мастерскойға қарап қаштым. Аржағындағы жумыстың бәрин шыра жақпай, ҳеш ойланбай, сыйпаланып жүрип иследим, себеби, мениң оларды көретуғын бетим жоқ еди. Кийимлеримди умбаржумбар қолтықлап, төменги эгажға сырғанадым. Аяғыма цемент басқалтақ муздай болып тийгенде барып, өзимниң носкишең зыңып баратырғанымды сездим. Дәрҳал кейиниме қайтып, есикти жулқыдым да туфлийимды балық илген шағаладай, қолыма иле қаштым. Маған. тап бир солар жабысатуғындай, жаман қәсийетлери жаман микроптай жуғып қалатуғындай көринип қаштым. Дала тәўир-ақ суўық екен. Сырттағы газ баллон шкафының тасасында дирилдеп турып, кийинип алдым да жолға түстим.

Енди маған баратуғын жер керек еди. Мезгил ярым ақшамның ўақты қусайды. Қайда бараман? „Үйлениў деген усындай, ҳаял деген усындай болса, дүньядан так өтемен“ деп жыладым өзимнен өзим.

Үйреншикли аяқларым, мени ақыл-ҳуўшымнан бийғәрез түрде Динаның баспалдағына өрмелетти. Қапыны қаға бердим, мушлай бердим, „олла, пиян емеспен. Ишимде бир нәрсе бар, айтпасам, жарылып өлемен“ “деп мүшлап зорға ашқыздым. Қыз түримди көрип қорқып кетти: „Ҳеш ким.. сабап таслаған жоқ па? ...Ағаң менен урыстың ба...Былай, шық. тоңып қалыпсаң ғой...“

— Конягиң бар ма, тоңып баратырман,—дедим ийегим сақылдап. Әлле неге ишим қалтырайды, тоңып баратырман, тоңып...

Аздан соң, онда да ярым шийше коньяк ишкеннен соң, маңлайымды мушлап отырып, болған ҳәдийсени айттым. Өзим де жыладым, оны да жылаттым: „Маған ўапалы яр бол,—деп жыладым.—Көзиме шөп салма“ деп жыладым. Ол үркип-үркип тыңлады. Қашанғы үрке береди, кийик те ақыры қолға үйренбей ме?...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзимде бир түрли ынғайсызлық бар. Көшеде жүрсем де еки көзим жән-жақта. Тап бир, урлық ислеп, көринсем тутылатуғын кисидей мудамы алақлап жүргеним Сондағы қашып жургеним Мурат пенен Мийригүл. Уят ғой, бетине қалай қарайман. уят болды-аў!...

Мийригүл неге кеткенимди сорамас, айтпасам да иши билер. Мурат сораса не деймен. „Сондай сондай" деп, дурысынан келсем, асылып өле ме деп қорқаман. Басқа бәнениң де ирети жоқ. „Бөдененинң үйи жоқ, қайда барса бытпылдық" деген екен. Әзели Мийригүл менен Малтабар түңилдирип жиберген үй тарлық етип еди. Енди маған мына қала тарлық етип баратыр. Бурынғыдай былай-былай шыға бермеймен. Истен сон дуппа-дуўры үйге тартаман, былай шықсам, көрип қойятуғындай. Қашан көрсең қуўысланып жүргеним. Олар емес, мен қылмыс ислеп қойғандайман, уятты ислеп қойғанлар қалай жер басып жүреди екен, журттың бетине қалай қарайды екен, соған ҳайранман. Мейли, ҳеш ким қысындырып, бетине бежирейип қарамай-ақ қойсын. Бирақ адам өзиниң ҳужданынан өзи уялыўы керек шығар, ҳуждан ҳукиминен әдалатлы ҳүкимниң болыўы мүмкин емес, бирақ оның ушын, сол ҳуждан деген жарқылықтың өзи көз жасындай тынық, гирбиңсиз болыўы керек еди.

Қыстын қарыс күни қысқа болғаны менен түни узақ. Биз усы узақ түнлерди әдепки ақшамлары гүңкилдесип атқарып-жүрдик. Емизикленип сорай берсең, ериспей жағың шамалы. Ол басынан өткениниң бәрин ашынып, жылап-сықлап айтып берди. Қаршыдан емес, Бухарадан екен. Әкеси Мирараб медиресесинде мудәррис. Сол муддарис Диларам туўылыўдан Қаршыда туратуғын пийри менен қуда түсип, нан сындырысыпты.

Талант деген жарқылық, сениң шығысыңа қарамайды ғой. Сүйген кәсибиң ата-анаңа унай ма, унамай ма, оябы менен есапласпайды. Үш улдың арасында ерке өскен Диларам; „жасымда-ақ аўылдың қыз-келиншеклериниң бәри османы, қалды маған қойдыратуғын еди,„ деп гүрсинип еске алады. Қайда, онда өзиниң анасы тири екен. Сол байғус қызды қанатлығы қақтырмай, тумсықлыға шоқытпай туғырыда тарандырып кемалға келтиргени менен, өнер жағына араласпапты. Тек„ әке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нинң көзинше жанлы мақлуқтың сүўретиң салма, гүл сал, нағыс ой" деп жалына береди екен. Қыз онынщы классты питирместен бир жаз алдын дем қыспадан деми түўесилипти де, жүзи берилген соң мударрис бир мурийдининң үш ай барып келген қызына үйленипти.

Оңысық оңлы болмапты. Талыпилимниң үйинде бой жеткен қыздын таўланып отырыўы қыйын екен. Астыртын Қаршыдағы қудасын шақыртып, „жесиринди ал„ депти. Қыз Ташкентке қашып кетип, живопись училищесине кирипти. Түнде бир смена тоқымашылық комбинатында ислеп, күндизине оқып жүргенде зәмилдей төрт жигит „Волга"лы барып, түнги жумысынан киятырған жеринен Қаршыға алып қашыпты. Той өткеннен төрт—бес күн соң жырыла қашқан қыз үйине келсе, өгей анасы, үш жеңгеси: „байыңның үйиңе бар, туқымымыздан бундай бәдбақ шыққан емес," деп, қуўып салыптыдағы, әкеси бүйирине қарап қалыпты.

Ҳаслы қарақалпақ, урыўы бессары болса да қарақалпақстанды көрмеген қыз мектепте картадан танып, бир келип көриўди ҳәўес етеди екен. Самарқандтағы қарақөлшилик институтын питкерген Тахтакөпирли бир қыз бенен Каганда табысып, усылай ығысқаны екен. Тахтакөпирли қыздың Нөкисте ислейтуғын, анаў-мынаў басшыларды шыйыра алатуғын беделли ағасы араласып, еки комнаталы квартира алып берипти. Енди сонда жасап атыр екен. Биз тап болыппыз. „Күйеўим көп жүрмес, үйленер, оннан соң, оқыўымды даўам етермен,„ деген тилеги бар екен. Ендиги жағында оқытыў-оқытпаў бизиң қолымызда қусайды. Усылардың ҳәммесин мениң ыйығымды көз жаслары менен ҳөллеп жатырып, айтып берди.

Мени аяныш сезими бийлеп кетти. „Жылама,—дей бердим қуры.—Жылама, бир есабын табармыз. Есик көргенинди өмиримше бетиңе баспайын," деп елжиредим. Мен ақ қуўдың көз жасын көрген жоқпан, бирақ, дүньяда сулыўды жылатпағай, қызды, усындай муңлы қызды жылатпағай...

—Ашылысқанға ашылыспақ керек. Сөйлейин десем, сен меннен ҳеш нәрсе сорамайсаң...

— Кереги жоқ,—дейди көкирегимди аймалап,—Кереги жоқ. Мениң ҳеш нәрсе билгим келмейди. Тек,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қапа етпесең, болды. Мен сени өмиримше қапа етпей мен. Биз екеўимиз ҳеш қашан да урыспаймыз ғой, я?

— Урыспаймыз. — Баўырыма тарттым, әлле неге дир-дир етеди. Ети жып-жыллы. Ўақты-ўақты солық тартады. Жылап атыр, әлле қандай бир өкиниш бар ма, қуўаныштан жылап атыр ма, билмедим, сорамадым да. Ақыры, ол меннен ҳеш нәрсе сорамайды ғой. Сораса, ең дәслеп кеўил бергеним, ең дәслеп, ләбинен сүйген нашарым Назлы ҳаққында айтпақшы едим. Айтпадым. Бирақ қай ўақ бир ўақ айтпай қойматуғыным аян...

Түс көрип шықтым. Айғабағар телмирген қуяш, шыққан екен, деймен. Арқан бойы көтерилген екен. Қәпелимде, сабағынан үзилген алмадай көгала көк теңизге шомп етип түсип кетти. Айғабағар еле телмирип тур... Усы түсимде жатып ойланып атыр екенмен: „Япырмай, бала, қуяш та бүйтип, көзды ашып-жумғанша зынғытылған алмадай суўға батады екен-аў“ деп, таңланып атырман. Сөйтип, түсимде тағы да сол түстиң екинши сериясын көрип атырман: Мастерскойдың айнасына қарайман. Бул кәрада Мирочка сатып әкелген гүл түбек туратуғын еди, Коңыр гүзден қара қысқа шекем, оннан да соң усы ғана өжире емес, ҳәмме жайларымызға хош ийисин инам етип турған сол гүл, қабырлап-қабырлап, қәпелмде жыланға айналып, қан сорыған сүликтей кем-кемнен жуўанып баратыр, жуўанып баратыр. Ҳәр сабағының өзи Джунглый тоғайларында маймыллар салланысып ойнайтуғын шырмаўықтай узайып-узайып, пәтикке жанасады. „Пай, бир асылып ойнайтуғын маймыл керек еди-аў“ деймен түсимде. Ойда жоқта, аржағынан горэлло ма, билмедим, маймылдың породаларын мен қайдаң билейин, әйтеўир бир нәҳән маймыл жанағы шырмаўықларды қолы менен ашып-ашып, айнаның сыртынан берман атламақшы ма, киятыр еди, қәпелимде шырмаўық дегеним жылан шығып, шырмаўға қарады ма де! Көзимди қыпылықлатып-қыпылықлатып қарайман түсимде. Қарасам, маймыл деп турғаным Мурат! Сансыз жылантар буўып атыр. Байғус ағам, демниң арасында тарийхтағы жыланлар буўып атырған Зевс қудайының склуптурасының сүўретине усап кетти... Дина жулқып оятқанда, түсим екенине қуўандым...



www.ziyouz.com kutubxonasi

31.

Қыстың күни бизлер қусаған ылай менен ислейтуғын қурылысшыларда жумыс айтарлықтай баса-бас бола бермейди. Оның есесине, жыйналыс гүжип береди. Кеше профсоюз жыйналысы болып еди, бүгин кешки алтыдан бери комсомол шөлкеминин жыйналысы болып атыр.

Кассир баланың секретарымыз екенинен нәрсе хабарым жоқ еди. „Мынаўың — айлығың, мынаўыңды — взносыңа тутып қалдым" деп, счеттың тасына бармағын шошайгып қалатуғын еди, Сол бала секретарымыз екен. Кассир дегендей емес, сөзге шебер шықты. Сонша питкерилген объектте комсомол шөлкеминең үлеси көп екен. Неше квадрат метр жерге жай салынды, неше объект тапсырылды, бәрин ядтан биледи. Ҳәтте мениң күниге неше гербиш өргенимди де айтып берди. Мен өзимниң көпшиликтен өндириңкиреп өрип жүргенимди онша биле бермейтуғын едим. „Дурыс, жыйналыс аз өткерилди" дегенде, ҳеш жыйналысқа қатнасып көрмеген мен: „бир-еки жыйналысты өткерип алыппан-аў" деп қысындым. „Взнос мәселеси жүз, бурын скандальный мәселениң бири усы еди, бул нәрсе жолға қойылды" деп барып, алдағы ўазыйпаларға ендиги сайланатуғын составтың дыққатын аўдарып, нәсият етип отырды.

„Докладты додалаймыз" дегенде сөйлеўши көбейип кетти. Ишимизде биреў бар екен. Әбдиғаний деген. Сол секретарьдың сөзин қуўалап, айтып отырды, шешеңлигине қарап, „ендиги болатуғын секретарь усы бала шығар" деп ойлап қалдым. Сөзге, факт келтириўге секретарь—кассирден алық болса алық-дә, қалық емес. Оннан соң, өзи сары, шашы түйениң жүниндей қоңыр Жамал деген шығып, „жолдаслар полдаслар" дан да басламастан секретарьға қолын силкип жиберди:

— Сен, кассир жора, взнос мәселесин айтып аўыз толтырма, болғаны сол! Оны сен айтпасаң да, айлықтан тутпасаң да, төлеймиз, ҳаўўа. Сениң мынаны керек еди:—деди де шунатайын бүкти:—Именно, шөлкемниң қандай жәрдеми тийди қурылысқа, воо, соны, айтыўың керек еди. Сен бул жерде майдай жылмақай сөз бенен аўызымызды сыйпап өте шықтың. Дурыс,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қурылыста комсомоллар жақсы иследи, бирақ оған сениң қатынасың болған жоқ. Именно, сен—деп бармағын наган етти:—не иследиң буннан да жақсы ислеўимиз ушын?! Отызыншы жыллардағы комсомол ячейкаларының революциялық духы сенде болды ма, шөлкемде болды ма, соны айтыўың керек еди. Жаңа Әбдиғаний шығып сөйледи. Сенин докладыңның фактине шекем ядлап алыпты, бизге бир докладты еки ирет тыңлаўдын кереги жоқ еди. Әбдиғанийдиң өзи не иследи екен, соған тоқтайық, басқаларыңыз танымассыз. Оны мен жақсы таныйман, бизиң обьектте самый отсталый, самый пассивный адам сол, жумысқа да пассив қатынасады, айлық десе, актив. Енди сол, „жолдас" деп айтпайман оны, болғаны сол! Әне, сол өзиниң пассивлигин жаўып жибериў, бизиң көзимизди бояў ушын жыйналыста активлик етип, шешенлигин көрсетип атыр. Усындай сөзи жалтырап, иши қалтырап жүргенлердиң көкирегинде честныйлықты оятып, полноценный адам етиў ушын шөлкем не иследи? Ҳеш нәрсе ислеген жоқ. Так не пойде-ет!—деп, басын шайқап отырды. Тағы бир-еки адам сөйледи. Сен айт, сен айт пенен, гөзек бизге де келип қалды.

Мен орынымнан қысынып турып, усы ўақытқа шөлкем, ҳеш жыйналысқа қатынаса алмағаныма кеширим сорап атыр едим. Жаңағы Жамал деген:

—Өйтип, қысынып, қыз бола бермей-ақ қой, сен келгели ҳеш жыйналыс болған жоқ,—деп сөзимди бөлип жиберди.—Горком комсомолға тек протокол кетип атыр...

Мен Жамалдың жаңағы адамды тәрбиялаў ҳаққындағы гәпин мақуллап, „комсомол жаслар бригадасын дүзиў" туўралы усыныс киргиздим.

Таза составта бюро ағзалығына усынылып кеттим. Нениң шарапаты екенин анық билмеймен, бирақ, усынылғанымды ишимнен шеп көрген жоқпан. Областлық Комсомол конференциясына делегат сайлаўға келгенде, тағы қыстырылып баратырман, ҳаў!...

Жаңа секретарь сайлаўдын ўарра-ўаррасы бир саатта питти. Бириниши бюро өткерилип, Жамалды секретарлығы менен қутлықладық. „Енди өзиң жан ендиресең ғой" деген дәлкекке: „ендиремен!" деп, күлмей жуўап береди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жыйналыстан соң ҳәр қайсысымыз ҳәр жаққа дағыстық.

Нөкиске миллион адамлы үлкен қалалардың кейипи енип киятырғанын усындай, түнде жүрсең абайлайсаң. Мына бас көшеде бурынлардағыдай салқылдасқан жүк машиналар көрине бермейди. Төси қайқайып, көлдеги ақ қуўдай илбип баратырған „Волга" лар көгилдир асфалтта Волгадай ағады. Анда-санда қайтқан ғаздай „ғаңқ" еткен сигналлардың сеслери, тротуарлардан ерсили-қарсылы жүрип атырған аламан, сәнли-сәнли бралар, үзликсиз ағып турған отлы афишалар қаланың шырайын шығарып, Ташкент, Москва қусаған үлкен ағаларына усата қояды. Әне, усындай болса, адамның кеўили де көтериңки келеди. Усындай кеўилли түнлерде Мурат, Мирочка, Дина, биз, төртеўимиз бирге қыдырсақ, кино-театрларға да бирге барсақ, деген ҳәўес оянады кисиде.

Мирочка, әлбетте, бурынғыдай ипласлыққа бармайды. Оны Дина екеўимизден басқа ҳеш ким билмейди. Тек екеўимиз аўызымызға бек болсақ, болғаны. Мен буны, әлбетте, Муратқа өлгенимше айтпайман. Айтсам, оның аўҳалы шатақ. Усы жөнлерин келиншегимиз екеўимиз ойласып алып: „қашанғы қашып жүремиз, шақырайық та қатынасайық", деген қарарға келгели гастрономда татымлы зат, жақсы-жақсы ишимлик болса, күнде аз-аздан алып жүрмиз. Ресторанда ислегенди билесиз ғой, аўхатқа ақшаң шығып жалшымағаннан соң, тапқаның былай жыйнала береди. Пул бар. Мирочкаға жақсы-жақсы, қымбат-қымбат духилар алдық. Бир телевизор алып бере қояйық" деп едик, тарығып қалатуғын түримиз бар. Ҳәзирше, майда-шүйдесин тасынып атырмыз. Дина да қуры келмейди, мен де қуры бармайман.

Гастрономда шампан сатып атыр екен. Дизбекке дизилип, бес шийшесин алдым.

Есиктен жаңа шыға берგеним, Мурат пенен дүгисип қала жаздадым. Қол алысып атырып: „тоқтап тур", деди де ишкери сүңгиди. Айнадан көрип турман. Консерва, колбаса алып атыр. Азғын. Демниң арасында бүйтип шөгип қалыўың: „бир нәрсе сезген шығар" ға жорыдым. Бетине қалай карайман, қашып кетким келип тур. Әттең, есиктиң аўызында дусласып қалғанымыз ғой, болмаса бир иретин табатуғын едим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол шыға салып, бетиме тикленди. Сирә, „мәрт болайын, көзимди бир жерде турғызайын", десем де Муратқа түскенде нәзерим шийшеге тийген буршақтай тайғанап кете береди. „Я-а, пәлек, урлығын биреў ислейди, уялыўын биреў уялады!" Билегимнен қысымлап алды да:

— Жүр былай!—деди. Даўысынан сезип турман, ашыўлы. Ауызыма сөз түспей, адым- адым кетип баратырып:

— Мийригүл мәс жүр ме?—деп атырман:—Үйде ме?...

— Жақ, кешқурын Малтабар әжағасы менен шубаға кетти,—деди жай-парахат.—Ертең келеди.—Ишим қымм ете қалды.—Сен өйтип, гәпти басқа жаққа бурма. Сен не қыласан, оны? Үйленгениң ырас па?...

— Үйлендим,—дедим албырақлап:—Бармадыңыз?

— Шақырмасаң-ше?!

— Шақырамыз. Сизлердиң дайымды өкпе леткениңиздей етпеймиз...

— Терисине шақыра ғой!...

— Хе?!

— Өлсоңо, өз жеңгеңе жармасқанша!—Қолымнан сеткам түсип кете жазлады.—Өлсоңо, ийт...

— Ҳаўўа, сен қалаға әкелип, адастырып жибергән ийтпен...

— Жит қасыман, көпек, қыздырма мени!—деп қалтыранып киятыр еди. Бетине тикленип қарадымдағы;—Ырасын айтсам асылып өлесеңаў! — деп, басымды шайқадым да жүрип кеттим.

Аспанның алағат булытлы екенин жақты көшеден шыққаннан соң абайладым. Ай ғубарсыз еди. Қәпелимде булытқа сүңгийди. Жумбаршықланып перделеген булыт ысырылып кетемен дегенше әтирапты зәрре ымырт қаплайды да тағы жарқырайды. Булыт көше береди, ай қала береди...

Есиктен оғыры кеўилсиз атладым. Мудамы қапының алдында жаўтаңлап күтип алатуғын, әлле қашшан қасы-қабағымнан кейпимди аңлап үйренип қалған Дина шоршып кетти:

— Биреў менен урыстың ба? Я аўырды ма бир жериң...

Дым үндемей шешине бердим. Пальтоларымды, шарфларымды былай алып, туфлийимның баўларын шешип атырып тағы сорай береди:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кешиктиң? Бирге жейик деп, еле тамақты салыстырмай... Бир жериң ауырып тур ма? Я биреу менде...

— Урыстым, Мурат пенен урыстым. Шақырмайтуғын болдық енди...

— Ҳе-е?!—деп таңланды: — О неге шақырмаймыз? Жасы уллы деген, урыса берер болар. Сениң урыспауың керек...

— Ақылыңды қойсаң-ә, маған сен-әм әбден...

— Урыссаң, сөйтип маған урыс. Бирақ мениң „өмириңше зейнице тиймеймен" деген шәртим бар. Маған урыса бер, мен оған өкпелемеймен. Урысып-урысып, ашыуыңды шығар, мейли, бирақ, басқаға урыспа,—деп, бойыма шапшып, бетимнен сүйип кетип баратыр...

Аухат жеп отырып:

— Бир жағымсыз хабар бизде де бар,—деди еркеленип.—Бирақ, сен оған қапа болма. Сен қапа болсаң, мен қапа боламан. Мени апай жумыстан шығарып жиберди. Көптиң көзинше „байымды тартып алдың", дейди. Қой, шоршыма, ашыуланба да, кереги жоқ. Басқа жумыс тауып аламан. Тауғанда қандай, енди искусствоға жақын жумыс излеймен...

— Дүзде ылағы жамыраганның үйде қатығы төгиледи деген усыдә,—дедим мен өзиме өзим.—Әбден, келисип қалған екенбиз, онда?...

— Шақырғанда келмейтуғын болса, өзлеримиз бара қойсақ қайтеди?

— Қойсаң-ә, гәп емес гәпти айтпай!—Жымжырт етип таследым...

## 32.

Диларам искусство музейине экскурсовод болып кирип еди. Арадан он-он бес күн өтти ме, өтпеди ме, ағасы урыс жылларғы әскерликтен келген қыздай ушып-ушып қууанып келди. „Художник—реставратор болдым! Өмиримдеги орынымды тауып киятырман, яшасын!" Соннан бери базда-базда Муратшылап, китап-питаптан гонорар әкелип турады. Бир күнлери: „қайнағаны көрдим, мени танымайды." деп келеди. Бир күни: „Музеймиз үлкен олжалы болды. Қайнаға „.азлар қайтып баратыр" деген картинасын бес жүз



www.ziyouz.com kutubxonasi

манатқа сатып кетти", деп келди. Мен усыннан-ақ Мураттың оңысығының оңлы емеслигин биле қойдым.

Тағы бир күни: „Қайнағаға мүйеш ажыраттық. Сүўретлерин сатып алып қыстырып атырмыз", деп келди. „Үмит" деген картинасы бир екен, символично, локонично, булардың қарақалпақшасын билмеймен. Дым жақсы. Адамға ой салады", деп ҳәўесленеди. Мениң көз алдыма еле шықпай атырған қуяш, телмирип турған айғабағар елеслейди...

Үш-төрт күннен соң: „Тағы бир сүўрет әкелди. Адамлар: „мынаў „Үмит"иңниң варианты, екеўи биреў емес пе?" деп еди. Қыдырбай деген, пишимсиз болса да талантлы художник бар еди, сол: „жо-оқ, жолдаслар, екеўи еки басқа. Мынада айғабағар батып баратырған қуяшқа өлип баратырған адамның өмирге ынтық көзи менен, аш көзи менен телмирип тур. „Үмиттеги" үмит ақланбаған. Мәнис басқа-а", деп еди, анаўлар да мақуллады. Бирақ, дым арзан берип кетти", деп өкинип келди.

Тағы бир күни: „қайнаға мүйешин түрли типтеги, түрли характердеги қызлардың сүўрети менен толықтырды", деди.

Базар күни өзим барып көрдим. Адамлардың оны бул қурақым еске алғанына да қуўанып қайттым.

Келеси күни Диларам: „қайнаға мени танып қойды, тап бир, уялып кеттим, дейсең. Дайыңларды қашан шақырамыз? Сонда қайнағалар да келер едидағы, тезлеў қатынаса қойсақ, көп нәрсе үйретер де еди. Ол шебер адам екен", деп, ҳәўеси кетип келди.

Тағы бир күни, бир мәселе үстинде тартысып қалғанын айтты.

Бир күнлери: „ҳәптеден асып баратыр, қайнаға нәрсе дарымайтуғын болып кетти. Аманлықпекен, бир хабар алыў керек еди", деп қәўетерленди. Мен оның қолы жырылса, командировка алып, сыртқа шығып кететуғынын айтып, тынышландырдым. Бирақ өзимнен өзим алағада бола бердим. Мың урысып-кейигени менен туўысқанның аты туўысқан. Мийригүлге жолығыўға бетим шыдамағаны менен рекламбюроға барып, Рафаэлди көрген нен соң питегене кеўилим қарар табайын деди. Үстүртке творчестволық командировка алып кетипти, мәўлети—бир ай...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оңысығымыз оғыры жақсы десек болады. Еле ҳеш қайсысымыз бири биримиздиң кеўилимизге тийип көрген жоқпыз. Бурын нашар әўладының тәрбиясын көрмегенге ме, Диларамның үп-сүпиниң, қалыс хызметинин бәри маған унайды, унағанда қандай! Қашан көрсең кийимлерим утюглеўли, жүрис-турысым жыпжыйнақлы. Бир адамды бир адам жалғызындай әлпешлеп турғаннан соң, қоя ма?! Шырайым шығып қала қойды. Бирақ, оның усы еңбеклерин еш етемен бе деп, күнлердиң күнинде ҳаўлығаман.

Баяғылары ўақты-ўақты малымызға арзан-қурзан арық мал сатып алынып қосылатуғын еди. Келгенинде, саўсап келсе де, тойынып, бурынғы қожыраған күнлери умытыла келе, баспақ болып, кемалға келген жайлаўын еслеп, сол бағдарға қуйрығын шаншылдырып қашыўды шығаратуғын еди. Сондай боламан ба деп қорқаман. Мынаў Назлы деген маңлайы қара, барған жеринен тез қайтып келгир ғарғаның гүлдәстеси, ядымнан шығатуғын түри жоқ, нәрсе ойламайын деген ақшамы түсиме енип шығады. Назлы шығар деп, көзимди ашсам, қушағымда Диларамды көре беремен. Сөйтемен де өгейсирей беремен, қасымда Диларам емес, жансыз сүлдер жатқандай... Қорқаман мен, ҳәммениң көзине тек жақсылық тәме етип, үмит пенен телмиретуғын бийгүна нашардың жүрегине муз басып аламан ба деп қорқаман.

Оның да тағдийрин ойлайман. „Быйыл училищеге түсемиз ғой, я? Сен қурылыста ислейсең... Төрт жылдан, қайтып келемиз", дейди, сөйтип, өзиниң сөзин өзи мақуллайды. Мен дым үндеймеймен. Мениң көкирегимде бир әндийше барын биледи, бирақ, соны еситиўге қорқа ма, дым сорамайды, айтайын десем де я басқа жаққа бурып кетедидағы, я турып кетеди. Ондай үлкен қалаларда жасаў маған да унамайды емес, бирақ, жүрегим кеңисликти күсей береди. Жайлаў үлкен бир магнит, мен соннан алыслаўдағы мыйық едимдағы, бас бүкил тартып алмағаны менен басымды сол магнит аўытқыта берер еди. Буны еле ҳеш кимге айтқаным жоқпан.

Сөйтип жүргенде, бир, жаман ҳәдийсе болып қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Конференция болатуғын күни азанда әдеттегиден дым ерте турдық. Шай ҳалқастан соң мени кийиндириўдиң өзи бирталай ўақытты алды. Өзиме салса олпы-солпы-ақ кете беретуғын едим. Бирақ, күйеў салақ жүрсе, журт келиншегине күлетуғын болыпты бул заманда! Оннан бурын хабарым жоқ еди, үйиндеги тазалықты да журт сырттағы жүрис-турысына қарап абайлайды екен, онысын да билмеймен

Биз делегация қабыл ететуғын адамдай кийиндирилилдик. Тар балақ, қымбат, қара қостюм, биз тумысық түфли, ақ нейлон көйлек, қара қалпақ. Өмиримде тағып көрмеген галстукты да усы бүгин тақтым. Пиджагимниң сыртқы төс қалтасына ақ жипек орамалдың жийегин көрсетип салды да:

— Енди айнаға қара,—деди Дина.—Художник қалай кийиндиреди екен. Бизлер „вкусы" күшли адамлармыз, — деп, мәккарлық пенен күлип те қойды. Жаўдыр ала көзлери менен тум-тусымды тағы шолып өтеди де:

— Қатты пардозлап жибердим-аў,—деп күледи:— Аўылыңның қызлары аўыз салып жүрмесе қайтер дейсең...

— Ояғынан ғам жеме,—деймен мен де мардыйып.—Ҳап деген шағалдың аўызында кете беретуғын таўықтай гейпара ҳаялларға усамайман.,.

— „Женгемниң былығын билдим" деп, ҳәммени соның тасы менен өлшей берме, Мақсет. Уят болады,— дейди күлгенин қойып.—Шунатайдың келтелигине ортан бармақ жуўап бермейди..

— Оның дурыс ғой, ортан бармақ „майға тийемен" деп, күйе береди.

— Күйсе күйсин, күйгенде майға күйедидағы. Шунатайдай шүлдиреп, бәринен қуры қалғаннан, күйгени жақсы. Шынтлап күйгенге не жетсин, муҳаббетке де, солай ма?...

Үндеген жоқпан. Бойыма шапшып, бетимнен сүйип-сүйип:

— Бар, енди, кешиктиң,—деди.—Қоя тур, мына жериңе шаш ерипти, мениң шашым. Әне, болды.. „Түсте келе алмай, аш қалып жүресең бе, буфеттен жерсең," деп. қалтама бир онлықты да салып жиберди

Конференция мәмлекетлик театрдың қысқы жайында болыўы керек еди. Ғаз-қатара қойылған кийим



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыстырғышларға қыйлы-қыйлы модадағы пальтолар, малақайлар қыстырып атырған, костюмшаң, сылаңлаған жигитлер келип айнаға қарап, шашларын тарап атырған, дизимнен өтип атырған, блокнот, қағаз-қәлем, мандат алып атырған. Ал, есиктиң ауызында бизиң бурынғы кәсиплеслеримиз шәшликлерин желпип, шоқларын қызартып атыр Ишкери де, сыртқары да сапырласқан қыз-жигитлер, әлле кимлер әлле нәрселер ҳаққында усы бастан-ақ айтысып-шертисип атырған.

Қоңырау сыңғырлап, ҳәмме ишкери жапырылды. Мен өзимнен тәуир-ақ алда кетип баратырған Жаңабайды, Жаңабайдың қасында байрамда Назлыны сүйетуғын офицерди көрип қалдым. Хабарласыуға имкәният болмай қалды.

Мәжилис баслалып, қәдимги дәстур бойынша Коммунистлер Партиясының Орайлық Комитетинин ағзалары руўҳый басшылыққа сайланды да, ҳәмме қолларын шаппатлаўы менен орынларынан турып, отырды.

Соң өзимиздиң ишимизден стол ағалары сайланды. Оның бар екенлигин аты шыққанда барып абайладым. Жоқары өрмелеп баратырғанда мойынымды созыңқырап карадым: жүзинде бир түрли ашөлеңлик бар. Сол нәрсе көзлерин үлкейтип көрсетип бурынғыдан да шырайландырып жиберипти. „Бурынғыдан да“ деймен-ау, бурын Назлы бундай емес еди. Енди, „жойтылған пышақтың сабы алтын“ болып көринип атыр. Омыраўы шығыңқылау, үстине жасыл жерси костюм кийипти. Қалай да ашылысқан. Есиме дайымның: „не бир нашарлар бар, есикке түскеннен соң, ысылған гүмистей жарқылдап сала береди“, деген гәплери түсти.

— „Ауыл мәдениятын көтериў, ауылды қалаға теңгериў проблемасын шешиўдеги комсомол жаслардың авангардлық роли“ деген докладтан соң, бир-еки адам шығып сөйледи де түски тәнепис жәрияланды.

Сыртқа шыққаннан соң, Жаңабайды, бизге унай бермейтуғын офицер жигитти ушыратып қалдым. Жигит жән-жағына алақлап:

— Жаңағы бизиң Назлы шықпай ма?—деди. Жаңабай таңланып қарап:

— Соны да билмейсең бе?—деп күлди:—Президиумдағыларға усы жерде бир өжире таярлаўлы тур, директордың кабинети. Бағана случайно кирип қалып, қысынғанымды қайтерсең...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен үйге мирәт еттим. Жаңабайдың еле мениң үйленгенимнен хабары жоқ, Мураттикине шақырды дедиме, басын шайкады да:

— Үйге баратуғын болсақ, бизиң де үй бар,—деди.—Районның жигитлери менен топарласып жүрмиз, бөлинип кеткен уят болады. Бул жигитти танысаңба?—деп қасындағы киши лейтенантқа қарады.—Аўылдан қашып кеткен Мақсет деген усы Комсомол...

— Ҳимм,—деди жигит мурнынан „ҳимилдеп".—Бизлер, аўылға көшип барып жүрсек... Бул жигит пенен бир сөйлесетуғын жумысым бар. Жәке, сизлер бара бериң, ҳәзир жетемен,—деди де билегимнен қолын өткерип, спортзалдың шарбағына қарай жүрди. Әсте-әсте сөйлеп киятыр: „Мени танымассыз, бәлким,—дейди.—Сол совхозда пожарныйман. Кегейлиден көшип бардық. Ал, енди, бул, мениң айтатуғын гәпим емес еди. Сен бүгин Шымбай чайханасына шекем Назлыны узатып сал, дайыңнын тамаша хабарын еситесең", деп, күлди. Жаным төзбей:

— Не хабар, сиз билмейсиз бе?—дедим.—Аманлықпа, өзи?!

— Өзи айтады,—деди де ишиме гүптикей салып кетти.

Еле еки сааттың мурты шағылған жоқ еди. Бул ўақыттың ишинде мынаў турған бизиң үйден адам еки түсленип келсе болар. Усы ой менен үйге кеттим: „Бала, Назлы не дейди екен, маған? Дайымларға бир гәп болды ма?"

Бизлердиң адресимиз өзлериңизге белгили, микрорайонда, қыста жылытыў системасы бузыла беретуғын сексияда турамыз. Сизлер түўе, бизиң үйимизди комхоздың усталары да жақсы биледи.

Буған барыў ушын мениң гастрономның алдынан өтиўим керек еди. Оған жеткермей-ақ спортзалдан айнала бергенимде Искендер ата—Александрдың бир сетка ғарежет алып киятырған кемпири ирикти:

— Сизлер тири ме едиңиз, шырағым-аў!—деп сала берди кемпир көриўден.—Он бес күннен асып кетти, Мирочка жоқ, я Мурат бармайды. Айтайық десек, сениң қайда екенинди чертым билсин. Ең болмаса, гилтиңди ал, барып!·Ертең келемиз деген жеңгең еле жоқ, биреў өлтирип кетти ме! Неге бақырайасаң маған! Сенен ини болып!..!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерип баратырман. Аяқ-қолымда жан қалмады. Жоқарғы этажға дизем қалтырап өрмеледим. Кемпир үйинен гилтти алып шығып, созып еди, қапыны ашсам, маңлайыма әлле қашшан өлип қалған Мураттың, я Мийригүлдин жалаң аяғы сарт ете қалатуғындай ҳаўлығып: „Берекет табың, өзиңиз ашын, жүрегим бир түрли...“—дедим көкирегиме қолымды басып. Кемпир әжепленип қарады да, есикке гилтти салып, қапыны жулқып жиберди. Киреберистеги кийим-пийим қыстырылатуғын жер қараңғы еди. Кемпир шийшеге тайып жығыла жазлап, „тфу!“ деп, түпиринди де келеси есикти жулқыды. Жулқыған бойы сол, адымын бир атлады да:

— Шақырыў керек! Милиция шықырыў керек, үйиңе уры түскен, уры-уры..,—деп шегиншеклей берди. Питегене көкирегимди басып алған мен алға өтип кеттим. Төңкерилген чемоданлар, жән-жаққа ылықтырылған Мурат пенен Мийригүлдиң гөне-көкси кийимлери. аўдар-теңкер көрпе-төсеклер, жайрап атырған басқада буйымлар тап бир уры түсип, көмиктеги алтынды излеп-излеп, ақыры пәнт жеп, ашыў менен бүлдирип кеткен үйге усатар еди.

— Сиз кетпей турың,—дедим кемпирге бир өзим қалсам қорқатуғындай.—Уры усы үйдиң өзинен шыққан!—Сөйдедим де столға бетледим. Үйленбесинен бурын Мурат „пәлен жаққа кеттим“ деп, маған хат қалдырып кететуғын еди. Столдың үстиндеги бир жапырақ қағазды соған мегзеттим де палапан услайтуғындай, еплеп қол создым. Мийригулдиң қолына усайды. „Мың айтсаң да адамның аты адам. Адам пери бола алмайды, пери пери менен ушып кетедидағы, периге ашық болған адам асылып өледи. Сен өйтпей-ақ қой, Мурат. „Суў периси“ жыртылған күни усы гәпимди еслесең болды. Өзиң айттың ғой, „перисең“ деп. Пери тар өжиреге сыймас болар. Ол мудамы ҳалласлап, дүзде жүриўди күсейди. Саған бояўыңның ийисин ийискеп, еңсеңнен үңилип туратуғын адам керек екен. Сүўретши менен бурын жүрип көрген жоқ едим, оянғын абайламай қалғаным ушын өзим гүналыман. Мен баяғы қыз күнимде кеўил берген адымым менен ушып кеттим. Излемей-ақ қой. Сен де теңиңди табарсаң, сәлем менен „*Суў периси*“. Айтпақшы, ақырғы мәртебе адамгершилигимди көрсетип кетейин: Мақсеттиң ус-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тинен айтқанларым жала. Сени жалғыз туўысқаныңнан айырып не қылайын. Бахытлы боллыўыңа тилеклеспен. Сениң жақсы көретуғыныңды да, менсиз қыйын болатуғыныңды да билемен, бирақ, өзиме де қыйын болмағаны жақсы. Тезирек суўытыў ушын мына нәрсени де жасырғым келмейди: ресторандағы директор ҳаялдың Малтабар екеўимиздиң үстимизден айтқаны ырас гәп еди. Табақлас, дастықлас болып отырып мойынлай қойыў қыйын ғой, Малтабар менен практикаға келгенинде танысқанбыз. Апамның мурындық баласы дегенниң сылтаў екенин де енди түсинерсең. Саў бол."

Хат мени таңландырған жоқ, усылай болыўы керектей туйыла берди. Оның Малтабар менен кеткенинде билдим. Басқа ким менен кетсин енди!

— Не хат, аманлық па екен?!—деген кемпирдиң даўысын еситип барып, оның еле еңсемде турғанын билдим. Ҳалымның келгенинше түсиндирип бердим. „Тфу, дьявол!" деди де есикти қулашлап жаўып кетти. „Шопан сағыньшлары" деген сүўретимниң аяғын аспанға қаратып кетипти. Шопан фильмниң терис түскен кадрындағы сүўреттей төбесин бултқа берип, аяғы менен жерди көтерип туғандай. Оңлап кете жақ болып қасына бардым да, тағы тиймедим: „Көрип суўынсын". Усы ой менен, столдан қағазды алғанда қандай болып жатырса, тап сондай етип қойдым да есикти бурығысындай етип қулыпладым. Гилтин созғанымда „алла-жалла" лап, кемпир қолларын гөлегейледи. Ғарры „бундай ҳаялды таўып алып, атыў керек", деди. Мен Мураттың командировкаға кеткенин, жақында келетуғынын, оның өз көзи менен көрип, суўыныўы кереклигин айтып, гилтти кемпирге зорға алдырдым. „Мениң келгенимди де айтпай-ақ қойың", деп өтиндимде шығып кеттим. Бәринен бетер, Муратты аядым! Муҳаббет, сулыўлық ҳаққында ўаз айтып жүрип, буның қәтелескенине ҳайранман. „Сулыўлық сыртқы пишин менен өлшенбейди. Адамның руўҳы жақсы, ҳүжданы гирбиңсиз болса ғана сулыў. Ҳүжданы, көкиреги бузық болса, қуры сырты сулыў адам адамға қорқынышлы, қәўетерли келеди", деген сөзлерин еслеймен, еслеймен де Мийригүлдиң ишки дүньясына үңиле алмағанына өкинемен. Сөйтип киятырып: „Диларамның ишки дүньясына мен үңилдим бе?!-деп ойлайман, ой-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лаўға да қорқып, ойламаўға тырысаман. Тағы ойлайман...

Назлы ядыма түседи: Бағанағы күйеўи неге „сөйлес“ - деди? Адам деген ҳаялын қызғанбаймекен? „Шымбай чайханаға шекем узат“ дейди, былай шығарып алып, силейтип салмаспекен мени!“ деген қорқынышлы ойлардың да басына барып қаламан. Толқын өзиниң жолында батып-шүмген бир түп поррықты жағаға әкелип урмай ма, ой толқыны бизди театрдың алдынан бир шығарды. Енди үйге барыў қыйын. Шашлик жедим, лимонад иштим. Сонын менен қанәҳәт алған болдым. Адам дегенниң дүньядан тилеги тек қара тамақ болса, буны тойдырыў бир манаттың қолынан келеди екен. Қызық, сонда, басқа не мақсет болыўы керек екен?!...

Қәдимги президиум, қәдимги орнына келип отырдыдағы, мәжилисти даўам етип жиберди. Бунда не айтылды, не қойылды, „Жас Ленинши“ ден оқыған шығарсыз. Бәҳәрде баслама менен Нөкистен бизиң совхозға барған алты баланың атынан шығып сөйлеген бала Жаңабайдың той күни ресторанда таныстырған иниси Муратбай екен. Жаңабайдан да жулқынып тур ған жүўермек: „өнимниң өзине түсер баҳасын арзанлағыўдың бирден бир жолы—от-жемди механизмниң күши менен жерден өндирип алыў ушын бизлер қалай ат салыстық?“ деген мәниде сөйлеп, бригадасындағы быйылғы ислерди айтып берди. Оны усы бүгин екинши мәрте трубунада көрдим.

Тағы биреў шығып, гейпара жаслардың оқыўды. оны-буны бәнелеп кетип аўылға қайтпай атырғанын, оқыўға кеткен бир жорасының, усы Нөкисте ат арбалы босаған арақ шийше жыйнап тасып жүргенин қызық қылып айтып, журтты бир күлдирип алдыдағы, бизди қысындырып өтти. Қалалы үш-төрт комсомол шығып, жайлаўға барып, мал бағыўға келисим бергенин айтты, басқаларды да жайлаўға шақырды. Газетадан оқысаңыз да айтылған гәптиң ҳаслы-мәниси усы. Мен енди газетаға жазылмайтуғын жағын тек ғана саған айтаман. Тыңлап отыр:

Мәжилис қатнасыўшыларына арналған концерт кеш тарқады. Жаңабай, бағанағы пожарник, Назлы, тағы бир, өзим танымайтуғын адамлар өз алдына бир шоқ болып шықты. Бағанағы гәп мени еле ҳайран етер



www.ziyouz.com kutubxonasi

еди: „күйеўиниң“ ҳаялымды узатып сал“ы неси? Ермек етип жүр ме усы журт“ деген ой былай қыңырайгып баратырғанда: „Назлы дайынлардан бир хабар айтажақ“ деген сес қайтадан қулағымда саза болып, басымды тағы шоғырға аўдырды. Адамлардың көзинше болғанға ма, Назлы мениң менен бурын-соң болып көрмеген аўҳалда, жүдә қысынып, нәзерин басқа жақларға аўдырып сәлемлести. Мен оны „күйеўиниң көзинше уялғансыўын қара“ дан басқаға жорыған жоқпан. Жаңабай билегимнен тутып, қолымды қысты да:

— Назлыны узатып сал да ресторанға бар.—деди.—Бизлер сени сол кәрада күтип отырамыз —Мен қысынып турсам, күйеўиниң өзи:—Бар, ғошшым, бар,—деп, еңсемнен ийтергинсийди. Назлыға да буйырып жиберди:—Қайт, ғарры қорқып отыр!

Қыз қымсынып былай шыға бергенде Жаңабай мени былайлаў шығарып: „Мен Мурат ағаның есигиниң аўызында күтип тураман, ресторан деп, мәзи айтып атырман. Ҳәзир ресторан ислей ме?“ дедидағы Назлының изинен ентелетип жиберди. Мен басқа шыққанымды, адресим басқа екенлигин айта жақ едим, айта алмай кеттим.

Қыз есик көрсе, жигитке ошақ түссе бети ашылады деген гәп ырас. Оның үстине, Назлыдан бурын да тартынып жалшымайтуғын едим, бул, әлбетте, менсинбегенликтен еди. Бирақ, соңың ала, оған ҳәўесим барын абайлай келе айбынатуғын болғаным ырас, сөйтип қалтырақлап жүргенде жаңағы пожарник пенен бир емес, еки мәртебе көрип қойдым. Бүгингиси—үшинши көриўим. Орысшалап айтқанда, так что, уялыўға ҳаш қандай основаниям жоқ еди. Оның—күйеўи, мениң—келиншегим бар. Усы ойым питегене батырсындырайын деген менен, даўысым қалтырап шықты:

— Қалай, сөйтип, аўхаллар, Назлы? Аўылда не өзгерислер бар?

—Өзиң бармасаң..—дейди қыя қарап.—Қандай өзгерис болады?

— Мен барып, не өзгерте алдым. Жүрдим. Кеттим, болғаны. Сен өйтип кек етпе адамды. Дым болмаса дайымның үй ишинен хабар бер.

— Қой алып көшип кетти олар. Бирақ, бизиң ағам менен қус салыўға тез-тез келип турады. Сизлер менен өкпелескенин айтты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Солай болыңқырап қалды...

— Оқыйман деп кеткен екенсең, оқыдың ба?

— Не қылған оқыў-ә!—деп қолымды силиктим. Қыз астарлы күлип:

— Муғаллим қызға үйлен,—деди.—Өзи ушын-ақ оқытады.

— Үйретиўин үйретер-аў, мөр орнына геширдиң түбирин басып аттестат бере ме?—деймен. Бети ашылған ғой, оның да гәпи тайын:

— Адам қағаз ушын оқымайды...

— Солайд-дә!—деймен, оның күйеўиниң муғаллим емеслигин биле тура нықыртаман:—Сен де оғыры саўатлы емес един ғой, пожарникке тиймей, муғаллимге тийгенинде саған да үйретер еди.—Қыз бетиме „усы не деп киятыр" дегендей тикленип бақты да:—Жақ, сен үйлене ғой, муғаллимге. Саўатынды аш, билимпаз бол,—деп, неге екенин билмеймен, туўланады:—Сыйыр саўыўға, китап оқыўға бизге усыннан артық билимниң кереги жоқ. Муғаллимди сен таўып ала ғой...

— Таўыўын таптым-аў, муғаллим емес, сүўретши!—дедим гәпин бөлип. „Абайлап қара, сүўретши— ағаң шығар", дейди ойнап. „Жа-ақ, келиншегим!"

— Ырас па?!—дейди исенимсизлеў.

— Сени алдаған жерим болды ма?

— Химм, солай-маа?!—деп даўысын созды да лаппа иркилип, бетиме жалт қарады. Мен оның кирпигиниң ушларының дирилдеп турғанына шекем сездим. Сонда түриниң бузылысқанын неге сезбейин! Жулқынып жолға бурылды да адымды урыў менен бола берди. Үнсиз.

— Күйеў бала нели?—дедим. Үнсиз ере бериў қолайсыз. Үстимизден әлле қандай бир кешеўитлеген қус қанатларын „қус-қусқус" еттирип, ушып өтти. Көшеде адам жоқ, машина да сийрек. Асфальт жолға өрелердиң басларындағы тоғанақтай ашаланған ақ лампалардың сүтирен нурлары тегис түсип турар еди. Келиншек, тап бир, асығып, меннен қашып қутылғысы келгендей еле адымды үнсиз урып киятыр. Тағы сорадым, бир емизиклеңсем. қоймайтуғын әдетим:—Күйеў бала, сөйтип, шүллик пе, шүйт пе? Бес сары болса бизге қайнаға...

— Не жумысың бар. Он сары!—Бетиме қарамас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тан, танаўы тартылып, омыраўы қайқайып, таста жүрген тайдай өкшесин тақылдатып баратыр. Биреў қырсықланса, оннан ҫайын өршелесетуғын тағы бир жаман әдетим бар:—Турмысқа шыққаннан соң көшип бардыныз ба, совхоз...

— Ермегинди қой...

— Ҳаў, пожарнигиңниң өзи айтты, маған...

— Усы сен, не деп киятырсаң?!—Лаппа тоқтады да силкинип бетиме қарады:—Не деп киятырсаң, пожарниги неси?...

— Өз көзим менен көрдим-ғо, жүзик әпергени қайда, таксиге мингениңиз қайда? Мен жиберген орыс балаға „байым“ деп жибергениң қайда, ҳаў...

— Усы сенде бет барма ма?!—деп, жылап жиберди де бетин басып, маған еңсесин қаратты. Ыйығы селк-селк етеди.—Дайым ғой, ол менин, дайым...

—Ҳа?! Сен „дайым“ деп пе единң?!...

Қыз жүрип кетти. Қайтып оңлаўға болмайтуғын қәтелик исленгенлигин абайладым, абайласам қайтейин, „шолақ орысша күн тарттырады“ дейтуғын еди, шолақ қарақалпақша күн тарттырды бизге. Усы пурсатта Петро көзиме көринсе, билмедим, не болатуғынын. Ол байғуста не жазық бар, алжас еситкендидағы.

Бәри өзимнен, өзимниң мына натықлық, қорқақлығымнан, мына көкирегимнин гүманшыллығынан.

Қалай жубатарымды билмей, қыздың изине ерип баратырман, өзимди өзим бурап баратырман. Қапылып, мәжилис те мен үйленбесимнен бурын бола қойғанда не қылатуғын еди, деп өкинемен. Тап, журт мени мәжилис ашып үйлендиретуғындай...

— Назлы-ы!—Қызда үн жоқ. Тақ-туқ, тақ-туқ, кетип баратыр. Ҳаплығып барып, алдын кескеследим.—Сен, қойып тур, кеўилиңниң бар екенин билмей қалдым...

— Мен сенде кеўилим бар дедим бе?—деди сынық даўыс пенен лық-лық атып турып. Ойымдағыны айттым:

— Сонда неге жылап турсаң?

— ...

— Мен... бараман. Аўылға бараман, сен, бирақ, басқа менен кетип қалма...

Алдымнан қаймығып шығып, тағы жүрип кетти. Асығып баратыр, асып баратыр, алдымдағы қараға



www.ziyouz.com kutubxonasi

аныррайып ерип баратырман. Сөгип баратырман, өзимди жайлаўдан қалаға ертип келип, күшиктей адастырып кеткен Муратты, үйленбей жүре турыўыма кесент жасағаны ушын, Мийригүлди сөгип баратырман, оңдырмай сөгип баратырман. Ҳәммесинен де бетер, өзимди сөгип баратырман, өзимде гелле болмаса, басқа не қылсын мени! Дурыс, тағдыр мени қатал жазалады, пейлимнен жазалады. Усыны сезген сайын шынтлап жылай да, шынтлап күле де алатуғын қара қыз қара ғумшаға айналып, толған айдай арыўымның аппиқ жүзин солғын тарттырып баратыр. Ол байғусқа не деймен, гүнасы не еди оның! Көз алдымда таңғы шық түскен жаслы көзлери елеслеп, „мен исендим, исендим саған" деген даўысы қулағыма тал-тал еситилип киятырғандай сезиледи... Сезилсе қәйтейин, анаў бир айлы ақшам „Қолтық көл"ден шыға берип, батып баратырған айдың үстине минип, аймалаўға асыққан перинин елесиндей бир елес барар едидағы, епкинине мени де пәрдей үйирип әкетер еди. Пери! Мен онын пери болмағанын қәлер әдим, „адамнын аты мың айтсаң да адам. Пери ушып кетедидағы, ашық болып қалған адамзат асылып өледи..." Қорқынышлы еди маған бул сөзлер, қорқынышлы-ыы... Жылап баратыр үнсиз, қәйтейин, үнсиз жылаўдын қаншелли қыйын екенин сезип киятырман, сезсем қәйтейин ..

Еки гузардың қосылысқан жерине келип, артына жалт қарады да:

— Қал!—деп буйырды.—Қал... Анаў үйге бараман...

— Күтес-ең бе?

— Мен сени, ... с-ени мен.... жек көремен. Қал...

— Өтирик айтып турсаң, өтирик...

— Ырр-аас-с,—деди лықлықтан өзин зорға иркип.— Ҳаялың... жыламасын... Ҳаялың... бахты қара болмасын Қал, кет бар, кет, кет, ке-ет!...

Майда қәдемлери, „тық-тық-тық," басылды. Майда қәдемлери: „кет-кет-кет" деп баратырғандай еситиледи. Әне, муйештен бурылды, әне, ағашлары қағылып, қабырғадай сай-сай болып турған, шифери қағылмаған жайдың тасқаранғы айнасы жарқ ете қалды. Мен жүз қәдемдей қашықта телмирип еле турман. Айна ақ жипек пердели екен, буны да билип турман. Пердеге түскен көйлекшең нашардың көлеңкеси бир жапсарға



www.ziyouz.com kutubxonasi

қулады да қайтып өтпеди. Бәлким, кәтке сулап, жылап атырған шығар, жүзин орамалы менен басып жылап атырған шығар. Ҳаялларға жақсы, дебдиўин жылап шығарады. Нәўбәҳәрде долы ҳаялдай тығылып турады да, аспан көзлерин сығып-сығып жылап маўқын басады, жамалы жуўылған айнадай ашылып, соң тақырлықларға ирен, қумларға көсик береди. Аспан жыласа, әтирапты жасыл атласқа бөлейди, бозлардың үстинде думан шегип, теңизди аңсаған саҳралардың үстинде көгилдир сағымды дирилдетип көрсетеди. Адамның жылағаны жамаан, жылай алмағаны оннан да жаман. Қәнекей, мен де жаңа ғана перделен жылысқан силуэттай сулап жылай алсам, шынтлап жылай алсам, лийкин, сондай болып сүйе алсам адамды...

Шымбай чайханасынан микрорайонға пайыў-пияда барыўым керек еди. Ой, ушы-қыйыры жоқ, быламажар бир түс көргендей ой. Өмир өтип баратыр. Күн өтсе, қуўанамыз, айлық жақынлайды. Қыстың ысырапыллы күнлери „бәҳәр де шыға қоймады-аў,“ деп налыңамыз. Бәҳәр шығыўдан қаўын писикти күсеймиз. Өгиздей пәле кемирип, мазалыны татқымыз келеди. Жыл дегершиклери өмир жолымызды келеплеп, өндирип баратыр. Я музламаймыз, я өртенбеймиз, өтип атыр, жылымшы өмир, алдап-арбап өтип атыр. Жылаған баланың қолына бир лампасый берип жубатадыаў, тағдыр бизди жылатып болып, киши-гирим, қуўаныш берип жубата қояды. Өмир ме усы? Мақсет қайда, дүньядағы ең арзыўлы, ең қүдиретли не?! Ойламаймыз жөнлеп. Ес қашан ене жақ, пенсияға шығып, өлимди күтип отырғанда ма?! Ийттиң азыўы саўсап түскеннен соң, оған жасында таптырмаған тоқпақ жиликти бериўдиң не ҳәжети бар еди. Өмир деген бул ең уллы министр, биз ҳәммемиз соның есапшысымыз. Лийкин, ол айдың, кварталдың ақырында емес, күн сайын есап бериўди талап етеди екен, тапсыра алмай қалсаң, я кешигип, я қәте тапсырсаң, сени қатардан шығарып таслайды екендағы, „бахытсызлық“ деген таңбасын басып таслайды екен... Мен сөйтип, өзиме өзим есап бере алдым ба? Мен бахытымды муҳаббет деген нәрседен излеп көрдим бе, неден изледим усы...

Тоқсан толқын ескексиз бир қайықты жасқадан алыслатып жибереди. Тоқсан ой Мураттың үйиниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

тусынан оқ шалым өткенимде кейниме қайтарады. Алдымнан Жаңабай, пожарник шығады:

— Есигиң қулыплы, кирейик десек. Ящуллы жоқ па? Ҳаялы жатып қалған ба, ашпайды...

Үндемеймен. Мениң кейпимнен хабары жоқ, „сөйлестиң бе?“ дейди. Үндемеймен. Үнсиз, басқалтаққа көтерилемен. Олар да үнсиз ере береди. Гилтти аламан, есикти ашаман, қонақларды ишке киргиземен. Шампан шийшелерден тайғанасып кириседи. Әйўан-жәйўан болған жай. Минутное молчание... Қағыз оқылады. Минутное молчание...

— Әне, бизиң үй усы, жоралар. Жеңгей қашып кеткен, басқа биреў менен. Ағай командировкада, әлбетте, ҳаялының қашқанынан еле хабары жоқ,—деймен ҳеш кимге отырыўға орын көрсетпестен. Отыратуғын жердиң де рети жоқ. Адамлар тоналған үйге келген гострахтың агентиндей тикейисип тур. Жаңабай басын шайқап, әдеттеги сөзин айтады:

— Подлец екен-аў, ҳаялы да!...

Мен есикти жаўып, гилтти тапсырып, жораларымды басқалтақтан түсирип баратырып:

— Енди бизин үйге барамыз, шампан ба, коньяк па, бәри бар,—деймен. Сыртқа шыққаннан соң еки жигит еки жағымнан қапталласып келип сөйледи: „Қалыңлығың менен сөйлестиң бе“—дейди пожарник. Әжепленемен. Сөздиң изин Жаңбай даўам етеди:

— Сизлерди оңаша жибергендеги мақсетимиз, Мәке,—дейди.—Бир, сөйлесип ала қойсын дедик. Дайыңның минезин өзиң билесең, бир нәрсени ойына алса, қайтарыўқыйын...

— Қусын салып жүрип, бизиң Қайпан жездейди қыйнап жур екен. Жездемиз де, апамыз да мейилсиз емес,—деп; гәпке пожарник араласады.—Жеңгесинен соратып көрсек, қыз да қаўып турған қусайды...

— Соған енди, сен не дейсең? Дайың кетеримизде мына екеўимизди шақырып алып, „сорап кел, қыз бенен сөйлестир, сындырылар нан қашшан сындырылып кетти. Енди, қасыма келип, Муратжанға нийетлеген отаўды тиксин де ата мәканына әкесиниң отын жақсын. Сүўретшиниң изинде ылақшының ийтиндей алақлап жүре бермесин,“ деп жиберди. Нан сындырысқан-сындырыспағанын билмеймен. Бирақ...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Нa-ан?! —деймен танланып.—Не нан?!—Гилт тоқ-тадым да екеўиниң бетине алмагезек бақырайдым. Гәп санама жаңа жеткен еди:—Мен... үйленип қойдым...

— Не-е?! —дейди Жаңабай гегирдегин созып.—Онда сен последный подлец екенсең! Мен, как товарищ, Назлы менен сөйлесип көрдим, билип қой,—деп тис-лене бармаған шошаңлатады:—өзиңди сондай сүйету-ғын адам тапсаң, түп жүзиңе де! Бул, бирақ, „бузыл, қатыныңды тасла“ дегеним емес, сең подлецке. Онда бизики подлецлик болады. Сен не ушын подлецсең, дайынды подводить еткениң ушын, бир аўыз алдынан өтпегениң ушын последний подлецсең! Жүр кеттик,—деди жолдасын жулқып.—Тумсығыңа таслап жиберер-ме еди сениң! Ғарры пахыр „жақында той беремен“ деп, елден дабара қағып жур-аў...

— Қойып тур, Жаңабай...

— Барасаң-ә, подлец...

## 34.

Кулағымда: „кет-кет“, „подлец,“ деген сөзлер жынлап, есиктен еси зайылдай аңырайып атлағанымды билемен. Кийимим менен кәттиң үстине суладым. Көзимди тарса жумып, ҳеш нәрсеге қарағым келмей қалды. Диларам илгеклеримди ағытып, туфлийларым-ды суўырып:

— Не болып қалды?! —деп албырақлап, бүлип атыр:—Доктор шақырайын ба, я ишип, ийисин билдир-мейтуғын бир нәрсе жедиң бе? Айтса, айтса, енди?...

— Кереги шоқ,—дедим.—Ҳеш нәрсе болған жоқ.

— Аўырып турсаң ғой,—дейди бирese маңлайыма, бирese қолтығыма қолын апарып.—Доктор шақырайық...

— Кереги жоқ, мен өлсем, бир подлецти дүнья жоқламайды.

— Қой, жаным, өйдеме,—деп жылап жиберди.—Саған бир нәрсе болған. Егер мениң үстимнен бир нәрсе еситип, өзиңди бахытсыз санап отырған болсаң... мен бәрине көндим, өзиме бола ҳеш кимди де бахытсыз етким келмейди. Жеңиллен, айт, бәрин, жеңиллен...

— Мен жеңилленсем, барлық аўырлық саған түсе жа-ғаўў...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен саған түскен аўырлықтың бәрин қосып арқалаўға қайыл болған адамман, түсинесен бе сен соған, аяўлым? Сен хабарсаң, мениң кеўилим жүдейди, аяўлым. Сен бир жас бала едиң, мениң есик көргенлигим бар еди...

— Қойсаң-шы соны,—деп тикейип отырдым. Ишимде еки ой қалтаға тығылған пышық пенен күшиктей бығырласып атыр. Бири „айт" дейди, бири: „ол мақсеттен қайт" дейди. „Мынаў арыў не деп отыр, саған? Реҳим деген бар ма, өзинде, қал," дейди. Бири: „өмирдеги де, муҳаббаттеги де орының Байтерек жақта" дейди. Пышық та, күшик те аямай, жыртылады аў, демей, қалтаны тырмалар еди. Еки ойым да көкирегиме сыймай мени қыйнай берер еди, ҳеш қайсысынан да маған реҳим жоқ еди. Тағдыйрдың түрли-түрли таўқымети топылып, тайнапыр тасларды талайыма талмай зыңғытар еди, аямай зыңғытар еди. Дайымларды дүңирейтип алып, дуўры қарай алмай жүргенде, Малтабардың маңлайға сызылыўы, өз нәпси ушын дүканға там тумлап жумсағаны менеп турмай таңдағысы, тағы... Үйинен қашып шыққан бир пышық суўыққа шыдамай-ақ, арқасына қыраў турғызып, тағы бир есикти тырмаламай ма... Ығбалым ашылар ма деп, Диларамға досласқанымда жеңгемиздиң жемелигин желкилдетип, қашып... Сөйтип жүргенде, Назлының тап болыўы, Диларамның жылаўы... Бәлким, мениң алдымда буннан да бетери бар шығар. Пүткил ели-журттың мусаллаты мойныма минип турған жоқ, қара бастың қайғысын қабырғам қайысса да қыйпақламай көтергеним абзал. Жа-ақ, мен буны ҳеш ким менен бөлиспеймен, ҳеш нәре айтпайман...

Байғусым, мениң ғана бийгүна баўырманым. „Бирге жейик" деп, кешки аўхатынан еле дуз татпай, есик сытыр етсе сыртқа қарап отыр екендағы. Мениң иштейимди адамлардың байлап жиберетуғынын қайдан билсин?

Аўхаттан ҳеш қайсымыз да жеп жалшытпас едик. Мениң жеўим ушын ол, оның жеўи ушын, мен жер едим. Өмирден, муҳаббеттен орын таба алмаған еки бахытсыз еки жерде шошайып, усылай аўхатланар едикдағы, үшинши бахытсызымыз Шымбай шайхана жақта шифери қағылмаған жайдың кәтинде тулланса, төртиниши бахытсызымыз ҳеш нәрседен хабарсыз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қайдағы бир Үстирт далаларын далбақлап гезер еди...

Бизлер жаттық. Әдеп үнсиз жаттық. Далада дүбелей ме, даўыл ма, бир нәрсе болып атыр. Айнаға сатыр-сатыр бир нәрсе тийеди. Жай суўып баратырғандай. Бири биримизге қанша тығылыссақ та тоңып баратырғандаймыз. Ишлеримиз қалтырасып атыр.

Биз еле оны дүбелей деп жатыр едик, тереклердиң үзилмей қалған жапырақларын, анаў жайлардың шиферындағы шаңларды шаңғытып әкелип, айналарды тырсылдататуғын уйтқыма самал десек, жаўын! Аспан сөтилген муздай шатнап, айнадан жарық-журқ еткен ак-көгис жақты Дилрамның көзиндеги ләмди жылтыратып-жылтыратып өткенде барып, мен оның жылап атырғанын билдим. Шифердан аққан суў төбеден төмен сарылдай баслады. Дилрамның көзинен жумалаған жас көкирегимнен төмен сырғанап көпшикке тамады.

Қопырап кеткен бетине жабысқан шашларын қалтыраған қолым менен сыйпалап, „жылама, жыламаса", деймен. „Жылап атырғаным жо-ғаў", дейди де жылай береди. Жыласын, буннан да бетер болып жүре ме, үйрене берсин...

— Көз жасыңның садағасы кетейин, Дина,—деймен өзимди зорлап.—Мен сениң көз жасыңа арзымайтуғын подлец екенмен. Улыўма, мен ҳеш қыздың да көз жасына арзымайман, жаным патас, көкирегим кир, мениң...

— Жақ-жа-ақ, көкирегиң гирбиңсиз, сениң. Мен сыртқы сулыўлыққа емес, көкирекке қызығаман,—дейди даўысы дирилдеп.—Сыртқы сулыўлык дегениң, беттиң бояўы, жыллар жуўып өтедидағы, наў-нышан қалдырмайды. Бирақ көкиректеги сулыўлык, кала береди, жаным. Сезесең бе сен усыны? Гирбиңсиз кеўилим менен мен сениң усы көкирегиңди,—деп омыраўымды аймалайды:—сүйгенмен, аяўлым. Сен де сүй мени, жақсы жасайық. Тек ғана ҳаялың емес, үйде-де, дүзде де опадарың, сүйиклиң болып, көкирегиңде жасай бергим келеди, сүйиклим. Түсин соған, маған буннан артық бахыттың кереги жоқ. Аш болсаң, ашпан, тоқ болсаң, тоқпан, бахытсыз болсаң, бахытсызбан. Сен де усы мендей бола аламысаң, айт жасырмай, жан ғанам. Мен айтып болдым ҳәммесин, айт...

Мен енди шыдай қалдым. Айтабердим, айта бердим, гүрсинип айттым, аўнақшып айттым, төңбекшип айттым, бәрин айттым, айттым...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әўели биреў-биреўимизге сыр бермегенсип жүрдик. Бirимиздиң көзимизше биримиз муңаймаймыз. Азанда иске кетип, түсте, кеште жортаға болса да жайтаңласып табысамыз. Кеш қурынлары киноға барамыз, театрға қолтықласып барамыз. Бурынғы мириўбети суўытпаған адамдай болып көрингимиз, өзли-өзимизди сөйтип алдағымыз келеди. Диларам оқыўын даўам етиўди көбирек күсейтуғын болып қалды. Илгериде училишениң оқыў бөлимине ҳәдийсениң ушлығынан айтып, хат жаздық. Хат екеўимиздиң ойласығымыз бенен жазылды. Қаршыға алып қашылғаны жазылғанда өзимнен өзим әжеплене бердим. Буны тек усы әтирапта екеўимизден өзге ҳеш ким билмейтуғын еди, ал, мен болсам, үшинши биреўдиң билгенин жақтырмайтуғын едим.

Кеше кеште: „кайнаға келди, кеширсин мени, деп атыр. Барайық, бундайда ағайинниң қайғысын ортақласпасаң, куўанғандай боласаң,“ деп келгени бар. Суўық-селки „көрермиз“ дедим де қойдым.

Бүгин түсте жаңа хабар таўып келди. Хабары— училишсинен келген хат. „Коллектив пенен ойласыпкенесип келистик. Августың акырына тамам келе бериң. Биринши курстан қабыл етемиз. Имтихансыз, депти окыў бөлиминиң баслығы Пинхасов деген мәдeният ғайраткери. Бирак, бул хабар да оны онша қуўандырмаған тәризли, бийпәрўа. Бурынғыдай. „Сен Ташкентте курылыста ислейсең, мен окыйман, солай ғой? Я?“ деп, еркелене бермейди. Не де болса, бир нәрсени сезип жүр.

Кеште келсем, дәстүрханланып отырған екен. Муратқа бир лавсан костюм, галустук алыпты. „Нейлон көйлекке пулым жетпеди“ деп өкинди. Баяғы өзине алынған шампаннан үш шийшесин, шокалад, конфета дегенлерди сумкаға салып ымырыт түспестен алдын Мураттың есигин қақтық. Ҳеш ким жуўап бермеди. Қапыны тартсақ, ашық екен.

Еплеп басып, мастерскойға өтсем, Мурат, қадимги, серпиппеси сөтилип кеткен креслоға көмилип уйқылап отыр. Қолынан кисти түсип кетпеген. Мастерскойдың иши бурындағыдан бес-бетер патас. Бизиң кәттиң төсеги еле жыйналмаған ба, я Мурат усында жатып жүр ме,



www.ziyouz.com kutubxonasi

көрпе жыйырылып, көпшиктеги шүйденин орыны еле ойылып атыр. Дийўалдың төрт тәрепинен түскен сүт ирең лампаның нуры мольберттағы холостта жылтырайды. Аяғының ушы менен басып кирген Диларам қалқыға үңилген қармакшыдай, дизесине қолын апарыўы менен холостка үңилип қалды. „Байтеректи“ бирден таныдым. Жаңа бүртик жара баслаған. Ырашта бирли-ярым сүйрик тебендей шаншылады. Ыраштың қырағынан 'жүзинде алашубар булытлар қалқыған айдын басланып, туў алыстағы көк жийекке араласып кетеди. Суў кешкен сийрик-сийрек торанғылларға қуслар уя сала баслаған. „Байтеректиң“ солқылдақ бир нарт шақасын қурқылтай майыстырып отыр. Айдынның аспан менен араласқан жеринен қанатларын гүмиске малып алғандай ағараңлап қос катарлы ғазлар тодасы суўырылып шығып киятыр.

Диаларамның қолынын ушынан услап, аўыздағы өжиреге ымлап шықтым. Ол усындайда оятқанды жаман керетуғын еди. Соны сыбырлап түсиндирдим.

— Қайнаға оғыры лирик адам-аў!—деди ол билинер-билинбес ләплерин қыбырлатып. — Мынаўысы әри лиричный, әри лаконичный. Қарақалпакшасын билмеймен. Поэзия, сағыныш, адам әрманына асығады...

Шыраны жағып, пышық жүрис пенен, жалаң аяқ өжирени жыйнастыра басладық. Мийригүлдиң зернағыслы тапочкасын „Қиип ал“ десем бармағының ушы менен илип, туалетке апарып таслады.

Анаў күни келгенимде қандай болса, үйдиң иши тап сол тәртипте жайрап атыр еди. Еле бир сипсе урылмаған

Мен шелекке суў толтырып, газге қойып келдим. Диларам колбасалардың, кемирилген нанның қүйиклерин столдан жыйнап атырған екен. Еденде жайрап жатырған консерва қутыға аяғым тийип кетип, Мураты оятып алдым:

— Мирочка-а, сен емесписе-ең?—деп даўыслады уйқылы-ояў. Сыртқа мениң сесгимди еситип шықты. Уялып „Пай, уйқыны буздың-аў, ғошшым,—деди күлип.—Түсимде Мирочканы көрип атыр едим...“ Диларам мағаи жалт қарады: „сөйтип сүйиў керек“ дегенди аңлатпақшы!

„Сондай бола қойды ма“,-деп, кеўил айтыўдың да



www.ziyouz.com kutubxonasi

иретин таппадық. „Аўҳал усындай, деп, өзи де айтпады. Ыңғайсызланып қалдық.

— Сен ғазларыңды қайтара бер,—дедим. - Бизлер мына полдан Мирочканның патас излерин жуўып таслайық.—Диларам бетиме шоршынып қарады. „Кеўилине тийеди-аў“ деп, қорқып отырғаны.

Мурат мастерскойына үнсиз кирип кетти. Мениң есиме усы үйде қалған жумыс кийимим түсти. Қалайы кәттиң үстине жыйынлығымды шешип тасладым да гөнени кийип алдым. Мурат, жағын таянып, әлле қандай ойға шүмип, сигарета сорып отыр:

— Шылым шегетуғын болыпсаң ғой,—дедим шығып баратырып. Үндеген жоқ, сонысының өзи менен-ақ „табалап қал“,—дегенди аңлатып таслады.

Келиншегимиз екеўимиз столларды сүристирип, шалпылдатып полларды жуўып тасладық. Аяғы аспанға қарап турған „Шопанды...“ тикейтип қойдық. Мен консерва қутыларды, Мийригүлжан менен Малтабар яшуллыдан қалған бос шийшелерин кенепке салып, төмен жуўырдым да сыпырындық тасланатуғын яшикке -шаңғырлатып келдим. Диларам столларды орынлы-орнына қойып, үстин жаўып атырған екен. Мурат мени шақырып алып: „Сен жейтуғын бир нәрсе әкелмейсең бе?“ деди. Кухняда қақ гөш, картошка, пияз көргеним бар. „Бары менен базар етемиз. Мына мастерскойды жуўып таслайық. Сен мына жайға шығып отыр“, дедим. Ол шығып кеткеннен соң сипсени алып, қурымлаўға киристим. Бул, мастерскойдан да бетер умытылып қалған кладовкаға мегзейтуғын еди.

Аздан соң перделерди, фортушкаларды ашып, жуўыстырып - артыстырып, артық бояў банкаларды қапшыққа салып, кереклисин текшелерге дизип, буны да бир жөнкил еткенимизде даўыс шығаратуғын қарақалпақтай қос бүйирин таянып, Мурат кирди.

— Баўрәкелләǃ—деди ғаррыларға қусап.—Жаңа бир үй қусапты. Дина, бери кел, бизин мына сүўретке қалай қарайсаң?

— Еле питпеген ғой,—деди келиншегим пикир айтыўға тартынған кейип пенен қамсынып —Натурасынан бир көрмейсиз бе?

— Көремен. Мен буны ҳәзир питкере жақ емеспен. Ерте бәҳәрде барғанымда туўылған көлине қайтып киятырған ғазлардың тәсир қалдырғанлығы соншелли,



www.ziyouz.com kutubxonasi

елеге шекем көп штрихларын ядтан билемен,—деди ҳәўес пенен еске алып. Батыс Германияда қалып койеан қарақалпақ, туўылған аўылын еслермекен. Адам, базда, қустан әззи. Бул жарқылықлар, шегара дегениңди билмейди, сағынған жерине бара береди...

— Айта жағыңыз солмеди?—дейди Диларам таңланып.—Мурат басын шайкайды,—Жа-ақ, ол емес. Мен буны сондай бир эмигранттың сағынышы менен салмақшы болғаным ырас. Бирақ, ол емес, айтайын дегеним. Усы жайды бир ненец художниктен сатып алып қалып едим. Сол маған кетеринде: „парнасты излеп бармаған жерим, шықпаған таўым қалмады. Енди билип атырман, ол мениң балалығым өткен әтирапларда екен“ деп еди, келин. Мениң балалығым, мына „Байтеректиң“ саясында өтип еди...

— Жаңа есиңе енип киятырсаң, яшуллы!—дегенимди билмей қалдым. Диларам да әлле бир жақларды еслегендей елижреди де:

— Айтқаныңыз ыра-ас,—деди Муратқа.—Мен, неге екенин билмей жүр едим, басына ләйлек қонған минәрларды, көгилдир гүмбезлерди, ҳәўиз бойындағы гүжимлерди, ҳәўизде жүзип жүрген ақ қуў менен қара қуўды жақсы саламан. Балалығым сол кәраларда өткеннен соң екен-аў! Сиз, енди, сол аўылға бармақшымыз?

— Мынаў Мақсет: „Совхоз шақырып атыр, художник-оформитель болсын деп атыр“ дегенди айтып келгенде, көзимнен жас шыққанша күлип едим. Калай да „Ғаз айналып, көлине қонар“ деген гәп бар ғой, бизде. Ўатан дегенниң өзи киндик қаның тамған ылашықтан созылып шыққан жалғыз аяқ соқпақтан басланбаймекен? Әдеп, „ата мәкан“ деп аталған, сол бир кийели жерди сүймесек, кийесине ушырайтуғын қусаймыз. Бул, бир, екиншиден, ғазлар көлине ынтығады, адам—әрманына... Ғазлар көлин табады, әлбетте, адам да, ғазлардың көлин тапқанындай, өмирден орнын, сол орыннан бахытын табылды керек... Соның бәрин сыйдырғым келди... Ендиги бизиң жубанышымыз,— Мурат бирден муңлы кейипке өтип кетти де өжиреге алақанын жайып:—усы бир қат өжиредеги шала жумыслар,—деди.—Қалаберди, мынаў көкиректен шықсам деп турған сулыў сюжетлер,—деди. — Бәлким, қостардан бахыт таппасақ, кәсиптен бахыт табармыз...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жа-ақ, сиз өйдемен, қайнаға, бәринен де...

— Жа-ақ,—деп басын шайқады Мурат.—Мен өмиримде оғыры исенген адамнан пәнт жедим...

— Пәс пәслигине барады, қайнаға...

— Қой, келин, өйдеме. Мен оны жаман деп жүргеним жоқпан. Тек түсинбегенин айтамандағы, болмаса, сүймегени ушын биреўди „жаман" деўге болмайды ғой, жақсы қыз еди, тек түсинбеген...

— Үйленбеў керек еди оған!—деп, мен гәпин бөлдим де гүрсиден түсип, сууўырылған мыйықты форточкадан зыңып жибердим.—Оның да тиймеўи керек еди, сен бир не, сүйе ме, сүймей ме, қызлар өзин сынап көре беретуғын экспериментписең?

— Қәтелик екеўимизден де болды,—деп шылымын тутандырды.—Биреў биреўди унатып қосылып-ақ шын муҳаббет соң басланатуғын жағдайлар болады. Сен, бала, ағаңды қыздырып, келиннин көзинше де сөйлете бердиң-аў! Енди, ҳәмме ақылгөй, бизге!

Гәп кесилип қалды. Қәйтемиз, бир нәрсе десек, ақыл айқан боламыз! Муратты қонақтай шоштыйтып отырғыздақ та, аўхатқа айналыстық. Мурат шылымды усти-устине бурқыратып:

— Баяғыда „Шомылып атырған суў перисин" тилкимлемеўим керек екен,—деп өкинип, мени бир едирейтип алды:

— Жыртпай не қыласаң, оны?!

— Көрип отырар едикдағы!-сын еситип, кухняға кирип кетемен. Изимнен сөйленип қалады:—Үйде нәрсе, сүўрети де қалмаған екен. Ядтан салыўға тәўекел етсем бе екен, Дилараам?—дейди кухнядағы келиншекке даўысын созып. Ол мениң ала көзленип қарағанымды көрип: „Умытқаныңыз мақул-аў, қайнаға," дейди елжиреп...

Үшеўимиз узақ сөйлесип отырдық. Келининиң училищеден алған хатын оқып көрип, меннен бетер қуўанады:

— Жүдә жақсы болған екен, келин, жүдә жақсы болған. Бизиң Мақсет те зор жигит. Енди кәсибиннен кәмал таўып, көкирегиндегиниң бәрин журтқа дәстүрхандай жайып тасласаң, бахытлы адам сезе бер өзиңди,—деп атыр.—Мақсет те, мен де көмеклесермиз. Бул да оқымағанлықтан шайыр бола алмай қалған бала. солай емес пе?—деп қояды мақуллаў күтип. Мен



www.ziyouz.com kutubxonasi

дым үйдемеймен, ишимде зил жатыр. Диларам үнсизлигиме үнсизлик пенен муңайып жуўап береди. Мураттың гәпиниң изи жасы қайтқанның пәтиясына усап кетти:—Нийетиң жолдасың болсын, қарағым, бағытыңнан қайтпа.' „Оқыған озар" деген, тынық бол, сынық бол, сынықлық та нашар балаға жарасады Ўақыт таў да оқый бер, оқый бер, фантазияңды байыт. Сүўретши дегенге фантазия оғыры керекли нәрсе. Тек ғана профессиональ болыў ушын емес, нағыз художник болыў ушын оқыў керек. Мынаңқара, келин,—деп бармағын шошайтады. Мениң бары-жоғымды умытты булар:— Джек Лонданда нәрсе талант болмаған, талантты тартып алған дегенди оқыдым мен. Соның өмири талантлымызға, талантсызымызға да сабақ. Эрнест Хэменгуэйден биреў: „жазыўшының қандай типин талантлы дейсиз?" деп сорағанда: „көп жазған қыйлын айта алмаймандағы, көп оқыған қыйлын таланттың тулпары деймен" деген екен... 

Әңгимелердиң көбиси усындай мени жалықтыратуғын бағдарда кетти, мен түсине бермейтуғын терминлер балалап атыр. Зеригип отырғанымды абайлады ма, Мурат маған быйыл „жетиншини питкерди" деген қағаз таўып беретуғынын, соның менен Ташкентке барғаннан соң, я кешки, я сыртқы мектепте оқыўым кереклигин де туйдырып өтти. „Айырым пәнлерден болмаса, гуманитарный наукадан бизиң Мақсетте жетинши түўе, оныншы классың билими бар," деп, марапатлап та қойды. Сөйтип, тағы да талант ҳаққында әңгимени уластырды...

Дөңгелек стол геометриядағы шеңбер болса үш жердеги үшеўимиз үш мүйешликтиң МДМ деген периметрлерин қурап отырар едик. Бирақ, шеңбердиң ишинен үш мүешлик еле сызылмаған, бири биримиз бенен еле тутастырылмаған едик. Орнымыздан „любой" ымыз турып кетсек те периметр бузылыўы, үш мүйешликтиң нәрсе жасалмаўы мүмкин еди. „Та-ак,— деймен мен ишимнен орысшалап.—Журтлар бахытын билимнен излегиси келеди екен. Биз қайдан излеймиз".

Мен усы бүгин бир ойдың басына жип таққан едим, Адамлар өз бахытын излеп кете бере жақ екен, меншие, мен?! Әлбетте, тири жанман, адамман, ҳәзирше подлец болсам да адамман, ийтке подлец делинбейди ғой!...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 36.

... Азанғы ўақтлары өлпең самал елпип ғана есип, балконларға өткен ақшамы жайылған кирлерди билинер-билинбес тербеп турады. Ҳаўа да, пәкизе, тып-тынық. Сәскеге тамам тербелип, жайылған көпшик тыслар түўе, көрпешелер жулқына баслады. Кирди жыйнап келген Диларам сөйленип кирди:

— Еки көпшик тыстың биреўин шамал ушырып кетипти.

— Сыртта зат қойма, аздан соң даўыл турады,— дедим мен айнадан сыртқа қарап отырып.—Бәҳәрдиң күнине исеним жоқ. Азандағы самалдың рәмәўизи сондай еди, даўыл туражақ.

— Күн бир басып жаўмағанша, шаңғыттың уйтқып отырғаны екен ғой онда,—деди пийпәрўа. Ақшамғы гүңкилдиден соң еле жибисе қоймаған.

— Нөкистиң тәбиятын билесең ғой, өзиң. Жаўын да жаўар, шаң да басылар, тағы аспан да ашылар...

— Соған шекем әбигершилиги бар,—деди кирлерди тақластырып атырып.

Екеўимиз үндеспей отырып чай иштик. Дәстүрханлар да жыйналды. Бүгин дем алыс, ертең тағы дем алыс. Айланысатуғын пахырпухарашылық жоқ. Моншаң да, туалетиң де, жатақ жайың да бәри де жайыңның ишинде. Төменде сирә жумысың жоқ. Бундайда дийхан ғаррылар ең болмаса бел-кетпен саплап, орақ тисеп отырады. Бизге олардың да ҳеш қайсысының кереги жоқ. Еки күн қатарынан дем алыс адамды зериктирип жибереди. Бурынлары китап оқый қоятуғын едим, жақында „Қызлар ансамбли,“ „Ата мәкан үстиндеги қызыл шыт“, „шопанным шадлығы“, „Халтуралы қоныс“ деген бир автордың төрт китабын оқып шыққалы китап оқыў да түңилдирип жиберди. Соннан бери оны-буны сылтаўлап кетип, күндизги сеансқа баратуғынды шығарып жүрмен. Бүгинги ойым да сол еди. Кийинип, кетейин деп атырғанымда Диларам ирикти.

— Отыр, гәп бар,—деди. Өзинен өзи албырап жүр. Не де болса, бир суўық хабарды еситтире жақлығын сезип отырдым. Лийкин, шоршынбадым. Мен жаман хабарларды есите-есите, шоршына-шоршына енди шоршынбайтуғын болып қалған едим. Қапталыма келип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ол да отырды. Тағы турды. Пальтомның илгегин жаздырып, кәттиң басына тақлап қойып келди де шашымды тарай баслады. Мен буны, қәдимги, еркеленетуғын әдетине жорыдым да қойдым. Галстугимди дүзестирди. Соң бетиме телмире қарап:

— Әне, мениң ядымда усындай болып елеслеп қал, сүйиклим,—деди де бирден жылап жиберди. Не қыларымды билмей албырап қалдым. Бауырыма басып, басынан аймаладым. Оннан бетер жылады. Жалындым:

— Сен жылама, не исле десең, бәрин ислейин, тек жылама,—деп жалына бердим. Ол оннан бетер жылады:

— Бир тилегим бар, соны орынламасаң, о дүнья, бу дүнья ыразы емеспен!—деп жылады.—Берекет тап, айтқанымды ет, берекет тап...

— Айта бер, айта бер, қайылман, дедимғо, айта бер, жыламаса...

—Жыламайман,—деди басын көтерип, суқ бармағының арты менен көз жасын сүртип отырып. —Сен, бирақ, маған өкпелеме. Мен еки жақта еки адамды бахытсыз етип қойғым келмейди. Қайылман, мен, қайылман. . .

— Неге, неге енди. . .

— Еки адамды бахытсыз еткеннен бир өзимниң бахытсыз болғанным жақсы. Бирақ, маған өкпелеме, түсин гәпке. Өзимдей қыздың бахытынан өзимниң бахытымды артық санамайман. Күл тартпайман, көмешиме, түсин енди, түсин, бирақ, маған өкпелеме. . .

Жылап жүрип, чемоданыма кийимлеримди тақластырып салды.

Жылап жүрип, чемоданымды қолыма берди.

Жылап турып; „ақырғы мәртебе бир сүйисейик", деди.

Жылап турып: „күн желемик, аязлап қалма", деп, шарфымды қымтастырды. Екеуимиз жылап турып хошластық, мен бир минутқа болса да Назлыны умытайын деген едим, қалып қойғандай да кейпим бар еди: „бар, әзийзим, бар. Ол да биреуге бас қосар, ол жигитти де бахытсыз етер. Өзимниң бахытсызлығым менен турмай, бахытсызларды көбейтпей-ақ қояйын. Урыспаң. Кейиспең, жақсы жасаң, мени еске алып жасаң. . ." деп, жылап, шығарып жиберди, жалынып шығарып жиберди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Балконның тусынан өте бергенимде жан ағашқа асылып турып дирилдеген даўысы менен жоқарыдан". Қайнаға менен хошласып ке-ет", деди де ишке жуўырып кетти.

Мен, изимнен жуўырып шығатуғындай бир майдан егленип турдым. Шықпады. Билдим, оның кәтке бой таслап жылап атырғанын билдим.

Жаны бар нәрсе жарылмай тура ма, тереклердиң жапырақлары бүртиклерин жарып шыға баслапты. Мен соны бүгин абайлағандай болдым. Бағанағы айтқанымыздай, ырасында да самал күшейип, тозаң тура баслаған еди. Батыстан илбип киятырған алашубар булт үстимизге келгенше қойыўласажақ. Мен оның тезлеў жаўып өтип, мынаў тозғып атырған тозаңды басып таслағанын тиледим.

Ара алыс болмаса да Мураттикине болдырып келдим. Жоқарғы этажға шыққанымда демим қысқан адамдай пысынадым.

Мурат, анаў күнги салып атырғанын болып, астына: „Ғаз айналып, көлине қонар" деп жазып атыр екен. Бастан-аяғыма, чемоданыма әжепленип қарады да бақырайды:

— Ты что-о?! — деди орысшалап; әлле нәрсе сезингендей.

— „Ғаз айналып көлине қонар", деген дурыс, ә, яшуллы?

— Ты что—ооо?!...

— Чтоңды қойып тур, сөзди тыңла, — деп, қалайы кәтке диз бүктим де усақ-түсегине шекем қалдырмай ҳәммесин айтып бердим. Мына ҳәзир отырған қалайы кәттен қалай турып, қалай кеткенимди де, дийўалдың аржағындағы кәттиң сықырлысын да, Диларамдикине барғанымды да, Жаңабайдан еситкен „подлец" леримди де, қулласы, нәрсесин қалдырмадым. Диларамның бүгинги гәплерин айтқанымда шылымын үсти-үстине сорып: „сондай да периўзадай тынық, көз жасындай кирсиз, периштедей пәк, үлкен адамгершиликли адамлар көп екен-аў, бала;" дей берди қайта-қайта: „Апырмай, бала, қалай адамның көзи қыйып, таслап кетер!.." Өжирениң ишинде қатты ойланғандағы әдетине гөре өрден-ыққа сандалып гүңкилдейди. „Биреўлер әрман еткен жулдыз биреўлердиң қолына түсер ме, ол да зыңғытып таслар ма!" деп басын шайқайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Неге керек тымсаллаўдың?— деймен шаншыўланып. Ол маған қарамай гүңкилдейди:

— Қошшым, ол адамның жанына түсинетуғын адам еди. Сениң де көкирегиндегини оқып қойыпты ғой — деп тикленеди. — Жаңағыдай гәпти айтыў анаў-мынаў адамның қолынан келмейди ғой. Енди усындай сап ҳужданлы нашарлар өзиндей пәк жүректи таба алса не жақсы, таппаса әлле кимге хор болады-аў! Сояғын айтамандағы! — деди басын шайқап. — Бәринен де бетер ол искусствоға түсинетуғын еди. Ал, искусствоға түсинетуғын адамнан жабайылық шықпайды. Со, иним, изиңе қайта коймаймысаң?

Басымды шайқадым:

— Еле, аға, мениң көкирегимдегини искусствоға түсинсеңиз де сиз оқый алмапсыз ғой, — дедим Муратқа өмиримше биринши мәртебе „сиз“ деп.

— Енди не қылмақшысаң?

— „Байтеректиң“ астына саған арналған отаўды тигемен де ата мәкәнымда анам жаққан отты Назлыға тутандырғызаман, — дедим ҳеш өкпе-гийнесиз, бийҳазар ырғақ пенен. — Жаңа тигилген отаўымызға немеўринге не беремен деп қысынбаң. Мына „Ғаз айналып көлине қонар“ ыңызды апарып, керегемизге өз қолыңыз бенен илдирсеңиз, басқа тәмемиз жоқ.

— Ол қыйын мәселе емес, — деди Мурат жумысын баҳалағаныма қеўилленип. — Сен еле буның мазмунына түсинген жоқсаң. Мен келин менен келгениңде „Парнасым балалығым өткен жерде екен“, деп, Нарянмарға көшкен кәсиплесимди мәзи айтқан жоқпан? Усы сүўретте соны айтып қойыппан, ҳаўўа, — деп шулғынды. — Сен, ғошшым, Гүмис көл менен „Байтеректи“ ғазлар қурақым яшуллымыз сағынбайды деп ойлап кетпе, ҳаўўа. Бәлким, биз де барып қалармыз. Бирақ. академияға таярланып атырман, қәйдем... Шымбай шайханаға шекем узатып салайын ба?

— Кереги жоқ, — дедим қолымды созып. Ол қатты қысып турып:

— Сени, өзи, орыныңнан бийкар қозғаған екенмен, әпиў ет, — деди. — Бирақ келинге обал болды. Искусствоға түсинетуғын адам еди. Жолың болсын. Келинди айтса, адамның жүрегине түсинетуғын... — Мен шығып кеттим. Тыңлай бериўге өзимниң ылықпалаў минезимнен қорықтым. Ҳәр жүрек өзин түсинетуғын жу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рекке қаншелли тарығады, десеңиз-ши! Мураттың жүреги—искусство, искусствоға түсинбей турып, оның жүрегине түсиниў қыйын. Енди сол барлық өмирин искусствоға бағышлаған жүрек дәл өзиндей жүрекке тарығады. Сол жүрек бармеди Мийригүлде, сол жүрекке ол түсинип пе еди? Искусствоны сүйген Диларамның жүрегине мен түсинип пе едим? Несине Мийригүлди кустаны қыламан, дүньяники мүдамы усындай шәлкем-шалыслық, лийкин, ҳәр нәрседе де ҳәр ким өз орнын билгени мақул. Буны әзелден ойланыўымыз керек екен, кәсиптен орнымызды таўып, бизге ылайық нәзелим сизде, сизиң сәрбиназыңыз алжасып бизде жүрсе, бәри бир, төртеўимиз де бахытсыз болады екенбиз. Адам болып, „қудайдың" түсинбегенин түсинсек те усы бири биримиздеги алақандай жүректиң талғаўын түсинисе бермеймиз-аў! Түсинисиўимиз керек екен, болмаса, өзимиз де адасамыз, кисини де адастырады екенбиз. Соң, ойланған менен кеш болады. Бул нәрсени „адасқанның айыбы жоқ, қайтып жолын тапқаннан соң", деген нақыл менен ақлай алмаймыз. Мен адасқаным ушын айыплыман, лийкин, мениң жолым өзим менен кетсин, басқаға бермесин бул жолды.

Киси жүрегине көп-көп үңилип, өз жүрегимиздин өзеги өртенгенше сүйген өмирден де, муҳаббеттен де тапқан орнымыз қутлы бола берсин, әўмийин. . .

## „МИЙИРБАНЫМ МАҚСЕТ!"

Қанша хат алысып турсақ та көриспегенимизге бес жылдан асып баратыр аў, шамасы. Айтқан шығар, бир сапарғы хатыма Назлы жуўап берди. Сен онда техникумдағы жазғы сессияңа кеткен екенсең. Бул ўақытта, бәлким, питкерип те келип жүрген шығарсаң. Питкерген болсаң, еле сол шопанлығың ба, я маманлығың бойынша зоотехник болдың ба, ояқларын билмеймен. Соңғы перзентиңиздиң қыз болғанын, атын мениң ҳүрметиме Диларам қойғанын. Назлы жыллы леп пенен жазыпты. Бәрине де рахмет, бәлким, муҳаббеттен өз орнымды таўып, перзентли болсам, еслеп жүриўим ушын мен де сизлердиң атларыңызды қоярман.

Сен билесең бе, билмейсең бе, Мурат аға маған Ленинград академиясынан хат жазып турады. „Искусттво" журналының нәўбеттеги санында Мурат ағаның сүўрет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лерине орын берипти, соны көргенше асығып жүрмен. Орын берилгенлигин маған Мурат ағаның өзи жазды Бирақ, қай сүўрети екенлигин айтпапты. Бәлким, балалығы өткен жерлердиң пейзажы шығар. Бәлким, „Ғаз айналып көлине қонар“ деген шығармасы болар. Екеўимиз барғандағы көргенде мен оған жөнли түсинбеппен. Тек ғана пейзаж, туўылған жерге сағыныш деп қарappан. Олай емес екен, мына училишени тамамлағаннан кейин барып, оның толық мәнисине түсинип жүрмен. Ғазлар айналып көлине қонады екен. Адам да шарқ урып өмирден өз орынын излейди ғой. Өзиңе мәлим, өмир деген кең түсиник, буған мәкан да, кәсип те, муҳаббет те кире береди. Усыларсыз өмир де болмайды. Солардың ҳәммесинен өз орынын тапқанда ғана адам шын мәнисинде бахытлыман десе болар. Өмирден орынын таппаған адам — көлинен адасқан ғаз. Ғазлар қай ўақ-бир ўақ көлине қонбай турмайды. Жол-жөнекей талай толқынларда тербелип, аңсаған көлине жетемен дегенше қаншелли қара булытларды қақ жарып өтпейди дейсең. Мың-мыңлаған шақырымлардан, асқар-асқар шыңлардан шарықлап өтеди. Қулласы, туўылған көлин табады. Адам да сондай. Лийкин, жол-жөнекей көллерге күни ушын, дем алыў ушын қонады. Бирақ, адамлар ондай болмаса екен... Ол сүўреттиң несин айтасаң, онда усылардың бәри бар екен ғой! Оны бүгин муҳаббеттен, кәсиптен, қулласы, өмирден өз орының тапқан өзиңниң символың десе де болады.

Бизиң аўҳал бурынғысынша. Сол училишени питкерип келген жумысымда еле ислеп атырман. Бизиң Бухараны музей қала десе де арзыйды. Жән-жақтан туристлер, гүзли-бәҳөр гирес-гирес келип турады. Мен жақында бул кәрада бир ҳаял менен танысып қалдым. Мениң менен танысатуғын да түри жоқ еди. Бир жерде көргенге шырамытып турып-турып есиме түсире қойдым: „Шомылып атырған суў периси“. Баяғыда сени директор апай: „шақырып кел“ деп жибергенде дийўалында көрген сүўретим-ше? Билесең ғой, художниктиң памятының қандай күшли болатуғынын. Мен оны бирден-ақ таныйтуғын едим, бирақ, түри-түси қараўытың, жыйрықланып, өзгерип кетипти. Үйге ергип апарып қондырып жибердим, бахытсыз адамды табаламасқа тәўбе еткенмен. Бастан өткенлерин өкиниш пенен айтып берди. Малтабар деген менен мектебине



www.ziyouz.com kutubxonasi

практикаға келгенинде таныcқан екен. Онда Мийригүл сегизинши класс. Соннан, ҳеш қашан да байланысын үзбепти. Ҳәтте, сизиң үйде жүргенде де.

Малтабар Нөкистеги жайын барлық олжасы менен бир пиво сататуғын грузинге он сегиз мың манатқа сатып, Жызаққа көшипти. Бул кәрада бир складқа орналасқан екен. Растрата жасап, еки жылдан соң он сегиз жылға қамалып кетипти. Мийригүл Жызақтын бир атаманына турмысқа шыққан екен, ол да адам гонағаны ушын қамалып, усы жақтағы бир турмеге келип түсипти. Енди соны көрип, қайтып баратырғаны екен. Бала-шағасы жоқ. „Биринши баланы алдырып таслаған нашар туўмайды екен ғой“ деп, жылай береди. Мен жубата алмай-ақ қойдым. Енди жылаған менен орынына келе ме, тағдыр деген қатал судья, қыз күнинде қыя басқан адымың ушын қатты жазалайды. „Қыз баланың жүрер жолы тар болар“ деп, ата-баба мәзи айтпаған. Бурынғы сулыўлығы жоқ, азып-тозған. Күлип отырған жоқпан, сирәдағысын айтып атырман. Бирақ: „тозбайтуғын сулыўлық адамның жақсы нийет, арзыўәрманға толған жүрегинде. Сыртқы сулыўлық, бес күнлик қонақ,“ деген пикириме тағы бир мәртебе исендирип өтти. Мен оны „турмыстан сабақ алған шығар“ деп едим, „қолайлы биреў болса, қала қояр едим“ деген сөзин еситип, түңилип кеттим. Енди, Нөкиске қайтқандай түри бар.

Мурат аға не қылды, сорап жазайын десем уяламан. Бәлким, саған жазатуғын шығар. Мирочкасын гүрсинип еслегенди қойды ма, жоқ па, әй, қәйдем, мениң сыным тийсе, ол ҳәр нәрсеге де шынтлап берилсе суўымағы қыйын адам еди,

Мурат аға маған академияға келип кириўди мәсләҳәт етеди. Кәсиптен тапқан бахытыма еле қанаатланып жүргеним жоқ. Сонлықтан, усы быйыл бир тәўекел етип көрсем бе деген де нийетим бар. Егер, барып түсе алсам, әлбетте, өзлериңизге билдиремен. Қалай да түсетуғын шығарман. Үлкен жерден устаз көрмегенше қыйын. Өзим де еле саўаттың кемислигин сезип, ҳаўлығаман да жүремен. Жубанышым — жумысым. Бир өзим бир жайда жасайман. Кеўилде үмитлер, әрманлар, ғалмағаллар көп. Барып бир Назлының қолынан дуз ишип қайтыўға ҳәўеспен, ол да хаты сайын мирәт



www.ziyouz.com kutubxonasi

етеди. Ыңғайсызланып жүргеним жоқ, ўақыт таба алмай жүрмен.

Баяғы Мурат ағашылап, бос ўақтымның көбисин мастерскойымда өткеремен. Жақсы адамларды еслеймен, жақсы түслер көрип шығаман. Базда булытлардың үстинде қайтқан ғаздай қолларымды сермеп сизлер тәрепке ушып баратырып оянаман. Базда өзимниң ата-бабаларымның Түркстаннан посқан ел менен кете бермей усы туста үйиринен қалған тырнадай қалып қойғанына налынаман. Күнлер сөйтип өтип атыр. Хат жазып тур. Биреў биреўди өле өлгенше умытпағайлы болсын. Биримизден бирямиз жаманлық көрген жоқ едик. Жора-жолдасларыңа, мениң атласым Дилараммжанға сәлем айт. Жақында оған арнап жақсы кийим-кеншек жиберемен. Дайың менен жеңгенниң, еки кишкене үкеңниң сүўретин жиберсең, жүдә миннетдар боламан. Мениң ушын Назлыжанды ўуылжытып, бир сүйип қой, мына жақта жүрип, ләплериңниң жыллығын мениң ләплерим сезинетуғын болсын.

Бухараға жолыңыз түссе, Назлы менен қыдырып келиң. Адресим бурынғы.

Басқа не айтайын, саў бол, бахытлы бол, сен бахытлы болсаң Назлы да, бала-шағаң да бахытлы, мен де бахытлыман. Жақсыларға бахыт тилеўден артық не бар дүньяда. Хат жазып тур. Саўлық пенен көрискеймиз, деп, сағынышлы сәлем жоллаўшы Дилараам.

*1973-жыл, 13-май, Бухара.*





www.ziyouz.com kutubxonasi